# Iуащхьэмахуэ

литературно-художественный журнал
1958 гъэ лъандэрэ къыдок1

май **3** июнь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Бещтокъуэ Хьэбас, Гъут Iэдэм, Елгъэр Кашиф (жэуапыхь секретарь), Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэх Сэфарбий

Налшык
2013

# Псалъащхьэхэр

Мыкъуэжь Анатолэ. Си лъэпкъэгъухэм я деж

Тек1уэныгъэм и махуэм ирихьэл1эу

Къардэн Бубэ. Лъэмыж. Рассказ

## СИ ЛЪЭПКЪЭГЪУХЭМ Я ДЕЖ

Адэжьхэм напэр я гъащӀэ гъуазэу,
ЛӀэщӀыгъуэ гугъухэр къызэпачащ.
Бий гуартэ я щӀым къыщизэрыгуэм,
Дунейр я лӀыгъэм игъэзджызджащ.

Адэжь щӀэиныр гугъэм и закъуэ?!
ДэщӀыгъуэщ а гугъэм беигъэ нэс:
Ди хабзэ екӀухэр дыщэзэрылэщ,
Ди псалъэжь Ӏущхэр налкъутналмэсщ.

А хъугъуэфӀыгъуэр ныбжькӀэрэ тыгъэ
КъытхуэзыщӀахэм уралӀэужьщ,
Адэжьхэм я псэр щыгуфӀыкӀыну
Къытенэ щӀылъэм уэри лъэужь.

Ди лъэпкъ щэджащэм и дыщэ пхъуантэм
Къыдумынэфми тыгъэ бэлыхь,
А пхъуантэдэлъхэр щӀэблэм хуэхъумэ,
Хуэхъу ди лъэпкъ мащӀэм къэрэгъул бжыхь.

Ныбэизыгъэм зэщхьэщихуауэ,
КъытхокӀ лъэпкъ напэр къизымыдзэж,
Анэдэлъхубзэр, шхахуэ пэлъытэу,
ПхъэнкӀий идзыпӀэм ныхэзыдзэж.

Къуэпсыбэу щӀылъэм хэмыкӀа жыгыр
Къыкъуэумэ жьапщэ — тыншу къреч.
ГукъуэпскӀэ лъэпкъым пымыщӀа цӀыхур,
Жьуджалэм ещхьу, жьым кърехьэкӀ.

Щэнхабзэр, тхыдэр, анэдэлъхубзэр —
Лъэпкъ ЖыгкӀэ зэджэм и къудамищщ.

3

Зытес къудамэр пызыупщIыжыр
Тхьэр зытебгахэм мэхъур ящыщ.

Теплъэ къудейкIэ фIэкI уадыгэу
УкъамыщIэжмэ — сыт урищIыс?
Зи лIэужьыгъуэр мыгурыIуэгъуэ
Жыг кумылэншэм урещхьыркъэпсщ.

Адыгэу щыIэр кхъузанэ тIуащIэ
Хуейщ мы зэманым дэ щIэдгъэкIын,
КуэнсапIэу къинэр — лъэпкъ жылэ хъункъым,
Апхуэдэм хуейщ дэ дакъыпыкIын.

И лъэпкъым папщIэ зы щай и уасэ
Зымылэжьахэм захузогъазэ:
Адэжь и щIыхьым фримыуэркъ,
А щIыхьым хэлъкъым фи фIыщIэ лъэпкъ.



МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

КЪАРДЭН Бубэ

# Лъэмыж

*Рассказ*



Махуэ зыбжанэ хъуауэ дивизиер зауэурэ къокIуэт. Комдивым фIыуэ ищIэрт и щIыбагъ зы полк, зы батальон, уеблэмэ зы отделенэ къызэрыдэмытыр. ИжьырабгъумкIи сэмэгурабгъумкIи дивизиер нэгъуэщI ди частхэм япыщIатэкъым. Махуищ мэхъу полковник Беловым штаб нэхъыщхьэхэр здэщыIэр зэримыщIэрэ. Хьэуэ, нэхъ тэмэмыр жыпIэнумэ, а езы штаб нэхъыщхьэхэм ямыщIэу арат дивизиер здэщыIэр...

Хуабэмрэ псы зэрамыгъуэтымрэ цIыхум ятелъ бэлыхьыр нэхъри шэчыгъуейяшщIырт. Уеблэмэ ерыскъыкIэ зауэлIхэм я Iуэхур зэрызэмыпэщри ящыгъупщэжа хуэдэт. Ныжэбэ полковникым и унафэкIэ полкхэр къызэтеувыIащ сыхьэтитI хуэдизкIэ: жэщищ-махуищкIэ зауэ мыухыжым хэтахэр здэкIуэм, шым хуэдэу, жейхэрти укIурийрт.

Мес пшэкIэху къещI... Гъэмахуэ пщэдджыжь нэмэзыр къэсри, дунейр нэхутхьэху къэхъуащ. Гъуэгубгъум къыщыт мэз кусэм хэт жыгхэр нэхъ ину къыпфIегъэщI нэхум; дакъикъэ бжыгъэ фIэкIа дэмыкIыу, къыщIэцIэфта дыгъэм и нурхэр тхьэмбылыфэу уолъагъу, ар уэсэпс зытелъ жыг тхьэмпэхэмрэ удз гъэгъа закъуэтIакъуэу дыгъуасэрей бомбэхэм къелахэмрэ щатридзэкIэ. Лейтенант Быдэм и нэр занщIэу техуащ пщIащэшхуэм текIэзызыхьу тет ткIуэпс пIащэм. Ар афиян ткIуэпсым ещхьт. Уеблэмэ абы мащIэу зригъэзыхри, а ткIуэпсым фIэгъэщIэгъуэну пхыплъащ. А ткIуэпс зеджалэм, гъуэжьыфэри, удзыфэри, тхьэмбылыфэри, плъыжьыфэри, нэгъуэщI зыгуэрхэри щызэщIэту къыпфIэщIырт... НапIэзыпIэм жейм хилъафэу секунд бжыгъэ фIэкIа мыжейуэ къызэщыужам ещхьу, взводнэ Быдэр щатэри, и щхьэр къиIэтри гъуэгум теплъащ... Ауэ мыбдежым нэгум къыщIэувар нэгъуэщI плъыфэхэт... Гъуэгу... ЦIыху, машинэ зэрыкIуэ зауэ гъуэгу. Мыбы къытенащ цIыхуи, машини, шыгу зэхэкъутахэри. Быдэм, иджыпсту илъагъу хуэдэу, и нэгу къыщIохьэж дыгъуасэ мы губгъуэ гъуэгу сабэм гуIэгъуэу телъар. Мыдэ километр пщыкIутху хуэдизкIэ нэхъ ищхьэIуэкIэ...

Дивизием и полкхэр, арьергардым къищынэмыщIа, гъуэгум тету кърокIуэ. КъокIуэ зэхэпхъауэ цIыхубзхэри сабийхэри – щтэуэ зи псэупIэм зыкъизычахэри.... Махуэри лыгъейщ, бзыгъэщ, уэгум зы пшэ цIыкIу иткъым. АдэкIэ, запад лъэныкъуэмкIэ, кхъухьлъатэ макъ къэIуащ, куэд дэмыкIыу жыжьэу уэгумрэ щIымрэ щызэхуэкIуэжым къыкъуэщащ зы, тIу, щы... Сыт щыгъуи зэрыхабзэти, гухэри машинэхэри къызэщIэувыIыкIащ, къаруушхуэ зиIэ

гуэрым IэкIэ къыжьэдикъуэу, я пIэм щригуха хуэдэ. ЦIыхухэр – зауэлIхэри, фызхэри, сабийхэри – лъэныкъуитIымкIи щIэпхъуащ, гъуэгум пэIэщIэу адэ жыжьэу къыщыт чыцэхэмрэ пабжьэ хъужа губгъуэмрэ икIэщIыпIэкIэ зыхагъэпщкIуэн я мураду. Абы нэжысахэм я Iуэхур нэхъ къикIат – мыдэкIэ гъуэгум къытена обозыр, жыжьэ Iумыжыфа нэхъ лъэрымыхьхэр япэу нэмыцэ кхъухьлъатэхэм Iурыдзэн яхуэхъуащ. ДакъикъитI-щы дэкIатэкъым бомбэхэр къещэщэхыу щыщIидзам, абы пулемет мафIэри къыхыхьэжащ. Апхуэдизу дунейр зэщIэгъуагъуэ, зэщIэпIанкIэ щхьэкIэ, зэхыбох цIыху гужьеяхэм я кIий макъ... АдэкIэ нэхъ жыжьэIуэу къыщызэтеувыIауэ щыта былымхэри – ахэр къуэкIыпIэмкIэ яхуу арат – мэбу, мэгъуахъуэ... Кхъухьлъатэхэми ящIэнур ящIэри бзэхыжащ. АдэкIэмыдэкIэ хьэдэхэр щылъщ, уIэгъэ хьэлъэхэр мэкIий, сабийхэр я анэхэм мэлъыхъуэ, зи сабий яукIа езы анэхэри мэпыхьэ, мэкъугъ... Дуней псори зэрыщыту хьэдагъэу къыпфIощI... Топ, машинэ къутахэр гъуэгум хъушэу телъщ...

Ахэр псори дыгъуасэ къэхъуа Iуэхущ, ауэ нобэрей махуэм сыт къыхуигъэIэгъуэр лейтенант Быдэм и гуп цIыкIум?.. Дыгъуэпшыхь ар Беловым ириджэри, унафэ быдэ къыхуищIащ. Комдивым а щIалэщIэр, зи ныбжьыр иджыри илъэс тIощI иримыкъуар, фIыуэ къицIыхурт. Зэзэмызэ къыщыхуэзэкIи, и Iэ къиубыдырт. А тIур Москва деж щекIуэкIа зауэшхуэм щызэдыхэтауэ арат…

– Мыдэ къэдаIуэ, кавказец хъыжьэ: мыбдеж, – и Iэпэр картэм трелъхьэри ирегъэлъагъу, – гъуэгум и лъэныкъуитIымкIи чыцэ гуэрхэр итщ, километрих-блы пкIумэ, мы псышхуэм къуажэр зэпеупщI. Ямыкъутамэ, а псым лъэмыж кIыхь телъын хуейщ. АтIэ, аращи, лейтенант, ди полкхэр я хэщIапIэщIэм нэсыхукIэ, уэ бийр зэтепIыгъэн хуейщ; иужьым уикIуэтынщи, мы лъэмыжыр пхъумэнщ, ар къутэ жаIэу унафэ ныпIэрыхьэху…



– Ныбжьэгъу полковник, сэ нэмыцэхэр махуэ псокIэ зэтесIыгъэну ара си взвод закъуэмкIэ?

– АтIэ полк уэстыну уи гугъэт! Дапщэ хъурэ уи взводыр?

– ПщыкIутху, сэ сыхэту.

– МащIэIуэщ, ауэ уи разведчик къэс нэмыцэ тIощI пэувыфынущ. Хьэуэ, сэ приказ стынщ уэ иджыри взводитI къыуатыну.

– Ар дэнэ къикIыу, ныбжьэгъу полковник?

– Комендантскэ ротэм щыщу.

«Сэ сощIэ а комендантскэ ротэр зищIысыр, – игукIэ гъумэтIымащ Быдэр. – Ахэр мафIэм пэIэщIэу есащи, куэдыщэ къапыпхынукъым».

– Абы нэмыщIауэ, ПТР-у щы къыпхузогъанэ, пIатIроныр я куэду. Танкым зэреуэ птулъкIэхэри лагъымхэри саперхэм къыуатыну унафэ сщIакIэщ…

Аращ дыгъуасэ унафэу Быдэм къыхуащIар. Иджы абы и цIыхухэм я окопэ къэтIыныр яуха къудейуэ арат. Дозорнэхэм къищынэмыщIа, адрейхэм иджыкIэ загъэпсэхурт. Дыгъэри къыщIэкIыпащи мэжьэражьэ, жэщым къеха уэсэпс мащIэри бетэмалу ирифыжащ. Барабашрэ Маматовымрэ – а тIурат дозорым кIуар – иджыри зыри жаIэртэкъым. Ауэ Быдэм фIыуэ ицIыхурт а разведчикитIри, гузавэртэкъым, ахэр зыгуэркIэ тещхьэрыукIыу, зэрымыщIэкIэ бийр къытеуэну.

Быдэр ежьащ – иджы ар ротнэтэкъэ, взводищ щиIэкIэ! – и ротэм и щытыпIэр иджыри зэ къызэхиплъыхьыну. Шоссе гъуэгушхуэм и

бгъуитIыр разведчикхэм зэхатIыхьакIэт: окопэхэр куут, окопитI къэси щIытIкIэ зэпыщIэжаи хэтт. АдэкIэ фIэкIри, полкым къикIахэм ялэжьам еплъу щIидзащ.

– Ей, зиусхьэн, сыт уи окопэр къыщIумытIар? – абы къегъэуш зи щхьэци, зи жьакIи зэхэкIэжа, зи напэр фIей боец гуэр. Абы и ныбжьри къыпхуэщIэнтэкъым.

– Сыт окопэкIэ пщIэнур… ТIум щыгъуэми зыщ, – а щхьэцэм и пIэкIэ жэуап къет адэкIэ къыщыс лIым. А зимыIуэху зезыхуэр езыр къабзэлабзэу зэщIэупсат, нэхъыфIуи хуэпат.

– Уэракъым зи гугъу сщIыр! – мыбдежым жьакIэ бацэр фIыуэ щIым къытриIэтыкIри, Iэдэбыгъэ бэлыхьи хэмылъу хыфIидзэжащ Быдэм: – Уэ укъимыщу окопэ дакъикъэ тIощIкIэ къыумытIмэ, уи пIэм кхъуэм хуэдэу уизукIыхьынщ!

Абы иужькIэ цыбэм щIы гъуам бел цIыкIумкIэ едзэгъуу щIидзащ. Лейтенантым къриджащ взводнитIри – а тIури сержантхэт. – Иджыри зэ феплъыж фи взводхэм окопэ къызэратIам, пулеметхэри здагъэувам, – быдэу унафэ яхуищIащ.

Ротнэм кIэщIу къигъэкIэрахъуэри гъуэгумкIэ къиунэтIыжащ. Гъуэгубгъу дыдэм деж танкым зэреуэ Iэщэ зэрагъэувар ищIэрти, зэ сеплъыжынщ жиIэри бронебойщикхэм ябгъэдыхьащ. УвыпIэри фIыуэ къыхаха хъуауэ, я «фоч» кIыхьри дэгъуэу удзхэмкIэ гъэпщкIуауэ щилъагъум, Быдэм игукIэ жиIащ: «Зи IэщIагъэ фIыуэ зылъагъужхэм ящыщ хъунщ». Бронебойщикым итIани щIы гъурыр къритхъуурэ лъэныкъуэкIэ Iуедз. АдэкIэ къыщыс сэлэтым, къатищу зэтету хъуанэри, къыжьэдэхуащ: – Мы тхьэр зыгъэпцIын мушкетерым, уи тIэныр зэ бухащэрэт, сабэ фIэкIа си нэм зы илъагъужыркъым!



ПТР-м и япэ номерыр лIыкут, и шырыкъуи и джани дыгъэм апхуэдизу зэхижьыхьати, ахэр хужь хъужат; и напи и пщи фIыцIафэ хъуат, и набдзэ кIырхэр напэ къуэгъум занщIэу теплъагъукIырт. Ауэ Быдэм псом хуэмыдэу игу ирихьар а лIым и нэхэращ. «ТанкищэкъэкIуами, а сэ слъагъур къащтэу щIэпхъуэнкъым», – игукIэ арэзыуэ жиIащ.

– Ныбжьэгъу лейтенант, – мэуэ зэ етIысэхи зыгъэпсэху, тIэкIуи едзэкъэн хуейщ. Жэщ псоми узэфIэтащ, иджыри…

Зыри жимыIэу Быдэр йотIысэх. Унафэу ищIын хуейри ищIакIэт, къиплъыхьын хуейри къиплъыхьа хуэдэт, итIани етIысэхыу щхьэукъуэфакъым. Мыбдежырщ абы и лъакъуитIыр мафIэм зэрисыр щызыхищIар: махуищ мэхъу абы вакъэ зэрылъимыхрэ… Асыхьэтым жыжьэу зэхэуэ макъ къэIуащ.

– Ар дауэ? Хэт иджыри пулемет зыгъауэр! – игъэщIагъуэу къызэфIоувэ ротнэри, адэ гъуэгумкIэ ироплъэ.

– Плъэт, Воронов, цIыхуитI къожэ, зэми къолъэбакъуэ…

– Ар Барабашрэ Маматовымрэщ, – жеIэ Быдэм, и щхьэ хуэпсэлъэж хуэдэу. Ахэр языныкъуэм къажэрт, итIани цымамэу хуежьэрти, лъэбакъуэ защIыжырт. Къэсри, занщIэу Быдэм къыбгъэдыхьащ. А тIум, псалъэмакъыншэу, плIэидзэ къэпыр щIым традзащ, автоматхэри абы тралъхьэжри итIанэщ я жьэр щызэщIахар.

– Дэ, ныбжьэгъу лейтенант, километрих адэкIэ дыщыIащ, – жеIэ Барабаш. Ар илъэс плIыщIым фIэкIа лIыт; абы и натIэ, и пщэ зэлъахэм пщIэнтIэпсыр дэзт, уеблэмэ и пилоткэр псыф хъуат. – Къуажэм дыпэгъунэгъу щхьэкIэ, Iэуэлъауэ зэхэтхыртэкъыми, дыпэплъащ. ИтIанэ зэхэуэ къыщыхъуащ а къуажэ цIыкIум.

# ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

– Нэмыцэ зыкъом щаукIа хуэдэщ абы…

– Телъыджэщ ар. АбыкIэ ди дзэ щыIэжын хуейкъым. Хэт ищIэн, ар нэгъуэщI дивизием щыщ подразделенэ къыкIэрыхуа гуэр хъунщ. Воронов, взводнэхэм псынщIэу къеджэ! ИкIэщIыпIэкIэ псори хуэвгъэхьэзыр, – унафэ ищIащ Быдэм.

Взводнэхэр IукIыжа къудейуэ, мотор лажьэ макъ къэIуащ. Куэд мыщIэу, лъахъшэ дыдэу къакIуэ кхъухьлъатэхэр оборонэм исхэм псоми къалъэгъуащ.

– Апхуэдизу напэншэ дыдэ хъуащи, бомбардировщикхэм истребитель ящIымыгъуу, щIым тесщ жыпIэну, лъахъшэу къакIухь.

– Кхъуэр зыщцышынэн имылъагъум, ищIэр пщIэркъэ?..

– В укрытие! Воздух!.. – къэIуащ кIий макъ. Арыншэуи псоми ялъагъурт. АрщхьэкIэ жор зытет кхъухьлъатэхэр – ахэр зы тIощIырыпщI хъурт – щхьэщылъэташ.

– Блолъэтри! – игукIэ къигуфIыкIыу жеIэ щIалэ цIынэ цIыкIу гуэрым.

– Зэ умыпIащэ, «къэрабэ!» – жеIэ адэкIэ окопэм зи щхьэ къизыгъэжауэ уафэм дэплъей лIы тIорысэм. Пэжу, а сэлэт цIыкIур сырыхубзэт, и пщэр, сабийм ейм хуэдэу, псыгъуэти, джанэ щыгъыр, дыгъужьгъащтэ хуэдэ, и пкъыуэд цIыкIум ауэ сытми фIэлът.

АрщхьэкIэ, дакъикъи дэмыкIыу, а кхъухьлъатэ гупым щыщу плIым кIэщIу къагъэзэжщ, нэхъ лъахъшэж зыкъащIри, бомбэ щыкъуейхэр къырадзыхыу щIадзащ, итIанэ пулеметхэмкIи къеухащ.

Окопэхэм ис зыгуэрхэр – тIуи-щыи – яхуэмышэчу къилъри я нэ зыхуэзанщIэмкIэ щIэпхъуащ, ауэ абыхэм метрищэ яжыфакъым…

8 – Сэлэткъым, былымщ мыхэр! – кIиящ Быдэр.

Кхъухьлъатэхэр дакъикъэ бжыгъэ фIэкIа «мылэжьа» щхьэкIэ, лъэужь къагъэнащ: адэкIэ-мыдэкIэ зэхэфыщIат, зэхэкъутат, иджыри сабэмрэ мэ бзаджэмрэ лъахъшэу а щIыпIэм щхьэщытт, зауэлIхэр окопэхэм къипщауэ заутхыпщIырт.

Аргуэру, куэд дэмыкIыу, кхъухьлъатэ гупышхуитI къалъэгъуащ, ауэ ахэр блэкIри адэкIэ ди щIыгумкIэ яунэтIащ.

УкIыгъэ хъуахэр псынщIэу зы щIыпIэм щызэхуахьэсри, псори зы мащэ иралъхьэжащ.

– Бомбэм мы кумбыр мыпхуэдэу кууэ къримыудамэ, дэ махуэ псокIи къытхуэтIынтэкъым, – жеIэ нетIэ «къэрабэ» жызыIа лIым. Иджы абы а «къэрабэ» дыдэр, щIалэ цIынэ цIыкIур, мащэм щрилъхьэм, хуэмышэчу къыжьэдэIукIащ, и щхьэ хужиIэжу:

– ЩыIаи щымыIаи, дунейм тетаи темытаи… Сабий дыдэщ…

– Сабий, балигъ щыIэкъым мыпхуэдэ зауэм…

Ауэ зэшэзэпIэу яукIахэм нэхърэ нэхъ Iейт уIэгъэ хьэлъэхэм, уеблэмэ уIэгъэ псынщIэхэм я Iуэхур. Дунейр лыгъейщи ес, псы ирафыни яIэкъым. УIэгъэр зыпхэн санитари яIэхххэкъым.

– УIэгъэ хьэлъэхэм къищынэмыщIа, адрейхэр икIэщIыпIэкIэ гъуэгу треувэ, ирекIуэ тылым! – унафэ ищIащ лейтенантым. Ауэ дэнэт здэкIуэнур, хэтыт зыщIэр а езы «тылыр» здэщыIэр?!

Зи бгъэм бомбэ къутахуэ техуа лIышхуэр, и уIэгъэр япха нэужь, занщIэу къызэфIэувэжащи щытщ. НапIэзыпIэуи, быдэу зэрапхам щхьэкIэ къэмынэу, лъыр уIэгъэпхым къызыпхиващ, итIанэ къежэхыу хуежьащ.

– ТIыс, уэркъышу узэфIэмыт, – мэгъумэтIымэ нэхъ уIэгъэ псынщIэ

телъу абдеж къыщыс зыгуэр. «ТӀысмэ, къэмытэджыжыфынкӀэ мэшынэри аращ», – игу къэкӀащ ар дыдэм.

– Мы тхьэр зыгъэпцӀыныр мыувыӀэжыххэу къожри… Сэ, плъагъурэ, езыр Грознэм сыщыщ… Ар езы лейтенант Быдэми ещӀэ… Си адрес тӀэкӀури си бгъэгу жыпым, сэмэгум…

Мо лӀышхуэм адэкӀэ зыри къыпимыщэу, хуэмурэ етӀысэхри, занщӀэу зиукъуэдиижащ. Иджыпсту и псэлъэгъуам зыкъиӀэтри и нэгум къыщиплъэм, жиӀащ:

– Ари зыти тыншыжащ… Мо мащэшхуэм пхьы хъунущ…

Дакъикъэ зытхух нэхъыбэ дэмыкӀауэ, щӀэщыщэжу топышэ къэсри къехуэхащ… ТӀэкӀу дэкӀри – аргуэру…

– Топ хьэлъэщ къауэр… Калибрыр 120 нэхърэ нэхъ мащӀэкъым, – жиӀащ бронебойщик лӀы тӀорысэм.

– Ныбжьэгъу лейтенант! Ныбжьэгъу лейтенант! Шытхым дзэ колоннэ къыдэуеящ!

– Солъагъу, – жеӀэ Быдэм, нэрыплъэр зыӀуилъхьэурэ. – Хьэуэ, нэмыцэ хуэдэкъым…

Дзэ гуприпсынщӀэу уэхым къыдохьэ, сабэр Ӏугъуэм хуэдэу ящхьэщыту.

– АдэкӀэ псоми яжефӀэ командэншэу кӀакхъу щӀамычыну!

АрщхьэкӀэ сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкӀэ зыгуэрым фоч щигъэуащ, итӀанэ автоматкӀэ нэгъуэщӀ зыгуэри уэхым къыдыхьахэм яхэуащ. ЗэрыгъэкӀий къэхъуащ. Нэхъ гурыӀуэгъуэ дыдэу, нэхъ псынщӀэу тхьэкӀумэм къиубыд псалъэ гуэрхэр къаутӀыпщащ а къакӀуэхэм – хъуанэрт ахэр.

– Хэт мыбы командирыр?! – мэкӀий зы капитан гуэр, цӀыху щэ ныкъуэ хуэдиз зи ужь иту къакӀуэр. – Нэ фиӀэкъэ! Мес, си зы сэлэт уӀэгъэ фщӀащ. 9

– Ар си обозникхэм ящыщ зыгуэрым и нэм къыщхьэрипхъуэри нэуауэ аращ… – жэуап ирет абы Быдэм.

– ЗэгъащӀэ, лейтенант, фриц уи деж къэсынущ зы сыхьэт нэхъ дэмыкӀыу. Дэ абы и мотоциклистхэр зэбгрытхури, адэкӀэ абыхэм я ужь иту къакӀуэ дзэ колоннэр зэкӀэ зэтеӀыгъа хъуауэ аращ.

– Дэнэ укъикӀа, капитан? Дыдейхэр псори икӀуэтащ.

– Дэ тхуэдэ Ӏэджи щыӀэ хъунщ иджыри, адэкӀэ-мыдэкӀэ губгъуэм къинауэ, – жеӀэ нэщхъейуэ капитаным. – Фыкъэтэдж! – командэ яритащ абы и гъусэхэм. – Дэ, лейтенант, ди полкым дылъэщӀыхьэжын хуейщ. ФӀыкӀэ!

– ФӀыкӀэ, капитан… «Дунейм теткъым иджыпсту а уи полкыр здэщыӀэр зыщӀэ», – игу къэкӀащ Быдэм.

Щыуащ капитаныр: нэмыцэхэр къэсащ дакъикъэ тӀощӀ нэхъыбэ дэмыкӀыу. Абы и пэкӀэ взводнэхэр къриджэри унафэ ищӀат:

– Фи цӀыхум быдэу яжефӀэ: куэд мыщӀэу бийр къэсынущ. Унафэншэу зы цӀыху къэтэджрэ щӀэпхъуэну хуежьэмэ, и пӀэм иукӀыхьын хуейщ. Дэ дивизие псом яужь дыкъыщӀранар къывгуроӀуэ. ФыкӀуэ, фи Ӏуэху яужь фихьэж, – кӀэщӀу жиӀащ лейтенантым.

– Еплъыт, еплъыт, Иван! Мотоциклхэр плъагъурэ?

– Сынэфкъым. Уи дзэ Ӏуачрэ, ущӀэкӀийр сыт? – мыарэзыуэ жэуап етыж ИванкӀэ зэджэм. Пэжу, шытхым мотоцикл зыхыбл къыдэуейри, иужьым, щы фӀэкӀа къэмынэу, адрейхэм кӀэщӀу ягъэкӀэрэхъуэжащ. А щыр псынщӀэу къожэ…

# ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

– БлэвгъэкI! Фемыуэ!

АрщхьэкIэ мотоциклистхэм, ди хэщIапIэм къэсыпауэ, дыдейхэр къалъагъу. КIэщIу яIуэнтIэжыну хэта щхьэкIэ, мыхъуу, мыдэкIэ ручной пулеметымкIэ уэри ираукIыхьащ мотоциклищым исари. Сытми, Iэуэлъауэншэу Iуэхур зэфIэкIакъым.

– Мотоциклхэм ит МГ-хэр къифхи вгъэув! МГ-р – ар станковэ пулемет Iейкъым.

Разведчикхэм ахэр псынщIэу къапхъуатэри ягъэуващ. Люлькэ зиIэ мотоциклыр зэкIэ зэрыщыту къагъанэ. Аргуэру мотоциклистхэр къыщылъэгъуащ шытхым деж. Абыхэм ящыщ зыгуэрым ракетэ удзыфэ дриутIыпщхьейри, кIэщIу абдеж къыдэуеящ танкищ. Абыхэм ящыщ зы тIэу-щэ топкIэ къызэкIэлъыуащ, ауэ зыри зэраныгъэ ящIэфакъым. МыдэкIэ дыдейхэри щымщ – арат ротнэм и унафэр. Пэжу, мотоциклистихыр псынщIэу яукIыу нэмыцэ пулеметхэр къызэрырахами тIэкIу нэхъ къигъэгушхуат мыбдеж оборонэр щызыIыгъ ди сэлэтхэр.

Мотоциклхэр аргуэру шытхым тетщ, танкхэр гъуэгубгъум Iуту хуэмурэ къох.

«Афэрым, сапер!» – бронебойщикым гуапэу игу къокIыж, саперхэм лагъым щыщIалъхьэм, сержантым жиIауэ щытар: «Гъуэгубгъухэми танккъутэ минэ хэлъхьамэ, нэхъыфIщ. Иджы дунейр уэгъущIыгъущи, абыхэмгубгъуэм зратмэ, нэхъ къащтэнущ»… Танкхэр мыпIащIэу, къызэпхыукIыурэ къокIуэ, парадым хэт хуэдэ. «Хьэм къилъхуахэм ящIэ топ зэрыдимыIэр», – мэгупсысэ бронебойщикыр. Танкхэр нэхъри къэблэгъащ, мыдэкIэ окопэхэм исхэм къафIощI ахэр гъунэгъу дыдэ къэхъуауэ.

10 – Сыт мы бронебойщикхэм ягъейр! Фрицыр къэсыпащ! – мэкIий зыгуэр.

«Пэжу, лIыжьым зыгуэр къыщымыщIауэ пIэрэ?» – лейтенантым зричщ, нэпкъым зригъэукIуриехри бронебойщикым бгъурыгъуэлъхьащ.

– Ныбжьэгъу лейтенант, мы сэтей дыдэм щхьэ укъэгъуэлъа? Си «фочри» къебгъэлъагъунущ.

Абы жиIэм емыдаIуэу, Быдэр абы и тхьэкIумэм йокIие:

– Къэблэгъэпащ! Щхьэ уемыуэрэ?!

– Сыдэгукъым, лейтенант. Солъагъу – сынэфкъым.

Танкхэр къокIуэ, топышэхэр гъунэгъу дыдэу къохуэх.

– Ей, тхьэмадэ! Мыр умыгъэуэну ара?!

– УмыпIащIэ, ныбжьэгъу лейтенант!

Мыбдежым псори щыгъупщэжа хуэдэ, Быдэр ипэкIэ тIэкIу еIэри бронебойщикым и нэгум къиплъэри игъэщIэгъуащ: «мыбы и нэгум ауэ сытми щтэIэщтаблэ къызэрыгуэкIри къищыркъым».

Мотоциклистхэми къызэрехьэхыу щIадзэ, пулеметышэри оборонэм исхэм къытракIутэ.

– Мо топ къутам къэсмэ, адэкIэ упэплъэ хъунукъым, – мэIущащэ лейтенантыр.

– Поспешить – людей…

– Къэгъанэ къэвэныр! – къэгубжьащ ротнэр.

– СынодаIуэ, ныбжьэгъу лейтенант! КхъыIэ, IукI, командир. Мыр командэ щIыпIэ хъун…

Танкхэр джабэм къыкIэрыхьащ, нэхъ псынщIи защIащ. Ротэм уэуэ щIедзэ – мотоциклистхэм еуэн хуейтэкъэ! Мыбдежым бронебойщикыр

уэри, танкыр, абы ар телъыджэ къыщыхъуа хуэдэ, къызэщIэувыIыкIащ; абдеж дыдэм гъуэгубгъумкIэ нэхъ жыжьэу кърикIуэ нэгъуэщI танк псынщIэр ди минэм теувэри – занщIэу Iугъуэр къыдэуеящ: танкым и щIыбыр ара хъунщ лагъымым и къарур псори зытехуар. Мыдрей танкым, нетIэ бронебойщикыр зэуам, – и цепыр къыфIэхуа хуэдэт, – и бгъур къигъэзащ. Арат бронебойщик тIорысэр зыхуейри – еуащ. КъыщIэнащ мафIэ. ТанкитIми ис танкистхэр, сыт ящIэнт, люкхэр традзри къелъэу хуежьащ, арщхьэкIэ бетэмалу сабэм хаукIыхьащ. Зы танкым илъ топышэхэм хидза мафIэм ахэр къигъауэри, башням топыр зэрыфIэлъу къытриудри лъеящ, хьэфэ топым хуэдэу; ещанэм – ар нэхъ иужьыIуэ иту къакIуэрт – кIэщIу игъэкIэрахъуэри и тхьэ къызэрихькIэ джабэм дэжыжащ. Мотоциклистхэр зэхэзехуэ дыдэ хъуащ, абыхэми – къелахэм ягъэзэжащ.

– Къысхуэгъэгъу, ди адэ, уэ шыIэныгъэ бэлыхь уиIэщ! – жиIащ лейтенантым.

– Абы ущIытепсэлъыхьын щыIэкъым, си щIалэ, – жэуап къет нэфIэгуфIэу бронебойщикым.

– ЗэкIэ фIырыфIкIэ иухауэ къэплъытэ хъунущ, ныбжьэгъухэ, – жиIащ ротнэм, – хэщIыныгъэ фиIэ? – йоупщI ар взводнэхэм.

– Зы уIэгъэ хъуащ.

Быдэр сыхьэтым еплъри и командирхэм яжриIащ: – сыхьэтыр 15-м дэ зытIэту километриблкIэ мыбы къыпэIэщIэ Ольховаткэ къуажэм дыдыхьэн хуейщ. А къуажэ дыхьэпIэм деж псы блож, абы лъэмыж телъщ, нетIэрей кхъухьлъатэхэм ямыкъутамэ. Мис ар тхъумэн хуейщ…

– Сыт абыкIэ ящIэнур? Ар къутарэ ежьэжамэ, нэхъыфIкъэ – нэмыцэ танкхэр зэпрымыкIын щхьэкIэ…

– Приказ жыхуаIэр къыбгурыIуэрэ уэ, сержант? – и макъыр еIэт ротнэм.

– ГурыIуэгъуэщ, ныбжьэгъу лейтенант.

– Танкхэр!.. – кIий макъ къэIуащ. – Бронетранспортер!.. Пехотэ зэрыс машинэхэр!.. – а кIий макъхэр зэхыбох IупщIу. Псоми я окопэхэм зраудыгъуэжащ, абыкIэ я нэр маплъэ.

– Къэвгъэблагъэ! Къэвгъэблагъэ! Нэхъри къэвгъэблагъэ! – зы окопэм икIым адрейм кIуэуэрэ ротнэм и командэр псом я дежи нос. Япэ ит танкхэмрэ машинэхэмрэ метр щитIкIэ къызэрыблагъэу, зэщIэхъеящ Быдэм и ротэр: автоматри, фочри, пулеметри, ПТР-ри – псом я мафIэри зы хъужащ. Языныкъуэ танкхэр окопэхэм къыщекIуалIэм, абы я лъабжьэм птулькIэхэр щIаутIыпщхьэу щIадзащ. Танк зытIущи, бронетранспортери, зы автомашини мафIэм ес, Iугъуэ фIыцIэмрэ сабэмрэ зэхыхьэжащи, дыгъэ нурыр гъуэжь-фIыцIафэущ зэрыплъагъур… Ауэ оборонэр зыIыгъхэм я мафIэри кIащхъэ хъуащ, укIыгъэмрэ уIэгъэмрэ куэдщ…

Мыбдежым Быдэми, абы и командэм щIэт зауэлIхэми къагурымыIуа Iуэху къэхъуащ: нэмыцэ танкхэмрэ машинэхэмрэ – ахэр иджыри куэд хъурт – кIэщIу ягъазэри, шытхым щхьэпрыкIыжащ…

– Воронов, взводнэхэм яжеIэ цIыхур псори мыбдеж кърашэлIэну. УIэгъэхэри укIыгъэхэри…

ЦIыху пщIейм щыщу Iэпсолъэпсоуэ къэнар пщыкIуийщ. Ахэр зэфIэтыф къудейуэ.

– Мыдэ фыкъэдаIуэ, – нэщхъейуэ къыщIидзащ Быдэм, езыри зэтеуфIыцIарэ и напэ сэмэгум ятIэмрэ лъымрэ кIэрыгъуэжауэ. – Дэ нэгъуэщI къалэн дгъэзэщIэну километрих-блыкIэ доIэпхъуэ, ауэ мыб-

деж цIыхуищ къэнэн хуейщ. Дэ къалэнышхуэ къытпэщылъщ… А къанэхэм нэмыцэхэр зэтраIыгъэн хуейщ… Дэ дыздэкIуэнум дынэсыху.

Псори нэщхъейщ, щыму щытщ, уэ къанэ жыпIэу зыгуэрым жепIэныр къемызэгъщ…

– ГурыIуэгъуэщ, лейтенант, – жеIэ Барабаш. – Сэ зыуэ сыкъонэ. АтIэми си лъакъуэр нобэ сыкъыщыжам трихащ, си пIэ симыкIым нэхъ къызощтэ.

– Сэри си ныбжьэгъур къэзгъэнэну сыхуейкъым, – деIыгъ Маматовым Барабаш жиIар.

– Куэдщ, сержант, – лейтенантым взводнэм зыхуегъазэ, – иджы ещанэр уи взводым къыхэх…

Къыхэх… Зыми зыри жимыIэм, дауэ къыхэпхын.

– Ныбжьэгъу лейтенант, сэ, плъагъурэ, си «топри» (ПТР-р арт абы зи гугъу ищIыр) фрицым икъутащ. Сыкъэнэнщ щIалитIым срагъусэу, – жеIэ нобэ танкитI зыгъэса лIы хэкIуэтам.

– Ирехъу апхуэдэу, – акъылэгъу хъуащ ротнэр.

– Ныбжьэгъу командир, мотоциклыр къытхуэгъанэ. Сэ, плъагъурэ, езыр сытрактористщ, моторхэм мыбзаджэу хызощIыкI.

– Мыпхуэдизым къела а мотоциклыр?

– Къелащ – бомбэм къриуда кумб куум идгъэлъэдат ар.

– УзэрегуакIуэщ. Къэгъанэ…

Быдэ Мурат икъукIэ хуейт а къанэхэм IэплIэ яхуищIыжыну, арщхьэкIэ, псори зэпэшэчыжмэ, ар къызэремызэгъыр IупщIти, кIэщIу псалъитI-щы жиIащ:

– ФIыкIэ, къуажэм деж дыщызэхуэзэжынщ.



ЦIыху пщыкIутхур ежьащ, уIэгъэ хьэлъэ дыдэу щы яIыгъыу. Махуэри шэджагъуэнэужьыфIым нэсат, дыгъэри нэхъ Iеижу дзакъэрт, уIэгъэхэр щэIурт, псы жаIэрт. Дакъикъэ пщыкIутху хуэдиз дэкIауэ, Быдэр къызэщIэувыIыкIри дэIуащ.

– Зэхоуэхэр, ныбжьэгъу лейтенант, – жеIэ Вороновым.

– Шире шаг! ЗыкъыкIэрывмыгъэху! – и лъэр игъэхуэбжьащ лейтенантым.

– Ныбжьэгъу лейтенант, уIэгъэр «Iурихащ!» – кIиящ уIэгъэхэм ящыщ зыр зыIыгъитIым языр.

– Мыбдеж дытIэу дытет хъунукъым. Тхылъ и бгъэгу жыпым илъмэ, къифх. Модэ Iуфхи пабжьэм хэфлъхьэ, нэгъуэщI мыхъуми, удз тефлъхьэ, – унафэ ищIащ ротнэм.

Ротэм и хэщIапIэу щытам цIыхуищ къэнат: Барабаш, Маматов, Криволапов…

Сыхьэт гъуэгуанэт Быдэм и цIыхухэм зэкIэ ящIэлъыр, ауэ уIэгъэ хьэлъэ зытелъу цIыхуитI яхь, мызэ-мытIэу гъуэгум дадзыхыу удз хулIам зыхадзэн хуей мэхъу: бийм и кхъухьлъатэхэр гуп-гупурэ КъуэкIыпIэмкIэ макIуэ. Ауэ цIыху пщыкIутхуми ящIэрт ахэр здэкIуэ щIыпIэм псышхуэ зэрыщыIэр. Нобэ псом мафIэм хэта, пщIэнтIэпсымрэ сабэмрэ ягъэмэха зауэлIхэм я лъэр абы нэхъ игъэжанырт…

Къуажэм и дыхьэпIэр тIэкIу дэгъэзеигъуэти, абы нэхъри цIыхур псэтенэ ищIыпат, ауэ мес къуажэр.

– Дыкъэсащ… – жеIэ зыгуэрым, и унэжь нэсыжа хуэдэ.

– Лейтенант, машинэ Iэуэлъауэ къоIу, сабэри хуабжьу къызэрыIэтащ, – жеIэ Вороновым.

– Зэхызох. Сержант, цIыхуих здэщти (етIуанэ взводнэр нобэрей

зауэм хэкIуэдат), лъэмыжым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ фыкъэув. ПсынщIэу. Сэ сэмэгурабгъумкIэ сокIуэ.

– Лъэмыжыр дывгъэгъэс – ар езыр пхъэ зэфэзэщ.

– Дэ лъэмыжыр тхъумэну аракъэ мыбы хьэчэхьэпсэу дыкъыщIэкIуар!

Сержантыр щIэпхъуащ цIыхуихыр и гъусэу.

ЦIыху пщыкIутхур лъэмыж кIапэм и бгъуитIымкIэ щигъуэлъыкIащ. Мыбдеж дыдейхэм я хэщIапIэр зыкIэ фIыт: абдеж къыщыт жыг пIащэхэм фIыуэ укъыкъуэукI хъунут, езыхэм сэнтхым къехыр нэIурыту ялъагъурт. ЯпэщIыкIэ аргуэру мотоциклистхэм къызэрехьэхыу щIадзащ, абыхэм я ужь иту машинэ хьэлъэу щы къох, сэлэтыр изу. Ахэр лъэмыж кIапэм къэсыным метр щитI нэхъыбэ имыIэжу, Быдэм и гупыр уэуэ щIадзащ. Машинэхэм исхэр къелъауэ, зэбгрож. Дыдейхэм шэр я мащIэщ, зы пулемет яIэти, ари увыIэпащ… КъызэрыIэтащ нэмыцэхэри, зэрыгъэкIийуэ лъэмыжымкIэ къоIэ, къызэпрыкIыну. Абдежым коляскэ зиIэ мотоцикл гуэр сэнтхым къежэхри сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ дидзыхри къэувыIащ. Абы ис мотоциклистыр лъэмыжым къытегуплIэ нэмыцэхэм МГ пулеметымкIэ Iуву къахэуэу щIедзэ. МыдэкIэ дыдейхэми уеблэмэ псори ящыгъупщэжауэ зыкъaIэтащи маплъэ, мотоциклистым и МГ-ри мыувыIэу очередь кIэщIкIэ къахоуэ. Нэмыцэхэр апхуэдизкIэ Iэрпхъуэр ищIат езыхэм я мотоциклистыр къазэрыхэуэжми, дакъикъэ зытIущ дэкIащ, абыхэм ящыщ зыгуэрхэр абыкIэ уэуэ мотоциклистыр яукIыху.

– Нэмыцэ коммунист хъунщ ар! – мэкIий зыгуэр.

– Сыт коммунистми я анэр къахуигъэгъащ!..

Абдежым лъэмыжым адэкIэ нэмыцэ зэрызехьэхэм топышэ яхохуэ, етIуанэу, ещанэу…

– Ныбжьэгъу лейтенант, ди тридцатчетверкэхэр къокIуэ! Ура! – мэкIий Вороновыр. Танкищ жэрыжэм тету лъэмыжым телъадэри дэкIыпIэмкIэ яунэтIащ, я пулеметхэмкIэ нэмыцэ пехотэм яхэуэу… 13

Быдэр къэтэджыртэкъыми, Вороновым фIэгъэщIэгъуэну абы йоIусэ:

– Ныбжьэгъу лейтенант, ныбжьэгъу лейтенант!

Быдэм и лъакъуитIми шэ къэуэж къытехуауэ, къаIэтри Iуахащ. БэIутIэIуншэу къэна цIыхуищым я командирыр гъуэгум кърахьэлIэри жыг лъабжьэм щIалъхьащ, кърахьэлIащ абы нэмыщIи цIыхуих, ахэри уIэгъэхэу.

– Япэ дыдэ дызыхуэзэ гум е машинэм итлъхьэнщ, – жиIащ сержантым. – Моуэ зэ фыщыт, сэ нэмыцэм къахэуа мотоциклистым сеплъынущ. Мес абы и мотоциклыр хэIубауэ щылъщ. Хэт ищIэрэ, езыри абдеж щылъынкIи хъунщ.

МыдэкIэ щытхэми яфIэгъэщIэгъуэну маплъэ сержантыр здэкIуамкIэ. Иужьым абыхэм ялъагъу: сержантым и плIэм илъу къехь лIышхуэ. Мыдрейхэми, нобэ псом зыхэтар ящыгъупщэжащ жыпIэн хуэдизу, я нэр теплъызауэ маплъэ. Сержантыр – ар щIалэщIэ зэIэщIэлът – къэсри хуэсакъыпэу и плIэм телъ лIыр щIым игъэтIылъащ.

– Ди бронебойщикыр… ТанкитI зыгъэсар! – зэхэпх къудейуэ къыжьэдоIукI Вороновым.

Абы и бгъэм шэ тIощIырыпщI пулеметышэу техуа хъунщ… пулемет очередь.

– Мыбы нэмыцэ плащ-накидкэ щыгъащ, щхьэрыгъа фриц каскэри лъеяуэ мотоциклым адэкIэ щылъащ, – жеIэ сержантым. – Ар нэмыцэ колоннэм зыхигъэпшахъуэри къэкIуащ… Къафщтэ лейтенантри Кри-

волаповри, адрей уIэгъэхэр фынакIуэ къуажэкумкIэ…

Медпункт гуэр къагъуэтри, уIэгъэхэри япхащ. Быдэм зэми зыкъищIэжырти щэIурт, зэми и нэр къызэтрихырти зыри жимыIэу щымт.

– Ей, щIалэ, – къыжреIэ Вороновым уIэгъэр зыпха военфельдшерым. – Мы уи лейтенантым и лъакъуэ сэмэгум къытридза кусэ плъыжьфIыцIафэр дамыгъэ бзаджэщ.

– Ар сыту? – гузавэу къоупщI абдеж къыщыт разведчикыр. Арат Быдэм и разведвзводым щыщу къэнэжар. Абырэ Вороновымрэ.

– Ар гангренэ жыхуаIэращ. ИкIэщIыпIэкIэ хирург Iэзэ IэщIэмыхьэмэ, фи командирым псэу иIэкъым.

– Сыт жыпIа?! – зыжьэу тIури мэкIий.

– Сыту фыахьмакъ фэ тIур! Урысыбзэ къывгурыIуэркъэ? – IуигъэзыкIри фельдшерыр нэгъуэщI уIэгъэхэм ябгъэдыхьащ.

ЩIалитIым Быдэр къапхъуатэри аргуэру гъуэгубгъум деж къагъэсри сабэ защIэ хъуа шыдудзым хуэсакъыпэурэ халъхьащ. Мэгузавэ, тепыIэжыркъым зауэлIитIыр…

– Къухьэнуми зэ къухьащэрэт мы дыгъэ емынэр, уафэ джабэм кIэрынэпэну мурад ищIами ярейщ, – мэгъумэтIымэ разведчикыр, лъэмыжымкIэ плъэурэ, зы машинэ гуэр къехыу къэслъагъун жиIэу. ЩIэмычэу зи напэм пщIэнтIэпсыр къекIуэ лейтенантым Вороновыр бгъэдэсщ, зэзэмызэ къэтэджыну къыщеIэкIэ зэтриIыгъэу.

– Воронов, полуторкэ къох джабэм!

– КъыпхуэмыувыIэмэ – зэIыхьакъэ!

– А-а, къремыувыIи ireплъыт! – къегъэIэгъуэ разведчикым и ППШ-р. Ар гъуэгум кIуэри теуващ лъэбакъуэхъуу. Машинэр къэсри блэжыну и гугъа щхьэкIэ, разведчикыр и пIэм икIакъым. «Жыгъыкъ» жиIэу полуторкэр къызэрыувыIэу, кабинэм и щхьэр кърищиикIри капитан гуэр къэкIиящ:

– ТекI гъуэгум, ахьмакъ!

– Воронов, къэхь лейтенантыр! – мэкIий разведчикыр, езыр гъуэгум къызэрытекIыу, машинэр зэрежьэжынур хьэкъыу пхыкIати.

– Делэ ухъуа? Дэ топышэ къэтшэну докIуэ!

– Мыдэ лейтенантыр итлъхьэнщи медсанбатым нэдгъэсмэ, итIанэ узыхуейр шэ, – и макъыр имыIэту, зызэтриIыгъэу жеIэ щIалэ хэщIыхьа плIабгъуэм.

– Иплъхьэнкъым!

– Деплъынкъэ! Бгъейр сыт, Воронов?

Быдэр кузовым щхьэприхыну Вороновыр щыбгъэдыхьэм, шоферри кабинэм къипкIащ, капитаным къыдэIэпыкъуэн мурад иIэу. Абдежым капитаныр и кIэрахъуэм щепхъуэм, разведчикыр IэштIымкIэ мауэ, мыинышэу зыгуэрым кIуэцIыуэ хуэдэ. Абы напIэзыпIэм лъыр къыжьэдэхуащ, дзапэфIанэ зытIущи хэлъыжу. Шоферым ар щилъагъум, – дыхокIуэдапэ жиIа хъунщ, – кабинэм зридзэжри, машинэм зричащ, щIытI гуэрым епкIэну зигъэхьэзыра хуэдэ. Разведчикым зригъэзэкIри автоматымкIэ машинэ шэрхъым еуэри, метрищэ фIэкIа имыкIуу, къэувыIащ, шэрхъыр пщэхауэ.

– Трибунал! Трибунал!.. – зефыщIыж капитанми. Абдежым зы «Виллис» цIыкIу кIэщIу къэувыIащ.

– Сыт къэхъуар? – абы къокI подполковник.

– Уэ пцIыхурэ Бидовыр?! Абы нэмыцэ полковой командир и плIэм

илъу къихьащ! Ари псэууэ! Уэ тыловой крысэм итIани апхуэдэ уIэгъэ уи машинэмкIэ пшэн бдэркъым!.. Ар фронт псом яцIыху! – а къеупщI подполковникри фIэмыIуэхуу, уеблэмэ абы дежкIэ емыплъэкIыу мэкIий разведчикыр.

– Зэ увыIэт! Хэт, хэт жыпIа?

– Лейтенант Быдэ Мурат, ныбжьэгъу подполковник.

Мыбдежым разведчикым къицIыхужащ дивизием и штабым и начальник Борисовыр. Подполковникыр бгъэдыхьэри лейтенантым и нэгум иплъащ. Ар хьэдафэт, и жьэлъэтIанэхэм лъы хэлъу тхъурымбэ къищIырт.

– Хъуакъым ар, Бидов.

– Ныбжьэгъу подполковник, гангренэу жаIащ…

– Шофер! Шэрхъ уиIэ запаснойуэ.

– СиIэщ…

– Еуэ атIэ, зэгъэпэщи, мыхэр санбатым шэ. – ИтIанэ капитаным дежкIэ зригъэзэкIри жриIащ: – Уэри санбатым екIуалIэ, иужькIэ артскладым укIуэнщ, – унафэ ищIащ подполковникым. – СлIожь уэ офицерым и нэжьгъым уиуэу… – къригъэжьат начштабым, арщхьэкIэ адэкIэ емыдаIуэу разведчикым къыжьэдэхуащ:

– АтIэ, ныбжьэгъу подполковник, абы сеплъу кIэрахъуэкIэ зезгъэукIын хуея? Берычэт бесын жреIэ абы!

– Фэ заслону комдивым фыкъызэригъэнар сощIэ. Дэнэ щыIэ ротэр?

– Ротэ щыIэжкъым, ныбжьэгъу подполковник… Дэ тIумрэ зы сержантрэщ къэнар…

Подполковникым нэщхъейуэ унафэ ищIащ:

– Фэ фи разведротэм фыкIуэж. Iуэхур псори къызэрекIуэкIар иту тхылъ фтхы комдивым и цIэкIэ.

Пшапэр зэхэуащ жыпIэ хъунут полуторкэр гъуэгу щытеувэжам.



## ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

### МАФIЭ МЫУЖЬЫХ

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
ЖаIэ лIахэм псори я зэхуэдэу,
Ауэ дыноплъыху,
Ауэ дыноплъыху,
Ди лIыхъужьхэм я макъ зэхыдохыр:

«Дэ къытхуэкIуэ псоми лъагъунлъагъу,
Дэ дымылъэгъуахэр фрелъагъу.
Дэ тхулъэмыкIахэр зылъэвгъэкI.
Зауэ лыгъэ къэвмыгъэхъу афIэкI.
Ди щIыналъэр къэвгъэщIэрэщIэж.
Дэ дымыгъэщIахэр – къэвгъэщIэж».



ТекIуэныгъэ ин,
ТекIуэныгъэ ин
Зауэ гъуэгум тету ахэр хуэплъэт.
Я псэм пащIыр зыт,
Я псэм пащIыр зыт:
Ди сэлэтхэм я гур Хэкум хуэблэт.

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
Уэ къыпхуэкIуэм нэпсыр къыфIыщIохур.
ЩIыр щытыхукIэ блэ,
ЩIыр щытыхукIэ блэ, –
Хэку лIыхъужьхэр ди гум иумыгъэхуу.

Пхуэдэ абы фIэкI,
Пхуэдэ абы фIэкI
ТфIэфIщ дэ щIылъэм щызэщIамыгъанэм,
Мамырыгъэм дэ,
Мамырыгъэм дэ
Гурэ псэкIэ арщ дыщIыхуэбанэр.

## КЪАГЪЫРМЭС Борис

### ЗАУЭ НЭУЖЬ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

КъикӀыжу зауэ иухам,
Сэлэтыр пщӀантӀэм щыдыхьэжым,
Къилъагъущ и фызми къэмэхат:
Къатхат письмо ар щымыӀэжу.

ТӀэкӀу докӀри, фызым зыкъещӀэж.
ЙоупщӀ: «УкъэкӀуэжа, пэж дыдэу?»
Сэлэтым унэм ар щӀехьэж:
«СыкъэкӀуэжащ, къызэплъыт быдэу».

ЩхьэкӀуэ тхылъыр стӀолым телъщ.
Абы къеджауэ, лӀыр мэщатэ.
«Зэрыхъум Ӏуэхур, — жеӀэ, — еплъ...
Къезыгъэтхар мыр ди комбатырщ.
Сэ саукӀауэ и гугъат...
Сагъэхъужащ...»
«Узгъеижат, —
ЖиӀащ и фызым. — Ауэ сщӀэрт
Узэрыпсэур — пщыгугъырт псэр».

Хъуащ зауэ ябгэр я щӀыбагъ.
А тӀур мэгуфӀэ, зэми магъ.

## ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан

### АВТОБУС КЪЭУВЫӀЭПӀЭМ ДЕЖ

Магъыр щӀалэ цӀыкӀур зэгуэуду,
Джэшым хуэдэу къолъэлъэх и нэпс,
Автобусым блишащи и адэр
КъыкӀэлъыкӀуэ къэувыӀэпӀэм нэс.

Магъыр сабийр, зыми хуэмыудэӀуу,
«Папэ» фӀэкӀ и макъым къимыкӀыж...

## ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

**Иджыпсту абы и гузэвэкIэм**
**ПлIыщIрэ зы гъэр сэ сигу къегъэкIыж…**

**Дыкъыкъуанэу анэм и кIэ къуагъым,**
**МафIэгужьхэм мащIэм дыхана?!**
**ПсыхэкIуадэу сабийм ди гъы макъыр,**
**Дэ адэншэу дапщэ дыкъэна?!**

**Абы щыгъуэ мафIэгухэм я Iугъуэу**
**Ди адэхэм я нэкIухэр зыгъэпщкIуар**
**Нобэм къэскIи хэлъкъэ атIэ тхъугъэу**
**Фызабэхэм я щхьэм къыхэнау!..**

**О, шоферхэ, мафIэгузехуэу щыIэ!..**
**Фи гулъэфым, маржэ, фыхуэсакъ,**
**ФытемыплъэкъукIыу фыкъэувыIэ,**
**КъэмыIу щIыкIэ сабийм я гъы макъ!**

**ЩIэблэр топ уэ макъым зыкIи хуейкъым,**

**Къыхэмыщту ахэр ирежей…**
**ЩIыми, псыми, уэгуми фыщызекIуэ,**
**Зауэ гъуэгур къыхэвмых къудей!**

## **КIЭЩТ Мухьэз**

### ДЭШХУЕЙ ГУЭРЭН

*Хэку зауэшхуэм хэкIуэда*
*КIэщт Мамилэ и фэеплъу*

**Гъатхэ къэсыху,**
**Зи пщIащэр жьыху**
**Дэшхуейр къыщытщ зыкъиблэу.**
**Дэ дежьэ пэт,**
**Иджыри къэтщ**
**Ар зыгъэкIа Мамилэ.**

**Щытехьэм гъуэгу,**
**ЩIалэм и нэгу**
**Иплъэщ нэщхъейуи нанэ,**
**И къуэм и жып**

# ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

Зы дэ Iэбжьыб
ИрикIутащ, гъынанэу.

Къэхъуащ щымэх,
ФIэщIу псэр хах,
Ауэ ишхакъым дэхэр:
Дэхэм Iуплъам,
Нанэ къэнам
Илъагъут и нэкIу лэдэххэр.

Фэеплъти, щысхьт,
Бгъэм дэлъу здихьт,
Къихьэсыжакъым унэм:
Щхьэхьу бий жэм
ИутIыпща шэм
ФIигъэункIыфIати и нэр.

ИгъэпщкIури щIым,
Дэм щIыгъуу щым
Хъужащ Мамилэ и гур. 19
Хуабэу игу тэм
И гъусэу дэр
Иритыжащ зей щIыгум.

Гъатхэм и бзийм
Зыщиукъуэдийм,
ЩIы яуIам Iэ дилъэу,
Дэшхуей гуэрэн
Дыгъэм Iуплъэн
ПапщIэ
КъыхокIыр щIылъэм.

Къепщэм борэн,
Дэшхуей гуэрэн
Зэкъуэувар мыдзыхэ.
Нанэ нэщхъейу
ЩыблэкIым дей,
Ахэр къыпфIощIыр гухэ:

Я тхьэмпэ къэс,
КъыпфIэщIу нэпс,
Уэсэпс пощэщ къудамэм, —
Нанэ еша
Къыхуигъэша? —
ХутолъэщIыхь и дамэм.

Гъатхэ къэсыху,
Зи пщIащэр жьыху
Дэшхуейхэр щокI Дон Iуфэм.
Ахэм къысфIощI
Дон Iуфэ куэщI
Щраплъ Мамилэ и фэ.

* * *

## КЪЭЖЭР Петр

КъэкIыгъэ куэд

КъегъэщIыр
ЩIым,
Ауэ ар щымщ.
ЛIэщIыгъуэ Iэджэ
КъегъащIэр
ЩIым,
Ауэ ар щымщ!
Плъагъукъым абы и инагъыр —
ИНЩИ!
Плъагъукъым абы и дахагъэр —
МИНЩИ!
ИтIани
ЩIым
ЦIыху цIыкIу щызодзэпыIэ,
Я гъащIэ
МащIэм
ЯмыщIэжу пыIэ!..
Дэ дыкъалъхунукъым тIэуней,
КъэсщIа къудейкъым ар дыгъуасэ!
ЦIыху Iей темыту мы дунейм
Ущыпсэуну сыт и уасэт!

# ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

## БИЦУ Анатолэ

### ГУПСЫСЭ

Яхуэзусынт уэрэд
Пщэдджыжь уэсэпсым…
Уэшх ткIуэпсым…
Ауэ хэт хъуну щыхьэт,
Фызабэу ди щIылъэм тет
Куэдыщэм ар я мынэпсу?

Гуауэшхуэм хуэфэщэн усэ
Дэнэ къисхын сэ?

Яхуэзусынут уэрэд
Ди жыгхэм…
Я щхьэкIэ Iувхэм
Абыхэм…
Ауэ хэт хъуну щыхьэт,
Жыг къэс и лъабжьэм сэлэт
ЩIэмылъу, кIэншэу жеяуэ?
Къудамэ куэд къадэжауэ
Зыхуэзышийхэр дыгъэпсым
Абыхэм я мыгукъуэпсу?

ЛIыгъэшхуэм хуэфэщэн усэ
Дэнэ къисхын сэ?

Яхуэзусынт уэрэд
Ди къуршхэм –
Къыр хьэдзэ къэскIэ…
Ауэ хэт хъуну щыхьэт,
Сыну гъэжахэу зэфIэт
А мывэ блынхэу пшэм нэсхэр –
Фэеплъу хуэмыувауэ
Хьэзабу дищI щагъэвахэм?
И ТекIуэныгъэм ди лъахэм?
А псоми хуэфэщэн усэ
Дэнэ къисхын сэ?!

# ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

## УЭРЭЗЕЙ Афлик

* * *

**Уэсэпстэкъым удзхэм ятелъыр —**
**лъы ткIуэпст.**
**Уэшхыпстэкъым жыгхэм къапыжыр —**
**жыг нэпст.**

**Псэр зыгъэтхьэджэ макъамэр**
**гуузт.**
**ЗэуапIэм уи бынхэм я хьэдэхэр**
**изт.**

**Ауэ къэхъуакъым уи щIакхъуэр**
**щыдыдж.**
**Гъубжэм и жаныр щауIур**
**уи сыджт.**

**Джатэм и быдэр зыIыгъыр**
**уи бынт.**
**Уи быныр хэщIамэ, уи тхыдэр**
**и бэнт.**
**Соубыд пхъэIэщэкIри, сохьэр**
**уи губгъуэм.**
**ЗызогъэдзэкI вагъэбдзумэр**
**лIэщIыгъуэу.**

**Уэ уи пщIэнтIэпскъэ щIэпшэрыр**
**щIыгулъыр?**
**Уи хьэлэлагъкъэ щIэкъабзэр**
**гурылъыр?**

**Лъыуэ пщIэкIам ириIакъэ**
**къуэкIыпIэр?**
**Лъыуэ пщIэкIам ириIакъэ**
**къухьэпIэр?**

**Сохь вагъэбдзумэр, щIыгулъым**
**гынымэ**

# ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу

**Къыхихым къыщIехур нэпс гуащIэри**
**си нэм.**

**А нэпсыр хоткIуэжыр си лъэпкъым**
**и тхыдэм,**
**ХоткIуэжри, щIыгулъым зыщIефыр**
**уэрэду.**

## МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *

Дунеишхуэ,
УмыIэуэлъауэ.
Дунеишхуэ,
СынолъэIу, зыущэху.
Топ зыщIыпIи
Зэрыщамыгъауэр
Хьэкъ къысщыщIи,
Мы си гур гъэпсэху.



Дунеишхуэ,
Умыдаущыншэ,
Ущыбзэншэм,
Псэншэ ухъу къысфIощI:
Сабий макъкIэ
Дыхьэшх уэ щIумычэу,
Бзу уэрэдхэр
Уемызэшу шэщI.

Гъэщхъыщхъ пщIащэр,
Псыхэри гъэушэ,
Iэуэлъауэ, гъахъэ,
ЩIэ уи Iуэху:
ГъащIэр щIым
ЗэрыщекIуэкIыр кIэншэу
ЗыхэзгъащIи,
Мы си гур гъэпсэху.



## ТхакӏуэХьэх Сэфарбий илъэс 75-рэ ирокъу



*Адыгэ литературэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщӏа тхакӏуэщ Хьэх Сэфарбий. Ар 1938 гъэм и май мазэм Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. И творчествэм фӏыуэ щыгъуазэхэм тыншу къагурыӏуэнущ Хьэхым и къекӏуэкӏыкӏар зыхуэдэр: Сэфарбий и тхыгъэхэм я нэхъыбэм художественнэ лӏыхъужь нэхъыщхьэу хэтыр ахэр зи ӏэдакъэщӏэкӏ езы авторырщ. И сабиигъуэм къыщыщӏэдзауэ езым къызэпича гъащӏэ гъуэгуанэ хьэлъэрщ тхакӏуэм къигъэлъэгъуэжыр. Аращ къамыгупсыса а лӏыхъужьым и образыр гуимыхуж зыщӏыр. Тхакӏуэм ди пащхьэм кърилъхьэркъым уи фӏэщ мыхъун, уи гупсысэр зымыгъэлэжьэн, акъыл къызыхыумыхын тхыгъэ.*
*Сэфарбий тхэн къызэрыщӏидзар усэщ.*

**Мы къуршыжьхэр къыхэжыху уи щӏыфэм,**
**Хэт и щӏопщ, си лъахэ, къыптехуар? –**

*Апхуэдэ сатырхэр зыхэт усэр журналым къыщытехуам наӏуэ хъуат куэдкӏэ узыщыгугъ хъун ныбжьыщӏэ ди литературэм къызэрыхыхьар. Сэфарбий и къалэмыпэм къыщӏэкӏащ усэ тхылъ зыбжанэ. Апхуэдэщ «Пщэдджыжь бзыгъэ», «Псыӏэрышэ», «Си гъэмахуэщ», «Бжьыхьэ уэфӏ», «Бжьыхьэ макъамэхэр», «Бжьыхьэкӏэ», нэгъуэщӏхэри.*
*Тхэныр зи натӏэм и ӏуэхур зэрыхъункӏэ хъунур езы дыдэми ищӏэжыркъым. Усэкӏэ къезыгъэжьа Хьэхыр прозэм дехьэх. Жанр*

*нэхъ цӏыкӏухэм къыщрегъажьэри иужькӏэ тхыгъэшхуэхэми зрепщыт.*

*Зэкӏэлъхьэужьу дунейм къытохьэ абы и повестхэмрэ романхэмрэ. Апхуэдэхэщ «Толъкъун Ӏэсэ», «Махуэм дунейр и кӏыхьагъщ», «Тхыгъэхэр», «Махуэщӏэр кӏадащхьэ течащ», «Курых» тхылъхэр.*

*Гулъытэ хэха хуэфащэщ публицистикэ тхыгъэ кӏэщӏхэр щызэхуэхьэса «Си хъуреягъкӏэ» тхылъ цӏыкӏум. Гъащӏэм и лъэныкъуэ куэд къызэщӏэзыубыдэ а тхыгъэхэр гупсысэ жанкӏэ гъэнщӏащ.*

*Философие куу ящӏэлъщ Сэфарбий и Ӏэдакъэщӏэкӏхэм. Реализмым и Ӏэмал нэхъ дахэхэмрэ эстетикэ хабзэм и пщалъэм иту узэщӏа фантазие купщӏафӏэмрэ зэӏузыщэф тхакӏуэщ ар.*

*Сэфарбий и прозэр лъэпкъ литературэм и фӏыпӏэхэм ящыщщ. «Лъагъуэр гъуэгум хуокӏуэ» сюжетыншэ романыр ди литературэм и лъэбакъуэщӏэщ.*

*Тхылъеджэхэм гунэс ящыхъуа, критикхэми пщӏэшхуэ зыхуащӏа тхыгъэ хьэлэмэтхэр зи Ӏэдакъэщӏэкӏ Хьэх Сэфарбий узыншэу иджыри лъэпкъым куэдрэ хуэлэжьэну ди гуапэщ.*

ХЬЭХ Сэфарбий



# ЛЪАГЪУЭР ГЪУЭГУМ ХУОКӀУЭ

***Романым щыщщ***

## ЖУРНАЛИСТ

Къамбот лъапэкӏэ тету унэм къыщӏокӏ, къидыгъуӏа нэхъей. Хуейкъым унагъуэм къащӏэну. Къащӏэмэ, Ӏуэхуракъэ, здэкӏуэмкӏэ, щӏэкӏуэмкӏэ, къыщыкӏуэжынумкӏэ… Ӏэджэми Ӏэджэрэ щӏэупщӏэнущ, анэри щхьэгъусэри зы хъужынурэ. Емыкӏу пщӏы хъунукъым ахэри, мэгузавэ мыгъуэри аращ. Псори къыгуроӏуэ щӏалэм, ауэ ищӏэркъым яжриӀэнури. Докӏ, ауэ дэнэ здэкӏуэр? Ищӏэркъым. Къалэм макӏуэ, лэжьапӏэ лъыхъуэнущ, щызэфӏэкӏ къигъээзэжынущ… Хьы, «щызэфӏэкӏ», жи. Дапщэщ щызэфӏэкӏынур? Зэфӏэкӏыххэну сытми?! Лъыхъуэурэ ешмэ, итӏанэ, сытми, зэ къигъээзэжынущ жыпӏэныр нэхъ тэмэмщ абы нэхърэ. Сыт щӏа хъункӏэ зыщыгугъыу зыбгъэдыхьа, зы лэжьапӏэм икӏмэ, адрейм кӏуэуэ, къызэрикӏухьрэ, игъуэтыркъым. Лэжьапӏэ Ӏуэхукӏэ иджы хуэдэу мыхьэнэншэ дыдэ зэи хъуауэ къыщӏэкӏынкъым Къамбот. Зэи къэхъуакъым апхуэдизрэ лэжьапӏэ гурыгъузым ихьу. Щысакъым апхуэдизри мылажьэу. Балигъыпӏэ нэмыс жыхуаӏэм хуэдэу щӏидзэри, Арысей пхащӏэм щита зэманри къащти, игу иримыхьу зы лэжьапӏэм къыӏукӏамэ, махуэлышхуэ имыщӏу пэрыувэжырт Ӏэнатӏэщӏэ. Зыпэрытам нэхърэ нэхъ тыншыӏуэу, нэхъыбэӏуи къыпыкӏыу. Еджапӏэ е лэжьапӏэ гуэрхэм Ӏутащ сыт щыгъуи. Иӏэт гъунэжу зыхэдэн. Ӏэщӏагъэтэкъым,

щӏэныгъэтэкъым, хъун хуэдэ лэжьапӏэ дэнэ къикӏынт? Ӏэпыдзлъэпыдзу, жаӏэр ищӏэу къекӏуэкӏащ. Сыт ищӏэнт, анэ ныкъуэдыкъуэр пӏыжын, шынэхъыщӏэми дэӏэпыкъун хуейт. Иджы абыхэм къахыхьэжащ и унагъуэщӏэ къэунэхуари – и щхьэгъусэмрэ и щӏалэ цӏыкӏумрэ. Рабия зыӏута лэжьапӏэ тӏэкӏуми къыӏукӏыжащ, сабий щагъуэтым. Арыншами, абы ирикъунут Къамбот и анэ зи лъэр къызыдэмыбзыжым и зехьэныр.

Щӏалэм и щхьэм гупсысэ Ӏэджи щызекӏуэу дэкӏащ пщӏантӏэм. Щӏымахуэ дыгъэ тхъуэплъыышхуэр жьэгум къыпэрахыжа къылыш хъурейуэ уафэ лъабжьэм кӏэщӏэлът, бгым къыщхьэпрыпщу щӏегъуэжа фӏэкӏа умыщӏэну. Лӏот, нобэрей щӏыӏэм абы и хуабэ тӏэкӏур хьэгъунэ къыдигъэплъынутэкъым, сыт имыщӏами. Ӏупсыр бдзамэ, щӏым мыл шыкъыр цӏыкӏуу техуэрт. Къамбот ипщэкӏэ дригъэзеящ. Хьэдрыхэщӏ нэс лъэсу укӏуэн хуейт, автобус къэувыӏэпӏэм унэсын щхьэкӏэ. Ари зыгуэру хъунт, зыгуэр къикӏыну нобэрей и зекӏуэми? Зыбгъэдыхьэну и гугъэ Молэм сыткӏэ и гур фӏы къыхуищӏауэ пщыхьэщхьэм яхыхьэжыну пӏэрэ мо унагъуэ тхьэмыщкӏэ къызыхэкӏам? Иджыргуэрым къыщогугъ мыгъуэ унагъуэ цӏыкӏур. Къакӏэщӏэкӏуэсыкӏами, ящӏэ нобэ гуэрым зэрылэжьапӏэлъыхъур. Джаурхэ, лей къащӏащ мо Ӏэнатӏэ тӏэкӏу зыӏутамкӏэ, дауэрэ ящӏми. Мыхьэнэншэ гуэрт лэжьапӏэ жыхуиӏэри, къыпыкӏ щӏагъуи щыӏэтэкъым. Ауэ а мыхьэнэншэми къыхущӏэфыгъуэжащ. Зыгуэрым ирихуэупсэну мурад ящӏат абыкӏи, къыӏуахужащ. Ӏукӏ, уӏумыкӏыу хъунукъым, жаӏэуи къраубыдылӏэу къыӏуахуакъым. Къихьэщ иужьи, хуэм-хуэмурэ, хабзэми емыбэкъуащэ хуэдэурэ, и щхьэр езым къыӏурагъэхащ. Яхуощӏ унафэщӏхэм апхуэдэу. Иджы лӏо ищӏэнур? Докӏ уэрамымкӏэ, и щхьэр фӏэлэлу. Мурад быдэ иӏэщ: занщӏэу Молэм деж щӏыхьэнщи, елъэӏунщ. Мыжеифу здыхэлъым ныжэбэщ ар и щхьэм къыщихьари. Аращ ищӏэнур. И Ӏуэхур зытетыр хуиӏуэтэнщ, зэрыщыт дыдэм хуэдэу. Къыхуащӏэмэ, къыхуащӏащ, къыхуамыщӏэмэ – къэнащ. Зыри пхупылъхьэнукъым. Хьэуэ, хуейщ зыгуэр къыхуищӏэн. Молэр, и хъыбар зэрызэхихымкӏэ, и къуажэгъухэм къадоӏэпыкъу. Къахуещӏэ хузэфӏэкӏ. Лӏо хузэфӏэмыкӏыну абы хэлъыр, министрщ. И фӏэщу иужь ихьэмэ, министрым хузэфӏэкӏынкъэ лэжьапӏэ гуэр къыхуи-гъуэтын? Ауэ ихьэну иужь и фӏэщу? Мис аращ Ӏуэхур.



* * *

– Лӏо, жыжьэ унэсыну, Къамбот? Къакӏуэ, къитӏысхьэ, – нэхъ я пэжыжьэу я къуажэкӏэм къыщыс Хъанджэрий и машинэр къыбгъурехуэ.

– Къалэм сыкӏуурат. Куэдщ, сыкъэсащ автобус къэувыӏэпӏэм… Кӏуэ уэ, ягъэ кӏынкъым, сыт мо лъэбакъуитӏым?..

– Дэри къалэращ дыздэкӏуэр. Иӏэ, къитӏысхьэ псынщӏэу, думыгъэгувэ!

Зи вакъитӏыр зэщӏэщтхьа Къамбот ипщхьащ машинэм. Зы километр яжагъэнтэкъым, и шырыкъужьитӏым къэвыжын щӏадзэу псыр машинэ лъэгум щрижам.

– Фи машинэри сывгъэуфӏеящ…

# ЖьантIэ

Хъанджэрий и щхьэгъусэри къыбгъурыст. Щыми зыри жамыIэу зэрыкIуэр тIэкIу фIэемыщхь хуэдэу хъурти, сытми, зыгуэр жиIэн къудей щхьэкIэт ар щIэпсалъэр, армыхъумэ псы къабзэр, лIот, лъэужьыншэу гъущыжынут. Зыми зыри жиIакъым. Сыту илъагъу мыхъурэ Къамбот мыпхуэдэу гъуэгум къыщыIууэ и цIыхугъэ и машинэкIэ зыщIыпIэ кIуэну. Минрэ я гъунэгъуми! УмыцIыхумэ, зыгуэрщ, ауэ, ущицIыхугъэкIэ, уи жьэм хьэкъурт жьэдэуба хуэдэ, жумыIэIауэ ущысынуи къыумыгъэкIуу, Iэмал имыIэу жыIэнIа хуейуэ уриубыдылIауэ къыпщыхъужрэ а жыпIэнури умыщIэу! Хъунт ар, уэр-сэру ухущыттэмэ. Къамбот Хъанджэрий и цIыкIущхьэрат ищIэри ицIыхури. Абы къищIыкIа цIыху балигъыр зыхуэдэм щыгъуазэтэкъым. ЩтыкIэ гугъум итт, кIэщIу жыпIэмэ. Хуейт абы Къамбот?! НэхъыфI мыгъуэт, зыпежьа автобусым итIысхьэрэ, адрей ис псоми я гъусэу, машинапщIэ ириту кIуамэ. Игу, и щхьэ, и псэ хуитыжынт, нэгъуэщI мыхъуми.

– Мыгъэрей щIымахуэм щIыIэ куэду иIэу къыщIэкIынщ, пасэу щIидзауэ щымысхьыжу къыттрекъутэ, – жиIащ Къамбот аргуэру.

Аргуэру цIутI дэнэ къащыжьэдэкIынт! УкъитIысхьамэ, ис, куэдрэ щхьэр умыгъэузу, жаIэу къыщIэкIынт. ЗэрызащI! Я гугъэжу къыщIэкIынщ мы я машинэжь цIыкIур я лIыфIыгъэкIэ къахьауэ. ИгъащIэ псокIэ къамыхьыну икIи къамылэжьыну арат! Хъанджэрий и адэр Хэку зауэшхуэр и зэхуэдитIыфIми фIыуэ фIихуауэ яшэри, пIэскIугъэ имыIэу къигъэзэжат. КIакхъу щIичыну къыхуихуаи абы, къыхуимыхуаи. Фызхэм пабжьэм хэсри къэкIуэжащ, жыхуаIэ лIэужьыгъуэхэм хуэдэ гуэрт. Ауэ сыт, зауэм щыIамэ – щыIащ. Зы илъэс къанэртэкъым ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу зыгуэркIэ и цIэ кърамыIуэу. Ахъшэр ахъшэу, саугъэт лъапIэр арауэ… Унэ зимыIэм иратырт. Жьы хъуахэм лIот, езыхэм къагъэсэбэпыххэртэкъым ахэр. А псор зылъысри, зи мылъкури, къэзыгъэсэбэпри абыхэм я бынхэрат. Апхуэдэт мы Хъанджэрий и машинэри. Ар зратам игъащIэкIэ хузехуэнутэкъым икIи зэрихуэнутэкъым. Къамбот зэгуэпырт: Хъанджэрий и адэр зауэм хэта къудеймэ, езым ейр хэкIуэдащ. Хилъхьащ и щхьэр зауэм. Абы зыгуэр къыпэкIуэн хуейтэкъэ? Ар зыми щымыщу ара?! Щыщтэкъым, ягуи къагъэкIыххэртэкъым щыщын хуейуи – лIар зыри хуеижтэкъым. Арати, Къамбот Хъанджэрий ехъуапсэу и гъащIэр ихьырт. ЩыцIыкIуи щыини! ЩыцIыкIуа зауэ нэужь гъейхэми Хъанджэрий зэи зыми щыщIакъым. Я Хьэжбэчыр къыхуигъэхьэрычэтырт псори. КъахурихьэлIэрт, шыгу зэщIэщIа иIыгът, къахуришалIэрт. Пхъэдамэрыхь къудейм Къамбот и фэм сыт хуэдиз ириха, нэгъуэщI псор ауэ къэгъани! Хэт хуищIынт Iэжьэ, гу цIыкIу хуэдэхэри иIэтэкъым. ЩIымахуэм пхъэ гъэсыныр, гъэмахуэм я хадэр зэригъэбыдэну чы-бжэгъур дамэ защIэкIэ къилъэфырт, и пщэ псыгъуэ тIэкIур фIитхъыу. Мо Хъанджэрий джэгуу дэту, и адэм ахэр псори зэфIигъэкIырт. УемыхъуэпсапIэр иIэт?! Мис иджы, балигъ хъуахэщи – аргуэрыжьщ. Абы и адэм хуащIа унэм щIэсщ, кърат пенсышхуэр ешх, мис, саугъэт къыхуащIа машинэм ироуэркъ. Къамботи адэншэу къэна абы хуэдэхэри а зэрытхьэмыщкIэщ. Фи адэр щымыпсэужкIэ, фэри фыщIэпсэун щыIэкъым, жаIэми ярейщ! ЩыцIыкIум Къамбот хъуапсэрт, лъаIуэрт. Иджыри аращ – мэхъуапсэ, мэлъаIуэ. ЗыкIи зихъуэжа-

къым икIи зихъуэжынукъым, упымылъ абы. Зи адэр зыщхьэщыту къэхъуахэмрэ ибэу зи гъащIэр зыхь Къамбот сымэрэ зэи зэхуэдэ хъунукъым. Езы Къамбот сымэ я закъуэ, къалъхуахэри абыхэм къалъхужахэри ялъэщIыхьэжынукъым лъабжьэжь зиIэхэм

Псори псот, иджы сыт адэкIэ ищIэнур? ЗэрыжаIэщи, ущIауэ къэнакъэ, мо зыщыгугъ-зыхуэкIуэм зыри къыхуимыщIэу къыщIиутIыпщыкIыжмэ? Лэжьэххэнтэкъым, мы Хъанджэрий хуэдамэ. Щысынт, сурэт ищIу. Ауэ фIэфI сурэт ищIыну, ауэ – фIэфI! Сурэт ищIынт, итIанэ тхылъ куэд, куэд Iей еджэнт. Хуабжьу и нэ къыхуокI тхылъым, еджэным, еджа мыхъуми. Абы фIэкIа Iуэху симыIэу седжащэрэт, жеIэри зэрыцIыкIурэ и нэ къокI. КъехъулIэркъым. Iэмал щигъуэт, зыкъыщыдидзэф тIэкIухэм тхылъым епхъуэурэ, иджы еджапIэ нэхъыщхьэри къиухащ. Къимыухыххами нэхъыфIт а еджапIэ нэхъыщхьэ жыхуэтIэр. ЗыкIи хуейтэкъым. Иджы щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэриIэр къигъэсэбэпыну мурад ищIащи, лэжьапIэм и къэгъуэтыныр куэдкIэ нэхъ гугъу мэхъу. Бэлыхьищэр дэсшэчу сыщеджакIэ, жеIэри езыми игу пыкIыркъым, зыхуеджар къигъанэу адэ-мыдэкIэ щыхыхьэжынуи. Жылэм зэрыпсэун Iуэху щызэрахуэм, езым соджэ, жиIэри Москва кIуэ-къэкIуэжу Iутащ. Еджэнри лэжьэнри зэдихь и гугъэжу, ауэ тIуми щымыщу игъэкIуащ зэманыр. КъызэрилъытэжымкIэ, щыIэкъым къиджагъэшхуи. Ауэ зэман щытригъэкIуэдакIэ, щыхьэулеякIэ… БлэкIар блэкIащ, кIуар кIуащ. Уи IэфракIэм уедзэкъэжыну иужь ущIихьэн лъэпкъ щыIэкъым. Плъэ ипэкIэ, щIэ пхуэщIэр. Зыми щымыщу Iисраф пщIа зэман къом узыкIэлъыпхъуэжыну



упIэцIеижым къапумыхар къыпых узыхуэкIуэм. Ари думыгъакIуэ. КIэлъумыдзыж джыдэкIым джыдащхьэр. Нэхъ губзыгъэIуэу телажьэ уи пщэдейм, уи пщэдеймыщкIэм. УмыщI ахэри псыкIэ. КIапсэшхуэм ебгъэхьар къегъэхьыж арэфыпсым… хьэмэрэ езы кIапсэшхуэ дыдэм иримыгъэхьаIарэ иджыри? Дунейр къутакъым. ХэгъэкIыж уи гъащIэм мыхъумыщIэу хэлъахэри хэлъхэри!

## IУЭХУМЫЩIЭ-ХУЩIЭМЫХЬЭ

Вым псым зыдихуэжырт, жи, и кIэмкIэ зэуэжурэ. Абы нэхъей, Къамбот и гупсысэ-чнутIхэмкIэ зыхущIэрыуэжу, хуокIуэ бэкIэ зыщыгугъ Унэшхуэм. ЛIо, щIалэжь цIыкIур мо здэкIуэм бгъэдыхьэкIэ? Адэ иIамэ, езым нэхърэ абы нэхъ къыхуищIэнт мы министрми. КъыхуищIэнт абы и хьэтыркIэ. Иджы хэт и хьэтыр къулыкъущIэшхуэм илъагъунур?!

ТIэкIуи хуэпапцIэ-хуэпапцIэу, пэшхуэжьыфI Алыхьым зрита лIы мыинт я Дыгъужьыкъуэ къыдэкIа министру Молэ Билъостэн хъужыр. Губзыгъэ дыдэу фэ ириплъырт абы Къамбот, щIриплъри имыщIэжу.

СтIолышхуэ зыпэрысым къыпэрыбэкъукIри, сэлам гуапэ кърихащ. ИтIанэ, блыным декIуэкI шэнт сатырхэм щыщым мыхъуу, шэнтиуэ щабэм иригъэтIысхьащ. Езыри кIуэри, и тIысыпIэм тIысыжащ. Мыбдежым Къамбот занщIэу игу къэкIыжащ я гъунэгъу лIыжь гушыIэрей Лъостэнбий мыбы щхьэкIэ жиIэу зэхихауэ щытар: «Молэм и деж ущIыхьамэ, гуапэ дыдэу урегъэблагъэ,

нэхъ тIысыпIэфIми уегъэтIыс. Ауэ, нэхъ тIысыпIэфI дыдэр арами, а езым и шэнтым зэи утригъэтIысхьэркъым!»

– Гугъущ иджыпсту лэжьапIэм и Iуэхур, – жиIащ Билъостэн, зыкъомрэ хэгупсысыхьа нэужь, и щхьэр къиIэтри.

Аргуэруи гупсысэу щIидзэжащ, «лэжьапIэм и Iуэхур» иджыпсту нэхъ лейуэ щIэгугъури къыжримыIэу. Къамбот абы еплъырт, щыму. ЖиIэнури лIот, къэрал Iуэху зи пщэ илъ цIыхушхуэр игъэхьэулейрт, мыхьэнэшхуэ зиIэу къыщIэкIыну и Iуэхум къытричауэ. Зэран мэхъу, сэбэп хъуным и пIэкIэ! Аращ-тIэ, цIыхуу дунейм ущытеткIэ, е узэранщ, е усэбэпщ. ЩыIэкъым тIуми щымыщ…

Зи Iэр е зи щхьэр зыгуэрым емытауэ зэман зыгъакIуэу емыса щIалэм зыри имыщIэу здэщысым, лъэIуакIуэ къызыхуэкIуам и сурэтыр гукIэ ищIу щIедзэ. Апхуэдэу и щыпэкъыщыщIтэкъым абы. Сыт хуэдэ сурэт ищIынуми, япэщIыкIэ и нэгум щызэфIэувэрт, езым а къэхъур зищIысыр тэмэму щимыщIэжыр нэхъыбэу. ИужькIэ тхылъымпIэм ихьыжырт. Арати, щIедзэ министрым и сурэтыр «и гум щищIу». Ауэ ари хыфIедзэж, цIыхубзхэм апхуэдэ пэшхуэ зиIэ лIыхэр нэхъыфIу ялъагъуу жаIэу зэрызэхихар игу къокIыжри. И гупсысэхэр нэгъуэщI щIыпIэкIэ щыфIыхохьэж. Пэжуи къыщIэкIынут а жаIэр. Мыри цIыхубзкIэ ахъырзэман гуэру ягъэхъыбарырт…

– Библиотекэм укIуэн, – Къамбот и гупсысэ хьэулейхэр къызэпеуд Молэм. – Модэ Нэгумэм и уэрамым тетым? Абы республикэ псом библиотекэу иту хъуам я лэжьыгъэр зэрегъакIуэ, еунэтI.

– Уэлэхьи, ар хъунтэмэ, ауэ сэ сыт хэсщIыкIрэ библиотекэ Iуэхум? СхуэунэтIыну, сытми, сэ абыхэм я лэжьыгъэр, сызыхуеджа си IэщIагъэр нэгъуэщIщ. 29

– Хьэуэ, уэ зыри уунэтIынукъым абы. А лэжьыгъэр зыунэтI IэщIагъэлIхэм библиотекэхэр зэрылэжьэнум теухуауэ ятххэр къыдэбгъэкIыну аращ… редактору. Апхуэдэ лэжьакIуэ яIакъым, иджы дыдэ къамыщтамэ. КъэтщIэнщ, ухуеймэ, иджыпсту.

* * *

КъещIэ. Ягъэуватэкъым зэкIэ зыри. Ягъэув абы Къамбот. Къихьышхуи щыIэтэкъым. КIуэркъэкIуэжу здэлажьэм, гъуэгупщIэ сытхэм къадэхуэр зы мащIэ дыдэт. АбыкIэ Къамбот и анэри ипIыжын, и шынэхъыщIэри здыщIигъэтIысхьа университетым щригъэджэн хуейт, унагъуэм и гъэпсэунри арат. Ауэ лIот пщIэнур, лэжьапIэншэ къабзэу ущыс нэхърэ нэхъыфIт.

Ар нэхъыфIми, мынэхъыфI хэлът Iуэхум. УтIысу махуэ псом зыри умыщIэу ущысын хуейт! Абы хуэщIатэкъым Къамбот. ЗымкIэ зидзмэ, адрейр къанэу, Iуэхум хэзэрыхьа защIэу игъащIэ лъандэрэ дунейм тета щIалэм дежкIэ ар гугъу къудейуэ къэнэжыртэкъым. Тхылъ еджэу щысын мыгъуэт, фIэфIыжьу. Сурэт ищIынт, зэман щиIэкIэ. АрщхьэкIэ хуит уащIыртэкъым. Къыпхуадэркъым апхуэдэ лъэпкъ. Семён Матвеевич жари зы журт лIыжь цIыкIу гуэр унафэщIу яIэщи, мэшхыдэ, тхылъ сыт уеджэу укъилъагъумэ. Iуэхуншэу зэрызэхэсыр къащIэнкIэ шынэу арагъэнущ. Зыри умыщIэу ауэ ущыскIэ, зыми зыри къыбжиIэнутэкъым. Къам-

бот и закъуэкъым, цIыху зытхух мэхъу отделым щIэсри, псори Iуэхуншэщ. Езым утехьэулеикI хъунукъым, жи. ИщIэркъым Къамбот а «зытехьэулеикI мыхъунур» зищIысри. Мазэ нэблэгъащи, зыми зыри къритыркъым лэжьыгъэ. ЯтхIауэ къыщIэкIынукъым. И Iэр зэтедзауэ щысщ, «темыхьэулеикIыу». Зэкъым, тIэукъым Къамбот а зэман мащIэм и кIуэцIкIэ IукIыжыну къызэрытехьар. Зызэтриубыдэжурэ йокIуэкI.

Къамбот зыпщэдджыжь, и IитIыр зэтедзауэ и стIолым здыпэрысым, и гупэ къис цIыхубзым и къыдэгъэжыр къыдигъэкIуэтауэ дэплъэу къелъагъу. ЗанщIэу къыгурыIуакъым. И гугъащ зыгуэр къыдихыну. Арщхьэкlэ дэплъэрти дэплъэрт. Шэджагъуэ хъуху дэплъащ, зэпымыууэ. Дэплъэм и мызакъуэу, пIалъэ-пIалъэкIэрэ дэIэбэрт къыдэгъэжым, абы зыгуэр щызэригъэзахуэ къыпфIэщIу. Къамбот зыхуихьынур ищIэртэкъым. Бжэр зыгуэрым къыIуихамэ, къыдэгъэжыр сархъщ, жиIэу дигъэлъэдэжырти, дахэ цIыкIуу тIысыжырт. Ауэрэ, шэджагъуашхэ мэхъу, цIыхубзыр щIокI. Къамбот къыдегъэкIуэт хуэм цIыкIууи, доплъэ абы и къыдэгъэжым. Тхылъ гуэр дэлът, зэIухауэ. УэI, гъэпщкIуауэ тхылъ къеджэу аращ! Ар езым игу къызэрымыкIа иджыри къэс! Сурэти ищIынщ апхуэдэу гъэпщкIуауэ. Арыншами, Къамбот фIэфIкъым сурэт ищIу закъригъэщIэну. МэукIытэ, а ищI тIэкIухэр фIэмыхьэнэншэщи. Ситу IэмалыфI. И лэжьэгъухэм уэ лIо а бгъэпщкIур зищIысыр, жаIэххэнукъым. Езыхэми, мес, апхуэдэ зыгуэр ягъэпщкIу. ИужькIэ гу лъитащ балъкъэр хъыджэбз гуэрми и къыдэгъэжым и Iэр дэлъу цы зэIуищэу. Тэмэмщ, лIо-тIэ, апхуэдиз зэманыр зыми щымыщу

щIэбгъэкIуэдынур?!

Арати, Къамботи тхылъымпIэ къабзэрэ къэрэндащрэ къызэригъэпэщри, гупсысэу щIидзащ: сыт ищIынур? ИщI хабзэр ищIынщ иджыри – бгы, къуэ, псы, мэз, и къуажэгъухэм, и ныбжьэгъухэм я сурэт. Уарэ, мы и пащхьэ къис Людэ и сурэт щхьэ имыщIрэ?! И нэр стIол къыдэгъэжым дэубыдауэ щэхуу тхылъ еджэу щысу. Езыр дахэ дыдэщи, зы. Къамбот мы иджы лэжьэгъу хуэхъуа цIыхубзхэм, нэхъыжьи нэхъыщIи, абы хуэдэу зэкIуж зы псэ яхилъагъуэркъым.

## ГЪАЩIЭМ НЭХЪРЭ ПСОРИ ЩЫНЭХЪ ДАХЭ

Аращ ищIари. ИщIащ Людэ и сурэт. И щхьэр, моуэ тIэкIу здехьэхам, и щхьэцым зы IэрамэфI къыхэщхьэхукIам и нэ сэмэгур щIихъумэрэ, жыпIэу къытелъу. И набдзэ фIыцIабзэхэр, и напэ хужь джафэшхуэу Бещтокъуэ Хьэбас ба дапщэ техуэну пIэрэт, жыхуиIам иригъэщхьыр… Тхьэмахуэм щIигъукIэ пэтащ сурэтым и щIыным. ИщIри, игу ирихьыжащи, стIол къыдэгъэжыр щIэхщIэхыурэ къыдегъэкIуэт, хукъуоплъ. Зыгуэр зэрищIэр и пэшым къыдыщIэсхэм къащIащ, ауэ зищIысыр ящIэркъыми, гугъу йохь. Къамбот игъащIэми аращ, жылэм ещхьу, хуэгъэпщкIуIаркъым. КъащIэ!

– Сыт, Къамбот, а къыдэгъэжым дэпщIыхьыр? Усэ птхы хъунщ, тхьэ, дымыщIэ щхьыIэ.

– Хьэуэ, уэи, игъащIэм сымытха усэ лъэпкъи.

# ЖьантӀэ

– Тхьэ, сыту щытми, зыгуэр щыщыӀэм абы. УмыбзыщӀ, талант уиӀэмэ, дэ ди гуапэ хъуну, дыгуфӀэну аращ.

Хьым, къызыкъуихын хуей хъуащ. Жыжьэ нэсаи и щэхур!

– Уарэ, мырелърэ мыр, тхьэ ещхьыркъэпсмэ!

– Сыту дэгъуэу пщӀа, тхьэ, уӀэзэмэ уэ, Къамбот!

– Людэ, тхьэ укъыщӀигъэщамэ, щэхуу тхылъ узэреджэр къощ мыбы! Адрейхэр ӀуэхуӀым, ди унафэщӀ тӀэкӀу хуэдэм иумыгъэлъагъу. Ӏуебгъэхужынщи, хэткъым.

– Сыарэзыщ, сыӀуахужми, зи. Къамбот, кхъыӀэ, мыр сэ къызэтыж, игъащӀэ псокӀэ зесхьэнт, – жи Людэ, сурэтыр ӀэщӀихауэ.

Я отделым и унафэщӀ дэнэ къэна, библиотекэ псом цӀыху къыщӀэнауэ къыщӀэкӀынкъым Людэ ар зримыгъэлъэгъуа. Уеблэмэ езы директор дыдэм и дежи нэсащ щӀэуэ къэува я лэжьакӀуэ щӀалэм и талантым и хъыбар, сурэт ищӀари ирамыгъэлъагъуу къэнакъым. Ирагъэлъэгъуари сыт хуэдэ жыӀэт… А Къамбот ауэ япэ къыӀэрыхьа тхылъымпӀэ мыхьэнэншэм трищӀыхьар рамэ дахэ цӀыкӀу гуэрым иригъэувауэ!

– Нэгъуэщӏ сурэтхэри уиӀэ, мыбы нэмыщӀ? – къоупщӀ директорыр.

Къамбот а адыгэ цӀыхубз екӀушхуэм, щӀэныгъэм нэмыщӀ, губзыгъагъи нэхъ лейуэ зыбгъэдэлъу къилъытэм, пщӀэ хуищӀырт.

– ЩыӀэщ иджыри нэгъуэщӀ зыгуэрхэри, – зыбэлыхь лажьэ гуэр къыдалъэгъуам хуэдэу, цӀыплъ къэхъуат Къамбот. Сыт мыпхуэдизу Ӏуэху къыщӀащӀар?! Езыри емынэм зэрихуэрт, ахъу япэми хуэдэу, и Ӏэр зэтедзауэ щхьэ щымысарэ иджыри? Сыт мы зи бэлыхь иукӀ къомыр?!

– Изобразительнэ искусствэмкӀэ отдел диӀэщ, – жи директорым. – Выставкэхэри къызэдгъэпэщ хабзэщ, ухуеймэ.

* * *

Мыбдежым «ухуеймэ» псалъэшхуэр лейуэ жиӀат абы щыгъуэ директорым. Къамбот хуей-хуэмейми трамыщӀыхьу, Ӏуэхур къыдахащ. ЯпэщӀыкӀэ зихъунщӀами, иужьым хуабжьу дихьэхыжауэ, Къамбот зыхуигъэхьэзырырт ищӀа сурэт тӀэкӀур утыку зэрырихьэнум. Дауи жыдвгъэӀи, зыми зыри илэжьу къыщӀэкӀынкъым, мыр нэгъуэщӀхэм ялъагъуу къазэрыщыхъур къэсщӀащэрэт, жимыӀэу. Нэхъри, ар творчествэм и лэжьакӀуэмэ, егъэлеящ. ИщӀа псом япэ иригъэщу къыхихащ анэм и сурэтыр. Къамбот и щхьэгъусэм ар игъашхэу бгъэдэсу хэлът нэгъуэщӀ зыи. ЩӀалэр абыи епхъуат. Ауэ, щӀегъуэжри, игъэтӀылъыжащ. ФӀэемыкӀуащ ар утыку ирихьэн. И гуащэр и лъэм щызэримыхьэжкӀэ, игъэшхэнщ икӀи ихуэпэнщ. ЛӀо-тӀэ, абы щхьэкӀэ?! Зи фыз щытхъур лӀымыхъущ, жи адыгэм, абы нэхъей. Къызэрищта къудейм щхьэкӀэ укӀытэщ, ар игъэтӀылъыжри, я къуажэм трищӀыкӀа сурэтышхуэр къыхихащ. Зэман гуэри дэкӀыжат ар абы зэрищӀрэ. Аущ-Джэрджий бгыжьым я унэм хуэзанщӀэу дэкӀ лъагъуэмкӀэ, Шулъагъуэ цӀэ дахэр зезыхьэмкӀэ, удэкӀмэ, зы Ӏуащхьэшхуэ тетщ бгыщхьэ дыдэм. Езыр апхуэдэу мыин егъэлеищами, зытет бгыр лъагэти, абы и щыгум укъиту жыжьэ уплъэфырт. Зи, Къэбэрдейр зэрыщыту плъагъунут,

зэIухат, къыIузымыщIэ–щIэзымыхъумэIауэ, уи нэм и жанагъым къыпхуиубыд закъуэмэ. Нэхъ лъагапIи нэхъ лъахъшапIи къащти, кIуэ, езы Iуащхьэмахуэ дыдэ и щыгум укъытемыувэмэ, адыгэм и псэупIэ-щыIэпIэхэм яхэту къыщIэкIынкъым мыбдежым хуэдэу мы ди хэкужь псом и гум ущиплъэн щIыпIэ. Арат ар Къамбот фIыуэ щIилъагъури. Зи, апхуэдэ хущIыхьэгъуэ ихуэххэмэ, фIэфIт мыбы къакIуэурэ тесын. Мис абдежым тетIысхьэри ищIат Къамбот мы сурэтыр. Абы къищырт щалъхуа и къуажэ щимэр, дыгъэпсым игъэпскI Кавказ къуршыр къыщхьэщыту, Шулъагъуэмкlэ къыдэкI хьэмкIэшыгур, ух зимыIэ Шэрэдж къуршыпсыр тенджызым хуэпIащIэу зэреукIуриехыр, екIэпцIэ мэз пщэдыкъыцэ нэщхъей-нэщхъейуэ гъащIэм хэплъэр… Абы и нэмыщIыжкIэ, ягъэлъэгъуэнухэм хигъэхьат Къамбот и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъухэм, и Iыхьлыхэм я сурэтхэр… Зы сурэт тIощIым нэс хъурт. Зи, Къамбот и псэ дыдэм пищIу пIэрэ жыхуумыIэн яхэттэкъым абыхэм. УзэрыщIыхьэу уIуплъэу щыфIадзати, ахэр зыкъэмынэ я нэкIэ ялъагъунут иджы мы библиотекэм къакIуэ псоми!

Къамбот гуфIэрт. КъигуфIыкIырт игури, фIызэтежырт и Iупэр. Ар цIыхум ящигъэпщкIуну пылъти, гугъу ехьырт щIалэр. Дауэ мыгуфIэнрэт – мы и сурэтхэм еплъынухэр езы Къамбот и дунейм техьэнут. Зыщаплъыхьынут и гум щигъафIэ щIыпIэ дахащэхэм, яхыхьэжамэ, къахэкIыжыну и псэм имыдэ цIыху хьэлэмэтхэр ялъагъунут! Сыту хуабжьу къыхуэупса мы Къамбот и лэжьэгъухэр. ИгукIэ фIыщIэ яхуещI абыхэм. Псом хуэмыдэу, Iуэхур зи «зэранкIэ» къежьа Людэ дахэ. Мазэм щIигъукIэ зэшу, и гур бампIэу зэрыщысари бгъэгъу хъунущ мыбы щхьэкIэ. СурэтыщI щIалэм и нэр лъэмыкIыу фIэкIуэрт блыным екIуэкIыу фIэлъхэмкIэ. Абыхэм фэ къытрагъэуэжат библиотекэ псом. Уздеплъым, уатхьэкъурт. ИкIи заригъэтхьэкъурт Къамбот, лэжьакIуэхэр нэхъ щызэтеум увырти. Ар езым и IэдакъэщIэкIыу зэрыщытри щыгъупщэу, щегупсыс щыIэт: «Сыту дахэ-тIэ, искусствэр… И дэтхэнэ лIэужьыгъуэри! Ди фэ мыгъуэр изых езы гъащIэжьыр апхуэдэу дахэу щытамэ, арат… А искусствэр езыр щIыщыIэжри аращ – гъащIэр нэхъ дахэ ищIыну. Абы телажьэм, телажьэм, телажьэурэ, зэгуэр гъащIэр дахэ ищIын хузэфIэкIыну къыщIэкIынщ езы искусствэр мо зэрыдахэм хуэдэу… Тхьэм жиIэмэ, езыр телэжьэнщ абы, игъащIэкIэ къылъамыгъэсыну журналист лэжьыгъэ зыхуеджар къигъэнэнщи».



* * *

Сурэт гъэлъэгъуэныгъэр кIыхьу екIуэкIащ. Мазэм щIигъукIэ фIэлъащ блын къомым екIуэкIыу. Къамбот, Iуэхушхуэ имыIэми, щIэкIырт абыхэм цIыху еплъу щытрэ щымытрэ къищIэн щхьэкIэ. ДаIими и гур хэхъуауэ къыщIыхьэжырт – зытхух нэхъ мыхъуми, сурэтхэм еплъу щымыту зэи ирихьэлIэртэкъым. Зэ апхуэдэу щIэкIщ, къызыфIимыгъэIуэху хуэдэурэ хукъуэплъри къыщIыхьэжащ. Дауэ мысакъами, зыгуэрхэм гу къылъатауэ пIэрэт, зы хъыджэбз къамылыфэ гуакIуэ куэд дэмыкIыу къыкIэлъыщIыхьащ. ЗэрыхуэбгъэфэщэнумкIэ, илъэс тIощIрэ плIым-тхум итынт.

# ЖьантIэ

– Хьэтх Къамбот дыхуейт.

– Ар сэращ…

– Сынохъуэхъу уи IэщIагъэм хэбгъэхъуэну!

– Сыт апхуэдизу абы уигу ирихьыну хэлъри, сщIэркъым, – тIэкIуи укIытэрт Къамбот.

– Дауэ зэрумыщIэр, Iи? УогуфIэ, апхуэдэ щIалэхэр зэрыдиIэр щыплъагъукIэ. Ахэр сурэт къызэрыгуэкIыуи къэнэжыркъым, – гъащIэм и дахапIэр уагъэлъагъу. Алыхьым лъэпкъым куэдрэ ухуигъэпсэу, ухуигъэлажьэ!

Мы сурэтгъэлъагъуэр зэрекIуэкIрэ Къамбот и деж нэгъуэщI зыгуэрхэри къыщIыхьат, ирагъэлейуи къыщыхъуат къыщыщытхъуахэм. Ауэ мыбы и псалъэхэр егъэлеям и егъэлеяижт, лъэпкъти сытти, жиIэу. ЛIо тхылъымпIэ напэ зытIущ ицIэламэ, батэр игъэша?! Зи ныбжь хэкIуэта цIыхум хуэдэуи мэпсалъэ хъыджэбзыжь цIыкIур!

– Iахъ, апхуэдэу жумыIэ, зиунагъуэрэ, тщIэшхуаи щыIэкъым…

– Ауэ сытми пщIа! А уи IэдакъэщIэкIхэм мы зэманым адыгэм ди псэукIар зыхуэдэр кърипщIэнущ, илъэсищэхэр дэкIыжа нэужьи!

Мыбдежым Къамбот къыгурымыIуапIэ иIэтэкъым «Ленин нэху» газетым мы и сурэт гъэлъэгъуэныгъэм щхьэкIэ традзам хъыджэбзыр къызэреджар. КIэщI Мэхьэт жари корреспондент гуэр къакIуэри итхат. ЩIалэр тезгъэгушхуэнщ, жиIагъэнт, тIэкIуи иригъэлейуэ къыщытхъуат. Мис абы итхахэм щыщи къыхэхуэрт мы хъыджэбз къэуvауэ къитхъутхъукIым жиIэхэми. ИтIанэ цIыхухэм я псэлъафэ дыдэу щымыт «IэдакъэщIэкI»-ри абы къриджыкIагъэнут, шэч хэмылъу. 33

Ауэрэ, зыкъригъэцIыхуащ. Лорэт хъыджэбзым и цIэр.

– Сэ мис мо къуажэм и сурэт дахэкIейр сиIэну сыхуейт. Мы къуажэр сэ сцIыхуркъым, ауэ Истамбыл щыплъагъуми, Къэбэрдейм зэрыщыщыр къэпщIэн хуэдэу щIащ. Фэ фи къуажэу къыщIэкIынщ.

– Ыы, Дыгъужьыкъуэщ.

– Зэи сыщыIаIым… Мыпхуэдэхэм деж «выставкэ-продажэ» ящI хабзэщ, пщэрIэ?

– Сщэуэ сщэнуи сщIэркъым, ауэ…

ПщIэншэу иритауэ фIэкIа пщIэнтэкъым, хъыджэбзыр зыуэ щыгуфIыкIат сурэтми. Щэ-плIэ къытригъэзэжурэ, жиIагъэнщ: «Мыр уи унэ илъыну сыт и уасэ!» Игъэлъ-тIэ, си Iуэхущ уэ ар къыптрахыжмэ, жиIэрт мыдреими игукIэ, сурэт уасэр и жыпым гуфIэу иригъээзэгъауэ.

* * *

– Хъунщ-тIэ, узыншэу, – сэлам кърихыжащ Лорэ щыщIэкIыжым Къамбот, – ДызэрыщIэнщ дяпэкIи. Сэ, езым талант симыIэми, зиIэхэр фIыуэ солъагъу.

ЩIалэм хъыджэбзыр щIиутIыпщыкIыжри, моуэ кIэлъыжиIэжащ: «Зы мыхьэнэншэри дурдыл къызыщыхъур, абы IэфI къыщIэзыхыфыр сыту ехъулIа, сыту и насып апхуэдэм!»

# ЖьантIэ

Библиотекэм тхылъ къеIысхыну сыкъэкIуати, естыжыну арати, жиIэурэ, иужькIи Лорэ тIэу-щэ къыщIыхьащ Къамбот и деж. Ауэри, зэрыцIыхупащ. Лорэ дохутыр Iуэхум теухуауэ IэщIагъэ иIэт, сымаджэщ гуэрым щылажьэрт, и щхьэгъусэр зы илъэс хуэдэ и пэкIэ дунейм ехыжат, мазэ бжыгъэ фIэкIа мыхъуауэ сабий къыщIэнри. Иджы езыр и закъуэ псэурт, сабийр щIыгъуу. ЩIалэт, зэкIужт, зэрыжаIэщи, зэфэну псыри дяпэкIэт къыщыжэнур… Зиумысыжынщи, игу ирихьат ар. АрщхьэкIэ, Ахъмэт и фо изщ – лIо, игъащIэкIэ къишэнукъым. АтIэми, езыри бынунагъуэщ. Сабий зиIэ. ИтIани, плъагъурэ, мыбы зы хэлъщ гъащIэм и хабзэу: дахэм дахэ къешэ. Iуэхугъуэфlым, сурэтхэр утыку ирахьэу ирагъэкIуэкIа Iуэху дахэм къиша дахэщ Лорэ. Ауэ сыт и мыхьэнэ?.. Догуэ, апхуэдэу жыпIэ хъурэ – дахэкъэ? Дахэщ. НтIэ, тет псори дахэмэ, езы дунейри дахэ хъунущ. Ар мыхьэнэкъэ? Дунейр дахэ ящIыну аракъэ искусстви сыти щIыщыIэжыр, езы дыдэм ищI сурэтхэри абыхэм яхэтыжу?!

## КЪЭГЪЭШЫПIЭ

Зы бжьыхьэкIэ махуэ уэфI хьэлэмэтыщэ гуэрым Къамбот щылажьэ библиотекэм пэмыжыжьэу щыIэ «Гренада» цIэ пхыдзар зиIэм (ар фIэзыща урыс усакIуэ цIэрыIуэ Светлов Михаил ар дыдэр и цIэу иIэ усэмкIэ ятха уэрэд псынщIагъуэ цIыкIу а зэманым дэнэкIи щыIур фIыуэ илъагъуу къыщIэкIынт) макIуэ,

ахъшэ тIэкIу къуэлъымкIэ и мэжалIэр иригъэкIыну и мураду. Мо щыхэтахэмкIэ кърихa и сом минихым хэлъыпщIэу къыхухагъахъуэ тIэкIуфэкIухэр къыхахыж мыхъумэ, нэгъуэщIкIэ хэмыIэбэу, унагъуэм ахъшэр щызэрагъэзахуэрт. Я анэми езы зэшитIми я гуапэт апхуэдэу зэращIыр. А тIэкIур щыхуейм епхъуэну зэракъуэлъым сытым щыгъуи къащхьэщыжыну хьэзыр къару гуэр я щIыб къыдэт хуэдэу къащигъэхъуу тетт ахэр дунейм, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу. Зэманыр шэджагъуашхэми нэсыпатэкъым, ауэ Къамбот пщэдджыжьым пIащIэри мышхэу къыдэкIати, хунэмыхьэсауэ арат. Абдежым, фадэм зэрилъэсар и фэм къигъэлъагъуэу, зы урыс лIыжь къотIысылIэмэ, уэлэхьи, ди Къамботым. ЩIалэм и щхьэм мыращ занщIэу къихьар: «Мыбы мыгъуэ къыздефэ жиIэнурэ къыспиубыдынущ иджыпсту, ауэ хуэздэнкъым!»

– Мэт, кхъыIэ, щIалэфI, мыр схуIухыт, – къыхуеший лIыжьым птулъкIэр, – сыджалэри си Iэр згъэузыжащи, схуэгъэшэрыуэркъым.

«СщIатэкъэ сэ ар, – егупсысащ Къамбот, – иджыпсту сэри къысхуригъэхъуэнурэ сефэн хуейуэ къыспиубыду къыскIэрыхъыжьэнущ!» ХуIуех птулъкIащхьэри, цIутI жимыIэу хуешииж. Сыти хэлът абы Iупхынуи, ефэгъу, псэлъэгъу хуэныкъуэу аращ армыхъумэ. ЛIыжьым, цIутI жимыIэу, и стэчаныжьым из ещIри, ирeф. Машхэ, къинэжар аргуэру ирефыжри, кIэбгъу зещIыж. Къамбот къызэгуэпащ: джаур, къыздефэ зэрыжимыIа!

Абдежым, плъэмэ, КIэщI Мэхьэт шхын къэщтапIэм щыту елъагъу. Езы Мэхьэти, пасэу гу къылъитауэ къыщIокIри, къыбгъэдохьэ. КъокIуэри Къамбот и Iэнэм, зы котлетрэ шей стэчан-

рэ иӀыгъыу къотӀысылӀэ. Мы шхапӀэ-ефапӀэм, ехьэжьа дыдэу щымытым, ресторанхэм хуэдэу музыкэкӀэ щыерыщтэкъым. ЗрагъэӀэтыщэртэкъым, Ӏуэху ящӀу зэзэмызэ къыщрагъауэми. Ауэ нобэ, сыт щхьэкӀэми, хьэлэчыпцӀэр и махуэу щыдэгъэмбыруеяти, хуиту узэригъэпсалъэртэкъым. ФӀагъэжыну къытралъэфа фӀэкӀа умыщӀэну гъуахъуэу, Высоцкэм уэрэд жиӀэрт асыхьэтым.

– Къеблагъэ, Мэхьэт, – Къамбот къыщылъэтри щӀэкӀиящ КӀэщӀым. – КъакӀуэ, къэтӀыс!

– ЛӀо, Къамбот, а уи гъусар зэрефэм уеплъу убгъэдэсауэ ара?! – нэхъ Ӏеижу къыщӀэкӀиежащ Мэхьэти Къамбот.

– Уэлэхьи, си мыгъуса сэ ар икӀи… ГъэщӀэгъуэнщ мы цӀыхум ди хьэлыр, – жи Къамбот. – Дызыхуейри тщӀэжыркъым. Къыздефэ, жиӀэу минрэ сыхигъэзыхьами, сыдефэнутэкъым сэ абы. Ауэ, зыри жиӀакъыми, иджы сыхузэгуоп!

* * *

Иджыпсту и Ӏуэхур абы темыухуами, минрэ и ахъшэр къебзыхьэкӀами, мы къыбгъэдыхьа щӀалэр зы бжьэ иригъэфэну къытехуэу Къамбот къилъытэжырт. Мэхьэт зэрытетхыхьам и фӀыщӀэкӀэ сыт хуэдиз цӀыху къекӀуэлӀат мы и сурэтгъэлъагъуэм?! А псом умыӀэби, фӀэфӀт тӀэкӀу бгъэдэсыну, епсэлъылӀэну. Ауэ хуемыфэнкӀэ шынэрт. Мес, езым шей къищтащ. Иужьым тегушхуащ: Мэхьэт, корреспондент къудейуи къэмынэжу, икӀи усакӀуэт. Модэ Урал, шахт общежитым щыщӀэсам Луковников Игорь Есенин сымэ зэратепсэлъыхьу щытам тепщӀыхьмэ, усакӀуэ емыфэ щыӀэн хуейтэкъым. 35

ХьэщӀэм цӀутӀ жиӀакъым, Къамбот фадэ щыхуигъэлъагъуэм. Арэзыт.

– Уригъусэнуи ухуейкъым, – нетӀэрей фадафэ щыгъупщэжамкӀэ къыщыпсэлъащ Мэхьэт аргуэру. – Фадэм игъэкӀуэда цӀыхущ ар, Фомышх Ӏэдиб жари. Зыпхъу иӀэщи, делэ хъуным нигъэсащ, игъэбампӀэурэ. Къулыкъу хъарзыни иӀыгъащ, тхьэмыщкӀэ, абы и зэманыгъуэм, мэкъумэш управленэм и бухгалтер нэхъыщхьэу щытащ.

– Бухгалтер, пӀа? Сэри сыхуеджат а ӀэщӀагъэм. Дахэ-дахэуи седжакъым икӀи срилэжьакъым. Абы щыгъуэ си гъусэу еджахэм иджы сохъуэпсэж. Билал жари модэ Сэрмакъ зы дэсщ а сэ къыздеджахэм щыщуи, я колхоз мылъкум жьэпэпсу хэтщ. Сэ иджы, щӀэныгъэ нэхъыщхьэ сызэриӀэу, кӀэпӀейкӀэм цӀэ тызоукӀэ!

– ЖурналистутэӀэ узэреджауэ жыхуэпӀар?.. Дауэ щыт иджы уи библиотекэ Ӏуэхухэр, – жеӀэ КӀэщӀым, зы бжьэ-бжьитӀ къызэдаӀэта нэужь. – Уигу иримыхьыщэ хуэдэурэ упсэлъат япэм…

– Библиотекэ Ӏуэхушхуи зедмыхьэ, уэлэхьи, дыщӀэсщ, сытми.

– УщӀэсыр ӀуэхуӀым, уигу ирихь улахуэ а узэрыщысу къуатмэ.

– Улахуэшхуи дэнэ къикӀын абы, умыщӀэӀауэ ущысу? Къыдат щӀагъуи щыӀэкъым.

– Ди газетым унэкӀуэн?

– СынагъэкӀуэн?

– Сэ абы сыкъыӀуокӀыж. «Ӏуащхьэмахуэ» журналым сокӀуэ. Уэ нэув си пӀэкӀэ.

# ЖьантIэ

– Пэжуи! Ауэ сынэувынт… Ей, сэ сыщылэжьэфыну пIэрэ абы?

– ЛIо ущIыщымылэжьэфынур? Журналисту уеджащ, адыгэбзэр уощIэ. Ауэ, уэри жыпIащи, уагъэувыну пIэрэ? Абы Iэджи хузэпощэ куэд щIауэ. Къардэн БаIилэ сымэ нокIуэ-къокIуэжри Iутщ. Плъагъурэ, а журналист хьэзырхэр нэхъ къащтэнущ, ягъэсэжын хуейм нэхърэ. А псоми нэмыс щIыкIэ, моуэ зэфIэкI зиIэ зы лIыщхьэ гуэр занщIэу къегъэпсалъэ ди редакторым. УиIэ апхуэдэ благъэ сыт?

– Уэлэхьи, симыIэ апхуэдэ лъэпкъи.

– ИтIанэ сщIэрIым. КIуэ-тIэ, уэ езыр бгъэдыхьи, еплъ.

КIуакъым Къамбот езыр «Ленин нэху» газетым и редактор нэхъыщхьэм и деж икIи бгъэдыхьакъым. ЛIо, укIуэкIи убгъэдыхьэкIи? ИщIэнури сыт? Мо Молэм и деж аргуэру тригъэзэнуи, а къысхуэбгъуэтам нэхърэ нэхъыфI къыкъуэкIащи, аргуэру схуэлъаIуи абы сыгъакIуэ, жиIэу? Къамбот игъащIэкIэ хуэмыщIэну Iуэхут ар. ЛIо, уэ лэжьапIэ къыпхуилъыхъуэн фIэкIа Iуэху имыIэу щыс уи гугъэрэ ар?! ИтIанэ игу къокIыж и анэ шыпхъум и къуэр къулыкъущIэхэм зэрахэтыр. Ар Хьэкъулхэ ейт, къулейуэ щытащ, жаIэри Советхэм ягъэкIуэдщ аби, хэкум къызэригъэзэжрэ куэд щIатэкъым. ИцIыхурт-къицIыхужырт. ЯщIэрт я зэхуаку илъ благъагъэ-Iыхьлыгъэри. Ауэ зэпэIэщIэу псэуа мо зэмысахэр, зэрыщIащэ-зэбгъэдэтыщэу жыпIэ хъунутэкъым. Хуейт абы езыхэр, ауэ зэкIэ зэрымыщIащэурэ екIуэкIырт. Нэхъри, абы и анэр пасэу дуенйм ехыжати, и адэмкIэ мыхъумэ, и анэшым яхищIыкI щIагъуэ щымыIэу къэхъуат.



## ЛЫМ ИЛ МЭУЗ

Сытми, тогушхуэри макIуэ Хьэкъулым и деж. Ирегъэпсалъэ. ЕтIуанэ махуэм езыр кIэлъыщIохьэж редактор зригъэпсэлъам и деж.

– Хьэкъул Хьэлий сэ пщIэ хузощI, схузэфIэкIмэ, сытри хуэсщIэну сыхьэзырщ, – жеIэ зыхуэкIуам. – Сэ уэ уи тхыгъэ мыбы къебгъэхьурэ теддзауэ щытахэм сащыгъуазэщ. ИкIи сигу ирохь. Ауэ зэзэмызэ укъатхэмрэ корреспонденту газетым ущылэжьэнымрэ зыкъым. Ухуеджар хъарзынэщ, ауэ езы лэжьыгъэм узэрыхуэхъунур тщIэркъым. ПIалъэкIэ дыпкIэлъыплъын хуейщ. КIуэ, щIалэхэм тхыгъэ гуэрхэр къеIых, ядэлажьэ, къэгъэлъагъуэ уи зэфIэкIыр зыхуэдэр.

Хуабжьу и гуапэ хъуащ Къамбот и фельетонхэм я гугъу Хьэкъулым мыбы къызэрыхуищIар, езы редакторми модэ районымкIэ щыщыIэм и лэжьыгъэм теухуауэ къитхауэ щыта тхыгъэ зытIущри ищIэжу къызэрыщIэкIар. ЩIалэр икIэщIыпIэкIэ иужь ихьащ и газет лэжьыгъэм. Тхэрт махуэм, гупсысэрт жэщым – сыт итхын, нэху къекIмэ? Псом япэу очерк тритхыхьащ я къуажэгъу тракторист Шэрджэс Нажмудин. Нажмудин куэд щIауэ лажьэрт, щытхъу иIэт, езыри я къуажэкIэти, зэрыцIыкIу лъандэрэ ицIыхурт. «ЩIы Iэмыщlэ» – арат и япэ тхыгъэм фIищари. ИтIанэ я къуажэ библиотекэм и лэжьыгъэм, абы кIэлъыкIуэу Налшык фэ IэрыщI комбинатым и библиотекэм щIэтым теухуауэ. Ахэр псори зрихьэлIэр

щэнхабзэмкIэ къудамэ здагъэувыну зрагъапщэм и унафэщI Кърымыкъуэ Мыхьэмэтт. Итх псори псоми ягу ирихьу жаIэрт, ауэ езыр кIэлъыплъыжырти, сыт щыгъуи илъагъужырт а и тхыгъэхэр а зэритха дыдэм хуэдэу зэрытрамыдзэр, фIыуэ зэрызэрагъэзэхуэжыр. Къамбот зэгъэзэхуэжыгъэхэмрэ зэритхахэмрэ зэригъапщэу, хэIэбэжамэ, щIыхэIэбэжам и щхьэсыгъуэр зэхигъэкIыу, куэдрэ елIалIэрт. Мы къудамэр цIыхуищ хъууэ арат: Дыгъужь Хьэрис, езыр, я унафэщI Мыхьэмэт. Псоми, Къамбот фIэкIа къэмынэу, художественнэ тхыгъэхэри ятхырт, зэкIэ къатхэкIуагъэшхуэ щымыIэми. Я лэжьыгъэр зэхэгъэщхьэхукIа хуэдэу щытт: Дыгъужьым тхьэмахуэ къэс къыдэкI, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм нэхъ удэзыхьэхыу узэджэн гушыIэхэр, ауанхэр, усэ, рассказ кIэщI хуэдэхэр зэрыт «Тхьэмахуэ» напэр игъэхьэзырырт, Кърымыкъуэм лэжьыгъэр иунэтIырт. Ауэ Къамбот хуитт зыхуей дыдэр итхыну.

Къамбот Дыгъужьым ехъуапсэрт: езыр щхьэIэт имыIэу екъурт, «Тхьэмахуэм» къагъэхь тIэкIухэр тебдзэнум хуигъэхьэзырырти, ар махуэ псом хуитт сыт ищIэнуми. Къигъуэтырт ищIэни – ефэрт. Зэ Мэхьэт къыщIыхьауэ Дыгъужьым Къамботи здыщIеш, и мыхабзэххэу. Я ныбжьми, ахэр куэдкIэ нэхъ цIыхушхуэхэу къилъытэрт езым нэхъри, зыбэлыхь и гугъэт. Мо тIум къафIэIуэхуу зэрызрагъэгъусэ къудейм щхьэкIэ гуфIэурэ, кърагъахъуэр ирифырт. Куэдрэт – чэф къохъу. Мэхьэт мэкIуэж, Дыгъужьми, пщэдей командировкэ сыкIуэн хуейщ, жеIэри лэжьапIэмкIэ игъэзэжыркъым. Къамбот щIохьэжым, уэлэхьи, и унафэщIым и деж хьэжьэражьэр къыIурихыу. Зыгуэр къыжриIэнтэкъэ, мо жызыIэр зымыщIэж чэфми пидзыжынIатэкъэ?! Зэрыхъуари сытри ищIэжыртэкъым Къамбот. Ауэ пщэдджыжьым и щхьэм щызеуэу нэху къекIа къомым я нэхъыщхьэу къахегъуэтэж Кърымыкъуэр къеIунщIу щхьэ щIыбкIэ техуэу лэжьапIэ пэшым къызэрыщIиутIыпщыкIар. Уигу фIы щыщIэнт, абы и ужькIэ, фIэбудыжынтэкъэ уи щхьэр?! Я нэхъ и бий кIэруфIыцIми къыхуигъэфэщэнтэкъым Къамбот езым абы щыгъуэ и щхьэм ирипэсыжа псор. ХъущIэным хузэщIэгъэста хъуа игу хуэмыгъэсабырым модрей Кърымыкъуэм и дежкIи зигъазэрти, абыи мыхьыр иригъэхьырт. И щхьэ мыузыншэжым къихьэр къыхуишхыдырт, щыIэтэкъым хужимыIэ. Ар цIыхуфIу щытамэ, я бжэщхьэIум зэкIэ къытеува къудей щIалэжь цIыкIур, дауэрэ зыкъыхуищIами, еуэу къриудынтэкъым. ЗэкIэ дахэдахэуи ицIыхуртэкъым, нэгъуэщIтэкъым. Зы бэлыхь хъунуми ищIэртэкъыми! Псэуху игу хуилъынщ ар абы, хузэфIэкIыуи хуигъэгъункъым... Емынэ уз мыгъуэм зэрихуэрэт, мобыхэм сызрапэсу сыздрагъафэ, жиIэу гуфIэу, апхуэдизу зыщIиукIыжар сыт?! Мы дуней щIэщIыIум теттэкъым, Къамбот иджы лэжьапIэ сывгъэув, жиIэу абы зэрыпхуигъэзэжын, лэжьапIэншэ къабзэу къэнэнумэ. Къэнэнуи къыщIэкIынущ. Дэнэ иджы абы щIэрыщIэу лэжьапIэ къыздребгъэхыжынур? Ий, къыфIызогъанэ иджы щыжиIэм, фIигъэцIэфтыжащ! Мо игъэлъэIуам и дежи и напэр щытекIакъэ? Дауи, абыи лъэIэсынщ мо щIэлъэIуар къыщIамыщтам и щхьэусыгъуэр.

Мис, илъэсыщIэр къоблагъэ. Алыхьым иухауэ къыщIэкIынтэкъым Къамбот абы гуныкъуэгъуэншэу техьэну. Тохьэ

илъэсыщ1э, адэк1э-щэ? Мазэ мэхъу газет 1уэху зэрызэримыхуэжрэ, мыувы1эуи и гур щопэщащэ лэжьап1э хуэхъунумк1э. Зыри къыхуэгупсысыркъым. Район газетымк1э щыщ1эупщ1ати, 1эпэ дэуп1э имы1эу къыжра1ащ. Аращ, лейщ. Къыхуейкъым зыри. Къиджами и щхьэми!

* * *

Щ1ымахуэр жьычрэ ихъу-илъу къежьауэ щытами, пасэу и къарур иухри къэщэбэжарэ уэси сытхъуи зэрыжа1эу щымы1эрэ уэт1псыт1 хьэлэчу къихьащ мы гъэм илъэсыщ1эр. Къепсэпсауэу, пшагъуэ телъу. Пшагъуэр щынэхъ мащ1эу къыщ1эк1ынтэкъым Къамбот и нэгуми – дауэ адэк1э и 1уэхур зэрыхъунур?!

Дунейри езым ещхьу узижагъуэн и махуэу хьэлэчу зэ1ууауэ Къамбот, илъэсыщ1эм и ещанэ махуэм и пщыхьэщхьэм 1эщ к1апэр игъэзэгъэжу 1уэм итт. Сэхьид жыхуа1э къуажэ милицэ л1ы п1ащэжьыр куэбжэм къы1улъэдащ, и шырыкъушхуэжьит1ымк1э уэрам ят1эпсыр иутхыу.

– Налшык къипсэлъык1ащ, пщэдей 1эмал имы1эу «Ленин нэху» газетым и редакцэм уек1уэлэн хуейщ!

Мыбдежым Къамбот и гур 1эджэми жащ, къижыжащ, иужьым тригъэк1уащ: къащтэнущ лэжьап1эм! Къызэрыпф1эщ1ынумк1э, Кърымыкъуэм къэхъуар зыми жри1акъым. Абыи и закъуэкъым. Лэжьак1уэ тхуэхъуну, жа1эу къеупщ1амэ, и телъхьэу къэуващ. Жи1ащ яхуэхъуну. Хьэуэ, сыти жы1и, ц1ыху 1ейкъым Кърымыкъуэр!



Сыт а Сэхьид къыщ1эк1уар, жа1эу я деж Къамбот къеупщ1а щхьэк1э, жэуап яритакъым. Игъащ1эм ф1эф1тэкъым мор сщ1энущ, мыр сщ1энущ, мыр къызэхъул1энущ е модрей си 1уэхур хъунущ, щ1энущ, жи1эу къэхъун-къэмыхъуным япэ илъадэу вуун. 1уэхур, ар 1уэхуф1мэ, псори зэф1эк1а, абы шэч лъэпкъ къыщ1ытепхьэжын щымы1эу уха хъуа нэужьщ я деж хъыбар щаригъащ1эри къехъул1ам щытепсэлъыхьри. Псори зэф1эк1а нэужь, зэуэ егъэгуф1эж. Аращ иджыри ищ1ар. Пщэдджыжьым к1уэуэ лэжьа нэужь, пщыхьэщхьэм унагъуэм гуф1эу яхыхьэжащ. Икъук1э гуф1ащ щхьэгъусэр. Къызэрыщ1эк1ымк1э, Рабия езым я деж ящибзыщ1ырт и л1ыр зэрылэжьап1эншэр. Сыт щыгъуи хъарзынэщ, тхьэ, и лэжьап1эмк1и, жи1эрт, къеупщ11амэ. И пц1ыр къыщ1эщыжынк1э шынэу ек1уэк1ырт. Иджы зэрыщытыр ибзыщ1ми, си 1уэхущ. Мэлажьэ и щхьэгъусэр. Зэрылажьэри сыту жы1эт – республикэ псом адыгэбзэк1э къыдэк1ыу я1э газет закъуэм и корреспонденту!

– Ислъам, уи папэ корреспондентщ! – щхьэщолъадэ ар илъэс ф1эк1а мыхъуа я щ1алэ ц1ык1ум гуф1эу. – Пщ1эрэ уэ ар?!

Мыдрейм а псор сытк1э къыгуры1уэнт, джэгуу ист унэ лъэгум. Гъэщ1эгъуэныратэкъэ, езы Къамбот дыди сабийм хуэдэу гуф1эрт. Ар псори зи ф1ыщ1эр и анэ шыпхъум и къуэ Хьэкъул Хьэлийт.

– Мамэ, уи шыпхъу Лалэ мыгъуэм и къуэ Хьэлий лэжьап1эф1 сигъэуващ, уэращ ар зи ф1ыщ1эр!

– Сыту ф1ыт, сыту ф1ыт! Аращ-т1э, лым ил мэуз, жи. Дяпэк1и мис апхуэдэу фызэдэ1эпыкъуу фызэдек1уэк1.

# ЖьантІэ

## ЯПЭ ЛЪЭБАКЪУЭХЭР

ЛэжьапІэ здэува газетым и лэжьакІуэхэм я япэ зэІущІэр пщэдджыжьым ирагъэкІуэкІащ. Пщэдджыжьыпэ зэхыхьэт ар икІи. Дэнэ лэжьапІи щекІуэкІ хабзэхэм хуэдэт – жьыуэ зэхуэсрэ лэжьыгъэ ящІахэм, ящІэн хуейхэм дакъикъэ бжыгъэ гуэркІэ щытепсэлъыхьу. Псоми зыкърагъэхьэлІат – япэ илъэсыщІэ зэхыхьэт, щІэщыгъуэт. Къамбот имыщІа щхьэкІэ, нэгъуэщІ зы лэжьакІуи къащтэрт и гъусэу – Мэрзей Гъузбер. Гъузбери къыщалъхуар Къамботхэ я къуажэт: Дыгъужьыкъуэт. Ауэ къыщыхъуар нэгъуэщІ куейт. Къамбот ар ищІэрт, езыри ицІыхурт фэкІэ. Усэ хъарзынэхэри итхырт абы. Дыгъужьыкъуэ теухуа усэ радиокІэ къеджэу зэ зэхихат. Иджыпсту, зэІущІэр здекІуэкІым, Къамботрэ Гъузберрэ бжэ къуагъым щызэкІэщІэст, нэхъыжьхэм жаІэм тІэкІуи пІейтейуэ едаІуэу. Зытепсэлъыхьынум тепсэлъыхьа, газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм тетынухэр ягъэбелджыла нэужь, редакторым, бжэ къуагъымкІэ къаплъэурэ, жиІащ:

– Хэхъуэ диІэщ, ныбжьэгъухэ. Мис, нобэ гупым щІалитІ зэуэ къытхохьэ… Хьэтх Къамботрэ Мэрзей Гъузберрэ. ТІуми еджапІэ нэхъыщхьэ къаухащ, адыгэбзэр ящІэ. ЖурналистыфІ къарымыщІыкІмэ, зи лажьэр дэращ, тхузэфІэкІакъым къахэтщІыкІын. Мы илъэсыщІэм, 1972 гъэм, дыщІадзэри, а бжыгъэм хуэдиз ехъулІэныгъэ яІэну ди гуапэщ. Хьэтхыр мэкъумэш отделым догъакІуэ. Абы лэжьыгъэшхуэ щыІэщ, цІыху щІэсыр пэлъэщыркъым. Дыщыгугъынщ отделыр абыкІэ нэхъ къэІэтыжа хъуну. Гъузбер хъыбарыщІэхэм щылэжьэнущ, Теувэжыкъуэм щІыгъуу..

– Къамбот, – жиІащ редакторым, иужькІэ Хьэтхым и закъуэу ириджэри. – Сэ сощІэ искусствэм, литературэ сытхэм нэхъыфІу зэрыхэпщІыкІыр, уи Іуэхури абы зэрытеухуар (нэхъыжьыфІыр си гуапэ къызэрищІыным пылъу псалъэу арат). КъызгуроІуэ щэнхабзэмкІэ отделым уи Іуэхур нэхъ зэрыхуэкІуэр, тхакІуэхэм, художникхэм, сэ сщІэрэ, апхуэдэ нэгъуэщІхэм уапыщІауэ улажьэмэ, нэхъ къызэрыпщтэр. Ауэ, дэ, мыбы щылажьэ псоми, ди Іуэхур зытеухуэжауэ едгъэкІуэкІын хуейр икІи едгъэкІуэкІ ди хабзэр газетым ифІ нэхъ зыхэлъырщ. Нэхъ иужьыІуэкІэ, плъагъункъэ, культурэми укъэдгъэкІуэжынщ.

Пэжыр жыпІэнумэ, Къамбот езыми мымащІэфащІэу и жагъуэ хъуат зыщыгугъауэ икІи зрагъэпщауэ щыта отделыр къанэу, нэгъуэщІ щІыпІэкІэ къызэрыщыщІидзыжар. Икъусыкъужкlэ ар хуейт тхакІуэхэм, усакІуэхэм, композиторхэм, къэфакІуэхэм, уэрэджыІакІуэхэм япыщІауэ щытыну. Егупсысат, иубзыхуат итхыну гуэрхэми. Иджы еплъ къызэрыщІидзыжами къыщыщІидзыжами! Ауэ абы мэкъумэшым зэкІэ хищІыкІышхуэ зэрыщымыІэр къыхэщу, иужькІэ хуэмурэ уесэжынщ сытщ, жиІэу щыпсалъэм, редакторым жриІар аракъым:

– Сэ адыгэ унагъуэ сыкъыщалъхуащ, сыкъыщыхъуащ, апхуэдэу мэкъумэшым хэзмыщІыкІыу сыщытуи къыщІэкІынкъым. Дэ, зиунагъуэрэ, адыгэр игъащІэми дымэкъумэшыщІэкъэ? Ди адэхэм, абыхэм я адэжхэм мэкъумэшым я Іэр хэлъу къекІуэкІащ. Дэри дыаращ, хуейщ хэтщІыкІын!

# ЖьантIэ

Редакторыр арэзы ищIат апхуэдэ жэуап тыкIэм. Техъуэжат езыри абы арэзы – унафэр унафэт, зихъуэжжынутэкъым, уэ сыт жыпIэкIи. ИтIанэ, Къамбот гуфIэн хуейуэ арат, дэнэми, зыщIыпIэ къащтэххэмэ. ЛIо, иджы отделхэдэ ищIу япэувыжыну арат? ИгъащIэ псокIэ имыщIэну Iуэхут ар Къамбот! ЦIыхуиплI хъууэ щIэсынут зы пэшым – Мыз Нэфихь, Хьэжыкъарэ ТIалэ, езы Къамбот. Бэчкъан Инал я унафэщIт. Псом нэхърэ нэхъыжьыр Мызырат. Абы еханэ илъэсипщIыр иуныкъуауэ е гъунэгъуу бгъэдыхьауэ къыщIэкIынт. ЛIыжь зэпIэзэрытт, щэхут, псалъэ лей пхужиIэнутэкъым. ЦIыху гъэса жыхуаIэм хуэдэт. Псом нэхърэ нэхъ япэ къэувауэ лажьэрти, лажьэрт, ахъу абы теухуауэ зыми зыри ищIэртэкъым. Паспорт къудей игъащIэм имыIауэ икIи имыIэу арат тхьэ зыщаIуэр. Езыми зыри жиIэртэкъым а къыхужаIэхэр щызэхихыжкIэ. Зэи уэимышхуэ ищIыртэкъым, сыт жаIэми, къыпыгуфIыкIыу щыс мыхъумэ. Мыпсэлъэрейми, гъэщIэгъуэныратэкъэ, алмэстын хъыбар къэхъеямэ, дунейр щыгъупщэрти, сыхьэт бжыгъэкIэ пхутепсэлъыхьыфынут. И фIэщу жиIэрт адэ нэхъ пасэм зы алмэстыныхъу гуэрым я къуажэ фызабэ щIасэу иIауэ. ИтIанэ, абы махуэм лэжьапIэм щызэхих-щилъагъуххэр пщыхьэщхьэм къыщIэнэрти итхыжт, и стIол къыдэгъэжым дигъапщкIуэрти, иужькIэт щыкIуэжыр. Мо лIы зэIэщIэлъым, езым и зекIуэкIэ къудейр-щэ?! Мыщэм ебэныну кIуэ фIэкIа зэрыпщIэн дунейм теттэкъым, и щIыбымкIэ ущеплъмэ. Пэж дыдэу, ебэнауи жаIэрт ар мыщэм. ЩакIуэм, щакIуэ Iуэхум теухуауи куэд ищIэрт, мыщэ хъыбари хэту. Ауэ гу лъыптэрт щIэныгъэм кууэ зэрыхэмыхьам, бгъэдэлътэкъым щIэныгъэшхуэ. ЗэрыжаIэмкIэ, курыт еджапIэр къиуха-къимыухат. Ауэ адыгэбзэр псом нэхърэ нэхъыфIу игъэшэрыуэрт, узригъэхъуапсэу Iэзэуи тхэрт. Отдел зыхэсым дэнэ къэна, редакцэ псом псалъэ гуэрым къикIыр ямыщIэу ирихьэлIамэ, къакIуэрти абы къеупщIырт. Щагъуэтырт жэуапи. Зэи зэхэпхынтэкъым абы «сщIэркъым» жиIэу. Къамбот бзаджэ цIыкIум гурыщхъуэ ищIырт, къызэреупщIам и тэмэмыпIэр имыщIэми, къигупсысурэ жэуап яриту. ЛIот, уэ умыщIэр зыщIэ къыкъуэкIыу, укъыщыщIэмыщыжынукIэ?! Зэ абы зыгуэр, Къамботи щысу къеупщIат, а «Беларусь» жыхуаIэ хьэфэ шэрхъ лъагэ зыщIэт тракторыжь цIыкIухэр мыхъуу, зи шэрхъи сыти зэрыщыту гъущI адрей трактор лъэщхэм зэреджэр сыт, жиIэри.

– Шэрхъырыпщ, – жиIащ Нэфихь, а жиIэм шэч лъэпкъ къытумыхьэжын хуэдэу щIэгъэбыдауэ. – Сыт абы щхьэкIэ «трактор» хамэ псалъэшхуэр уи тхыгъэм щIыхэпIун хуейр, адыгэбзэкIэ цIэ иIэу!

Бэчкъаныр я нэхъыщIэIуэт. Фэ зэруплъынумкIэ, я нэхъ бзаджэт икIи. ЛIы фIыцIэ лъахъшэт. Къамбот игъащIэ лъандэрэ жыхуаIэм хуэдэу ицIыхурт ар икIи къицIыхужырт. Бэчкъаным еджэн къыщиухам Дыгъужьыкъуэ егъэджакIуэу ягъакIуэри, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щригъэджат, Къамбот етхуанэ классым щIэсу. ЕджакIуэхэм я фIэгъэщIэгъуэнт Бэчкъаныр лъэныкъуэ куэдкIэ. ЖамыIэн жаIэрт, ямыщIэн ящIэрт, къуейщIейхэрт, ар ягъэпсэлъэн, жиIэхэм иридыхьэшхын къудей щхьэкIэ. Къамбот жагъуэу илъагъутэкъым ар. Псом нэхърэ нэхъ цIыкIути (зауэ нэужьым зи къэшэгъуэ нэгъунэ хэст етхуанэ классым!), тегушхуэн къащIмэ, къыщхьэщыжырт. Зэ Къамбот и пыIэщIэ я мамэ

# ЖьантIэ

БицIу Ахьмэд и къуэ Хьэмышхэ я деж тхъу литритIкIэ къыщищэхуар трахауэ футбол доджэгу жаIэри, топ папщIэу ирахужьауэ классым лъапэкIэ къыщрахуэкIыу къатрихыжауэ щытат. Ауэ еджакIуэм егъэджакIуэм и хьэл псор дэнэ щищIэнт, иджыт Къамбот ар и цIыху щIыкIэкIи, и хьэлкIи, и дуней тетыкIэкIи зыхуэдэр къыщищIэр.

* * *

Мис абыхэм езыри яхэтыжу арат республикэм и мэкъумэш хъыбарыр газетаджэм я деж нэзыхьэсыну зи пщэ къыдэхуэр. IэнатIэхэри гуэша хуэдэу щытт, псори псоми тетхыхьыну хуит щхьэкIэ. Нэфихь Iэщ гъэхъуныр газетым къыщыгъэлъэгъуа зэрыхъумкIэ жэуап ихьырт. А зэманым нартыху фIэкIа мэкъумэш Iуэху дахэ-дахэу зэрахуэжыртэкъым. ТIалэ, нэгъуэщI Iуэху и пщэ зыри имылъу абы егъэбыдылIат, уи Iэщи сыти хыхьэу, адрей губгъуэ лэжьыгъэ псори Бэчкъаным ейт, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэ фIэкIа къэмынэу. Абыхэм тетхыхьыну зи пщэ къыдэхуэр Къамботт. А тIур езым къыщIратар нэхъ мыхьэнэншэу арауэ къилъытэрти, зэгуэпырт. ЗыпэрагъэтIысхьа стIолри бжэ дыдэм деж щагъэуват, къыщIыхьэр елъэпэуэным хуэдэу. Абы къылъэIэсу Нэфихь и стIолыр къыщытт, адэкIэ ТIалэ къыщыст. Инал зыпэрысыр жьантIэм дэтт. Къамбот япэщIыкIэ зыхуихьынур ищIакъым: сыт я нэхъыжь Нэфихь дадэ къанэу, а щым я нэхъыщIэ дыдэ Бэчкъаныр жьантIэм щIэкIуар?! ИужькIэщ къыщыгурыIуэжар: къулыкъум ныбжьыр ешх – Инал унафэщIт! 41

Бэчкъаныр и стIол къыдэгъэжым дэIэбэри, зы стэчанышхуэ къыдихащ, щащIым тращIыхьа итхъэгъэ цIыкIуитI зэпэщIэхауэ и джабэм тету. Тхьэм ищIэнт ахэр зи пщалъэр, лабораторэ гуэрхэм щхьэкIэ ящIауэ къыщIэкIынт. Инал жиIар нэгъуэщIщ, и лэжьакIуэщIэм зыкъыхуигъазэри:

– Мыр плъагъурэ, пщэдджыжьым мис мыбы къэс дофэ, шэджагъуэм –  мыдрей итхъэгъэм нэс, пщыхьэщхьэм – папцIэу, и кIэми нэсу!

ТIалэ, «пэжщ» жиIэу къикIыу къыпщыхъуу, пыдыхьэшхыкIащ.

Нэфихь зыри жиIакъым.

ЩIалэр жагъуэу пыгупсысыкIащ: зэрефэхэр къызеIуэкI, уи лэжьапIэщIэм дытегъэхъуэхъухь, жыхуиIэщ… Апхуэдэ жып мыгъуэ щIэт а зэфIуэкI Хьэтхым?!

Къамбот хуэм-хуэмыурэ щыгъуазэ хъурт газет лэжьыгъэм. И лэжьэгъухэри нэхъ къицIыхурт. Мо библиотекэм щыщыIам хуэмыдэу, и махуэ псори IуэхукIэ гъэнщIауэ, нэхъ гъэщIэгъуэну екIуэкIырт. ИмыщIэ куэд Iей псынщIэ Iейуэ къищIэрт махуэ къэс. Мо лэжьапIэщIэ-гупыщIэ зыхыхьам, ар икIи гурыIуэгъуэт. Пэжу, лэжьыгъэр къытехьэлъэрт, ауэ фIэгъэщIэгъуэнт ихъуреягъыр. ИкIи игъэщIагъуэрт езыми. И лэжьэгъухэм я цIэ-унэцIэ къудейм щегъэжьауэ, мащIэтэкъым игъэщIагъуэкIэ хуэмыухыр. Абы и щыпэ зэхэхт, псалъэм щхьэкIэ, Нэфихь, Суфэ, Мэстафэ, Iэмсал цIэхэр. Суфэ цIэр Софье сытхэм иригъэщхьрэт, сытми, цIыхубзым нэхъ хуэкIуэу къыщыхъурт, цIыхухъум нэхърэ… Я щхьэфэ диIэба щыхъуакIэ, мы цIэхэр зейхэри занщIэу фэдгъэцIыхунщ. Ахэр псо-

ри унафэщӀхэщи, иужькӀи Ӏэджэрэ фарихьэлӀэну къыщӀэкӀынщ, дауи. Суфэ Мырзэхэ яйщ, Мэстафэхэ я унэцӀэр Сэбанышщ, Ӏэмсалыр Джэрыджийщ. Ӏэмсал газетым жэуап зыхь и секретарщ. Аращ лэжьыгъэр псори зезыгъакӀуэр, сыт хуэдэ тхыгъэр дапщэщ традзэнуми зыубзыхур. Нэфихь фоцӀыхуххэ. Модрей тӀур – Мэстафэрэ Суфэрэ – редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэщ… А редактор нэхъыщхьэм и унэцӀэракъэ езы Къамбот игъэщӀэгъуапэр икӀи фӀэдыхьэшхэныр – ЛӀыбэч! ИгъащӀэм зэхихатэкъым апхуэдэ цӀэи унэцӀи. ЛӀыбэч Хьэбаси илъэс щэ ныкъуэм ирихулӀагъэнт. Хэку зауэшхуэм хэтат, ныкъуэдыкъуагъи хихауэ, щӀакъуэт. ЦӀыхуфӀ Ӏейт езыр. Захуэт, хьэрэмыгъэншэт. И нэӀэ къатригъэтт нэхъ щӀалэхэм. ФӀы и лъэныкъуэкӀэ, ауэ зы мащӀэ уи тхыгъэкӀэ е уи щхьэкӀэ къыбдилъэгъуамэ, утыкум ирихьэрт, гъэбэтауэ. Абы уи къарур уи фӀэщ ищӀыжырт, уи щхьэр нэхъ лъагэу уигъэлъагъужырт. Отдел здагъэкӀуамкӀи къыщыхуэӀейтэкъым Къамбот зэкӀэ. Нэфихьрэ ТӀалэрэ, имыщӀэр кърагъэщӀэну, сыт щыгъуи хьэзырт. Ядилъагъу щапхъэфӀхэр, я ущие псалъэ Ӏущхэр сыт и уасэ! Зы нэхъыщӀэ гуп гурэпкӀырэ хэхуа нэхърэ нэхъыфӀщ мы езым нэхърэ нэхъыжьхэм зэрахэтыр. Пэжу, Бэчкъаныр нэхъ щӀыӀэ-щӀыӀэу къыхущыту гу лъетэ. Е редакторым отделыр къэӀэтыжын хуейщи, догъакӀуэ, жиӀауэ зэрыщытара къызыхэкӀыр, е езыр цӀыху Ӏейуэ ара? Зэи къызэпхигъэӀукӀащ: отделыр къэпӀэтыжыну укъагъэкӀуауэ жаӀащи, къэӀэтыж!

## ЦӀЫХУМ ЗЕБГЪЭЩХЬКӀЭ, ЕЩХЬ УХЪУРКЪЫМ

Лэжьыгъэ и пӀалъэ фӀыуэ зыщӀэ, Ӏэзэу тхэ псоми ехъуапсэрт Къамбот. Ауэ псом нэхъри Нэфихь и лэжьэкӀэм нэхъ ехъуапсэрт. ТӀэкӀу ефэхэми ядефэрти, и лэжьыгъэ Ӏыхьи къигъанэртэкъым. И хьэдэ нэфыр трилъхьэрт, ар щытхэкӀэ. Псалъэ къигъэсэбэпхэм я мыхьэнэм укъигъэуӀэбжьырт. Таурыхъ дахэм хуэдэу пфӀэхьэлэмэту укъеджэрт, сыт итхми. Къамбот абы итха лъэпкъ блимыгъэкӀыу къеджэрт. Абы и щапхъэм ирикӀуэну лӀэрт. Иджы фхуэстхыжынщ ар Къамбот къызэрехъулӀэ щӀыкӀэр.

Зымахуэ Нэфихь кӀуащ колхоз къызэрыгуэкӀ гуэрым. Адрейхэм нэхърэ нэхъыкӀэтэкъым икӀи нэхъыфӀтэкъым хозяйствэр. Псоми зэращӀ хабзэм хуэдэу, щыкӀуа махуэм къигъэзэжакъым Нэфихь. КъыдэкӀыжакъым лэжьапӀэм етӀуанэ махуэми. Къамбот абы хуэзэшырт. Нэфихьи и закъуэтэкъым, гупым щыщ гуэр ежьамэ, хэтми, хуэзэшырт. Къамбот цӀыхум зэресарауэ къыщӀэкӀынт ар къызыхэкӀыр. ИкӀэм-икӀэжым, Нэфихьыр ещанэ махуэм къокӀуэ лэжьакӀуэ. Абы зы тхыгъэ итхыжати! Къамбот лӀэным хуэдэу ехъуэпсат. Ӏэщыхъуэхэм Ӏэщыр щӀымахуэ зэрыщӀагъэкӀ, я мэкъумылэр, я гъэшыр зыхуэдэ сытхэм тетхыхьыну кӀуауэ арат. Сытми, зыгуэр итхын щхьэкӀэ зыхуэмеинкӀэ Ӏэмал имыӀэу къилъытэ тӀэкӀуфэкӀухэр къэзыпхъуатэу къэзыгъэзэжхэм ящыщтэкъым Нэфихь дадэ. ЗдэкӀуа гъэш фермэм жэщым къытенэри, Ӏэщыхъуэхэм я гъусэу тесауэ арат. Абы хуэщӀа адыгэ жьэгужьым жьэуэжу дэлъ дакъэжь мафӀэм пщыхьэщхьэ кӀыхьым пэрысат, жаӀэм едаӀуэрэ езыри яхэуэршэрыхьыжу. Я гъурри я цӀынэри

зригъэщІат. ИгъащІэм Іэщыхъуи ямылъэгъуам, абы и лэжьыгъэри ямыщІэм хуэдэу къеджащ а тхыгъэм нэхъыжьри нэхъыщІэри. «Зи насып… Ей, ар сэ стхауэ щыта мыгъуэмэ, аратэкъэ!» – и гум къыщыхъуэпскІащ Къамбот, абы къеджэри. Зэрыджэгу хьэпшып хьэлэмэтлажьэ гуэр сабийм къыІэщІэлъэгъуамэ, дауэ хъурэ – апхуэдэт. Иужь йохьэ а Нэфихь зэрищІа дыдэм хуэдэу езыми ищІу, а итха дыдэм хуэди итхыжыну. МакІуэ къуажэ пхыдза гуэрым я Іэщыхъуэхэм я деж. ЙопсэлъылІэ. Жэщми къонэри, а дакъэжь мафІэми ядыпэрысщ. Я Іуэху зыІутри зрегъащІэ, дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу. ИтІанэ къокІуэжри етхыж. Ауэ… ХьэлІамэ гъэва хъунт ар Нэфихь ейм хуэдэ! Абы итхар лІакІэ, мы Къамбот ейр хьэдагъэ бгъакІуэ хъунтэкъым. Хуэтхыжакъым. Игъуэтыжакъым и гущІыІур дэгъэзеяуэ гъуэлъыпІэм илъу и щхьэм къихьауэ щытахэр. ГъэщІэгъуэныратэкъэ, а щитхыну пщэдджыжьым и жэщым зыуэ дахэу егупсысат, зыуэ лъэщ хъунут, апхуэдэу хуэтхыжами, пхужыІэнтэкъым! АрщхьэкІэ дэнэт, хуэтхыжакъым. Игъуэтыжакъым и гущІыІур дэгъэзеяуэ гъуэлъыпІэм илъу гухэхъуэу, ІэфІу зэгупсыса къомыр. Абыхэм елъытауэ, тхылъымпІэм пщэдджыжьым хуэхьар зыми щымыщ хуэдэт. Щыщтэкъым икІи. Инал мы дунейм тетыр къигъумэтІымэурэ, щІыпІэ куэдым щытеІэзэщІыхьыжщ, абы и ужькІэ Суфэ гуэрым зэхивыхьыжри, сытми зыгуэр хутрадзащ.

* * *

ЩІалэм икъусыкъуэжкІэ зыхищІащ апхуэдизу гугъу ехьу губгъуэм щІиса и тхыгъэр мыхьэнэншэ зэрыфІэхъуар. Зыт мы ди Къамбот лІыхъу цІыкІум къыгурымыІуэр: цІыхум зебгъэщхькІэ, ещхь ухъунукъым. Еплъыт иджы ар зэрыхъум. Нэфихь дадэ итхам хуэдэ дыдэ итхыну хуейуэ арат ар абы щыгъуэ. Ауэ ар абы къехъулІэн щхьэкІэ зы цІыху гъащІэ есыфІ адыгэ жылэжьым къыщызыгъэщІа адыгэлІым Іэщ гъэхъуным хищІыкІым хуэдиз химыщІыкІыу хъунутэкъым. Хъунутэкъым ещхь абы и Іуэху еплъыкІэм, и дуней тетыкІэ къудейм, и хьэлым, и гупсысэкІэм… Мы щІы хъуреишхуэм цІыху тету къыщІэкІынкъым Нэфихь дадэ и тхыгъэм хуэдэ дыдэ Къамбот итхын щхьэкІэ зыхуеину псор къезыбжэкІыфын, дэ ар ди пщэ дэтлъхьэжауэ гугъу зедгъэхь щхьэкІэ. Абы щІэт лъым хуэдэ щІэтын хуейт, жыпІэнурамэ! Къамботи и закъуэкъым ар къызыгурымыІуэр. Ар зэранышхуэ яхуохъу, абы егъэжакъуэ, ямыщІэн ярегъащІэ, я зэман лъапІэр яфІешх цІыху къызэрыгуэкІхэм я деж къыщыщІэдзауэ щІэныгъэм, литературэм, искусствэм… Дэтхэнэм и цІэ къипІуэн, дзэзешэхэм я деж нэсыжу. Зыр адрейм ещхь игъащІэкІэ зэрымыхъунур къазэрыгурымыІуэм и зэран къомыр мыхъуамэ, цІыхум нобэ игъуэта зыужьыныгъэратэкъым иІэнур, куэдкІэ нэхъ жыжьэ нэсынут! Мы Къамбот дежкІэ къэдгъэзэжынщи, Нэфихь Іуэху зэримыхуэу, абы и тхыгъэм ещхь ищІынуи пэщІэмыувэу, езым и хъэтІкІэ итхыжамэ, и тхыгъэр а зэхъуапсэу хэлъэдам нэхърэ нэхъыкІэ мыхъунри хэлът…

А псор дэнэ къыщыгурыІуэнт, щыст ди щІалэжь цІыкІур, къепэзэзэхыу. Гуэгушыхъуу загъэцыджырт и гупсысэ ерыпІынэхэми,

зэрымызахуэри къагурымыIуэжу: Нэфихь итхами еплъ, езым ейми еплъыж. Апхуэдиз я зэхуакущ иджы а тIум я журналистагъэм! Дапщэщ Нэфихь щылъэщIыхьэнур? ЛъэщIыхьэххэну, сытми? И гъащIэ псокIэ а тIур зэхуэдэ мыхъунурат!

Нышэдибэ унэм къыздриха и нэжэгужагъэ тIэкIури, къытехъуакъытещIахэм пэщ яхуэмыхъуу зыщIафри ежьэжауэ, щыст Къамбот, дыгъуэпшыхь ефэкъуауэ зыкъыхуэмыужьыжым хуэдэу къригъэтIэтIэхыу. Дунейм теттэкъым зыхуеижи къыфIэIуэхужи. Асыхьэтым стIолыщхьэ телефоныр къозу. ПлIым ейри зэпыщIат, дэтхэнэми къытрих хъуну. Къамбот зигъэхъеякъым. Хэт абы къыхуейри?! Арыншами, и хьэлтэкъым мо нэхъыжь къомыр къигъанэу, езыр телефоным пхъуэуэ. Бэчкъаным къытрех.

– Уэращ мыр зыхуейр, къащтэ уи трубкэр! – къыщIокIие, къыщIыщIэкIиери имыщIэу. ГурыIуэгъуэтэкъым игу иримыхьар.

– ДынодаIуэ…

– Дауэ ущыт, ей? – щэху дыдэу къоIу хъыджэбз макъ.

Къамбот занщIэу къицIыхужащ – Лорэ!

– Си щытыкIэр лэжьыгъэм зэрипхъуащ, мис а фэ хэфх кхъуейхэр лъатэм зэзэмызэ зэрыффIызэрипхъуэм хуэдэуи, щIагъуэкъым… Дауэ ущыт уэ езыр?

– Хъарзынэщ, тхьэ. ЛIо пщIэхьэр?

– ТщIэм нэхърэ зэIытщIэр нэхъыбэу дыщысщ. Уэ-щэ?

– Дэри тщIэн догъуэт, дахэтщ ди сымаджэ цIыкIухэм… Дауэ щыту пIэрэ, жысIэрират. Ей, дынохъуэхъу уи лэжьапIэщIэмкIэ, угъурлы пхухъу! Тхьэ, си фIэфI Iейм корреспондентыр.



– Упсэу. Дауэ сыкъэбгъуэта?

– Лъыхъуэм къегъуэт… Уи лэжьапIэжьымкIэ сынэпсэлъати, къызжаIащ. Хъунщ-тIэ, упсэумэ, уузыншэмэ, аращ. Сынэпсэлъэнщ сэ иужькIи.

– Ноби?

– Хьэуэ, нобэ хъужыну къыщIэкIынуIым. МахуитI дэкIмэ, си лэжьэгъуэщи… Сэ хы нэужьыращ щысхущIыхьэнур, уэ абы щыгъуэ лэжьапIэм ущIэсыжынуIым.

– Ыы, дэ хым доух. «Мазэр дыгъэм лъэщIэмыхьэ, лъэщIэмыхьэ» – жыхуиIэ уэрэд цIыкIум хуэдэщ, Лорэ, уэрэ сэрэ ди Iуэхур: зыр щыкъухьэм, адрейр дыкъыкъуокI. А ущылажьэхэм деж жэщми ущыIэ си гугъэщ…

– НтIэ, араIэ ди фэр изыхыр езыр, зы жэщ-махуэ псокIэ додежурнэ.

– МахуитI дэкIмэ, ещанэм жыпIа? ЗысIэжьэнщ, сыножьэнщ сэ уэ а ущыщыIэхэм.

– Уи щхьэгъусэм къыпхуидэну ахэр?

– Си щхьэгъусэм уэ уи гугъу къищIрэ?

– Хьэуу, дэнэ къыщищIынур?

– НтIэ, уэри умыщI абы и гугъу.

Мэдыхьэшх. Сыту фIэфIыIуэ-тIэ Къамбот абы и дыхьэшхыкIэр! Дунейм тету къыщIэкIынкъым ар щыпыгуфIыкIкIэ дэплъагъу дахагъэм хуэдэ. Тхьэм жиIэмэ, ищIынщ Къамбот абы и сурэт. Уа, сыту езыр къемылъэIурэ, си сурэт схуэщI, жиIэу? КъелъэIуу къагъэнэжыркъым адрейхэм, къыкIэрохъыжьэ, нэIуасэ зэрызэхуэхъуххэу.



## УсакӀуэ Бещтокъуэ Хьэбас илъэс 70 ирокъу



## «СЭ ЗЭНЗЭНЫПСЫМ И СУРЭТ ТХЫЛЪЫМПӀЭМ ПСАЛЪЭКӀЭ ЩЫСЩӀЫНУТ…»

Илъэс плӀыщӀым щӀигъуауэ лъэпкъ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хуолажьэ усакӀуэ Бещтокъуэ Хьэбас. Зы лӀы ныбжь къэзыгъэщӀа творчествэр куущ, гъунапкъэншэщ. Бещтокъуэр и зэфӀэкӀ щеплъыжащ литературэм и жанр зэхуэмыдэхэм: лирикэм, лиро-эпикэм (усэу тха «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр), прозэм («УӀэзэмэ – куэдрэ!» рассказыр), драматургием («Имыс», «Нэсрэн ЖьакӀэ», «КхъуафэжьейкӀэ хым зэпрысыкӀхэр», «Истамбыл къикӀа джэду», «Сэроробот»); апхуэдэуи абы и гуащӀэ хилъхьащ литературэ критикэмрэ публицистикэмрэ. КъищынэмыщӀауэ, усакӀуэм зрипщытащ нэгъуэщӀыбзэкӀэ ятха тхыгъэхэр зэдзэкӀыным, ар къехъулӀауи къэплъытэ хъунущ: цӀыкӀухэм папщӀэ абы зэридзэкӀащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм (инджылызхэм, шотландхэм, португалхэм, хорватхэм) я таурыхъхэр («Джек насыплъыхъуэ зэрыкӀуар», «Дреглин Хогни иныжьыр», «Жьындур ишхащ», «ШейтӀанымрэ зауэлӀымрэ», нэгъуэщӀхэри), У. Шекспир и «Лир пащтыхьыр» («Король Лир») тхыгъэ цӀэрыӀуэр.

Псом япэу и гугъу щӀыпхъэщ Бещтокъуэр зэрыусакӀуэ нэсым. Къэдгъэлъэгъуа зэманым къриубыдэу абы и Ӏэдакъэ къыщӀэкӀащ усэ сборник пщӀы бжыгъэхэр: «Ракетодромхэр» (1969), «Розэм и чэзущ» (1973), «Адэжь щӀыналъэ» (1978), «Нарт макъамэхэр»

(1981), «Напэ» (1985), «ФІылъагъуныгъэ тхылъ» (1988), «Псым щхьэщыт жыг закъуэ» (1991), «Лирикэ» (1993), «Тенджыз Іуфэ гъуэгуанэ» (1998), «Дуней телъыджэ» (2003), «Бжьыхьэ дыщафэ» (2006), «Дыщэхурэ фІамыщІрэ» (2012), нэгъуэщІхэри. 2011 гъэм Хьэбас и усэ тхылъ Мейкъуапэ къыщыдэкІащ, Къулэ Лидэ адыгеибзэкІэ зэридзэкІауэ. Апхуэдэуи, 2009 гъэм дунейм къытехьащ Бещтокъуэм и литературэ-критикэ статьяхэр щызэхуэхьэса «Анэдэлъхубзэм и псынащхьэ» тхылъыр.

Хьэбас и усэхэр урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ иту дунейм къытехьар зы тхылъ цІыкІу закъуэщ, дяпэкІэ апхуэдэ тхылъ къыдэкІынуи фІэщщІыгъуейщ. Ар щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхокІ: япэрауэ, дэ дызэрыщыгъуазэмкІэ, езы усакІуэр арэзы техъуэркъым и усэхэр урысыбзэкІэ зэрадзэкІыным; етІуанэрауэ, Бещтокъуэм и усэбзэр, и усэхэм ящІэлъ философие куур, нэхъыщхьэращи, сатыр къэскІэ хэшыпсыхьауэ хэлъ лъэпкъ зэхэщІыкІыр, адыгэ гупсысэкІэр урысыбзэм къизыгъэзэгъэфын зэдзэкІакІуэ къэгъуэтыгъуейщ. Зэгуэр Гъубжокъуэ Лиуан и гугъу ищІу, Бещтокъуэм мыпхуэдэу жиІэгъат: «Лиуан Губжоков – самый глубокий и тонкий лирик своего поколения. Но в переводах его не читай – в них его нет…». А псалъэхэр езы Хьэбаси епхьэлІэ хъунущ. ЗэдзэкІыгъуафІэкъым, зэдзэкІын хуейуи къыщІэкІынукъым къэзыгъэщІа лъэпкъым и нэпкъыжьэ зытелъ мыпхуэдэ сатырхэр: *«Лъэмыжыр хэуэу ещІыр ислъэмей, /Пшынауэщ пшэхэр…»; «Адыгэ губгъуэ пшэру /НатІэпэкІэ бжьэпэм пэщІэт, /Зэхэтщ уи гуэдз хьэсэр уэршэру, /Нартыхур шуудзэу зэхэтщ»; «ЕтІысэхыт (май. – Хь. Л.). Уи цей щхъуантІэр щыхи, /ЩІым и щІыфэ пцІанэм къеубгъуэкІ. /УпщІэ пыІэ хужьыр фІэлъэ жыгым, /(Уеззэшамэ, ари къохьэлъэкІ)»,* нэгъуэщІхэри.



Сыт хуэдэ Іуэхугъуэм хуэмыусэми, Бещтокъуэм и ІэдакъэщІэкІхэр лъэпкъ гупсысэкІэ псыхьащ, адыгэм и дунейр зыгъэнахуэ образхэр (бгы, шы, мывэ, фащэ, цей, хьэзыр…) гъуджэм хуэдэу абыхэм къатощ. ЗэбдзэкІынкІэ Іэмал зимыІэщ мы сатырхэри:

*Цей фІыцІэшхуэм губгъуэр ихуэпащ.*
*Дунейм и гум махуэр ихупащ.*
*Жыжьэ соплъэр: нэхухэр, жэщ къэхъейр*
*Дыщэ хьэзырыбгъэщ, бгырыс цейщ.*

*Си губгъуэшхуэ, хьэзырыншэ цей*
*Си адэшхуэм щитІэгъакъым зэи.*
*Ирахыну хуежьэм уи хьэзыр,*
*Сигу къэчэнур – уи фокІэщІ хьэзырщ!*

Бещтокъуэм и усыгъэр къуэпсыбэщ, плъыфэбэщ. Гупсысэ щІэлъым екІужу гъэпса абы и усэхэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар анэрщ, хэкурщ, цІыхум и гурыщІэхэрщ. Псом хуэмыдэу, хэкум теухуа усэхэр Хьэбас и ІэдакъэщІэкІ нэхъыфІхэм ящыщщ, адыгэ усыгъэм сыт щыгъуи къыдэгъуэгурыкІуэ граждан лирикэм и зыужьыпІэщ. Бещтокъуэм и усыгъэм щынэхъыбэщ адыгэм и тхыдэм, лъэпкъым и къэкІуэнум хуэгъэпса усэхэр. Сыт хуэдэ зэман хамылъхуами, сыт хуэдэ щІыпІэ щымыпсэуами, сыт хуэдэ

къулыкъу иримыхьэкIми, дэтхэнэ цIыхум и дежкIи нэхъыщхьэр къызыхэкIар ищIэжынырщ, игъэпэжынырщ, и лъэпкъ хабзэ игъэнэхъапэрэ и бзэ Iурылъыжу псэунырщ. Аращ усакIуэми щIыжиIэр:

*Уэ уадыгэщ дэнэ ущымыIэми,*
*Дунейр уи мылъкуми, зы апэсы уимыIэми,*
*Уэ уадыгэщи – уи лъахэмкIэ еплъэкI,*
*ЕплъэкIи, хуэщIэ, къыумыгъанэу плъэкI.*

АрщхьэкIэ, нобэкIэ гъунэжщ «адыгэу ущытыныр гугъу»* къэзыщI щхьэусыгъуэхэр. Дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, Бещтокъуэр егъэпIейтей дунейр зэрынэмыщIысам, IутIыж Борис и жыIауэ, «фитIнагъэ фиблым кIуэцIысхэр», езы Хьэбаси и жыIауэ «фыгъуэ-ижэ синдром» зыпкърытхэр гъащIэм зэрыщытепщэм:

*ФIеиIуэурэ зэрахъэ,*
*Я хьэгъэщагъэр ебэкIыу,*
*ФIыуэ дыгъуауэ зыгъахъэр*
*Мыдыгъуэфам епэгэкIыу.*

Хьэбас и усэхэр пэжым и телъхьэщ, къабзагъэм, дахагъэм, гуапагъэм хуэунэтIащ, философие гупсысэхэмкIэ узэдащ. *«Пхуэмыгъэдахэмэ гуапэмкIэ, /ГъащIэр – яута чэтщ»* жызыIэфа усакIуэм, дауи, а гъащIэри, зыхэпсэукI зэманри, и псэр къуэпс лъэщкIэ зыпыщIа ди тхыдэ гукъутэри кууэ зыхещIэ, къызыхэкIа лъэпкъым и фIым щогуфIыкI, и Iейри «гуащIэу къыщеузым, хуэфэщэн еус»:

*Мухьэжырхэм я гъуэгуанэ,*
*Мухьэжырхэм я тенджыз,*
*ЩIэблэ куэдым ди гукъанэ,*
*Ди губампIэ, ди гууз.*

*Мухьэжырхэм гу кIыргъ макъыр*
*Хамэ гъуэгухэм нывщагъэIу…*
*Пшахъуэр магъыр, уэгур магъыр,*
*Къуршхэр жэщкIэрэ мэщэIу.*

Бещтокъуэм и усыгъэр уэгум етащ, абы и «псэр уэгу хуитым йопсэхуэж». Аращ усакIуэм дыкъыщIыхуриджэр цIыхум иджыри иуцIэпIыну зыхунэмыса уэгу къабзэмкIэ нэхъыбэрэ дыплъэну, нэхъыбэрэ Ухыгъэм дегупсысыну, апхуэдэ щIыкIэкIи ди псэр фIеигъэм щытхъумэну:

*Нэхъыбэрэ фыплъэ уафэмкIэ,*
*Нэхъыбэрэ фегупсыс.*
*Дунейм фытетыху, IуэхущIафэкIи*
*ПсэкIи фымыугъурсыз.*

Къызэрыхэдгъэщащи, Бещтокъуэм и творчествэм къызэщIеубыдэ дыкъэзыухъуреихь дунейри, лъэпкъым и

*Бемырзэ Мухьэдин и усэ сатырщ.

гъащIэри, гъащIэм и философиери. Ауэ абы и фIыпIэу къэлъытапхъэщ усакIуэм и лъагъуныгъэ лирикэр. Ар езыр налъэ куэду зэтепщIыкIыжми, Хьэбас и гухэлъ усэхэм нэхъыщхьэу щыпхрышар гурыщIэ нэху зыхэлъ псэм нэхъ къабзэрэ зи лъынтхуэхэм гухэлъ «щызежэ» пкъым нэхъ дахэрэ зэрыщымыIэрщ. Аращ усакIуэм и псэр псынэм хуэдэу лъащIэншэ зыщIри:

*Уиплъэн плъэкIамэ, си псэ-псынэм –*
*Псэм щыкIэзызу уи сурэтыр*
*Къалъагъужынти гуфIэу уи нэм,*
*Уэ зэхэпхынт псынэ уэрэдыр.*

Бещтокъуэм и лъагъуныгъэ лирикэм цIыхухэр нэхъыбэу зэрыщыгъуазэр абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэмкIэщ: «Си дахэкIей», «Сыт пхуэсщIэнур, сигу?..», «Изолъхьэ сигу сынэмыкIуэну…», «Си лъагъуэ», нэгъуэщIхэри. Мы уэрэдхэр и щыхьэт наIуэщ Бещтокъуэм и усыгъэр зэрыкуум къыдэкIуэуи, ар бзэ шэрыуэкIэ зэрытхам, абы хэт макъ зэщIэжьыуэхэм макъамэм пэджэж ритмикэ шэщIа къызэрагъэщIым.

Хьэбас и усыгъэр гумрэ псэмрэ нэхъ яхуэгъэзауэ, цIыхум и псэкупсэ дунеймрэ уэгумрэ я зэхуаку дэтми, усакIуэм гулъытэ хэха хуещI щIылъэм и дахагъым, адэжь щIыналъэм и теплъэ гуакIуэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Бещтокъуэм и усыгъэм IупщIу къыхощхьэхукI пейзаж лирикэри. УсакIуэр зыхуэусэ псоми псэ яIутым хуэдэу захуегъазэ, абы и усэхэм къыхэщ щIыуэпсыр цIыхум хуэдэу мэпсэу, магъ, мэуз, мэхущхьэ, мэгуфIэ, мэхъуапсэ: *«Жэщыр йошри, допщыж къурш жеям…»; «Мэзыр и щхьэ щIэтIахъуэрт, хуэм цIыкIуу»; «Бзийр мэуз»; «Уафэр псафэ ежьэжащ»; «Уэсыр щабэу мэбауэ»; «ГуфIэжу мывэхэм загъэпскI»…*



Бещтокъуэм и усыгъэм къызэщIэкъуауэ ухэплъэмэ, къыхэгъэщыпхъэщ ар «интеллектуальнэ усыгъэкIэ» зэджэм нэхъ пэблагъэу зэрыщытыр. Хьэбас фIыуэ къыгуроIуэ «уафэм къехуэха» талантым и закъуэкIэ усакIуэ нэс узэрымыхъунур. Абы къыхэкIкIэ, и щIэныгъэми, гъащIэм къыхих дерсми, и зэхэщIыкI-гупсысэми хигъахъуэ зэпытщ: динри, тхыдэри, гъуазджэри, литературэри, критикэри, публицистикэри щIепщытыкI. Бещтокъуэм и усыгъэр зы пIэм зэримытым и щыхьэтщ усакIуэм ди литературэм щыщIэщыгъуэ жанрхэр къызэригъэIэрыхуэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, критикхэми, литературэдж щIэныгъэлIхэми, щIэджыкIакIуэхэми нэхъ ягу дыхьа, адыгэ литературэм и лъэбакъуэщIэу къалъыта «Мывэ лъэхъэнэ» роман-мифыр. Езы тхыгъэр усакIуэм зи къупхъэ иригъэзэгъа жанрыр щIэщыгъуэу, абы къыдэкIуэуи, езы роман-мифыр усэу тхауэ зэрыщытыр Iуэхум къыхэплъытэмэ, Бещтокъуэ Хьэбас и «Мывэ лъэхъэнэр» иджырей лъэпкъ литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм зэращыщыр шэч зыхэмылъыжщ. Мифыр и лъабжьэу абы къыщыгъэлъэгъуэжащ адыгэм и тхыдэ лъыкIпсыкIыр, абы и щхьэусыгъуэхэри, тхыгъэм и мурад, идее нэхъыщхьэри мифологие образхэм пэгъунэгъуу усакIуэм къигъэщIа ХьэнэIу и псалъэхэм щIагъыбзэ куукIэ щIэгъэпщкIуауэ къокIуэ: *«– Жыгхэм сытри ядэнущ, /Ауэ зэикI къофыгъуэнукъым Жыг./ Жыг иукIыркъым жыг, /Ауэ щыхъукIэ – /НэхъыфIкъэ мы жыгхэр».*

# ЖьантӀэ

Адыгэ литературэм и хэлъхьэныгъэщ Бещтокъуэм и пьесэхэмрэ драмэ-поэмэхэмрэ: «Имыс», «Истамбыл къикӀа джэду», «Нэсрэн ЖьакӀэ» («Адыгэ Прометей»), «Кхъуафэжьейкӏэ хым зэпрысыкӀхэр», «Сэроробот». Мы тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ нобэрей гъащӀэр, лъэпкъ интеллигенцэм и псэукӀэр, щэнхабзэм и щытыкӀэ гугъуур. Псалъэм папщӀэ, «Кхъуафэжьейкӏэ хым зэпрысыкӀхэр» драмэ-поэмэм щызэфӀигъэувa персонажхэм я бзэкӀэ Бещтокъуэм къеӀуатэ нобэкӀэ лъэпкъ щӀэныгъэр, щэнхабзэр, еджэныгъэр зыгъэпӀейтей Ӏуэхухэр, абыхэм я зыужьыныгъэм гулъэф хуэхъу никъусаныгъэхэр.

Бещтокъуэм и драмэ тхыгъэхэм гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ яӀэщ, абыхэм я мурад нэхъыщхьэри цӀыхухэм я хьэл-щэн мыхъумыщӀэхэр сэтей къэщӀынырщ, Ӏейр «гъащӀэм хэгъэкъэбзыкӀыным» псэемыблэжу телэжьэнырщ.

Щхьэхуэу къытеувыӀапхъэщ Бещтокъуэм и тхылъыщӀэм – 2012 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапӀэм къыщыдэкӀа «Дыщэхурэ фӀамыщӀрэ» роман-дневникым. Тхылъым ихуащ адыгэ литературэми, нэхъ убгъуауэ къапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэхэми щыщӀэщыгъуэ жанркӀэ – лирикэу гъэпса роман-дневникыу – тха тхыгъэшхуэмрэ поэмэхэмрэ («Адыгэ Прометей», «Имыс», «Сэроробот» драматическэ поэмэхэр, «Зауэ щӀыӀэр» поэмэр, «Истамбыл къикӀа джэду» трагикомедиер).

Лирикэу гъэпса роман-дневник жанрыр ди литературэм и лъэбакъуэщӀэщ. Ар зы гупсысэ кӀапэкӀэ зэпыщӀа усэ щищу зэхэтщ. А гупсысэ кӀапэр зы псалъэкӀэ къыпхуэӀуэтэнукъым, езыри налъэ-налъэу зэтопщӀыкӀыж, ауэ тхыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы щынэхъыщхьэр адыгэм и дунейрщ, лъэпкъым и гъащӀэрщ – и тхыдэ гущӀыхьэрщ, и нобэрей щыӀэкӀэ-псэукӀэрщ. 49

Зэ еплъыгъуэкӀэ гу лъумытэу, ауэ гупсэхуу щӀэбджыкӀмэ, роман-дневникым къыхонэхукӀ сабиигъуэр уигу къэзыгъэкӀыж, гугъэфӀкӀэ псыхьа сатырхэр. ГъэщӀэгъуэнщ апхуэдэ гупсысэхэр Бещтокъуэм къызэриӀуатэ сабиибзэри:

*Ухуэмызауэ пӀэрэ блэкӀыу*
*Ди сабиигъуэм,*
*ЧыцӀ цӀыкӀухэр щӀыгъуу къызэплъэкӀыу,*
*Хьэу цӀыкӀухэр щӀыгъуу?*

Тхыгъэр зэрыт жанрми къызэригъэнаӀуэщи (дневникыу щыщыткӀэ), абы щӀэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр усакӀуэм и гъащӀэм къыгуэхыпӀэ имыӀэу епхащ, нэхъ пэжу жыпӀэмэ, «Дыщэхурэ фӀамыщӀрэ» роман-дневникыр автобиографическэ тхыгъэщ. Псом япэу абы къыхэщыр усакӀуэм и гъащӀэ гугъусыгъурщ, и псэ пӀащӀэрщ, игу мызагъэрщ.

ЯщӀэлъ философие гупсысэкӀэ, я къэӀуэтэкӀэкӀэ афоризмхэм пэгъунэгъущ роман-дневникым хыхьэ усэхэм я нэхъыбэр. Псалъэм папщӀэ, я мыхьэнэри куурэ езыхэри гъэщӀэгъуэну гъэпсащ мы сатырхэр: *«Куэд елъытащ узышэм псафэ»; «Гугъум я нэхъ хьэлъэр зыхьри / Насып жыгымкӀэ йоплъэкӀ»; «ГъащӀэр – зы бэуэ-гъуэщ, / Ущежьэжым деж, / Ауэ зы Ӏубыгъуи / Здэпщтэу ямы-*

*дэж»; «Поэзиер мы щӏыгум щатхми, / Мо уэгум псэкӏэ пэгъунэгъущ»…*

Бещтокъуэ Хьэбас ноби адыгэ литературэм жыджэру холэжьыхь. Гъащӏэм и щэхухэр псэкӏэ къэзыхутэу, къихутар усэбзэ дахэкӏэ ди пащхьэ къизылъхьэжыф усакӏуэ щэджащэм дохъуэхъу и гъащӏэри и гуащӏэри кӏыхь хъуну!

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щӏэныгъэхэм я кандидат*

*Усэхэр* **БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас**

**МАМЭ**

**Зэм сыпӏэщӏех толъкъуну гъащӏэм,**
**Лъыхъуэным уи нэр ирегъэш.**
**Зэш кӏыхьыр пхуэмыхьыжу къасщӏэм,**
**Уи лъэӏукӏэ сэ къызогъэзэж.**

**Плъэкӏамэ, уи гур щӏакхъуэ ӏыхьэу**
**Къысӏэщӏэплъхьэну сыкъосыж.**
**Сэ си гур сфӏокӏэзыз гущӏыхьэу,**
**Уи нурыр и пӏэм имытыж.**

**Итӏани, фӏыкӏэ сыпхуэгугъэу,**
**Гупсысэ ябгэр согъэпщкӏуж.**
**Сыщегупсыскӏэ уи цӏыхугъэм,**
**Сигу хьэкӏэкхъуэкӏэм зеукӏыж.**

* * *

**Кавказ! Къаз хужьхэр бгыхэм къащхьэщохьэ,**
**Псыкъелъэм хофри уафэм йобзеиж.**
**Къеджэлэха толъкъунхэр зэрызохьэ,**
**Ткӏуэпс къахэпэжыкӏахэм заукӏыж.**

**Кавказ! Уи гъуэзым из уи дыгъэ бзийхэм**
**Си къупщхьэр къызэпхыпсу сагъэнэху.**
**Кавказ бгъэгуху! Уи джабэм, уи къабзийхэм**
**Я хуабэрщ си псэр зыпӏыр сыбэуэху!**

# ЖьантIэ

* * *

**Уэсыр щабэу мэбауэ.**
**Псэм къыхосэ, мэтIыс.**
**Дыгъэ бзий къэтIэпIауэ,**
**Хьэуа къабзэм щосыс.**

**Си Iэпкълъэпкъхэр къудамэу**
**Хэхъуэу зэм къысфIощIыж.**
**Си мурадхэм я дамэм**
**Къэзгъэщlар къатIэщIыж.**

**Уэсыр щабэу мэбауэ.**
**Дыгъэ бзийхэр зэпоч.**
**НитIри сэ зэтеспIауэ**
**Дуней гуэрхэр нэгу щIокI.**

**Дыгъэ бзий зэгуэлъэлъхэр**
**ЗэIуещэжыр сэтейм.**
**Хъуапсэ джылъу псэм хэлъыр**
**Хеухуанэ пщэдейм.**



* * *

**Бахъсэн аузыр мазэм и Iу бахъэм**
**Хэджэрэзащи, мэпIейтей Бахъсэн.**
**Къызбруныжь пшэ джанэ зыщетIагъэ, —**
**И гугъэу дыгъэр зригъэхъуэпсэн.**

**Апхуэдэ джанэ дыгъэм зрипэсрэ?**
**Джылъ мыдарийуэ зригъэIусэн:**
**Нэхущ къэсыху зы джанэ плъыжь егъэсри,**
**ПцIанабзэу зыкъыхедзэ ди Бахъсэн!**

## АДЭШХУЭ

**Си адэм ядэм и адэж**
**ЛIы ябгэр куэдрэ къызоджэж:**

**«Угубзыгъащэ? УщыкIа?**
**Уи къуэпсхэр пщэжу — уисыкIа?**

Зыкъыпфlэщlыжрэ? Уеджэща?
Уадэмыхъужрэ? Уезэша?»

Си адэм ядэм и адэж
Лlы пагэр ткlийуэ къызоджэж:

«Ядэхъу, ядэжэ, дэни нэс,
Итlани, умыгъэгъу уи къуэпс.

Уи къуэпсыр зэ пыбупщlыжам,
Уэ къыпщlэжынур къыпщlэжащ.

Зэпщlэжыфынур зэпщlэжащ,
Ущlэпсэунур щlэптlэжащ».

И нэ бзаджитlыр пщтыру къоплъ,
Сэ тlэкlу дзыхьмыщlу къысхукъуоплъ.

И къамэр фlыцlэщ, и дзэр хужьщ,
И пыlэр къуацэщ, и нэр плъыжьщ.



## «ФIЫУЭ УСЛЪАГЪУРКЪЫМ»

— Фlыуэ услъагъуркъым! — бгъэчыр бгъэузри,
Псалъэхэр гущхьэм уэсу тесащ.
— Фlыуэ услъагъуркъым! — си лъым икъузри,
Щымытыжыфу, си гур тlысащ.

— Фlыуэ услъагъуркъым! — напlэ lэтахэм
Ахэр уэ топу къытещэщащ.
— Фlыуэ услъагъуркъым, — жоlэ си дахэм, —
Хьэлъэу си lупэм къаlущэщащ.

— Фlыуэ услъагъуркъым! — уэ ущlыхьэжри,
Бжэр уи хъумакlуэу къэбгъэбыдащ.
Сэ сыкlуэжынут, си лъэм сахьыжми,
Си гур бжэ дзакlэм дебгъэпlытlащ.

# ЖьантІэ

* * *

Сэ зэрысщІэжрэ гурыгъуу зыщ сиІар —
Уэ зы телъыджэ гуэр зэрыпхуэзмыщІэр.
УзэрысцІыхурэ мы си гум зыщ къеІар —
Уэ уи псэм и сурэт зэрысхуэмыщІыр.

СІыгъащ уи блыпкъыр, уигу ешар сІыгъащ,
ИтІани уи псэр къыщысхуэмыгъуэтым,
ХьэмбыІуу тІысри си гур бгъэм щыгъащ,
Сэ сыпщІэхъуэпсти уэ узэрыщыту.

## ІУАЩХЬЭМ

Сэ сфІэкъабылщ мыпхуэдэу тщІымэ:
Уи джабэм сэ сыкІэрылъынщ.
Уэ уи бгъэм илъыр псори щІымэ,
СыщылъыхункІэ ущымынщ.

Ауэ мы уи бгъэм щІы нэмыщІу
Илъыххэмэ нэгъуэщІ зыгуэр, 53
ЖегъэІэ удзхэм ямыбзыщІу.
Мышынэхэу иреуэршэр.

КІуа тхыдэм щыщу хъуаскуэ мыхъуми
ЩІэлъыжу щытмэ уэ уи щІагъ,
Усакъыу си гум ар къыщыхъуэ —
Ныхилъхьэжынущ дэп пщтырагъ.

* * *

Бзэр тІэщІэкІмэ, дылъэпкъкъым.
Акъыл ин ухуэмей,
КъыбгурыІуэу а тІэкІур
Утетыну дунейм.

Бзэм и макъхэм ди тхыдэр,
Ди лъыр, ди псэр хэпщащ.
Бзэр тхъумэну зымыдэр
Ди биям къагъэщІащ.

# ЖьантIэ

**Бзэр тIэщIэкIмэ, досыкIыр,**
**ТIэщIэкIами дрикъунт.**
**КIуа лIэщIыгъуэм лъыкIпсыкIым**
**Хипщэжар сыт хъужын.**

**Бзэр тIэщIэкIмэ, докIуэдыр,**
**Лъы зыщIэтыр фысакъ.**
**Псы зыщIэтыр текIуэту,**
**ВгъэIу бзэ хуабэм и макъ.**

## ДЫЩЭХУРЭ ФIАМЫЩIРЭ

*Лирикэу гъэпса роман-дневникым щыщ*

### 30

**Си джанэр щысхри сытIысащ,**
**Акъужьыр хуиту къепщэт,**
**Ди гъащIэм тIэкIу сегупсысащ,**
**Гупсысэм сритепщэу.**
**Тепщэгъуэ гуэри симыIа,**
**Мылъкушхуи сылъыхъуакъым.**
**МазэщIэм сигу къысфIиуIам**
**СемыIэзащIэу хъуакъым.**

25.07.2007

### 32

**Зэгуэр Iэтауэ яхьа ныпыр**
**Иджы зэм-зэму драIэтей.**
**ПхущIалъхьэжамэ лъэпкъ насыпыр,**
**Ухуеймэ дапщэри пIейтей.**

**Гууз-лыузым дыхэмыкIыу**
**Дызэрыпсэур хэт къыфIэIуэху?!**
**Е щIэс уи унэ ущIэмыкIыу,**
**Е кIий, Iуэху уащIу уатхьэлэху.**

07.07.2007

# ЖьантIэ

**37**

**Бзур мэфий, къуаргъыр магъ,**
**Зы губжь гуэр зэщIагъэст.**
**Мы жыгышхуэм и щIагъ**
**Дрикъуху дыщIэгъэс.**

**Мы дунейр нэхъ къагъэплъ,**
**Мэхъу шынагъуэр нэхъ куэд.**
**ТIэкIу мо уафэм дегъэплъ,**
**ТIыс, уи узыр укIуэд.**

**Мы жыг щхъуантIэм и щIагъ**
**Дрикъуху дыщIэгъэс.**
**Мы дунейр зи дахагъ**
**МащIэ-мащIэу ягъэс.**

19.08.2007

**58**

**Псэ хъарзынэ зетхьэу**
**Псоми къытфIощIыж.**
**Зыр фыгъуэным хетхъэ,**
**Зым зыкъыфIощIыж.**



**Далъэркъым акъужьыр,**
**Тхьэмпэхэр мысэхъу...**
**Псори Дунеижьым**
**Iэзэу зэхуегъэхъу.**

02.10.2007

**63**

**Е уэс? Е жэп? Мо хужьыр, щIыIэр?**
**Тхьэм ещIэ – пIалъэр къэсагъэнщ.**
**ЩIалэгъуэр... Дэнэ ар здэщыIэр?**
**Гум и пщтырагъым хисхьагъэнщ.**

**Е уэс? Е жэп? Мо хужьыр, щIыIэр?**
**Къыпхуэзэшауэ къехагъэнщ.**

# ЖьантIэ

**Псэхугъуэр… Дэнэ ар здэщыIэр?**
**УпIейтеиIуэу бгъэщтагъэнщ.**
24.11.2007

**67**

**Данэху-данапIэм щапIри**
**ЩIы фIыцIэм йокIуэлIэж.**
**Мыгъуагъэри хьэзабри**
**Абы егъэзэгъэж.**

**«Жыг дахэу» уэгум щыIэм**
**КъытIумыхуэн япытщ…**
**Ди щIыгум щагъэгуIэм**
**Я бжыгъэри мылъытщ.**
22.12.2007

**111**



**Сыкъэтэджмэ — услъагъунущ,**
**Сыгъуэлъыжмэ — узипщIыхьщ.**
**Уэрыншамэ — псэр сфIэгъунущ,**
**Уэрыншамэ — гур Iыхьшыхьщ.**

**Илъэс Iэджи уэ ущыIэу**
**СымыщIэххэу есхьэкIащ.**
**Жьы сыхъуауэ дуней щIыIэм**
**Дыгъэу укъыщыкъуэкIащ.**
06.08.2008

**132**

**Фыгъуэ-ижэ — адыгэ синдром,**
**Мы дунейм щыблэжьащ уэ зыкъом**
**Хьэгъэщагъэу, хьилагъэу, бзаджагъэу,**
**Лъэпкъым дежкIэ насыпыншагъэу.**
**Фыгъуэ-ижэ, адыгэм ди лыших,**
**Ди лъэпкъылъ, ди насып къызыпыж.**
20.10.2008.

# ЖьантӀэ

**142**

**Мыкуэд хуэныкъуэр пщӀахэм,**
**Ухуеймэ зыфыщӀыж…**
**ЦӀыхубэр зыфыщӀахэм**
**Фэеплъ хуагъэувыж.**

**Фэеплъи кхъащхьэдэси**
**Дылъыхъуэу дымыпсэу.**
**Бзаджагъэр жьантӀэдэсщи,**
**Етхьэлэ дуней псор.**
14.11.2008

**170**

**Хугу зыщып тхьэрыкъуэхэр**
**Зэрызекъуэу щысщ.**
**Къыдэнахэм щӀыкъуэхэм**
**Нобэ сыт я Ӏус?**

**Хугу ящып тхьэрыкъуэхэм,** **57**
**Я насыпым щыщ…**
**Хъуапсэм, ныкъуэдыкъуэхэм**
**Тхьэм гущӀэгъу къахуищӀ.**
31.12.2008

**176**

**Уи нэгур уэгум хуэгъэзауэ**
**Дунейм узэрытетыр**
**КъызэрызгурыӀуэнур дауэ?**
**Зы жэуап гуэр къызэтыт.**

**Е уи псэр уэгумкӀэ къикӀа?**
**Е щӀыгур гум пӀимыхрэ?**
**Уи гъащӀэ гуащӀэу писыкӀам**
**Ӏугъуэмэ тӀэкӀу къыпихрэ?!**
03.01.2009

# ЖьантIэ

**231**

**Сыщытхэ стIолым фемыIусэ,**
**НэгъуэщIкIэ сывэмыныкъуэкъу.**
**Зэхэвмыгъэзэрыхь си усэ,**
**Къызэвмыгъаджэ къулыкъущIэкъу.**

**Къысщыхьэм — щIагъуэкъым спихынур,**
**Абыхэм Iуэхур нэвмыгъэс.**
**СыпсэухункIэ сигу къисхынур**
**ТхылъымпIэм къабзэу къылъывгъэс.**

28.11.2009

**241**

**Тенджызхэр нэпкъым ирикIэкIыу,**
**И мэзхэр емызэшу къэкIыу,**

**И бзухэр лъатэу, жыгхэр щатэу,**
**И пшэхухэр уэгум щызелъатэу**

**Мы щIыр дэ къытхуэзыгъэщIар**
**ЩыгуфIыкIыну сыт хуэтщIар?**

05.12.2009

**275**

**Ди лъэпкъ тхьэмыщкIэ, укъэмыушурэ,**
**Уи пшынэ макъыр ужьыхыжащ.**
**Щхьэщытхъужынкlэ, хъуэхъукIэ уемышурэ,**
**ПщIыхьхэм уи тхыдэр хэпшэхъуэжащ.**

**Щызэрызекъуэхэм мы дуней гугъум**
**УадекIуэкIыныр мыкъалэн тынш.**
**Ар къыдгурыIуэми, фIым дыщыгугъыу,**
**Уэ дыпхуэхъуапсэурэ дыкъыпхуоуш.**

08.02.2011

*Адыгэ литературэм хуищIа хэлъхъэныгъэм къыпэкIуэу, тхакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и жэуапыхь секретарь Елгъэр Кашиф иджыблагъэ къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр. Лъэпкъ культурэм илъэс 50-м щIигъуауэ и къару емыблэжу хуэлажьэ ди нэхъыжьыфIым, ди лэжьэгъум дохъуэхъу апхуэдэ пщIэ ин къызэрыхуащIамкIэ. ИкIи ди гуапэу тыдодзэ и тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зы – «Лъагъуныгъэм и бзэ» повестыр.*



ЕЛГЪЭР Кашиф

# Лъагъуныгъэм и бзэ

*Повесть*

УафэхъуэпскIхэр чынутI жану зыщхьэщыфиикI махуэ ныкъуэ уэлбанэм ещхьт сэркIэ а гъэмахуэр: ар гъэнщIат пшэ фIыцIэжьхэм къапхыукI уафэгъуагъуэхэмкIи, псыхьэлыгъуэ утхъуахэмкIи, псыхьэлыгъуэ къабзэхэмкIи, уафэм и дыщэ щыгъэ лэгъупыкъухэмкIи. 

АтIэ, таурыхъым и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэркъым, жи.

Си сэкъауэр сщIэкIыу дзэм сыкъыщикIыжа гъэм, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, къэшэн-нэшэн Iуэхум сыхыхьэну жыжьэуи сигу къэкIыртэкъым. Си мурадыр сыт жыIэт? Илъэсищ ипэкIэ сыкъэзыгъэлъеижауэ щыта еджапIэм иджыри есхулIэу Мэз Мэзан хузэфIэкIыр, ар ауэ сытми фIырыфI цIыкIукIэ къыпхуикIуэтынухэм зэращымыщыр къэзгъэлъэгъуэнырт. Щхьэщытхъуагъ хэзмылъхьэу зыкъэзумысыжынщи – икIи сыкъигъэгугъэрт. Сыкъызэригъэгу-гъэри делэ гугъэкIэутэкъым. Дзэм сызэрыщыIа илъэситIми сыбэлэрыгъатэкъым. Уи насыпым кърихьэкIынумэ – куэдрэ? КърихьэкIат си насыпым. Пэжщ, насыпри езыр-езырурэ хьэзыру уафэм къехуэхыркъым. Школым дыщыщIэса гъэхэм щыгъуэ шофер IэщIагъэ зэзгъэгъуэтат. Си адэ къуэшым и къуэр шоферти, школ нэужьым, псом хуэмыдэу гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм, абы сыкIэрыIуауэ къэскIухьурэ Iуэхум хъарзынэу сыхэгъуэзат. Си иужьрей дыдэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр шофер Iуэхум тезгъэкIуэдэпами, школыр къыщызуха гъэм шофер IэщIагъэи зэрызгъуэтамкIи тхылъ къабзи сиIэт. А псор къыщIезгъэкIуэкIыжыр гугъуехьым зэи уи Iупэ зэрыIуимыудынур, сымыщхьэхыу, гугъу зезгъэхьу зэзгъэгъуэтауэ щыта IэщIагъэм иужькIэ и сэбэп къызэкIыжауэ зэрыщытар жысIэжыну аращ.

Сызыхэхуа частым и командирым сришоферу дзэм къулыкъу зэрыщысщIа илъэситIри къесхьэлIащ. Апхуэдэуи узэрышоферынт! Борисов Николай Иванович и полковникыгъэмрэ и къулыкъумкIэ хуумыгъэфэщэну, езым и ныбжькIэ щIалафэ дыдэ тетт. Щхьэхрэ

ешрэ зымыщIэ цIыху псынщIэ гуэрт. Ауэ щыхъукIэ, абы уришоферу ущхьэхынэныр, зыщIебгъэхыныр напэтехт. Сыт щхьэкIи сыщхьэхынт, зыщIезгъэхынт? Уи щIалэгъуэмэ, уи къару илъыгъуэмэ, хъарзынэкъэ? Сэ а тIуми срапащтыхьт: си ныбжьыр илъэс пщыкIубгъум нэсауэ арат. Къару илъыгъуэ жыпIэнщи, къущхьэхъу выщIэм сыхуэдэт. Школым сызэрыщIэс лъандэрэ хьэлъэ къэIэтыным сыдихьэхауэ щытти, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ си Iуэху бзаджэтэкъым. «Iэмал къозымытыр, узымыгъакIуэр уи Iэблэхэр зэрыкIыхьсолэрщ, армыхъу уэ къарууэ убгъэдэлъымкIэ, районыр щыгъэтауэ, республикэм и чемпион ухъунт», – жиIэрейт си Iэблэ «угъурсызитIым» хуэмыарэзы ди физрукым. Ауэ, ар блэкIа Iуэхукъэ, районми республикэми я чемпион сымыхъуами, хьэлъэ къэIэтынымкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъу, сэ схуэдэ зы щIалэжь сяпэ изгъэщыну мурад зэрызимыIэр гугъэ нэпцIу зэрыщымытыр къэзгъэлъэгъуэн папщIэ утыку зыбжани сихьат, уеблэмэ зэи-тIэуи зэхьэзэхуэхэм сыщыпэжат. Ауэ «кIуапIи-жапIи къызэзымыт си Iэблэ угъурсыз кIыхьсолитIыр» си IэкIэ схуэгъэкIэщIыжынутэкъыми, япэ разряд нэхъыбэ къысхуэмыхьауэ дзэм сыдэкIат. Уи щхьэ темылъ теплъхьэ мыхъу щхьэкIэ, уи щхьэ дыдэри щхьэ гъэпудыжын хуей? Си спортсменыгъэми и зэран къызэкIыртэкъым. АбыкIи си командирым и напщIэм сытелът. Алыхьым иужэгъужыпа гуэр упэщIэмыхуамэ, ущIалэ жанмэ, ущIалэ бланэмэ, уи IэщIагъэми мыбзаджэу хэпщIыкIмэ, сыт щхьэкIэ фIыуэ укъамылъагъунрэт? Ауэ сэ си кIэныр къыщикIыпар полковник Борисовым сэри литературэм сызэрыдихьэхыр къищIа нэужьщ. Пэжщ, сэ нэхъ пасэу къэсщIакIэт езы Николай Иванович литературэр фIыуэ зэрилъагъур. Илъагъу къудейм къыщымынэу, абы и усэхэр газетхэм, сборникхэм къытехуэрт. Сэри усэ зэрыстхыр, стхы къудей мыхъуу, си усэхэри газетхэм къызэрытрадзэр си командирым къезгъэщIэну сыпIэщIеижырти, си Iупэр пIэжьажьэрт, ауэ си жьэ къысхуегъакIуэртэкъым – сукIытэрт, япэрауэ, абы щыгъуэ си усэхэр къызэрытрадзэр адыгэбзэт. СыбукIамэ, икIэрауэ зы усэ сатыр урысыбзэкIэ схуэтхынутэкъым (щысхуэмытхыххэну щыпихыжар нобэщ – иджы нэхъ къызгурыIуащ ар зищIысыр). Мыдрейуэ, уи усэхэр зытепсэлъыхьым щыгъуазэ сыщIыт жыпIэмэ, си урысыбзэ мащIэр абыи зэрыхуримыкъунур тэмэму сщIэжырт. Ауэ щыхъукIэ, а псори зэхэплъхьэжмэ, уи бзэм ухуитыжу уи пIэ уисыжыныр нэхъ захуэт.

Арати, сисыжт. Ауэ а махуэм Iейуэ сыкъиубыдат Николай Иванович. Езым сежьэу жыг жьауэм сыздыщIэсым, унэм никIа письмор къызатыж. ЗанщIэу си псэм ещIэ: письмом газети щыдэлъкIэ, си усэ традзащ. СыпIащIэу зэтестхъмэ, хьэф зэрыжиIэу, зэрыхьэр къэсщIащ жыхуиIэу, щыуапIэр иIэт? Сыщыуатэкъым: нысхуагъэхьа газетышхуэм си усэ цIыкIуищ тетт. Дзэм сызэрыкIуэрэ арат япэ дыдэу традзари, сэ абы сызэрыщыгуфIыкIа жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ (абы щыгъуэ дэнэ къэна, ноби arащ: зыщIыпIэ зы усэ естамэ, ар къытрадзэхукIэ сфIэбэмащIэщ; уи тхыгъэм гъуэгу игъуэтауэ плъагъужыныр бын узыпэплъэр бэIутIэIуншэу дунейм къытехьа хуэдэщ).

Гуэныхь тхьэм сщимыщI, ди дежхэм нысхуатхами семыплъауэ, япэ дыдэу щыслъагъур нобэ нэхъей, усищым еуэ сыкъоджэ,

еуэ сыкъоджэ. ГукIэ зэзгъэщIэну сыпылъщ жыпIэнути, ахэр гукIэ зэрысщIэрэ, – уеблэмэ тетрадь напэм истхэным ипэкIэ, – куэд щIат. Ауэ къапысхыну сызыхуеймрэ къезгъэIуэтэну сызыпылъымрэ сымыщIэу соплъ усэхэм. ПсалъитI-щы зэрызэрахъуэкIарауэ къыщIэкIынт сигу темыхуэр. Сэ стхауэ щытамрэ си пIастэпсым къыхаIуа бэлагъымрэ зэзгъапщэрт, вындрэ пэт и шыр фIэдахэжщ, жи, сэ стхар куэдкIэ нэхъ къезгъэзэгъырт. Абы тIэкIуи сызэгуигъэпауэ, сыкъыдэплъеймэ – полковник Борисовыр къысщхьэщытщ. Мастэ къысхаIуу сыкъыдрагъэлъея нэхъей, сыкъыщолъэт. СыкъызэрыуцIыплъар си нэкIущхьитIыр къызэрисымкIэ къызощIэ. ХьэщхьэрыIуэхэр куэду щыщыIахэм щыгъуэ щIэхщIэхыурэ пщIыхьэпIэу тлъагъуу щытащ хьэщхьэрыIуэм дашх хуэдэу, ауэ ди лъэр зэщIэнауэ ди пIэм димыкIыфу, ди жьэр зэщIэнарэ псалъэ тхужымыIэу. Тэмэму апхуэдэт сызэрыхъуар асыхьэтым. Полковникыр и пащIэкIэ къысхущIогуфIыкIри щытщ. Абыи сризэгуоп. Щысыр убжьытхэри, щытыр укIытащ жыхуаIэращ, армыхъу мобы сыт и лажьэ? Ауэ цIыхум ухузэгуэпмэ, тхьэмыщкIи уохъури пщIэншэу гуэныхьи къохь. А зи гугъу сщIа хьэщхьэрыIуэ дызыгъэгужьейуэ щытахэм я фэ изоплъ лажьэ зимыIэ лIым: хьэщхьэрыIуэм и дзэлыфэр итIауэ си пащхьэ къит хуэдэу къысщохъу, мо къыпыгуфIыкIыу щытым сыщеплъкIэ.

– ЛIо, уэри усэ птхырэ, Мэз и къуэ? Ди тхьэмыщкIагъэ зыуэ къыщIокI-тIэ, – Борисовыр нэхъри къонэжэгужэ.

Сэ, гушыIэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ, жыхуиIэу, Iэджэм хузохь полковникым и псалъэр. Япэрауэ, къызыхэсхари сщIэжыркъым, абдеж занщIэу си гур зыхуэжар ЩоджэнцIыкIу Алий и «Хьэжыгъэ пут закъуэ» рассказым хэт Муратрэ Хьэсетрэщ (а тхыгъэр апхуэдизкIэ си псэм къыкIэрыпщIати, сызэрыщыуэ щIагъуэ щымыIэу, зэрырассказу гукIэ сщIэрт, ар гукIэ жысIэху къэскIи зыми зыкъезмыгъэлъагъуурэ сыгъуэгыу щытат). Дауи, Борисовыр зы-хуей зэригъуэтым игъэудэфа Мурат зыкъызыфIэщIыжат, сэ зи Iуэху зэкIэ мыщIагъуэ сы-«Хьэсет бацеж цукт». Апхуэдэ зэудэкIыкIэм я кум, хъуаскIэ къыдихын фIэкIа, фIы лъэпкъ къыдэкIынкIэ хъунутэкъым. Мыдрейуэ, «ди тхьэмыщкIагъэ зыуэ къыщIокI» жыхуиIэми кърigъэкIыр сыт? Ар зэрымытхьэмыщкIэр, мытхьэмыщкIэр щыгъэтауэ, щыхь куцIрэ фо цIынэкIэ машхэ жыхуаIэхэми зи дзыгъуэ лъынэ къикIыу къалъытэхэми зэрещхьыр си нэкIэ слъагъуркъэ! Абы я деж мызэ-мытIэу сыщIыхьакъэ? Езыр полковникрэ абы мазэм улахуэу къратым хуэдиз зэуэ игъащIэ псом нэкIэ сытемыплъамэ, и щхьэгъусэ Аннэ Ивановнэщи – дохутырышхуэмэ. И щыкъу анэ Марие Васильевнэщи – профессормэ!.. ЛIо абыхэм яхуэмыгъуэтыр?! ТхьэмыщкIэ, жи! Ди унагъуэри, ди Iыхьлыхэри, ди гъунэгъухэри, ди къуажэри – псори апхуэдэу зэрытхьэмыщкIэн!.. КIэщIу жыпIэмэ: «Сэ сызыхэт шыгъажэм уэ шыдри уныхыхьэрэ?» – жиIэу шыр шыдым къыхуеплъэкIыу къыщIэнэкIауэ къысщохъу.

А псор зэбгъэпщауэ уигу фIы щыщIэнт? Зи пщэ гурыгъым джыдэ тIыгукIэ дэуам ещхь сыхъуащ. Дауи, мо цIыху губзыгъэм занщIэу гу къыслъитащ:

– Сынохъуэхъу, Мэзан! Хэбгъэхъуэну си гуапэщ, – жиIэри 61

и Iэр къысхуишиящ. Ауэ ар уэшх блэкIам кIэлъащта щIакIуэу къэслъытэри, екIи фIыкIи псалъэ къызжьэдэкIакъым, Iэ къашияри субыдакъым. Мобы зи гугъу ищIымрэ ищIэну зыхуеймрэ къызгурымыIуагъэфэ зытезгъэуащи, сызэкIуэцIынэжауэ сыщытщ.

– Сынохъуэхъу жысIа, Мэз и къуэ! – полковникым и макъым зрегъэIэт. Сэ сыкъощтэж, сыкъошынэжри си лъэдакъэпитIыр «жьакъщ» жиIэу зэбгъурызогъэувэ, сыным хуэдэу соувыкIри, си Iэпхъуамбэ ижьхэр си нэжьгъыбгъум изохулIэ. Борисовыр аргуэру къысщогуфIыкI. Зыри жимыIэу къоIэбэри, си Iэ сэмэгу едзыхам IэщIэлъ газет зэпкърылэлышхуэр сIэщIех. Сэри, бжэIулъэ езгъэлъэтэха хуэдэ, а сызэрызэфIэтщ. «Тхьэр бгъэпцIакъэ, абы итым укъемыджэмэ!» – жызоIэ сигукIэ. Полковникыр занщIэу япэ напэкIуэцIым зэреплъыр солъагъу. Борисовым къыгурыIуэну абдеж итыр газетым и цIэмрэ ар зеймрэти, сэри зэхэсхыу къоджэ: «Ленинский путь». Орган Кабардино-Балкарского обкома КПСС, Верховного Совета и Совета Министров республики». ИтIанэ сэ къызоплъ. «Уи гугъаи уэ! НтIэ сыджэгу уфIэщIрэ?» – сигукIэ жэуап изотыж мобы. Адрей напэкIуэцIхэм емыплъыххэу, газетыр зэрыщыту занщIэу къызэрегъэдзэкI (сэри ар дыдэрт сщIэр, псом хуэмыдэу си усэ редакцэм щыщIэлъхьэм деж: газетым еплъын къызэрыщIэздзэр еплIанэ напэкIуэцIырт). «Мис абдеж уи щIэныгъэр щыбухащ, си полковник цIыкIу, – Борисовыр, пэжу, лIы хэщIыхьа цIыкIут, – жысIэу си гур тызогъэпщахэ си командирым. – УлIщ, абы итым щыщу зыгуэр къеджэфи...»



Мыдэ зы унэ есыфI хуэдиз фIэкI зи мылъагагъынур щыуэ зэтету ящIа нэхъей, си усэ цIыкIуищыр зэщхьэщыту газетыбгъум ирагъэувври абыхэм си цIэ-унэцIэр унащхьэу къыщхьэщаIубэжати, Борисовым ещхьу усэ сытхэм ущымыгъуазэмэ, атIэми, убзэмыIуу, тынштэкъым ахэр адрей тхыгъэхэм къахэбгъэщхьэхукIыну. Ауэ а Iуэхум хуэIэзэ мо лIы губзыгъэм си унэцIэр занщIэу натIэрыIуапIэ ищIащи: «Мэз... Мэз...» – къеджэу щIедзэ. Мыдэ сэ сымылъагъу гуэр сигъэлъагъуну «Мес, мес!» – жиIэ нэхъей. Сэри, «мес» плъагъунт си унэцIэр Кхъуэщынкъутэхэу хьэмэрэ Къанщыкъуейхэу щытамэ, жысIэу сигу къоуэ апхуэдэ зы унэцIэ зэрызешэжьыфI гуэр зэрызимыIэр. ГъэщIэгъуэныракъэ, си цIэм нэхъ тыншу къеджащ. Уеблэмэ урыс хьэрф «э»-м ещхь ди «э» цIыкIум зыцкIи къимылъахъэу занщIэу апхуэдэу къыщеджэм сыкъигъэуIэбжьри: «Тхьэр зыгъэпцIыжын, си цIэр къысфIэпщами ярейти», – жысIащ сигукIэ. Ауэ, абдеж занщIэу си акъыл хуэмыкIуа щхьэкIэ, Iуэхур здэщыIэр нэгъуэщIт: мо тхауэ итым къеджэу зримыгъэлIалIэу зэресам хуэдэу си цIэр жиIауэ арат.

– УщIалэ ахъырзэманщ, Мэз и къуэ! Усэ зэрыптхыр, – ар газетым йоплъ, – алъандэм щхьэ къысщубзыщIат? Уи Iэр Iэтауэ куэдрэ ущытыну? – Николай Иванович къыпыгуфIыкIыу, гуапэу къызэплъурэ и Iэхэр си дамащхьэм къытрелъхьэ. А IэфIагъым сыкъегъэгушхуэри:

– Ар, журтыр къызэрытщIэнэкIауэ, адыгэхэм хьэл мыгъуэу къытхуинагъэнщ, – жызоIэри сэри си пащIэкIэ сыкъыщIогуфIыкI. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, иджы си гур къызэрыгъуэтыжыпат, зыцкIэ къимылэжьауэ Николай Иванович фэжагъуэ есплъауэ, гуэныхь къытесхауэ къысщыхъужри сыщIегъуэжат.

– Сытыт жыпIа журтыр адыгэхэм къыфщIэнэкIэн хуей щIэхъуар? Хьэл мыгъуэу къыфхуинар? – къызоупщI полковникыр. Сэ си бзэм сызэрыхуимытыжам сыхущIогъуэж. Япэрауэ, журтым «ар хьэл мыгъуэу къыпхуинэнщ, адыгэ делэ», – щIыжиIар Борисовым хуэпIуэтэну сфIэемыкIущ – си адэ и мыныбжь дыдэми, си адэ хуэдэщ. Мыдрейуэ, а хъыбарыр дахэ-дахэу, гъэщIэгъуэну зэрысIуэтэфын урысыбзэ сIурылъкъым, ар щIыхуэуи зыми къыпхуеIыхынукъым. Абыхэм сыздегупсысым, алыхьым сыкъиужэгъужыпауэ къыщIэкIынтэкъыми, си командирым къыбгъэдохьэ штабым щылажьэ майор гуэр.

– Сыздынэвдзысыжын, ныбжьэгъу полковник?

– Ахьей уздэтшэжын, майор. НитIысхьэ, – офицеритIым машинапхэмкIэ зрагъэзагъэри дожьэж.

Къалэм дызэрыдэлъэдэжарауэ, гъуэгуанэ лей тIэкIу докIури, майорыр идогъэкIыж. Сэ алъандэм гузэвэгъуэу стелъар сыт: ди гъусэр зэрикIыжу полковникыр си журт хъыбарым къыщIэмыупщIэжащэрэт. АрщхьэкIэ гур зэрыгъум дыгъур ирожэ жыхуаIэ дыдэуи мэхъу:

– СынодаIуэ иджы, си усакIуэгъу.

Мор зыщIэупщIэр къызгурымыIуагъэфэ зытызогъауэри сыщымщ. Ауэ полковникри ерыщ щекIуэм:

– Журтым и хъыбарыр сигу къэзыгъэкIыжар нэгъуэщI зы хъыбар гуэрт, – жызоIэ модрей сфIэукIытэгъуэр щхьэдэзгъэIухын хьисэпкIэ. Ауэ нэхъ Iеижу мафIэм къуацэкIэ сыхэуауэ къыщIокI.

– Уэ сэ слъагъур хъыбар зэфэзэщу узэкIуэцIылъи. Мис иджы шэч къытесхьэркъым узэрыусакIуэм... НтIэ дэтхэнэ хъыбарыра япэ сызэбгъэдэIуэнур? – майорыр икIыжа нэужь, Борисовыр сэ къызбгъурытIысхьэжати, къысхуоплъэкI. 

– Япэ къалъхуар япи зекIуэ хабзэщ. Япэ къежьар япэ идгъэщынт. Ауэ си урысыбзэ никъуэмкIэ... – жызоIэ, мобы и щытхъум сытригъэгушхуауэ.

– Уи урысыбзэркъым нэхъыщхьэр – пщIэр зыхуэдизымрэ абы акъылу хэлъымрэщ. А уи кавказэгъу Расул Гамзатовым и урысыбзэр щIакъуэми, абы и усакIуагъым и Iыхьэ пщIанэ сиIащэрэт, – жеIэри Николай Иванович си дамащхьэм къоIусэ. Сэри, кIуэаракъэ, лIыфэ нэхъ къыстеуауэ, Расул зэрызикавказэгъури си напщIэ телъу, си командирымрэ сэрэ, пэж дыдэу, дызэусакIуэгъуу, псом ящхьэраща, Борисовыр си гугъэм зэрыщыщымыIэр – ар псэлъэгъу пщIы зэрыхъунум шэч къытезмыхьэжыххэу щыхъум: «Тегушхуэ, хуэмыху! Уишхын уи гугъэ мыбы?» – жысIэу сигукIэ сызыхущIэроуэж. ИтIани таучэл схуэмыщIу зызолъэфыхьри:

– СынодаIуэри, Мэзан. Дэтхэнэращ жыпIа-тIэ япэ ибгъэщынур? – полковникыр, хьэкIэзэпхыу, къыщыскIэрыныкъапэм, сыт сщIэнт? Хъуэжэ «мыдэ къыфIэвдзэ шхуэмылакIэр сызыхуимытыж си бзэгум», – зэрыжиIэгъар сигу къокIыжри: «пхуэфащэщ!» – жызоIэ.

– Япэрей хъыбарыр –пащтыхьыдзэм хэтауэ щыта адыгэ офицер гуэрым лIыгъэ зэрихьам, хабзэшхуэ хэлъам я фIыгъэкIэ пащтыхь бжаблэм ирагъэувауэ, иужькIэ ар урыс генерали хъужауэ зэрыщытам теухуар кIыхь Iейщ... Мыдрейр...

– А кIыхь Iейм иужькIэ, хущIыхьэгъуэкIэ, дебгъэдэIуэнщ-тIэ.

ЗэкIэ мис а «мыдрейр» къызжыIэт:

– Ар хъыбаркъым – къэхъуауэ щыта Iуэхущ. Къыщыхъугъари ди къуажэщ, къэпIуэтэжын хуэдэуи гъэщIэгъуэн дыдэкъым... ТIэкIуи укIытэгъуэщи...

– Уэ къыпщымыщIа, умыщIа хьилагъэм щхьэкIэ ущIэукIытэнур сыт? АтIэми, джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ, жи. Хэт ищIэрэ, уи хъыбархэм сэри зы акъыл гуэр къыхэсхынкIэ мэхъу.

– Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыху Iэджэ дэсщ ди Налшык. Абыхэм ящыщщ дэ журткIэ дызэджэ ди татхэри. Абыхэм яхэтщ, псом хуэмыдэу нэхъыжьхэм, адыгэбзэр уэр-сэру зыщIэ куэд. Езыхэр цIыху телъыджэхэщ. Сатур нэхъ я IэщIагъэу къэгъуэгурыкIуэ хабзэти, адыгэ къуажэхэм къыщакIухьт, щыгъын, щэкI, хьэкъущыкъу, сабийхэр зэрыджэгу хьэпшып цIыкIуфэкIу хуэдэхэр ящэу, яхъуэжу. Къызэрыпщэхуни къызэрыпхъуэжыни асыхьэтым убгъэдэмылъмэ, абы щыгъуи уи жагъуэ къащIынутэкъым: узыхуейр щIыхуэу къыпхуагъуэтынут. Уеблэмэ мыдэ сэ си сабиигъуэ дыдэхэми сощIэж – сыринэ, нэгъуэщI сабий хьэпшып цIыкIухэр къызэрытщэхун, къызэрытхъуэжын димыIэмэ, яфIэгуэныхь дыхъуурэ ауэ къыщыдатыр нэхъыбэт. ЖыпIэнуракъэ – дэтхэнэ зы лъэпкъми ещхьу, цIыхуфIи цIыху Iеи яIэщ. Къэзэр бзаджи яхэтщ. УкъагъэпцIэфыну ящIамэ, уи выфэр шкIафэу, уи мэлыфэр тхьэкIумэкIыхьыфэу къыпхущIрагъэдзынщ. Ахэр фэ цIынэкIэ ерыщщ, вакъэр, пыIэр я IэщIагъэу щытщи. Уи джэд анэ домбейр бзу хуэдиз фIэкI мыхъуу щаIуэжынщ. Джэдылми хуабжьу хуэлъэщ ди журтхэр.

64 АтIэ, арати, мис абыхэм ящыщ зы журтылI, и фыз щIалэ дахэри щIыгъуу, махуэ гуэрым къалэм кIуэжырт. ЗдэщыIар ди къуажэт. Я адыгэ благъэхэм деж щыхьэщIэри ягъэзэжауэ арат. Махуэ ныкъуэ уэшхышхуэ къешхри теужат. ЗэлIзэфызыр здэкIуэжым, ди къуажэмрэ къалэмрэ яку дэж псышхуэм носыж. Нэсыжмэ, уэшхыр ищхьэмкIэ щынэхъ иныжу щыта къыщIэкIынти, нэри пэри ихьу, псыр къиуащ. Сыт Iэмалыр? Ягъэзэжынущи – я напэм яхутегъахуэркъым. Ямыгъэзэжщи – псым ухыхьэныр дзыхьщIыгъуэджэщ. Абы хэту Къущхьэхъу мазэкIэ щыIауэ къэкIуэж ди къуажэ щIалэ гуэр адрей псы Iуфэм шууэ къыIуохьэ. И щIакIуэ-бащлъыкъыр и уанэ къуапэм кIэрыпхащ, фэ къэлътмакъ зэпедзэкIрэ нэдрэ зэпхыжауэ, ари зэпедзэкIыу, шыплIэм дэлъщ. Ушумэ, куэдрэт – къелъэдэкъауэри хуэшэмэджыпэу къыхыхьащ. КъызэпрыкIщ, хабзэм тету уанэгум тIэкIу зыкъытриIэтыкIри, мобыхэм сэлам къарихащ. ЩIалэр, тхьэмыщкIэ, – тхьэмыщкIэ щIыжысIэр иужькIэ зауэм дэкIри хэкIуэдауэ щытащи аращ, – нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэм хуэдэт. УцIыхубзу, уи нэ къаплъэу щытмэ, уемыхъуэпсэнкIи дуней Iэмал иIэтэкъым. Езыр бгы псыгъуэу, мэлыхьыплIэу плIабгъуэу, кIэщIу тегъэщхъауэ пащIэ фIыцIэ Iув тету, и нэ фIыцIитIыр къамэпэ жанитIым ещхьу, IэубыдыпIэншэу, и нэкIущхьэ къабзитIыр, тхъур къиж нэхъей, зэщIэлыдэу. И къэпталыр и пкъым хуэфIу ебзыхьэкIарэ, дыжьын бгырыпх щIэпхам сауткIэ щIэгъэнарэ къамэ бэлыхьи кIэрыщIауэ, пкъы щIэту упщIэ пыIэ хужьи щхьэрыгъыу, и гуэншэрыкъ-лъей зэфIэтри фIыцIабзэу... КIуэаракъэ, мы Алыхьым къигъэщIауэ уафэмрэ щIылъэмрэ я кум дэтым абы и фэгъу яхэгъуэтэгъуейт. Абы зэрыIуплъэу, нобэрей уафэгъуагъуэ уэшхым

и уафэхъуэпскI къыжьэхэлыда щIыкIэу, нысащIэр къэскIащ. Асыхьэтуи и щхьэр ирихьэхыжащ. АрщхьэкIэ къыкIэрыхуат: щыблэр нэхъ зэуэ хабзэр зыхэтым къахэщхьэхукIыракъэ? Журт нысащIэри, цIыхубзищэ зэхэтми, къахэмыщыным ящыщтэкъым. А псори мыр къызэрезгъэжьа хуэдизрэ екIуэкIакъым.

– Мы псым дипхыфын, кIалэфI? И пкIи уэстынш, – жеIэри журтылIыр шум худоплъей. НысащIэм и щхьэр ехьэхауэ щытщ. Ауэ нэбгъузкIэ тIэкIу къыщIэплъ хуэдэщ. Е апхуэдэу къыщыхъуащ шыбзыхъуэ щIалэм. «Шыбз къабзэ дахэр вым пэщIэщIа нэхъей, ярэби, мыцIыхубз щIалэ къекIур мы лIыжь цIыкIум и фызу пIэрэ? – йогупсыс ар. – Iау, дауэ и фызын! Абы и пIэм уиту апхуэдэ фыз къаши, Алыхьым уигъэкIуэнкъыми. Ипхъуу къыщIэкIынщ», – жи, игукIэ.

– Уи пкIи сыхуейкъым, тхьэмадэ, – журтым зыпищIыжу къопсалъэ щIалэр. – Уи пхъумкIэ малъхъэ сыпщIынумэ, фисхынщ псым, – мэгушыIэ шур.

– Уэлэхьэ, адыгэ кIалэ делэ, ущыуамэ, ар си мыпхъу – си щхьэгъусэм.

–Iау, емыкIу къэсхьаи-тIэ, Хьэмел. Тхьэм щхьэкIэ, уи жагъуэ умыщI, – жиIэу щIалэм шым зыкъредзыхы.

– СыкъэпцIыхурэ, кIалэфI? Хэтхэ уащыщ? Хэт урикуэ?

– Уэ сыкъэпцIыхужынукъым сэ, Хьэмел. ДыщыцIыкIум сыринэ, адакъэш цIыкIу хуэдэхэр къыдэпщэу, къыдэпхъуэжу, ауэ къыщыдэпти щыIэу лIыжь хъарзынэу ущытащ, – жи щIалэм. Ауэ игукIэ щIегъу: «къыдэптыр щыгъэтауэ, тIэкIу тхукIэрумыгъэхуурэ дыбгъэбампIэу, дыбгъагъыу ущыта пщIондэ сыт жысIэн?.. Гуэныхьу къэпхьар уи фыз щIалэ дахэмкIэ уэзгъэпшыныжащэрэт, къэзэр бзаджэ. Уэ уэлъытауэ, адрей журтхэр, журт хуэдэтэкъым. Уэ гъуамэр укъыздикIар тщIэртэкъым!..»

– Дипхрэ, кIалэфI? – Хьэмел къытреч.

–Iау, фи жыIауэ, дызэхуэдэ адыгэкъэ? Ахьей, фисхын! ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ, жи. Мыдэ нысащIэр япэ итхынщи... – жиIэу мо шыбзыхъуэ щIалэ бэлыхьым цIыхубзыр, къауц щхьэнтэ къыщымыхъуу, къепхъуатэри, уанэгум ирегъэзагъэ. Езыр долъэтейри, уанэ къуапэм кIэрыпха щIакIуэ шыхьам тотIысхьэ.

– Уи хьэпшыпымрэ уэрэ иужькIэ фисхынщ, – жиIэу къоплъых щIалэр.

– Хъунщ, тIасэ, хъунщ. Ауэ, Алыхьырщ, Алыхьым нэмыщI уэ сыпшогугъ... – мафIитIым я кум къыдэна Хьэмел тхьэмыщкIэм и блэгущIэм джэдыкIэр щожьэ.

– Къысшыгугъ уэ, къысшыгугъ, – аргуэру журт бзэ ныкъуэм зыпещIыж щIалэм. Алыхьым узэрелъэIуну зы гъэщIэгъуэн гуэру щысщ ар: зи лъакъуитIыр лъэныкъуэкIэ къедзыхарэ уанэ къуапитIыр зыIыгъыу уанэ щхьэнтэм тес цIыхубзыр езым и IэплIэм къис хуэдэщ, шхуэмылакIэмрэ щIопщцымрэ зэриIыгъ Iэ сэмэгур мо нысащIэм и IэблитIымрэ и бгъэ задитIымрэ я кум дэгъэжащ, мыдрей IэмкIэ цIыхубзым и щIыбыр къыщIиIыгъэщ. КIуэаракъэ, нысащIэр и куэщI къис хуэдэщ. Апхуэдэ щысыкIэм Iуплъа журтылIым и щхьэфэцым зеIэт.

– А, кIалэ... Уа, кIалэ махуэ хъун!.. – жиIэу зрича щхьэкIэ, абы жиIэну, ищIэну зыхуеяр тхьэм ещIэ, щIегъуэжауэ арат?.. Къуршыпс

къиуахэм зи мыщыпэзэпрыкI алащэ гъэшхам и щхьэр Iэтауэ, езыр, мыдэ шы нэф нэхъей, фIалъэкIэ Iэбэрабэурэ хуэкхъуейхьэлыпэу псыкум хуэкIуэрт. Апхуэдизыпсыр зи лъабжьэм щIэж шыбзыхъуэ щIалэр зэм мафIэм ист, зэми, техьэгъуэм дрихьейм ещхьу, кIэзызт. Псы икIыкIэм хуэIэзэ, лажьи-хъати зимыIэу зи гъуэгур хэзыгъэщI шымуащхъуэдэмыхъуэу жьэдоуэри, ижьырабгъумкIэкъытреIуантIэ. Ар нэгъуэщI зы шы тхьэмыщкIэ гуэру щытамэ, мо цIыхуитIри и бгым зэрису, псым хэхуэнт. Ауэ журтылIми, журт нысащIэми, езы шыбзыхъуэ щIалэми насып яIэти, псым хэпырхъа мыхъумэ, шым ягъэ екIакъым. АрщхьэкIэ зи псэр IукIа нысащIэм уанэ къуапитIри зэуэ иутIыпщри щIалэм зыкъыпщIэхидзащ, мыдрейми, и псэр зыгъэдзыхэр нэхъ шынагъуэ тIасхъэу къыщIэкIынтэкъыми, шхуэмылакIэр IэщIэхури, цIыхубзыр зрикъузылIащ. Фи щхьэ зэрыхьщ, жиIэу шым и гъуэгу бэIутIэIуншэу хигъэщI пэтми, зэшэкIауэ зэрыщыс мыхъумэ, гъэщIэгъуэныракъэ, мо тIум я пIэ зрагъэзэгъэжыркъым. ИтIанэ зи нэкIущхьитIыр дыхьэрэну къызэщIэна нысащIэм щIалэм и пщэм къешэкIа и IитIыр Iуехыж. Ауэ иджыпсту зэпаупщI псы къиуам нэхърэ нэхъ гуащIэу зи гурыщIэр къэукъубея щIалэм и Iэбэрэбэныр щигъэтыркъым – и IитIыр къедэIуэжыркъым. Псыдзэр зыщIэуэу кърихьэжьауэ зэридзэурэ къихь бзииху къабзэ дахэу, кIэкуакуэрт нысащIэри. ТIуми я жьэр зэщIахыу, – яхузэщIэхынуи къыщIэкIынтэкъым, – зы псалъэ жаIэртэкъым. Ауэ гурэ гурэ зэрызэрыщIэр я фэмрэ я IэпкълъэпкъымкIэ къаIуатэ. А тIум иджыпсту ягъэвым нэхърэ нэхъ мащIэ и фэм дэкIыркъым мыгъуэр зи мыгъуауэ псы Iуфэм къыIуна лIы тхьэмыщкIэм. Ауэ, неIэмал – хуэIэмпIэкIэщIщ адрей псы бжьэпэм нэблэгъа и щхьэгъусэ дахэм. Нэблэгъар щыгъэтауэ, хуэшэмэджыпэу къызэрызэпрыкIам къыхэкIыу, гъуэгум ищхъэрабгъукIэ къыщылъ екIэпцIалъэ тIэкIум натIэкIэ Iууа алащэм зиутхыпщIыжурэ псыр зригъэжэбзэхыжырт. Ауэ, плъэкIмэ умыгъэщIагъуэ – мо тIур иджыри шым къепсыхыртэкъым. Пэжщ, зыкъримыдзыхынумэ е лъакъуэ зэгуэткIэ къемылъэнумэ (а тIури узыхуэмейт) нысащIэр шым къепсыхыжыфынутэкъым. Ауэ, зиунагъуэрэ, модрейми щхьэ зимыгъэхъейрэ-тIэ? Е абы зыщимыгъэхъейкIи: «непсыхи сынехьэх», – щхьэ жимыIэрэ мыдрейми? МодэкIэ псы Iуфэм къыIутыр дунейм тетми темытми ящыгъупщэжауэ ара? Хьэмэрэ...

Жыг цIырхъым хыхьа алащэр къопырхъ. ЩIалэр шым къолъэ. МэIэбэри нысащIэр и IэплIэм кърегъащIэ. Ауэ ар зэрытригъэувэу, кIуэцIрыхункIэ шынэ нэхъей, щIым игъэувыркъым – и лъакъуитIыр елэлэхыу иIыгъщ. Апхуэдэу пIыгъын щхьэкIэ зумыкъузылIэу хъунукъым – мыр баш хъуа? Шым кърахьэхами и IитIыр дэнэ ихьынт? Къезыхьэхам и пщэм иришэкIат. Ар икIи нэхъ тыншт, икIи нэхъ тэмэмт: уаIэпымыхункIи, хьэлъэ уатемыхъуэнкIи, уи IитIыр зэран къыпхуэмыхъункIи. Ауэ, шыбгым ущимысыжкIэ, щIым узэрыувыным упылъу зыбгъэхъеин хуейкъэ? ГъэщIэгъуэн куэд, занщIэу къыбгурымыIуэн куэд къыщохъу мы дунеишхуэм. Абыхэм ящыщу фIэкI, нэгъуэщI зыхуихьынур ищIэркъым Хьэмели а пшапэ зэхэуэгъуэм псы адрыщIым щекIуэкI псори. Езыр дожей-къожэхри псы Iуфэм Iутщ. Модрей псы Iуфэм щащIэр сыт? ЩIалэр къызэпрыкIыу щхьэ зэпримыхрэ? Зэприхыныр щыгъэтауэ, сыт абы ищIэ хьэдэ-

гъуэдахэр зищIысыр? Уанэ къуапэм кIэрыщIа щIакIуэ-бащлъыкъыр къыкIэрех. Бащлъыкъыр жыг къудамэм фIедзэри, щIакIуэр жыг щIагъ удзыпцIэм щIеукъуэдие. Хъуржынри шыплIэм къыдех. Хъуржын зэпедзэкIитIым кхъуей цIынэр – кхъуей цIынэу, плъыжьыр – плъыжьу кърех, жьэгу щIакхъуэ Iувыр кърихауэ зэпищIыкIыурэ егъэтIылъ, итIанэ хъуржынитIым я зым кърех, щхьэ упса джафэшхуэ нэхъей, зыгуэр. А-а, тхъуцIынэ гъэжар къэмыткIун щхьэкIэ тхьэрыкъуэф тхьэмпэ къешэкIауэ хъуржыным ит псым дияуэ хэлъащ. Ари трелъхьэ Iэнэм. Нэдыр къищтауэ пхъэ шынакъышхуэм ерэн ирегъахъуэ. «Ей-ей, хабзэшхуэ яхэлъщ мы адыгэхэм! Уахуеблэгъамэ укъызэрагъэхьэщIэм ущIэмыупщIэхxи, плъагъуркъэ, гъуэгурыкIуэу уахуэзами, я хабзэм ебэкъуэнухэкъым. ТхьэмыщкIапIэ дыкъримынэу псы къиуам дрихамэ, хьэщIагъэ къыдихамэ... Тхэ соIуэ, хабзэшхуэ яхэлъкIэ. Тхэм ухукIигъэхьэ, кIалэфI! Тхьэм пхузигъэкIэж!.. Си Iэнэ хьэзыру сызэприхыну араш... Iау, сыттIэ абы икIэр? Уэлэхьэ, хьэзым, шым уанэр трехкIэ... А кIалэ махуэ хъун, шы цIахуцIэкIэ сумыхыу... А ищIэ хьэдэгъуэдахэ гуэрыр сыт? Уэлэхьэ хьэзым, шым лъахэ ирелъхьэм. А зи унэр бэгъуэн, кIалэ делэ, кIыбыкукIэ сипхыну ара-тIэ? Шы уасэ сэ уэстын мыгъуэти, уи шым шхьэ ушысхьа? ЗыгуэркIэ псым сыхэбгъахуэмэ... Ей-ей, мы адыгэхэри. Я шым шхьэкIэ я псэр уагъэшхынуш. Шысхьу араш иджы и шыбз сэкIам. Еу-уей, еу-уей, Iуэху къысхуэхъужатэкъым ар. Хьэпшыпри сэри дытемыхьэлъэу дауэ иджы абы дызэрырихынур? Хьэпшыпыр си плIэм ислъхьэнт, ауэ си хьэлъагъри... Къигъэгугъэ хъунщ шыбзыхъуэ кIалэжыр. Сэ путихым сызэрыкIигъур сыткIэ икIэрэ абы? Езыраш зягъэжыр. Абы хуэмеямэ, и шыбзым шысхьынтэкъым. Ауэ кIыфI дыдэ мыхъу шыкIэ, сыт икIэнуми икIашэрэт», – жиIэу мэзым хэплъапэмэ – щIалэм ищIэнур ищIэрт: бащлъыкъ хужьыр тIуащIэу зытриубгъуа щIакIуэ кIапэм нысащIэр тригъэтIысхьауэ ерэн фалъэр IэщIегъэувэ. Хьэмел игу фIы щыщIэнт? Мы уафэр къехуэхам хуэдэу, дунейр къытоункIыфIэ. Ауэ уафэри къехуэхатэкъым, щIылъэри и пIэм зэритт, мывэжьхэри зэриудэкIыу, псыхьэлъахуэхэр ирихьэхыу, псы къиуа фIыцIэри – пшапэр зэхэуэпати ари фIыцIэ хъуат – йокъубеех.

Мы дунеишхуэм къыщыхъункIэ хъуну Iуэху мыгурыIуэгъуэхэр Хьэмел къыгурыIуэу щыхуежьар мис иджыт. АрщхьэкIэ, неIэмал! Уи нэр къижу зыхэбдзэу псым зебгъэтхьэлэн? Апхуэдэ делагъэ пщIэ зэрымыхъунур – апхуэдэу пщIымэ, псоми узэрыхэкIыжынум и щыхьэт шынагъуэ фIыцIэр и пащхьэм зэрыщыхъушашэр къыгурыIуэрт абы. Ауэ къыгурымыIуэжыр сыт – мо щIалэ бзаджэм къыIэщIэкIыу псым щхьэ къызэпрымыкIыжрэ и щхьэгъусэр? Абы укъигъэпэжын? Абы уэр щхьэкIэ и псэр пхуитын? Апхуэдэ напэншагъэ, апхуэдэ емыкIу зылэжыр щхьэгъусэ пхуэхъун? Псым къыхэпкIэныр щыгъэтауэ, къэкIиякъым, къэгуоуакъым... КъэкIиями къэгуоуами, псы къиуа макъым зэхыуигъэхыну? – Хьэмел и нэгум гугъэ хъуаскIэ тIэкIу къыщIопсэ. Зэхэпхынрэ зэхыумыхынрэ зэхигъэкIыну, и щхьэгъусэр къыпэджэжмэ еплъыну ара хъунщи, ину мэкIий: «Сар-рра! Сар-рра!» – «Сэр-рри-сэр-рращ!» – жиIэу джэрпэджэжыр къыпэджэжа нэхъей, екIэпцIэ мэзым къыщIоIукI: «Сар-ррэ!»... НэгъуэщI Iэуэлъауи щыIэкъым, псы къиуам и макъ шынагъуэм и

гугъу умыщIмэ. Мис иджыщ Хьэмел къыщышынэпар. Мис иджыщ псори щыгурыIуэгъуэр. Ауэ и пащхьэ къилъ псышхуэм ещхьу къэукъубея и гупсысэм къыхиубыдыкIыу абы псым зэпридзыфа псалъэхэрат дыхьэшхэну (тхьэхужыIэу жыпIэмэ, дыхьэшхэнтэкъым ар – дыхьэгъуэт) жылэм къыдэнэу, иужькIэ хэкуми из хъуар:

– Уэлэхьэ, адыгэ делэ, сэри Сари абы дримыунэхъунт, ауэ а пщIэр уэ хьэл мыгъуэу къыпхуинэнщи, мис абы утеунэхъуэжынщ, – жиIэри ину кIиящ. НэгъуэщI сыт ищIэнт, и хьэпшып тIэкIур зришэкIри нэху къыщекIащ псы Iуфэм.

Узижагъуэми имыгъэщт апхуэдэ нэху. Пэжщ, псыр жэщIыжат, ауэ екIэпцIэ мэзри щымыбзэт: и фызри шури бгъуэтмэ къащтэ. «Алыхь-алыхьщ, адыгэ кIалэ джаурым си фызми сэри лей къыдихш, Сарэ тхьэмышкIэр иукIри зигъэпшкIужаш», – и псэм гузэвгъуэ щIыIэр телъу зетIэщI Хьэмел. Ныжэбэ къешэкIа-къеуфэкIауэ щыта хьэпшып тIэкIур къызэщIекъуэжри хъуржыным ирекуэж. Псыр лъэгуажьапщэм къызэрыфIэкIышхуэ щымыIэжми, и псэр IукIауэ зэпрокI. Ауэ «Сарэ тхьэмыщкIэм» и хьэпIи и шхыпIи щыIэтэкъым. ЩIалэмрэ нысащIэмрэ дыгъуэпшыхь щIакIуэ убгъуам тесу здэщыса щIыпIэр нэщIыпст икIи къабзэт. Пэжщ, пхъэшыкъум ещхьу, нэхъ утыку дыдэм деж зэпэбашитI щыхэтIат. Мэлыхъуэ, шыхъуэ пщыIэхэм лы кIапсэхэр зэрагъэгъум ещхьу, пхъэшыкъум бэлътоку хужьыбзэ едзат. Хьэмел ар къицIыхужынтэкъэ – Сарэ и бэлътокут. Епхъуэрэ къыфIихмэ – бэлътоку кIапэр зэрыдзащ. А псор зыхуихьынур имыщIэу, Хьэмел и Iэпэлъапэр мэсыс, зэрыдзар зэрех. «Тобэ, тобэ! ПщIыхьэпIэ мыр?» – лIым и лъэр щIощIэри, абдеж щылъ хьэпшып зэкIуэцIылъым хощатэ. ПщIыхьэпIэкъым – щIымахуэ кIуам Сарэ къыщишам IэритIэгъа дыщэ Iэлъыныр, ауан къищIу къыщыдыхьэшх нэхъей, Iэгум къицIуукIыурэ нэгум къыщIэлыдэрти, афIэкI хуэмыхьыжу, мор зримыгъэлъагъуну, лIым и нэхэр еуфIыцI, иуфIыцI къудейм къыщымынэу, апхуэдизкIэ зэтрекъузэри, нэхъ Iеиж мэхъу: и нэ уфIыцIахэм нур гуэрхэр къыщIопщIыпщIэ. Мыдэ Сарэ зэрылъэлъу къыщыдыхьэшхыурэ и щынэдзэ хужь дахэхэр къыжьэхэлыдэ хуэдэщ. «ПщIыхьэпIэ хъунщ» – адэ щIэиныжьыфIу жыхуаIэ гугъэм и кIапэ гуэрым зредз лIы тхьэмыщкIэм. Ар пщIыхьэпIэу къызыщигъэхъуну, армыхъумэ апхуэдэ Iуэху къылъыкъуэкIынкIэ, абы и Сарэ дахэм апхуэдэ емыкIу, напэншагъэ къыкIэлъызэрихьэнкIэ и фIэщ имыщIу, и нэхэр зэтелъу здэщысым, лIым и нэгу къыщIохьэж ныжэбэ нэбэнэушэу щхьэукъуэурэ здэщысым модрей псы Iуфэм щилъэгъуауэ щыта пщIыхьэпIэр... Хьэмэрэ ари мыпщIыхьэпIэу пIэрэт? Iау, дауэ зэрымыпщIыхьэпIэнур? Апхуэдэ делэ дунейм тет? Адыгэ щIалэ джаурымрэ Сарэ куэпэчымрэ, зэубзэу-зэбзейуэ уэгум щызэдэджэгу тхьэрыкъуэ зэхъузэбзитI нэхъей, дуней гуфIэгъуэр яIэу зэрызехьэу, зэрыгъэкIийуэ псым къыщызэрехуэкI хуэдэт... Хьэуэ, хьэуэ! Ар пцIыщ. Е къыфIэщIащ, е пщIыхьэпIэу илъэгъуащ... МыпцI пщIондэ, псы къиуам ныжэбэ ухэпкIэу укъикIыу, мо бзаджэнаджитIыр букIащэрэт е уэ зебгъэтхьэлэжащэрэт, Хьэмел насыпыншэ... Ахьей, хуеяхэтэкъэ?! Уэлэхьэ, хьэзим, Хьэмел фэр нэхърэ мынэхъ делэ. Фэ фхуэмыгъуэн, сэ схуэмэхуэн, джауритI!.. НэгъуэщI и фыз кIэщIэпшрэ уежьэжу мис ар хьэл мыгъуэу къыпхуинэнщи, хейм илъ хамэм ещIэж жыхуиIэу, а Iуэхум

зэ утекIуэдэжынщ, адыгэ кIалэ делэ. Сэ, лIо? Сэ хьэпшып, ахъшэ си куэдш. А къэсшэжыр лIэмэ, Сарэ куэпэчыр хьэдагъэ ямыгъэкIуэн хуэдэу, нэхъ дахэжу къэсшэжынш», – жиIэурэ дыщэ Iэлъыныр зэрылъ Iэгум щиплъэм, Iэлъыныр тIу хъуа хуэдэу къыфIощI – абы ибгъукIэ щехуэха нэпс пIащэшхуэри и нэгум къыщIэлыдауэ арат.

Мис апхуэдэ щIыкIэкIэт къызэрыхъуар «хьэл мыгъуэу къыпхуинэнщ, адыгэ делэ» жыхуиIэ Iуэхур, – жысIэу полковникым сыхуоплъэкI.

– Новеллэ дэгъуэ къыхэпщIыкI хъунут абы, – жеIэри мэщатэ Борисовыр. – КъызэрыщIэкIымкIэ, адыгэхэр икIи фыбзаджэ лъэпкъи: нэгъуэщIхэм я фыз дахэхэр къэвгъэкIуасэу... Плъагъуркъэ а Сарэми ищIар!..

– Анэ дэкIуэрэ лIы дэкIуасэрэ емыкIу пылъкъым, жаIэ адыгэхэм, – жызоIэри сыкъыпогуфIыкI.

– А сызэбгъэдэIуам къыхэсхар пщIэрэ, Мэз и къуэ? ТхакIуэ ухъун хуейщ уэ. Ауэ абы щхьэкIэ быдэу уемыджэу хъунукъым. Художественнэ литературэщ жыхуэсIэр. Сэ уэстынщ уэ нэхъ узыхуей тхылъхэр. Мыдрейуэ, си щыкъу анэр... Марие Васильевнэ, уэри зэрыпщIэщи, филологщ. Профессорщ. Мис ари къыбдэIэпыкъунщ. Ауэ уэри умыщхьэх закъуэ. Лениным зэрыжиIащи: еджэн, еджэн икIи еджэн! ДызэгурыIуа? Уарэзы абыкIэ? – жеIэ Николай Иванович.

АбыкIэ умыарэзын папщIэ делэу жыгым ирапхым хуэдэу ущытын хуейт. ПцIы щхьэ упсын хуей, сэ жыгым ирапхыпхъэхэм сащыщ къыщIэкIынтэкъыми, зэрыжысIауэ, си кIэныр къикIауэ щытат.

АтIэ, арати, мо цIыху телъыджитIым я фIыгъэкIэ Iуэхум апхуэдизкIэ сыхуэхьэзыру: тхылъ куэд сыщIэджыкIауэ си бзэри урысыбзэм нэхъ хуэкъута хъуауэ, къимыдэкIэ, Марие Васильевнэ экзаменхэм нэхъ ехьэлIа, – профессорыр абыхэм щыгъуэзэнтэкъэ! – литературэм, сочиненэ хуэдэхэм фIыуэ щыгъуазэ сищIауэ дзэм сыкъокIыж. Абы сызэрыщыIа илъэситIым къриубыдэу си усэхэри Iэджэрэ къытрадзакIэт. Абыи лъэныкъуитIымкIэ си Iуэхур къыздигъэпсынщIэрт: япэрауэ, Москва Максим Горькэм и цIэкIэ дэт Литературнэ институтым (апхуэдэ еджапIэ зэрыщыIэр псом япэу къызжезыIар Николай Ивановичт. Езым заочнэу къиухыгъат а институтыр) сыкIуэ хъунут (сыщIэтIысхьэфу щытмэ). Мыдрейуэ, ахъшэфI тIэкIуи сIыгъыу сыкъэкIуэжат. Сытутынафэтэкъым, сыфадафэтэкъым. Сыкъыщыдэхуэ зэманым армэм къыщызат ахъшэм кино, театр хуэдэхэм срикIуэну, сызэхъуапсэ тхылъ нэхъыфIыIуэ кърисщэхуну срикъуртт. Сыхуэпат, си ныбэ ныкъуэтэкъым. Николай Иванович шхакIуэ къэсшэжакъэ – я унэ сыщIимышауэ зэи сиутIыпщыжыртэкъым. Езыми жиIауэ, «дызэусакIуэгъут».

Арати, си усэ традзахэм, радиокIэ къатахэм къыпэкIуауэ ныс-хурагъэхь гонорарыр хъумапIэ кассэм хэслъхьэурэ хъарзынэу къыдрищIеяти, си жыпыр хуабэфIу зи пащхьэ сыкъихьэжа ди адэр Iыхьэлейм икIауэ къысщыгуфIыкIат. Абы и гуапэ зэрысщIам дэслъагъужа гухэхъуэм си гуфIэгъуэри тIуащIэ къысщищIат. Ауэ а гуфIэгъуэр щIэх дыдэу къысIурегъэупщIыIуэж ди адэм: фыз къэзмышэу мыхъуну къыспеубыд. Сэ къэшэн си Iуэхут? ЕджапIэ сыкIуэнут. СыздэкIуэну си мурадри илъэсищ и пэкIэ сыкъызэзы-

69

мыпэса ди къалэ еджапIэратэкъым. Фу, цIыхумэ, жыхуиIэу, ар иджы сэ езым зэспэсыжыххэртэкъым. Москва дэвай! – арат сызыхуэплъэр. АрщхьэкIэ ди адэр уи Москваи, уи уси (пэжщ, усэм къыпэкIуэ ахъшэр и хьэрэмтэкъым) хуэмейуэ – зыхуейр нысэу къыщIокI! А щIыкIэм тету, ди адэм сэрэ дяку хьэ къарэжь дож. ДызэувалIэу а псалъэмакъым и гугъу тщIыи хъуртэкъым – хабзэтэкъым. Абы и лIыкIуэхэм къысхуахь псалъэхэр зэрылъ нэдым и щхьэр сымытIатэу хузогъэхьыж. Уи Iэли уи уди – зытезгъэхьэркъым.Ди адэм и пэм жьы къримыхужу и джэдыгужьыр къысхузэрегъэдзэкI. И нэгу къысхуигъазэу ар дахэ-дахэу дэни къыщызэпсэлъэжынт? Сэ, зыщышынэ хьэшхуэр къэзыуфэрэзыхь хьэмаскIэжь цIыкIуу, абы соубзэ-собзей. Ижь зыхузощIри хъуркъым, сэмэгу зыхузощIри – аращ. Щымыхъужыххэм:

– Уа, ди адэ, къуийм и пыIэр щхьэрыхуамэ, укIытэжыркъым, жи. Мы къыспэбубыдыр мыхъун Iуэхущ... Сэ седжэн хуейщ... – жысIэу къыщезгъэжьэм:

– Къуийм сэкъату иIэр и щхьэфэрамэ, абы емыкIу пылъкъым – узыр алыхьым и сэламщ. Ауэ щхьэ куцIкIэ укъуиинызр тхьэмыщкIагъэшхуэщ. Нэмыси асыли зимыIэхэ! – жеIэри пеупщI. СыщрихулIапэм, мафIэм къуацэкIэ сыхэуауэ арат, армыхъу апхуэдэ псалъэмакъкIэ уи адэ и пащхьэ уихьэ зэрымыхъунур къызгурымыIуэххэу апхуэдэ дыдэу «сыщхьэ куцI къуийуи» къыщIэкIынтэкъыми, си жьэр соубыдыж. Ауэ щхьэри лъакъуэри уи IэмыщIэ илъмэ, фIыкъэ:

– Ахьей, сэ жысIэм укъемыдэIуэжынрэ уэ иджы! ЛIы ухъуащ! Iэрмэр къепхьэлIащ! Статьяхэр (ар си усэхэм зэреджэр статьят. Арат зэхихыр: мопхуэдэхэм папщIэ, мыпхуэдэм папщIэ кIэзетым статья къытрадзащ) ботхри ахъшэ хъушэ къохь. Уи щхьэ бадзэ тепхужыф ухъуащ. Адэ сыту пщIыжын!

– Уа, ди адэ...

– Уи адэ бгъэгуфIэну ухуеямэ... АрщхьэкIэ ар гуфIэгъуэ хыумыгъэплъэн щхьэкIэ, ар мылIауэ...

– ЖыпIэр сыт, зиунагъуэрэ? Сэ еджапIэ сыкIуэнущи аращ. СыздэкIуэну си гугъэри Москващ...

– Нэхъеиж мыгъуэр къызжоIэри! АбыкIэ укъызэупщIа-укъызэуса?

– ЖыIэпIэ къызэпта? Си къурмакъеищIэм укъыщIэтIысхьащи...

– ЛIо, мы жылэр щеджэ Налшык удэмыхуэжу Мэскуува унэса иджы? Хьэмэрэ уэ пхуэдэ лIыфIхэм Налшык къалэ зэрамыпэсрэ?

– Аракъым ар зэрыщытыр...

– Ар зэрыщытыр сымыщIэу уэр нэхърэ сынэхъ делэкъым. Хьэмэрэ сэ пэкIэ псы сефэ уи гугъэу пIэрэ? ЖаIэм уемыдэIуэжу апхуэдизу лIышхуэ, лIыфI ущыхъуакIэ, уи щхьэ зэрыхьщ! Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ! Нобэ-ныжэбэкъым уэ си жыIэ укъемыдаIуэу, си лъыр къэбгъавэу щыщIэбдзар! Схуэфащэщ! Чы щIыкIэ къыумыгъэшар бжэгъу хъуа нэужь къэгъэшыжи еплъ! Мис абы щыгъуэ уи пэр щIым пхущысхуэрэ а нобэ къысхуэмыгъэшыж бжэгъур уи плIэм ислъхьамэ... АрщхьэкIэ!.. Мис иджы, си щхьэм укъыдэкIуеину уопIастхъэ. Щыгугъ абы! Си адэ лIэри сыхэкIыжащ, си анэ лIэри сыхэкIыжащ! Уэри улIа пэлъытэщи!.. – мэл щхьэ уназэу джэрэзу унэкум итти, зегъэкIэрахъуэ, щIожри бжэр къредзылIэж.

Сэ, щхьэхуещагъэр къыстекIуагъэнщи, сигукIэ сыкIэлъопсалъэ: «Дэнэ укIуэн? Жэм лъакъуэ шкIэ иукIыркъым, жи. УкIиинщ-угуоунщ. Удэлъеинщ-укъелъыхыжынщи... Сэ сщIэжыркъэ, ди адэ, уэ апхуэдэгурэ апхуэдэпсэрэ узэримыIэр: хьэрэм сызэрумыщIыфынур? Уи жыIауэ, уилъри щхьэ къэзбгъэгъавэрэ, схуэмыфащи щхьэ къызупэсрэ? Дапщэщ сэ уи псалъэ сыщебэкъуар?» – си щхьэ си жагъуэу сыхэплъэу сыздэщысым, ауэрэ си гум къеулъэпхъэщыж ди адэм игу къызэбгъэауэ щыщытари щIыщытари.

ЕджапIэм сыщIэмыхуэфу, шоферу сыщылэжьа илъэсым сылъэпэрапэу си Iуэхур шыпхэ хъуным иIэжар зы бетэмалщ.

ПIэщIэгъуэкIэ, лъэIукIэ армэм сыкIуэн хуей щIэхъуари си щхьэ дзыхь тезмыщIэж сызэрыхъуарт.

Гуэдз Iухыжыгъуэу пыIэзэфIэхь зэманти, дахэ-дахэу шхапIэрэ зыгъэпсэхупIэрэ къыщытхуихуэр зэзэмызэт. Шхынми зыгуэрурэ укъелынт – кIуэрыкIуэм тету, рулыр пIэщIэлъу зыгуэр уедзакъэ хъурт. КIуапIи-жапIи зыхуумыгъуэтыр жейрат – рулыр пIэщIэлъу ущхьэукъуэныр упсэууэ уи мащэм уебэкъуэха пэлъытэт. АтIэми, а махуэм, мо ныжэбэ кIуа псы къиуауэ къэутхъуам и ужькIэ, си щхьэр си лажьэу, си нэм щIы имылъагъужу, ерагъыу жэщ згъэхъуауэ, гъавэ IыхыпIэм сыкъокIыжри хьэмым сыкъытолъэдэж. ГугъапIэу сиIэр зыщ: гуэдзыр зэрыста тхылъыр Мудар нэф Iэрызогъэхьэж, кIуэркъэкIуэжу лажьэхэр изогъэтIысхьэри, занщIэу дызогъэзеиж. Армыхъу рулыр сIыгъыу сыкъэжейуэ зы мыгъуагъэ къысIэщIэщIэнкIэ зэхуэIуа щыIэкъым.

Си Iур игъущIыкIауэ сыкъэсыжат. Мудари пщэфIапIэмкIэ щыIэщ жаIати, си щхьэр занщIэу сохь унэ бжэIупэм Iут краным. 71

Ауэ къуийм и щIыIу гуэрэф жыхуаIэу къыщIокI си Iуэхур: жыг щIагъым щызэхэсщ, хьэмтетри я гъусэу, шофер щIалэжьитI-щы.

– Уо-о, упсэу апщий, Мэз и къуэ, упсэу апщий! Узыхэхуэ частщ, жи! Убыдыт, ди ЩоджэнцIыкIу Алий!.. Хъунщ, хъун! А гушыIэкIэр зэрыпхэмызагъэр дощIэж. Укъэмыцыджу, убыди ефэ! – стэчаныр къыщысхуашийм, дыгъуэпшыхь сызыхэтар аргуэру сигу къокIыжри, «Iуфх-Iуфх!» къизгъэкIыу, си IэгуфитIыр яхуэсщIа мыхъумэ, си жьэр схузэщIэхакъым. Мохэр къыскIэрыхъыжьэу щыхуежьэм:

– АIей, Мэзан щIалэ цIыкIущ, фэ хьэжьвакъэжьышххэм зыпэвмыщI – хэвмыгъэзыхь, – ди пщафIэ КIулацэ адэкIэ щыт жьэгум къыдопсэлъыкI.

– Апхуэдэ щIалэ цIыкIу уи пIэ лъапэм къыщыдгъэ-хъейуэ уеплъыжащэрэт, КIулацэ! Пэжкъэ, ди усакIуэшхуэ? – Мо щIалэ жьэрэIурэ къомым къыдрихьея къагъанэркъым. Сэри а псоми, сакъыщыхыхьагъащIэхэм хуэмыдэу, сесэжащи, зысхъунщIэжыркъым... «Узыхэтым ещхь уохъу, жыхуаIэракъэ иджы мыр?» – сызэрыхъуар си щхьэ хузогъэщIэгъуэж. Асыхьэтуи гупсысэр къызоIуэнтIэкIыжри: «Ещхь, жи! Абыхэм нэхърэ сыткIэ унэхъ щIагъуэ уэ? Унэхъ щIагъуэр щыгъэтауэ, унэхъ Iейуэ щымытамэ, а дыгъуэпшыхьрей шэдым зыхэбгъэпскIыхьынт?..»

– Мыдэ къахэкI, тIасэ, абыхэм. Уэ иджыпсту узыхуейр сэ сощIэ, – си гупсысэр къызэпеуд КIулацэ. Си Iэблэр еубыдри, унэм сыщIелъафэ. – Мис мыращ уэ уи хущхъуэр. Ефэ, ткIуэпс къыумынэу. Фадэ зыIуумылъхьэ, – си щхьэр ирешэхри си тхьэкIумэм

къоIущащэ. – Уэ адакъэщIэ цIыкIур ныжэби джэдыщIашхэ усшэнущ, – жи.

– МыджэдыщIэу, си анэ и ныбжьын пщIондэ!.. – сыхэпырхъэри шху гуащIэ сызэфэм къигъэзэж пэтащ.

– Алыхь, езы си ныбжьэгъум Iейуэ игу урихьауэ, лIым я нэхъ дакъэм уакъыкIэрымыхуу къызжиIам-тIэ. Ныжэбэ гуэрми ухуэсшэну къызэлъэIужам ЖанкIэ...

– Уи ЖанкIэ кIуэда уэ, сэ жанкIэ зи шэрэзыр кърагъэжын щхьэ куцIыншэхэ! А уи ЖантIатIэ хьэбыршыбырымрэ уэрэ дыгъуэпшыхь къызэфщIам ищIыIужкIэ... Фэ фхуэдэу сынапэншэщ, фэ фызищIысыр псоми уэрэд дыджу яхэзмыхьэм... – жысIэу сыкъыщилъым, уэрэд зыхуаусми щыгъуазэ, сэри уэрэд зыусхэм зыгуэркIэ сазэрыгуэтыр зыщIэ пщафIэр къогузавэри:

– Хъунщ, тIасэ, хъунщ. Си псэр ушх – умыкIий. ДжэдыщIэл уи дзэм щемызэгъкIэ... Мес адакъэжьхэр... – жиIэу къызэубзэкъызэбзейуэ къыскIэлъыщIокI! Шху сызэрефа фалъэр хыфIэздзэжауэ щыIузгъэзыкIыжым:

– Мэз и къуэ! ЗумыгъэкIуэдыж! Уэ сыпхуейщ сэ, – Мудар нэф къыскIэлъокIий. – ЛIо, КIулацэ, зи кIэ щIагъым чы кIэщIаIуа шыду ар зэрыбгъэлъеяр? Мы дыгъужьыжьхэм зэхебгъэхым хуэдэ абы жепIэнщи, и дзэр IухункIэ тIэу еплъынкъым. Сабийщ ар иджыри...

– Сабий щIэгъейуэ зи дзэри зи сыджри зэрыхъун хъууэ тIыгъуэжа адакъэ домбей пщIондэ, сыт жысIэн?..

– ЛIо, бгъэунэхуа?..

– Ари уи ЖанкIэм деж пшэуэ щыхэбгъэпща?



– ФымыжьэрэIурэ иджы! – КIулацэ зегъэфэрыщI.

Ауэ зэрымыщIэкIэ уи жьэм зэ къыжьэдэхуа хъуар зыщубзыщIыжыфынухэм ящыщтэкъым абдеж щызэхэсхэр – кIапсэ кIапэр къахуэгъэлъагъуэ закъуи, гугъущэ демыхьу, абы и кIыхьагъыр къэзыщIэфын защIэти, жыфIэр пцIыщ жыпIэу уаIурыIэбэмэ, мафIэм къуацэкIэ ухэуа хуэдэт: зызыхъунщIэ едэ жыхуаIэу, пцIы дыдэри уагъэдэфынут. Ауэ иджыпсту ахэр зи лъэужь теувар пцIытэкъым.

Iуэхур зэрыхъуари мырат. Гуэдзыр икIутэн щыдух дыдэм, КIулацэ и кIэр иудэурэ тIэкIуи зигъэхьэтэфотэу къыIуолъадэ:

– Ухьэзыр, Мэзхэ я къуэ?

– Шхэну мыхьэзыр сэлэт плъэгъуа? Щхьищэ пытамэ, километрищэ скоросткIэ жьы пхущIезгъэхунщ, КIулацэ! – жызоIэ, пщафIэр зыщIэупщIэр сигъэшхэну ара си гугъэу.

– Нэфрэ дэгурэ зопсалъэ жыхуаIэм ещхь сфIощI, тхьэ, Мэзан, ди Iуэхур. Сэ зи гугъу сщIыр нэгъуэщIщ: гуэдзыр бдэзунэщIыну ныщхьэбэ элеваторым нэкIуэнур сэращ, – жи пщафIэм. Абы иныкъуэхэм деж апхуэдэу ищI зэрихабзэр сщIэрти:

– Нэхъ къызощтэххэ! Хъыджэбзыжь цIыкIу увыIахэм сызэрагъэбампIэр нэхъыбэщ, къызэрыздэIэпыкъум нэхърэ. КуцI гъэтIылъа зиIэ пщафIэ бэгъуам и щэр хуэдгъэткIункъэ, мыдэ зэ дынэгъэс уэ, – жысIэу сыкъыпогуфIыкI.

– Абы дынэсмэ, уэри уи Iупэр Iуиудынкъым, делэжь! –пщафIэр нащхьэIущхьэм къысхуоуэ, ауэ сэ зыри къызгурыIуэркъым.

Гуэдзыр зэрыз машинэр къыщызэщIэзгъэаплъэм, КIулацэ IуобзэхыкIыж. Машинэр гуэдз самэм къыбгъэдэсхуауэ зызоп-

лъыхь: дэнэ щыIэ си гъусэр? Си нитIкIэ къысхуэмыгъуэтыр Мудар и нэ лъэныкъуэмкIэ къилъэгъуауэ къыщIокIри:

– Мес а узылъыхъуэр, – жиIэу псыIэрышэбгъумкIэ дэкIуей гъуэгумкIэ и Iэр еший. Месмэ – мес. Си машинэр зэщIэзгъэплъагъэххэти, сотIысхьэри сожьэ. КIулацэ деж сынэсмэ, фызыр псы Iуфэм декIуэкI дзэлылъэм хоIэбэ, зи щхьэм напэIэлъэщI хужьыбзэ тепхъуа чы матэшхуэр къыхех.

– Мыр лIо, КIулацэ, жэщхэс укIуэу ара элеваторым, сыту гъуэмылэ матэфI къыздэпщта хуэдэ, – жызоIэ.

– Гъуэмылэкъым, тхьэ, ар – кIэртIофыщIэщ. Къалэм дэс си ныбжьэгъу-благъэм хуэсшэу аращ. Дыгъуэпшыхь сыдэкIуеижати, нышэдибэ къыздесшэхат, – жи. Гур мыплъэмэ, нэм илъагъуркъым, жи, армыхъумэ абдеж си акъыл хуэкIуагъэххэкъым дыгъуэпшыхь здыдэсшеижахэми нышэдибэ къесшэхахэми КIулацэ зэрахэмытам. КIуэрыкIуэм тету абы пцIы къысхуиупсыну сыткIэ си гущхьэм къэкIынт? А псор къыщысщIэжар нэхъ иужьыIуэкIэщ.

КIулацэ и чы матэри кабинэм кърегъэувэ. И лъакъуэхэр абы трегъэлъэдэжри, апхуэдэу зэрымыищыпэщIэр белджылыуэ, езыми тынш дыдэу зрегъэзагъэ кабинэм.

– Ыздыдыхьэну уи ныбжьэгъу-благъэм я деж дыщыгувэну? – ауэрэ дыздэкIуэм соупщI КIулацэ.

– Дыщыгувэми, умыгузавэ. Мудар нэф сэ сыгурыIуэжынщ. Ауэ, иджыри ныбжызоIэри: уэри уи Iупэ Iуиудынукъым... Iуиудыныр щыгъэтауэ, укъысхущIэмыкIыжу, Хъуэжэ и бэщмакъыу зыкъысфIибгъэнэнкIэ тIэу уеплъынкъым...

– Хъуэжэ жэнэтрат зыкъызригъэнар. Уэ сыздэпшэнур...

– Дуней жэнэтщ! Ахърэт жэнэт щымыIэм къраухьэкI мыр жумыIэмэ, си напэр фIыцIэщ. А дыдыд мыгъуэ, игъащIэкIэ ухакIуэмэ нэхъыфIщ, зы махуэ ушыбз нэхърэ, жыхуаIэм хуэдэщ цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я гъащIэр. Фэ фи тхъэжыгъуэу, дэ ди мыгъуагъэу догъакIуэ... Ауей, уэ иджыри абыхэм хэпщIыкI щыIэу къыщIэкIынкъым... Хьэмэрэ, бзаджэжь, си гугъэм ущыщымыIэрэ?.. Уэ сыпхуэдащэрэт – хъыджэбзми пхъужь щIалэми уахосыхьри уахэтщ... ЗахыумыгъэкIыж, тIасэ. Зы псыр тIэу къежэхыркъым. УIэбэмэ, улъэмыIэсыжу... Сэ сэщхьу укъэнэнщи, сыкъэпщIэнщ...

– Уэ лIо узэщхьыр?

– Сызэщхьыр плъагъуркъэ? Щынэлыр зэзмыпэсурэ, къупщхьэжь згъуэтмэ, сыгуфIэу сегъуу сыкъэнэжащ... Ауей. А псор уэ иджыри къыбгурыIуэнукъым. Анэ быдзышэр зэрыIэфIыр къыщыпщIэр ар щипфым дежкъым – ин ухъуа нэужьщ... – КIулацэ мэщатэри, нэщхъей къохъу. Абы сигу щIогъу – и щхьэгъусэр зауэм хэкIуадэри, езыр щIалэ дыдэу фызабэу къэнауэ щытащ. Езым зэрыжиIэмкIэ, зигъэлIэжу илъэсипщIкIэ щIыщысар и хъыджэбз цIыкIу закъуэрати, ари къезытам Iехыж, и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу къонэри, и дунейр гурыфIыгъуэншэу кърехьэкI. Мис иджыщи... «къупщхьэжь игъуэтмэ, гуфIэу егъуу къэнэжащ». КIэщIу жыпIэмэ, цIыхум ягу зыщIэгъум хуэдэщ.

– Арати, сызэплъэкIыу сыкъызэплъэкIыжыху, ныбгъуэ дамэшхуэр ишхащ жыхуиIэу, напIэзыпIэм дунэщIри дежьэжащ гуэдз машинэр, – бахъейр къызыщхьэщих КIулацэ и щхьэфIэпхыкIымкIэ зызэпелъэщIыхьыж.

– Уэли, лIы хуэдэу укъыщIэкIам – бэлыхьлажьэу улэжьам, КIулацэ...

– НтIэ, пщыхьэщхьэкIэ фхузэрымыгъэгъуэту фыщIызэрыукI а фи хъыджэбз гуэн къуэтIысхьэхэм сахуэдэ уфIэщIрэ?.. Зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ ягъакIуэркъым, жи. Дэ аращ алыхьым къытхуигъэщIар – гъащIэу къытхуэнам вым хуэдэу дылэжьэн... Неуэ иджы, Мэзхэ я щIалэ, си ЖанкIэ деж. Сэ сызыхэта, сэ сыкъызыхэхуа жыпIэу, абы дыщымытхъэжмэ, си напэм къыщIэубжьытхэ. Зигъэхьэзырауэ...

– ДызэрыкIуэнури дэнэ щищIэрэ абы? Хэтщ жыпIат и цIэр?..

– ЖантIатIэт и цIэр. Ауэ ЖанкIэм къытенащи... ДызэрыкIуэнур ещIэ. ДызэгурыIуащ. Уэ си напэр тумых закъуэ...

– СыткIэ? Шхэн, жыпIэрэ – сыхьэзырщ! Ефэ, жыпIэрэ – абы щыгъуи дыкъикIуэтынкъым...

– Ари хэтын хуейщ Iуэхум. ЛIы хуэдэу...

– ЛIыри сыт, ауэ... – сыкъыпыгуфIыкIыурэ сыхуоплъэкI КIулацэ. Ауэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, ефэн-ешхэн тIэкIумкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелът. Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ жыхуиIэу, ефэ-ешхэ Iэнэр пасэу зылъыса щIалэтанэ цIыкIухэм сащыщт сэри. Узэджэузэплъ хъуну пыIэ зыщхьэрыгъыу къуажэм дэсыр зауэм цIырхъ щищIым, лIыжь къуэдзэу сабийхэр дыкъэнати, хьэгъуэлIыгъуэ, кIэлъыгъакIуэ-къыкIэлъыгъакIуэкIэ зэджэхэм я гугъу умыщIыххи, нэчыхьытх Iуэхури къыщытлъыс къэхъуу щытат. Ефэ-ешхэ Iэнэ ущагъэтIыскIэ, цIыхум ящIэри пщIэн хуейти... Псалъэжьыр зытражыIыхьар дэрами ярейуэ: дышкIащIэу бжьым дыщIэхуат...



КIулацэ жыхуиIэмкIэ згъэшурэ, зы дурэш гуэрым дыкъыдохутэ. «Мис мы куэбжэращ», – щыжиIэм, машинэр къызогъэувыIэ. Фызым и кIэртIофыщIэ кIарзинкIэр ирехри йокI.

– Мыбы дыщыгувэну, КIулацэ? – жысIэу сыщеупщIым:

– ЛIо, жэнэтыбжэм узэрыIухьэу, укъэшынэжауэ ара?..

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ! Мышинэбжэр згъэбыдэнрэ сымыгъэбыдэнрэ...

– Бгъэбыдэнущ-тIэ.

Згъэбыдэмэ – згъэбыдэ! Мыбы къызиIуэкIхэр пэжмэ, шыдрэ пэт илъэсым зэ мэфтрей, жи...

– Къеблагъэ, Кате! Фыкъеблагъэхэ!.. – машинэ Iэуэлъауэр зэхихауэ арагъэнти, зы цIыхубз домбей, зэрызимыгъэтIорысэр, и уасэр зэрищIэжыр фэуэ тету, къыдож. Си КIулацэр зыIэщIипIытIэнкIэ шынагъуэу, IэплIэ къыхуещI, и напэми зы мыхъур хъурей плъыжьышхуэ къыхутредзэ. ЗэныбжьэгъуитIыр зэхуэгумащIэу зэщогуфIыкI, зэдэгушыIэурэ зохъурджауэ. КIарзинкIэ хьэлъэр сIыгъыу япэ ситу сыздэкIуэм, си тхьэкIумэм къоцырхъэ Iущащэ макъ: «ЩIалэ... щIалэ. Ефэн нэмыщIи, нэгъуэщI зыгуэри зыщIэф жыпIэурэ сыбгъэпсэуртэкъыми, мастэнэм къызэрыпачащ. ИкIи щIалэ бланэжьщ... Еуэ, уэ плъэкI къыумыгъанэ закъуэ... Щхьибгъу пфIэтмэ, зы къыпфIимынэнкIэ шэс сохьэж...» «Хъунщ, Iей. Уи жьэр зэщIэкъуэ мыр зэ. Зыгуэр зэхебгъэхынщи...»

ЦIыхубзитIым зи гугъу ящIыр сэрауэ зэрыщытыр япэщIыкIэ къызгурымыIуами, сэрат зи суд ящIэр.

ДызыщIыхьа унэр тхьэм узэрелъэIунт. Къабзэлъабзэ дыдэу зэлъыIухат. ПэIущIэр къуэдзапIэу къыщIэкIынти, къэп, ашыч,

кIадэ сыт хуэдэхэр лъэщIэсым тету зы лъэныкъуэмкIэ щызэбгъурытт, пырхъуэм дызэрытехьарауэ:

– Дэ, къуажэдэсхэм ещхьу, гуэн-гуэщ сыт хуэдэхэр диIэкъыми, ди къуэдзапIэри, ди пщэфIапIэри, ди хьэщIэщри къыпхуэщIэнукъым, – жиIэурэ Iупхъуэр къредзыхри зы блыныр егъэпщкIу цIыхубзым. – АIей, Кате, уи гъусэ щIалэр сыбгъэцIыхуакъыми...

– Сыт мыгъуэри и щIалэ абы! Бзу шырщ... Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, къуалэбзум хуэдэуи мэбзэрэбзэф: уэрэдхэр, усэхэр етх. Игу урихьмэ, уэри кIэзетым уитхынщи...Пэжкъэ, Мэзан? – КIулацэ къысщогуфIыкI.

– Мишэщ, жыпIа-тIэ, и цIэр?..

– Хьэуэ, Мэзанщ къысфIащари къызэрызэджэри...

– Арми, содэ, – КIулацэ и гушыIэмрэ цIэщIэ къысфIащамрэ сигу темыхуэу си макъым тIэкIу зэрызезгъэIэтари къаугъэ ищIыркъым бысым цIыхубзым. – ГъэувыпIэ бгъуэтмэ, кIарзинкIэр моуэ тегъэувэ, Мэзан, – жеIэри къоIэбэ ар. – АIей, Кате, зыщIар исми ярейуэ, мыр сыту хьэлъэ. Дэ дыпсалъэурэ едгъэукIаи щIалэр...

– КIэртIофыщIэ къыпхуэсшауэ аращ. ДжэдыщIэрэ абырэ зэщIэлъу тхуэбгъэжьэнщи...

– Фхуэзгъэжьагъэххэу хьэзырыбзэщ, тхьэ! Мыдэ зыфтхьэщI закъуи...

– Псым сиубыдащ, – жысIэу зыщысплъыхьым:

– Дзэм дыхьэу щIыIэмылу къыфхуизгъэжынкъэ иджыпсту... – и зыIэщIэлъагъымрэ жьы зэрыщIэтымрэ пхузэхуэмыгъэхъуу, цIыху жыджэр гуэрщ ЖантIатIэ. Сэри абы и ужь ситу сыкIэлъыщIокI. Псы щIыIэ сефэху, щIолъэдэж цIыхубзыр. Дыху сабын Iыхьэ къыщIихам зэремыIусаIар сигъэлъагъуну абдеж къыщызэкIуэцIех, ар сабынылъэм ирелъхьэри, бжыхь джабэм кIэрыт зытхьэщIыпIэм трегъэувэ, напэIэлъэщI щIэрыпсри бжэгъу щхьэкIэм фIедзэжри, зыптхьэщIынумэ, ухуитщ жыхуиIэу, езым IуегъэзыкIыж. Си бгырыпх щIэпхапIэм нэскIэ зызотIэщIри, краныпсымкIэ зызогъэщIыIэтыIэ. НапэIэлъэщI къуацэшхуэмкIэ зызолъэщIыж. Зысхуэпэжрэ, си адэжь схуригъэщIа нэхъей, унэм сыщIыхьэжмэ, Iэнэр зэтетщ. ЖантIатIэ пцIы иупсатэкъым: джэдыщIэмрэ кIэртIофыщIэмрэ зэщIэлъу тебэшхуэм хуэфIу илъщ. НэгъуэщI зы тебэ цIыкIукIи тетщ шатэкIэ гъэжьа джэдыкIэр. ХадэхэкI жыпIэнущи, нащэ цIынэри, бжьын цIынэри, бжьыныхури, балыджэри... КIуэаракъэ, хы адрыщI къикIа хьэщIэшхуэм къыхуащта Iэнэ фIэкI пщIэнкъым.

– Ерыскъыр фадэм и шхуэIуу щытмэ, езы фадэр ерыскъым и щIопщщ. ТIэкIу фигъэшхэнщ, – жеIэри аркъэ бащырбитIи къытрегъэувэ... «ЦIыхубзхэм зыкъыддумыщI, Iей! Уэ улIкъэ?» – жаIэм къысхурагъахъуэм, сэри «сылIмэ–сылI-тIэ», – жысIэм сеуэмсеуэурэ, мо махуэ псом псы фIэкI уи джийм емыхауэ укIуэцI нэщIмэ, куэдрэт – сисыкIри сыуфэрэкIащ...

ЩхьэгъубжэмкIэ къыдидз мазэр си нэгум къиджэгухьу сыкъызэщыурэ, зысплъыхьмэ, ЖантIатIэ плIэплIэжу къызбгъурылъщ. Хъарпшэру си щхьэм Iэджэ къощхьэрыуэж... СибгъукIэ къыщылъым сыкъыщхьэпролъри... Мазэ нэху фIэкI зыщIэмыт унэм си щыгъынхэр къэслъыхъуэжу сыщоIэбэрабэ.

– Псы уефэну ара, Мишэ? Сэ къыпхуэсхьынщ иджыпсту, – жиIэу

къызэфIэтIысхьа цIыхубзым, си насыпти, IэпкълъэпкъышхуэмкIэ щхьэгъубжэ цIыкIур зэрыщыту IуепIэри, унэр кIыфI къохъу.

– Сытыпс!.. Си щыгъыныр!.. – сыIущащэ си гугъэжу, сокIий.

– Уи щыгъыныр здэбгъэтIылъам деж – а шэнт натIэм фIэлъщ... – нэфым ещхьу, соIэбэрабэ. Техьэгъуэ къыстехьа фIэкI умыщIэну, сыдрехьей, сыIэрпхъуэрщ. Уэздыгъэр къыщыщIэнам, емыщхьу зыгуэрым сыкъилъагъун е сэ сымылъагъупхъэ сыIуплъэнкIэ соукIытэри, си щхьэр къэсIэту сыкъыдэмыплъеифу, си вакъэ лъэпсыр сопхэ. Ауэ а къысщыщIам нэхъ укIытэгъуэ дэнэ къипхыжынт?..

– Мэт, псы щIыIабзэ... Хьэмэ шэмпанскэ щIыIэ нэхъыфIу пIэрэ? – хъэлат тIатIэшхуэм къыкIуэцIылыдыкIыу си пащхьэм къитым сызэрыIуплъэу, е фадэ гугъу зэрищIара, сытми, зэрыхъуар сымыщIэу, си гур къызэрыдохьей, си жьэр IитIкIэ Iузубыдауэ сыкъыщыщIэжым, мо нэхум сыкъыхэжауэ кIыфIым сыкъыщыхэлъадэм, тхьэм ещIэ зэрыхъуар, сымылъагъуу солъэпауэри согъэуфэрэкI дыгъуэпшыхь къыздэтшауэ лъэныкъуэкIэ щыт кIэртIофыщIэ кIарзинкIэр. Ауэ абы къилъэлъар зэрыгуэдзыр гурыIуэгъуэщ. «Ер си унэ щихьэпар мис иджы си гугъэщ. Мы сэ сызыхэхуахэр!..» Сыщхьэлажьэу шыгъуэгумкIэ сожэкI. Си Iуэху зэфIызогъэкI. ЗызотхьэщIыж. АрщхьэкIэ абыхэмкIэ къабзэ сызэрымыхъужынури къызгуроIуэ.

Си щхьэр фIэзудыжу, си гъусари здэсшэжыну си мымураду, кабинэм сипкIэжмэ, си КIулацэу плъагъур зигъэзыжу исщ.

– АIей, сэлами-чэлами щымыIэу уежьэжыну? КIыщтэм къыпидза хьэкъырш, хьэцыпэ, гуэдз щIэщ хуэдэхэр джэдIус хуэхъунщ жысIэри ЖанкIэ къыхуэсшати... Умылъагъуу уелъэпауэри ипкIутати... ДыщIыхьэжын и гугъэу ар зэщIекъуэжри къыщIэмыкIауэ арати... ДыбгъэпIэщIэн хуеякъым. Абы зы щхьэщIыж Iэнэ къызэтригъэувэжати... – КIулацэ и жьэр имыгъэувыIэу, сэ екIи фIыкIи псалъэ схужымыIэу, зызущэхуауэ дыкъэсыжат дыгъуэпшыхь...

Мис иджы аргуэру... Мудар нэф тхылъ изотыжти, псы софэти жысIэурэ... Сыту пIэрэ а кхъуэ нэфми сыпхуейщ, зумыгъэкIуэдыж, жыхуиIэр? Дунейр къутэжами, ныжэбэ сылэжьэфынукъым. Си щхьэр унэм нэсхьэсыжыфамэ, си пыIэжьыр щэ дэздзеинт... Иджыри тIэкIу жьыIуэщ. КIуэр-къэкIуэжхэр иджыпсту яутIыпщыжынукъым... АпщIондэху зы гуэдз машинэ шэж къызжиIэмэ...

– Модэ нэвес щIыбымкIэ нехулIэ, Мэз и къуэ, – си гупсысэм сыкъыхеш хьэмтетым.

– Ар сыт щхьэкIэ?

– Зи щхьэкIэращи, нехулIэ, щыжаIэкIэ – нехулIэ. Нышхьэбэ цIыхубзхэр уэ уэдгъэшэжынукъым. Трактористхэмрэ комбайнерхэмрэ я пIитIанапхъэу едгъэхьэжыну гуэдз къэпипщI хуэдиз дэпшеин хуейщ. Гуэдзыр икIутауэ къэпхэр щытщи... – Мудар поднавесымкIэ егъазэ. Сэри «ари алыхьым и шыкурти... Е мыхъу фIы хъужыркъым, жи. Пшапэ зэхэуэгъуэ хъуху зысIэжьэу, пщыхьэщхьэ бригадэ фызыр зэбгрысшыжу хьэблэм сыдэмыту, щхьэлым сежалIэрэ къэпхэр издзмэ»...

Уи щхьэ хуэфIын Iуэхум ущигъэуэныр зы бетэмалщ. Абдеж сызэгупсыса щыIэкъым. Ауэ гуэдзри щхьэлым сшэщ, ма-

шинэри згъэувыжри сыкъэкIуэжарэ сыгъуэлъыжауэ сыздыхэлъым, сызыщIогупсысыж: машинэм гуэдз къыддрикIутэныр, хьэлъэ гуэр къыддиIэтыныр щыгъэтауэ, Мудар нэф икIэрауэ баш къытхуиIэтыркъым. А шоферхэм ящыщ е хьэмым тетхэм ящыщ къримыхулIэу езым гуэдз къэпипщIыр дауэ къыздрилъхьа?.. Зыми ямылъагъумэ нэхъ къищтэу... Уэли, арам!.. Яхьэжмэ, къэсшэжыну? – жысIэу сыщеупщIыми: «Уэ шэныращ уи Iуэхур. КъэзышэжынурнэгъуэщIщ», – жиIащ. Гуэдзыр щитхым щхьэлтетым зэрызищIарщэ! «Дунейр умыкъутэ, Мэзхэ я къуэжь цIыкIу. Уи адэм и щэджыжь къыщIиуIукIа хьэмэрэ джэдыкIэкIэ къихъуэжа гуэдз къэпшакъым!» – жиIэурэ Iущащэурэ ирыдигъэхатэкъэ къэпхэр? ЗанщIэу гу лъызмыта щхьэкIэ, Мудар нэф къызита накладнойр сигу къэкIыжтэкъыми: амбарым къызэрысшэ дыдэм хуэдабзэт... Еу-уей, Мэзхэ я къуэ!.. Уагъэделэурэ зыхуейр уагъащIэу, IэпэкIэ укърашэкIыу аращ. Дыгъуэпшыхь «кIэртIофыщIэ»... ИужькIэ джэд Iусыпхъэу къыщIидзыжауэ. Ныщхьэбэ «пIитIанапхъэ»... Делэр хэтми – деплъынщ! – сыкъыщылъэтауэ зыщысхуэпэжым, пщэфIапIэмкIэ къикIыж ди адэр къыщIохьэж:

– Нэху щакъым иджыри. Гъуэлъыжыгъуэ хъуауэ аращ...

– СощIэ...

– НтIэ, пщIэмэ, жэщыбгым уздэкIуэнур дэнэ?

Iуэхур къызэрекIуэкIа псор щыгурызгъаIуэм:

– Псыежэхыр къэзгъэувыIэнщ жыпIэу упэщIэмыгъуалъхьэ, тIасэ. УмыщIамэ – фIыт. Ауэ пщIэнур пщIауэ...

– СщIэр сымыщIэу сщIащ! СыкъагъэпцIащ! – псомкIи къуаншэр ди адэра нэхъей, си акъыл хунэмысыгъэкIэ сокIий-согуо. – КъызэрагъапцIэ езгъэлъагъунщ сэ а кхъуэ нэфым!..

– Уэ унэжану, умыакъыл нэфу щытамэ... Щхьэр умыгъэузу уи пIэ ис! Уэ пхуэдэ куэдым шейтIан къафэ ирагъэщIащ абыхэм...

– Уэли, езы щыр шейтIан къафэм къыдэзгъэуджынмэ-тIэ! Ари жылэм ялъагъуу!.. А амбартет Iэшэми: «Сэ сызыхуейр тхылъкъым – дэнэ щыIэ къысхуэпша гуэдзыр?» – зэрыжимыIа! Аращ – езы щыр зэрыщIэу зэдашхыну...

– Хьэуэ! Уэри еплIанэу уздагъэшхэнущ! Щыгугъ!.. А Iуэхур хэIущIыIу пщIымэ, къыхэпхынур пщIэрэ?.. Гуэдз къэдыгъуар щхьэлым зышар хэт? Уэращ! Ауэ щыхъукIэ, уэри еплIанэу...

– Сэ сщIакъым зо ар!

– НтIэ уи щхьэм акъыл къыщихьэн, пщIэр пщIэжу ущрагъэсэн щIыпIэ илъэс зыхыбл хуэдизкIэ уагъэкIуэнщи...

– Схуэфащэпсщ! Къыслъыс си Iыхьэщ! – жысIэу сыщыщIэжым:

– Щыгъэт! КъэувыIэ, жыхуэсIэр уэракъэ?! Си пщIантIэ укъыдэзгъэхьэнкъым!.. Си хьэдэ укъытезгъэхьэнкъым!.. – ди адэр къыскIэлъыкIийуэрэ сыдэжат...

Мис ахэрат нобэ ди адэм къызихъуэныжыр. Ауэ, сыт жысIа? Жэм лъакъуэ шкIэ иукIыркъым, жи. Си мурадым сыхутекIатэкъым. УтекIынкIи дуней Iэмал иIэтэкъым. ИгъащIэкIэ зы еджапIэ умыкIуэнуми, фIыуэ плъагъу гуэр, къэпшэн гуэр уиIэн хуейтэкъэ? Школым сыщыщIэсамрэ колхозым шоферу сыщыхэта илъэсымрэ тIэкIу сызыдэгушыIэу щыта хъыджэбз цIыкIу гуэрхэр щыIами, ахэри хэт лIы дэкIуэри бынунэ хъужат, хэти еджапIэ щIэст. Ухэлъадэу япэ уи нэ къыфIэнар (занщIэу къыбдэкIуэпэнуи дощIри) «дунейм

темыхуэж хъыджэбз къомым» (арат ди адэр Iуэхум зэреплъыр) къахэпши хъунукъым.

Сытми, илъэс зэхудипIалъэу, ауэ тIури абыкIэ дымыарэзыуэ, – ди адэм ар фIэкIыхьт, сэ сфIэмащIэт, –Iуэхур доухри, еджакIуэ сокIуэ. АрщхьэкIэ шым и пащIэр пIуантIэмэ, и щIыбыр щогъупщэ жыхуиIэу хъуакIэт псори (ди адэм дежкIэщ жыхуэсIэр). А лъэхъэнэр щIыщIэхэр къэIэтыным щигуащIэгъуэ зэмант. Къэралым щIалэгъуалэу исыр а Iуэхушхуэм хэтт. Студентхэми я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр Къэзахъстаным и губгъуэ гъуни нэзи зимыIэхэм щрахырт. Жылэм емыщхьым бабыщыщхьэ къыфIокIэ, жи, ди институтым и студентхэр адрейхэм нэхърэ нэхъыкIэт – къэрал Iуэхур псоми ди зэхуэдэ Iуэхут, сэ езыр сышофер хьэзырти, яхуэмыгъуэтым сыхуэдэт...

А гъэми удэкIуэтэнтэкъэ? Абы етIуанэ гъэри, ещанэ гъэри теслъхьащ. ЕплIанэ гъэм и гъэмахуэм сыкъэкIуэжмэ, ди адэм и пэ жьы къыщримыхужыххэр мис иджыщ. ТхьэхужыIэу жыпIэмэ, мис иджы сыхигъэзыхьмэ, а гъэм ди адэр згъэщIэхъун си гугъатэкъым сэри. Зыгуэрхэми нэ есщауэ щытт. Налшык никIыу Къэзахъстаным нэкIуа студентхэм хъыджэбз хъарзынэ цIыкIу куэд яхэтт. Хъарзынэ псом я хъарзынэжу къысщыхъу Мадинэ письмоуэ хуэстхым хуэдиз усэу стхыж къыщIэкIынтэкъым. Ауэ а псори жыжьэу ба жыхуаIэм ещхьт: ди лъагъуныгъэр (абы лъагъуныгъэ фIэпщ хъунумэ) письмокIэт зэрызэпыщIар. Мадинэ афIэкIа Къэзахъстаным нытригъэзэжатэкъым. Ауэ ди письмохэм къыхэщырт дызэрызэхуэзэшыр, дызэхуэзэжыным дызэрыхуэпIащIэр. АрщхьэкIэ, «пэкIэ псы ефэу къысфIэщIу къэзгъэпцIа ди адэм» (арат абы псори зыхуихьари иджыри зытемыкIри) зыкъысхуигъэгусати, и нэгум сыщIимыгъаплъэурэ тхьэмахуэ хуэди докI. Сэ экзаменхэр нэхъ пасэу зэфIэзгъэкIри нэхъ пасэуи сыкъэкIуэжат. ЗэрыжысIащи, сыхагъэзыхьрэ кIуапIи-жапIи къызамыту срахулIэмэ, къэсщэнут. ХьэгъуэлIыгъуэм текIуэдэну ахъшэри збгъэдэлъу сыхуэщIауэ сыкъэкIуэжат. АрщхьэкIэ ди адэр (иджы куэдкIэ нэхъыбэ къыхуэсша пэтми) си ахъшэми къыпхуеплъыжыпэнти. «Уи натIэм иукIащ!» – жыхуиIэу къызэпэбжьэуа мыхъумэ, «дапщэ хъурэ е сыту фIыт!» – дэнэ щыжиIэнт. Ар езыр и ахъшащхьэ зэтехуэу псэут. Бжьэ куэду игъэхъурт. Мис иджыри, ныщхьэбэ ди бжьэр дишынущи, зызэрегъэпэщ: колхозыбжьэр дэзышарэ езым и унэбжьэри гъуэмыли дэзышыну къехыжа Мэжид дадэ (ди адэр абы и дэIэпыкъуэгъут) къихуа машинэм бжьэ матэхэр идогъэувэ. ИужькIэ бжьахъуэ унэ цIыкIури идгъэувэщ, гъэтIылъыпIэ лей ямыубыдын папщIэ, абы хьэпшыпри, тепIэнщIэлъынри, хьэкъущыкъури, гъуэмылэри (мэлыбгъуэ гъэгъуа, кхъуей плъыжь, кIэртIоф, хугу, нартыху хьэжыгъэ, гуэдз хьэжыгъэ, хадэхэкI, нэгъуэщI къинэмыщIхэри) щIэтлъхьэри бжэр дгъэбыдэжащ. Ди адэр машинэм къыщехыжым, тхьэм ещIэ зэрыхъуар, къехуэхащ. Ар хуабжьу цIыху бэшэчт. Къэхъуагъэшхуэ щымыIэ хуэдэу къыщылъэтыжащ. АрщхьэкIэ и лъэр щIощIэри йотIысэхыж:

–Iау, мыр сыт? – жиIэу къызэфIэувэжа щхьэкIэ, дэнэт – аргуэру зыщIотIысыкI.

– УтещIагъэнщ, хуэ гуэр иукъуэдиягъэнщ. Е уи лъакъуэр зэрыуауэ пIэрэ? – и Iэблэхэр тIыгъыу щIыдошэж. Хэт и лъакъуэр еу-

быдри къокъу, зэрыуамэ зэрагъэпкIэжыну, хэти и куэр ешытIэ. Ауэ а псоми къикI щыIэкъым. Щымыхъужым, къупщхьэ къутакIэ Iэзэу ди хьэблэм дэс лIыжьыр сожэри къызошэ.

Ди адэм и шхужьыр къутауэ къыщIокI. Ар хуашхэ. А щIыкIэм тету, игъащIэм жылэм зэрагъэпцIам чыцI ажэр тепкIэри икъутэжащ жыхуиIэу, си фызышэ Iуэхур зэкIэ къызэпоудри, сэ бжьахъуэу сыдэкIын хуей мэхъу.

ИгъащIэкIэ умыбжьахъуэми, дунейр къутэжыху ущыпсэу хъунт а дыздэкIуауэ щыта щIыпIэм. Жэнэт жыхуаIэр щайт, абы елъытауэ. Бжьахъуэ пщыIэ гупэмкIэ мэз лъапэр пихъукIыу йожэх зэнзэныпсу къабзэ, уи дзэм дыхьэу щIыIэ къуршыпсыр. МыдэкIэ ихъуреягъыр мэкъупIэ зэфэзэщщ, нэрынэ-нэрынэурэ зэрыдза фIэкI умыщIэну, зеIэт бжьахъуэ пщыIэ щIыбагъым къыщежьэ Iуащхьалъэу иужькIэ бгылъэ хъужым. Нэхъри нэхъ гупсэхуу уеплъыIуэмэ, а Iуащхьэхэм я зыIэтыкIэм уи акъылыр нэгъуэщI зыгуэрми хуешэ: хуэмурэ щIым зытезыIэтыкIа кхъухьлъатэр уэгум хуэкIуэ нэхъей, уи нэр зыкIэлъыплъыз бгылъэм уафэ нэзым зыхуишийуэрэ абы лъэIэсыпа къыпщохъу. Ауэрэ уафэ гъунэм еIусэу къызэтеувыIа мис а бгыщхьэ сыджым къытеувауэ щIылъэм къыхуежэх пфIощI пщIэнтIэпс плъыжьыр къызэжэбзэх дыгъэр. ЩIэпIэщIэн щхьэусыгъуэ иIэщ абы: плъыфэ зэмыфэгъуу зэщIэпщIыпщIэ мэкъупIэм и мэ гурыхьым уи щхьэр егъэуназэ, а губгъуэм и IэфIыр щIэзыфыкI бжьэхэр къэмыхъей щIыкIэ дыгъэм и бзий пщтырхэмкIэ удз щхьэкIэр пихъукIын хуейщ. Къущхьэхъу псом и тетыр аращ – абы и Iизыныншэу шатащхьэр хэт трихын?! Ауэ, сыти жыIи, Хьэуарэ Iэдэмрэ ещхьу, дыгъэмрэ мы щIыпIэмрэ зокIупс.

Пэжщ, уи Хьэуаи уи Iэдэми пщигъэгъупщэжынт, моуэ сыхуеплъых щIыкIэу, нэкIум сыздыкIэрылъым сэ а пщэдджыжь дахащэм зы телъыджэ хэслъэгъуати. Дыгъуэпшыхьрей гъуэгуанэм, машинэ унэщIыным я ужькIэ, ныжэбэрей жей IэфIым сыхэту пщIыхьэпIэ хьэлэмэтлажьэ си нэгу щIэкI фIэкI пщIэнтэкъым. Си нэм къыщIэлыдэр дыгъэращ жысIэнущи, ар иджыри жыжьэщ, икIи иджыри апхуэдэ дыдэу къызэщIэплъа щIыкIэкъым. АтIэ дыгъэ шыру пIэрэ? Зи ныбэ изу зи джэгун къикIа къаз ширхэм я хабзэкъэ я анэм япэ къэсрэ псышхуэм зыхадзэу? Иджыпсту сэ слъагъу дыгъэ шырыр зыщесыр псышхуэ къудейкъым – тенджыз псо мэхъу. Аращ, тэмэм! Дыгъэ шырыр и анэм япэ къэсауэ мо дуней зэщIэпщIыпщIэ-зэщIэлыдэ дахэм хосыхь. Уи фIэщ мыхъумэ – еплъыпэ. Сеплъыпи-сеплъыпэ: си пIэщхьагъыпэм деж къыщыт портфелыжьым сыдоIэбэ, абы къыдэсха нэрыплъэр зыIузолъхьэ, дыгъэм къызэрыкIэрыху щымыIэу, узримыгъэплъу, нурыр къыщхьэщех. Ауэ жей IэфIи сызэрыхэмытыр, пщIыхьэпIи си нэгу зэрыщIэмыкIыр белджылыщ: нэрыплъэ сIулъыр зы, ди адэм и щIакIуэ ныжэбэ къызэшэкIауэ щытар тIэкIу зэрызытезгъэкIуэтар – тIу, Iэнэ мыхъупауэ сызыхэлъ мэкъу зэхуэлъэфэсам сыкъызэрыхэтIысхьар – щы. Ари сфIэмащIэу, нэрыплъэр зыIузохри си нэм сыщIоIуэтыхь. ЗыIузолъхьэжри аргуэру соплъых Мэжид дадэ и бжьахъуэ пщыIэмкIэ. Зы пщIыхьэпIи слъагъукъым, слъагъури дыгъэ ширкъым – къызэрыгуэкI банэ жыхапхъэ зыIэщIэлъ къызэрымыгуэкI бзылъхугъэщ. ЖыпIэнуракъэ – тхьэIухуд гуэрщ. Ауэ тхьэIухуд щымыIэжыр дэнэ къикIа? Мэжид дадэ цIыхубз

лъэпкъ и гугъу къысхуищIакъым. Зи щхьэц фIыцIэшхуэр ухуэнарэ аркъэнитIу зи плIэм едзыха хъыджэбзым бжэIупэр зэщIепхъанкIэ, пхъэнкIийр иредзыж. НэгъуэщI зы жыхапхъэ цIыкIу къищтауэ ар пэгуным хещIэ, сабэ къэхъеяр игъэтIысыжу, бжэIупэм псы иреутхэ. ИтIанэ банэ жыхапхъэр унэ шындэбзийм иреупсеиж, жыхапхъэ цIыкIур унэм щIехьэж. НапэIэлъэщIыр и пщэм едзауэ, сабынылъэ, дзэлъэщI сытхэр иIыгъыу къыщIокIыжри, – къыщIокIыж, мэIэбэ-мэлъабэ, жысIэ щхьэкIэ, мор зелъатэрт, пэж дыдэу, дыгъэ шырым ещхьу, дэнэкIи нэсу, къилъэтыхьт, – пэгуныр къещтэ. Лъэс лъагъуэ цIыкIум теувауэ псым долъадэ. ГъэщIэгъуэныракъэ, си нэр къихуу, си жьэр Iурыхуауэ апхуэдизрэ сызэплъам езым сэ гу къыслъитэххакъым. Гур мыплъэмэ, нэм илъагъуркъым, жи. Уэ плъагъуу, езым укъимылъагъуу телевизорым итым ещхьщ – аращ абдеж сигу къэкIар. Ауэ мор зэрытыр телевизортэкъым: уеплъи къоплъыжи, уепсалъи къопсэлъэ-жи хъуну къызолъытэри, сыкъыщолъэт, си хьэпшып зэхэзэрыхьа къомым ерагъыу напэIэлъэщIыр къахызогъуатэ, нэгъуэщI сызылъыхъуэ щымыIэу, мобыхэм я пщыIэмкIэ сожэхри псым сыдолъадэ. Ауэрэ сыздэжэм, си гупсысэр уафэхъуэпскIыу золъатэ: «Дунейм хэт ар? Мэжид дадэ и гъусэщ жысIэнущи, дыгъуэпшыхь лъандэм абы и гугъу къысхуищIынтэкъэ? И мыгъусамэ, дадэм и унэ цIыкIум бзылъхугъэ щIэмысмэ, езыр лъэныкъуэ пщыIэм щхьэ щыгъуэлъыжа дыгъуэпшыхь? Хъыджэбзыр зыщIэлъадэ-къызыщIэжыж пхъэбгъу унэ цIыкIур пщыIэмрэ нэхъ ищхъэрэжкIэ щыт унэмрэ яку дэтщ. АтIэ Мэжид и гъусэ адрей дадэм къыздыдиша гуэру пIэрэ? А псом хузиIуэхур сыт? Май фо фалъэ къыпхутрагъэувар «IэфI-мыIэфI, жыпIэу учэнджащэ нэхъей...» – си щхьэ сыхуэшхыдэжурэ псы Iуфэм сыIулъадэмэ – сыкъэоуIэбжь.

Псы къигъэхъуапIэр лIыжьхэм хъарзынэу зэрагъэпэщат: псы Iуфэм лъэбакъуитI-щы хуэдэкIэ пэжыжьэу мывэшхуэ хагъэуфэрэкIат. Пхъэ закъуэ лъэмыжым и зы кIапэр абы телът, псы Iуфэм хэт шхалъэ хъурейм мывэр изу икIутауэ щытти, мыдрей кIапэр абы тегъэлъэдат. Адыгэхэм игъащIэми яфIэфIщ псыр псыкум къыхахыну. Уеблэмэ гушыIэ хъыбари иIэщ абы.

ЛIы гуэр и ныбжьэгъум деж къеблэгъат, жи. ХьэщIэр хабзэмыщIэ гуэру къыщIэкIынти:

– Жэт, щIалэфI, псы къысхуэхьыт! – жери и ныбжьэгъум и къуэм зыхуегъазэ. – Ауэ, къызжиIакъым жумыIэж, псыкум къыхэх. СыкъэбгъэпцIэну ухуежьэу апхуэдэу умыщIрэ – занщIэу къэсщIэнущ...

ЩIалэ цIыкIум лIыр сыт щхьэкIэ къигъэпцIэн хуейт? Тхьэм щхьэкIэ, псыку дыдэм къыхихри къыхуихьащ. ХьэщIэм и Iупэр псым хищIэмэ:

– А, си ныбжьэгъум и къуэ вакъэ лъэмбыIу, псыкум къыхэх бжесIатэкъэ? – жи.

– Уэи, псыку дыдэм къыхэсхам, – щIалэ цIыкIур къоуцIыплъ: икIи укIытащ, пцIыупсыфэ къызэрыраплъри и жагъуэ мэхъу.

Хэгъэрейм и къуэр ицIыхуж хъунти:

– Нэхъыжьым упэмыпсэлъэжу, жэи, псы къэхь, тIасэ, – жеIэ Iэдэбу.

ЩIалэ цIыкIур аргуэру щIож. И гъуэншэдж лъапэр дрегъэ-

джэрэзей, псыку дыдэм хохьэри псы фалъэ къерегъахъуэ. Тхьэр бгъэпцIакъэ иджы уемыфэм, жыхуиIэу, фалъэр лIым хуеший. АрщхьэкIэ хьэщIэ къииным аргуэру зыкъретIэ: псыкум щыщкъым, жи.

ЩIалэ цIыкIур апхуэдэурэ аргуэру зэи-тIэуи щIахуаи. Абы иужькIэ укъэгубжьынтэкъэ? ИтIанэ: «Уэ къэщIэрейм къызэрыпщIэм сеплъынщ-тIэ», – жеIэри псыбгъу дыдэм къыщрегъахъуэ фалъэ ныкъуэ, гу икIыпIэм деж ит шэдыпсым щыщкIэ ар из щхьэщещIэж. «Уэи, уэ пхуэфащэр сэ сщIэтэм: уи псыр тIэкIу шыугъэ пхуэщIын хуейтэм, усфIэгуэныхь мэхъу амыхъу», – жиIэу хуэсакъыпэурэ фалъэр хьэщIэм IэщIегъэувэ.

– Армыраи, зиунагъуэрэ, хабзэр! Псым хуэдэу уаулъагъуи, пIытIэ цIыкIу! Ауэ дяпэкIэ сыкъэбгъэпцIэну ухуемыжьэ, псыкум къыхахарэ къыхамыхарэ занщIэу къэзмыщIэнкIэ дуней Iэмал иIэкъым, – жеIэри, зыхуэарэзыжу, лIыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI.

– Хъунщ, къэщIэрей, – жызыIэу къыщиуда щIалэ цIыкIур, зыхуэмыIыгъыжу, унэм къыщIож.

АтIэ, арати, мис а пхъэ закъуэ лъэмыжым сытелъадэрэ зысплъыхьмэ, япэщIыкIэ дэнэ зыгуэр щыслъагъунт? ИтIанэ псы къигъэхъуапIэм ищхъэрэкIэ сеплъыхмэ, жыг гуэрэным къыкъуэтщ си тхьэIухуду плъагъур. Уи нитIыр къаплъэрэ уи Iэпкълъэпкъ пщыкIутIри тэмэму щытмэ, а сэ сызыIуплъам укъимыгъэуIэбжьынкIэ дуней Iэмал иIэтэкъым. Зэрыхъуар сымыщIэу, сызэщIэтIысыкIащ. Ар блэкIа Iуэхукъэ, ауэ апхуэдэу щIэсщIауэ щытам и щхьэусыгъуэр, – езым гу зылъезмыгъатэу сэ сеплъу сыщысыну арами, си лъэр щIэщIэу сыщIэтIысыкIами, – нобэр къыздэсым сщIэжыркъым. Ауэ си лъабжьэмкIэ щIэж псыр (ар псы къигъэхъуапIэм и кIэкIэ зэрыкIуами зыгуэр хэлът: узэрышхэну, узэфэну псыр къызыхэпхыр къыщибгъахъуэм ищхьэкIэ зыхэптхьэщIэну, зыхэбгъэпскIэну емыкIущ) мо тхьэIухудым зэрызыдигъэжэхым си гур хегъахъуэ. Хъыджэбзым и хъэлатыр жыгым фIэдзат. Езым дуфачрэ шылэ гъуэншэджрэ фIэкI щыгъкъым. Мыдэ художникхэм сурэт къызытращIыкIыу я пащхьэм къит цIыхубз дахэхэм хуэдэу, – пэжщ, апхуэдэ цIыхубз зылъэгъуа художник игъащIэ псом дунейм тетауэ къыщIэкIынкъым, – хуиту солъагъу мор. Жыг гуэрэнри хъэлатри зыцкIэ лъэпощхьэпо къысхуэхъуу къысфIэщIыркъым. Нэр мыплъэми, гум елъагъу, псэр мэхъуапсэ. ЗэрыемыкIур, зэрынапэншагъэр къызгуроIуэ цIыхубз ныкъуэпцIанэм щэхуу укIэщIэплъыхьу ущытыныр. Ауэ а сызэрызэщIэтIысыкIам хуэдэу хьэмбыIуу сыщысщ. Ину сыбэуэн дзыхь сщIыркъым, уеблэмэ си нэр згъэупIэрапIэркъым – напIэ есхьэхар къыдэсхьеижыху, мо телъыджэм сызэрыIумыплъэнур къызохьэлъэкI. Пэжщ, иджыпсту си нитIыр щупхами, абы и сурэтыр (IэкIэ жумыIэ закъуэ!) гурыгъуазэкIэ пхуэсщIыфынут. И нитIыр пыжь хъуауэ фIыщIабзэщ. Зейм хуэфэщэжу къыщIэкIынщи – мызагъэхэщ. Езыр, моуэ, псырылъэ илъэфауэ, хуэкъамылыфэщ. ИкIи мынэкIу тэбакъыу, икIи мынэкIу пIащIэу, нэгу зэкIужщ. И пэри и нэкIум йокIупс. НетIэ тIууэ ухуэнауэ слъэгъуа и щхьэцышхуэр къиутIыпщащи, щIакIуэ фIыцIэ къедзыха фIэкI зэрыпщIэн щыIэкъым. И дуфачыр къезэвэкIыу пIэрэ жыпIэну, и бгъэ задитIыр

быдэу зэрызэщIэкъуар нэрылъагъущ, ауэ, уанэгу щхьэнтэ нэхъей, ямылейуэ зэрымыбгъэшхуэри белджылыщ. ЩIопщ тхьэмпэншэкIэ уеджэнуи зы еупсыха гуэркъым, зэфIэгуэжауи щымыту, зи Iэпкълъэпкъыр зэщIэха, кIуэаракъэ, цIыху IэпщIэлъапщIэ дыдэ гуэрым (апхуэдэ зэфIэкI зиIэ щыIэу щытмэ!) ятIагъуэ IэтIэлъатIэм къыхищIыкIа сурэтым ещхьщ, мо бгъэ лъагъугъуафIитIым я лъабжьэIуэкIэ хуэм-хуэмурэ псыгъуэ зищIмэ-зищIурэ шхужьыщхьитIым щынэсым бгым занщIэу зызэщIихыжу зиукъуэдиижа къыпфIэщIу, шхужь лъагэщ. Бгырыпх щIэпхапIэм ищхьэкIэ щыIэм екIупсу, езыр лъакъуэ лъагэщ – лъакъуэ кIыхькъым – лъакъуэ лъагэу аращ. И инагъ-и цIыкIуагъ жысIэу абы и бэлыхьым сыщIыхэмытыр зигъэщхъ-къызэфIэувэжурэ псыр IэгуитIкIэ зытрикIэу зэрыщытым щхьэкIэ, ар зыхуэдизыр къысхуэмыщIэну аракъым, атIэ, сызэрыщыуэшхуэ щымыIэу, сэ зэрысхуэдизынур нетIэ бжьахъуэ пщыIэ бжэIупэм щыIутам зэрызубзыхуарщ.

Псым куэдрэ зэрыхэтам щхьэкIэ, тхьэм ещIэ, и лъэдийм щIыIэ ихьа, и лъакъуэ лъэныкъуэр къыщиIэтым, лъэныкъуэкIэ йощIэри псым хэуфэракIэ хуэдэу мэхъу. Сэ сыкъоскIэри, – пцIыр сыткIэ щхьэпэ, сыкъэскIа мыхъумэ, си жьэ зэщIэсхыу сыкъыхэкIиикIакъым, – сыкъыщолъэт. Зыгуэр къызэрыскIар, зыгуэрым и псэр къызэрытегузэвыхьар къищIа нэхъей, цIыхубзыр къыхощтыкI. Бжьо гужьеям ещхьу зеплъыхь, зи къуагъ къуэт жыг гуэрэным хэтIысхьауэ къудамэхэр зэлъыIуихыу ипщэкIэ къэплъэну щыхуежьэм, зэрыхъуар сымыщIэу, лъэмыжым зызогъэщэтэхри шхалъэ хъурейм хьэмбыIуу сыкъуотIысхьэ. Зыри имылъагъу пэтми, къуэгъэнапIэ фочыр къызэрырагъэпщар зи псэм ищIэ бжьощи, игу мызагъэу ипщэкIэ къоплъэри, езыри хьэмбыIуу щысщ. Мо къуршыпс щIыIэр къыскIэщIэлъадэу сэри шхалъэм сыкъуэсщ. Ауэ сызэгупсысыр аракъым – алъандэм нэрэ псэкIэ сызэдыгъуа дахагъым гу къыслъимытэу мы щIыпIэм дауэ сикIыжа хъуну? ЗытIэкIурэ хьэмбыIуу щыса нэужь, хъыджэбзым зыкъеIэтыж. Ауэ, нетIэ хуэмыдэу, щIэх-щIэхыурэ зеплъыхь. ГъэщIэгъуэныракъэ, зиплъыхь мыхъумэ, зэпхыдэIукIыркъым. ИтIанэ напэIэлъэщIышхуэр къещтэри зилъэщIыжу щIедзэ. И щхьэр щыфIилъэщIыкIым зрезгъэхьэлIэри, фочышэри къыслъэщIыхьэну си фIэщ хъуртэкъым, сэ зы щIэпхъуэкIэкIэ зисчати. Ари псы Iуфэ пабжьэм сыхэту.

Сытми, зыгъэ-зызэман зыкъызощIэжри, гъущэу зы IэпапIэ схэмылъыжу псым сыкъыхопщыж. Шу зэтесри къыщIэмыщыну ихъуреягъкIэ пабжьэти, зызотIэщI, си щыгъыныр сокъузыж. Ауэ ар гъущыжыху зысIэжьэ хъунукъым. МодэкIэ пщыIэм къытена дадитIми (ахэр зэрытемысыр къыщысщIар иужькIэщ. Ахэр жьыуэ текIырти, дыгъэри къэмыплъ, бжьэри къэмыхъей щIыкIэ, мэкъу еуэхэрт) сыкъызэрытым гу лъамытэу, хъыджэбзми япэ зизгъэщу сытехьэжын хуейт.

«Пхуэфащэщ! Уи мыIыхьэ къэбдыгъуну, напэншагъэ блэжьыну ухуежьэн иджыри?!» – си щхьэ сыхуэшхыдэжурэ, сипкъ зэщIэдиям щыгъын псыфыр ерагъыу фIызокъуэж. Псым къыхалъэфыжа гуэгушыжь фIэкI сыкъызэрыпщIэн щыIэкъым. ЩIыIэ техьэгъуэм сехьри си дзэр зэтоуэ. Си лъэр схузэщIэмыхыу, си дамэр гуэлэлу сыщытщ.

«Хъуа ар?! Тхьэмбыл уз къыхэпхынщи сыкъэпщIэнщ... Мис

аращ лейр алыхьым игъэгъуркъым щIыжаIар. Лей зезыхьэхэм, ар сэр дыдэрауи сощIри, къазэрыщIэмыкIуэр сыту фIыт!» – сыдэлъеин-сыдэпкIеину сыхуожьэ, арщхьэкIэ, щыгъын псыф диям сызэщIиIулIащи, зызгъэхъеифыркъым. ИтIанэ: «Тхьэр зыгъэпцIыжын лIыхъужь, нэгъабэ иджыр хуэдэ гъэмахуэ дыдэм зы щIалэжь щIыIэм исауэ щытат, жи. Абы нэхъей... А уэ узыс псымкIэ зигъэпскIаи делэм хуэдэу уи жьэр Iурыхуауэ узэнэцIа хъыджэбзым», – си щхьэ сыхуэхъущIэжурэ, пабжьэм сыкъыпхрож. Ауэ пабжьэр еух. ПщыIэр иджыри жыжьэщ. Зыгуэрым сыкъилъагъумэ... Зызгъэщхъыну сыхуожьэ. АрщхьэкIэ сыщIогъуэж: мэкъупIэм сэ сыщIигъэнэнукъым. Ауэ щыхъукIэ, зыбгъэщхъауэ укъалъагъуныр нэхъеижщ. Абы щыгъуэ дадитIыр пщыIэм зэрытемысыр сщIами... Ауэ... ИтIанэ зыри къысфIэмыIуэхуу фэ зытезгъауэу, мыдэ удз гъэгъа къэсщып нэхъей, зызгъэщхъыу, абы щыгъуи сыкъыщIэплърэ зысплъыхьу сыкъокIуэж. Нэхъ гъунэгъу дыдэр иджыри тэмэму дымыгъэува си унэ цIыкIурати, зы лIыхъужьыгъэ гуэр зезыхьэу къэзыгъэзэжам, – кIуэаракъэ, бгъур зыукIыу епщIанэр кIэсу къэзыхьам, – срещхьу сыщIопкIэж. Ауэ нэхъ тэмэмыр жыпIэмэ, сызэщхьыр нэгъуэщIт: лъэ макъ зэхэзыхыу псым хэпкIэжа хьэндыркъуакъуэ цIынэжьырт.

Унэ кIуэцIыр зэрызгъуэтыжу, аргуэру щIыIэ техьэгъуэм сеубыдыж. Бжэр къызогъэбыдэри зызотIэщI. НапэIэлъэщI гъущэ асыхьэту щызмыгъуэтым, уэншэку тебзэ хуэдиз хъууэ ауэ деж щылъ къэп гъуэжьыжьыр (ар ди адэм къыздищтэнкIэ хуей щIэхъуари къыщысщIар иужькIэщ: колхоз мэкъупIэм хэмыIэбэу адэкIэ-мыдэкIэ дурэшплIэрэшхэм къыщафыщIа шыудзыр Iэнэ хъуа нэужь, къэпкIэ къызэхуахьэсыжырт) къызопхъуатэри абыкIэ сызытеIуэтыхьу щIызодзэ. ХъуаскIэр къысщхьэщихыу пIэрэ жыпIэну, мо къэп пхъашэмкIэ фIыуэ си щIыфэр тесхъукIарэ сабэр къызэрызэщэщэхри къысфIэмыIуэхужу щыгъын гъущэкIэ зызохуэпэж. Щыгъын псыфыр зэкIуэцIызоIуантIэри зы дурэш гуэр дызокуэ – мо гъуэгу дыздытетам сабэм зэщIищтат, жысIэу, псы щIэзгъэжу згъэгъущыжыну арат си мурадыр.

ТIэкIуи сыкъызэщIэплъэжарэ си дзэри зэтемыуэжу сыщыхъум, бжэр дамэдазэ къызощIри сыкъыщIоплъ. ДадитIым я пщыIэ бжэIупэр нэщIщ. Тхьэм и шыкурщ! Зызоплъыхьри, псэкIэ бауэ слъагъуркъым. Ярэби, мырауэ пIэрэ мыбыхэм я хьэщIагъыр здынэсыр? Зыми зыкъагъэхьейркъыми. Хьэмэрэ я гугъэу пIэрэ си унэр сэ згъэувыжыну, си бжьэ матэхэри я пIэм си закъуэ схуигъэзэгъэну? Уэлэхьэ, хьэщIэ къегъэблэгъэкIэ къысхуэмыхъуат ари, – жысIэу дадитIым сахуошхыдэ. Ауэ я пщыIэхэмкIэ сунэтIын дзыхь сщIыркъым – хъыджэбзыр къыдэкIыжауэ, абы нетIэ зыгуэркIэ гу къыслъитауэ къыщIэкIмэ, си напэжьыр текIакъэ? Мис аращ къыпщыщIынур, напэм къемызэгъын пщIэмэ. Пхуэфащэщ! Шыгъу зышхар псы йофэж, жи!

Си пкъыр мыбдеж щызеуэми, си нэри си псэри ищхъэрэкIэ щыIэурэ си тепIэнщIэлъыныр Iузохыж. Ар щыжысIэкIи, сыти и тепIэнщIэлъынт абы? ЩIакIуэр къызощтэ, соутхыпщIри унэ бжьыхьэкIапэм фIызодзэ, мэкъур зэщIызокъуэж. Ауэрэ нэбгъузкIэ сыздыщIэплъым къызолъагъу: псы пэгуныр Iэ лъэныкъуэкIэ,

адрей Iэ лъэныкъуэмкIэ и хьэпшыпыр иIыгъыу хъыджэбзыр я унэм хуокIуэж. Мис иджы гу къыслъитащ абы: нэхъ хуэм зищIауэ си дежкIэ къыдоплъей. Ауэ сэращ иджы ар «зымылъагъур». Зыри къысфIэмыIуэху хуэдэу, щIакIуэр зыфIэдзам къыфIызохыж, ар аргуэру соутхыпщI. Дзапэ уэрэд гуэри къыхэздзащ. Ар мобы зэрызэхихым шэч къытесхьэркъым. НэбгъузкIэ сызэрыщIэплъым, мор «зэрызмылъагъум» хуэдэурэ, щIакIуэр щIызохьэжри унэм сыщIохьэж. Ари зэрысIыгъыу, щхьэгъубжэ цIыкIум сыкъыIууващи, ищхъэрэкIэ уеплъыхынумэ, къеблагъэ мис иджы. Си бгъэчыр къызэпхичу къилъэтыну зиукIыж щIыкIэу, си гум дунейр екъутэ. А сызэплъыр ауэ сытми цIыхубз къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр илъагъу хуэдэщ абыи.

Хъыджэбзыр, ипщэкIэ къыдэплъейуэрэ, унэм щIохьэж. Сэ щIакIуэр къыфIызохыжри, сыщIегъуэжа хуэдэу, а зыфIэлъам деж фIызодзэж. Ауэ иджыри си нэри си псэри здэщыIэр ищхъэрэкIэщ. СыщIолъэдэж. Си щыгъын псыфыр къызощтэри, мобыхэм я пщыIэм нэхъри жыжьэу къыпэскIухь щIыкIэу, аргуэру псым сыдолъадэ – къысщыщIар зыми къимыщIэ щIыкIэ сыжьыщIэу си жьыщIыгъэр згъэгъущыжыну ездзыжын хуейт.

«СыжьыщIауэ» сыкъыдэкIыжмэ, Мэжид дадэ мэIэуэлъауэри тетщ.

– ЛIо, си ныбжьэгъужьым и къуэ, жейкIи урикъуу ди псы фомылыпсымкIи зыкъэбгъэпскIыжа? IэфI дыдэу ужейрти, укъэдгъэушын дигу тхуимыдэу дытекIат. Дыгъэр къэмыплъ щIыкIэ уи псэуалъэр къызэдгъэпэщын хуейщ, тIасэ. Мохэри къэмыхъей щIыкIэ я пIэм идмыгъэзагъэу хъунукъым, – Мэжид и щхьэр си бжьэ матэхэмкIэ ещI. – Мыр сыт мы пIыгъри? – дадэр си щыгъыным къоплъ.

– Дыгъуэпшыхьрей сабэм хьэлэч сищIати, тIэкIу хэзжьыщIыкIыжауэ аращ. Мис, къабзабзэ хъуащ...

– А си ныбжьэгъужьым и къуэу вакъэ лъэмбыIум къилъхуа, уэ щхьэ бжьыщIа-тIэ ар? Модэ си хъыджэбз цIыкIум ептамэ, щыщIэрыпсу щытам нэхърэ нэхъ къабзэу пхуижьыщIыжынти. ДяпэкIэ, уи щыгъын щыгъэтауэ, уи бэлътоку фIей хъуамэ, си ЧыцIлъакъуэ ети, абы зыхуей хуигъэзэнщ, тIасэ. СывгъащIэIакъым жери, езы цIыкIум дегъалIэри...

– Хэт, дадэ, жыхуэпIэр? – зыри сымылъэгъуауэ фэ зытызогъауэ.

– Iау, дыгъуэпшыхь лъандэм ныбжезмыIауэ ара? Ар дауэ ухъу, зиунагъуэрэ?! Си хъыджэбзым ипхъу цIыкIуи сщIыгъущ сэ. Нэгъаби къыддыщыIащ. Мы гъэми къэкIуащи... ТхуоIэбэ-тхуолъабэ... Иджы шыпхъу цIыкIу пхуэхъунщ... – щыжиIэм занщIэу гукIэ сыподжэж: «Апхуэдэ шыпхъу си пIэ лъапэм къыщымыхъейкIэ. ГъущIыпэрэ пэт мэхъуапсэ», жи...

– А щыгъыныр зэкIэ мо удзыпцIэм хэлъхьи... Хьэуэ жыпIэрэ, модэ си ЧыцIлъакъуэ ети абы пхуигъэгъущыжынщи, етуи пхутридзэжынкъэ, – си гупсысэ щэхур къызэпеуд дадэм.

– Хьэуэ, хьэуэ! Моуэ хэзубгъуэнщи... Сэ сыстудентщи икIи сожьыщIэфри, си щыгъынми ету тызодзэжыф.

– Абы щыгъуэми унэхъ Iэзэжщ. Мес, Темыркъани къыдокIри, иджыпсту унэрэ лъапсэу укъэдгъэтIысыжынкъэ, си ныбжьэгъу-

жьым и къуэ. УегуакIуэмэ, уэ къэгъуэтыф закъуэ, фыз цIыкIуи къыпхуэтшэнщи... Арыншами си ныбжьэгъужьыр уогъэтхьэусыхэ, – къыздэгушыIэну зи пащIэкIэм къыщIэгуфIыкIа дадэм и дыхьэшхыныр печри, адэкIэ и фIэщыпэу къыщIегъу: – Си быныр сыхьэт мыгъуэ хуэзащэрэт, щыуащэрэт жызыIэ адэ-анэ щыIэкъым, тIасэ. Абыхэм я псалъэ, я чэнджэщ уедаIуэмэ, ущыуэнкъым, си щIалэ. Адыгэм жиIэр пщIэркъэ: жьыуэ къэтэджарэ пасэу фыз къэзышарэ щIегъуэжкъым, жи. Япэр зэрыпэжыр, ухуеймэ, уи нэкIэ уэзгъэлъагъунщ. Уэ ужейуэрэ си ныбжьэгъужьымрэ сэрэ нышэдибэ жьыуэ дытекIри... Ар зэрыжысIэм щхьэкIэ, уэсхъуэнIауэ аракъым. Гъуэгу утетат, уешати... Мо къыр дурэшым мэкъу дыщеуэри дыкъытехьэжащ.

– Сэри сыкъэвгъэушамэ...

–Iау, бысымымрэ хьэщIэмрэ къыздэтэдж хабзэ? Нобэ хьэщIагъэ уэтхауэ аращ. Ауэ дяпэкIэ дызэхуэдэ къабзэщ: ди лэжьыгъэкIи, ди ерыскъыкIи... Ди IуэхущIафэ псомкIи ди Iыхьэ зэхэмыхщ. Аращ, тIасэ, дэ дызэрызэдэпсэур. Ди ныбжьэгъужьыр къыдэкIыжыхукIэ... Хуэмыхум хуэмыху уз къофыкI жыхуаIэу... Уэлэхьэ, ауэ жызоIэ, армыхъумэ жьым тесу псым епыджым хуэдэкIэ уи адэр. Нэхъ цIыху дыщэ, нэхъ псэ хьэлэл зиIэ уигъэлъыхъуэнкIэ. Зи жагъуэ ящI адэри апхуэмыдэ. Абы и жагъуэ пщIыуэ щытми, алыхьым уимыгъэкIуэн. А псор къыщIезгъэкIуэкIыращи, тIасэ, зыгуэр къаши дызэхэгъэплъэж. УщIегъуэжынкъым, тхьэсыгъэIэ, ущIемыгъуэжын. Уэ ущIалэщ, ауэ цIыкIуу къамылъху ин хъуркъым, жи, емыкIу сыкъыумыщI – уи быныр зырикIщ, IэфIыр быным и быныжыращ. Си пхъум хуэдэ минкIэ уэстынкъыми мобдей щIэс си ЧыцIлъакъуэ цIыкIу. Мис иджы абыи ишэгъуэ нос. Дауэ къыпщыхъурэ, уи быным и быныж плъагъун жыхуэпIэр?! Сэ си ныбжь здынэсам мы дунейм тет абы нэхърэ сэркIэ нэхъ насыпрэ нэхъ гуфIэгъуэрэ! 

– Уи ныбжьыр апхуэдэу жыжьэ нэсауэ фэ птетыххэкъым, дадэ. Уэи, уэ мобы и быным къашэу-яшэу плъагъуным, – жысIэри сыхэуэ пэтащ: мор зэрыслъэгъуар, «ишэгъуэ нэсыр» щыгъэтауэ, и лIы етыгъуэ дахэ хъууэ зэрытIыгъуэжар къызжьэдэцIэфтыным иIэжар зы бетэмалщ. Ауэ Темыркъан дадэ къыIуохьэри, абы и сэламчэламым псори дэгъуэу зэрегъэзэхуэж.

– Пэжкъэ, Мэлыхъуэ и къуэ, ди ныбжьэгъужьым и къуэм пэзубыдар? Къишэу дызэхигъэплъэну и чэзу хъуакъэ?

– Хъури тIыгъуэжакIэщ, уегуакIуэм! Ауэ сытми хъуа къудей! – зэдожьу лIыжьхэр. Къыпщыхъунщ мыдэ къызагъэшэну срахулIауэ щIыбкIэ сакъыфIикIуэтыжу. «Iуэхур мыпхуэдэу мыхъуамэ, сэри си мурадащ а фэ къызэвудэкIыр мы гъэм зэфIэзгъэкIыу псори си натIэм физгъэкIыну», – яжесIэну дауэ си напэ тезгъэхуэн? Абыхэм сыткIэ ящIэрэ, дыгъуасэ мыхъу вэсэмахуэ Мадинэ дэрэ дызэхуэзауи дызэгурыIуауи? Фэ зыгуэрурэ сыффIэкIынт, ауэ емыкIу зэсщIар а хъыджэбзыращ. Пщэдей дызэхуозэри псори добздодыж жыпIэрэ узэбгъэдэкIыжу, пщэдейр къэсмэ, уэ КъущхьэхъукъыщыщIидзыжу. Сигу зэрызгъэфIу сиIэр зыщ: Iуэхур зэрыхъуар иту дыгъуэпшыхь Мадинэ письмо хуэстхри сыкъежьащ. Ар хъыджэбз делэкъым – къыгурыIуэнщ. Ауэ, дауэ къыпщыхъурэ, ди дежхэм сепсалъэу, итIанэ аргуэру нобэ дызэхуэзэу лъыхъу гъэкIуэкIэ

хъунум и унафэр щIыным и пIэкIэ, апхуэдэ письмо къыпIэрыхьэну? ТхьэхужыIэу жысIэнщи, мыбы сыкъыдэмыкIами, дунейр къэкъутэжынутэкъым. Езы Мэжид дадэ дыди къыдишыфынут ди бжьэр. Апхуэдиз фIэкI зэхуащIэртэкъэ зэныбжьэгъужьхэм? Ауэ, ар жыпIэну емыкIу пылъ пэтми, Iуэхур мыпхуэдэу къызэрекIэрэхъуэкIыжар си жагъуэ дыдэ хъуатэкъым. Е мыхъу фIы хъужыркъым жыхуаIэракъэ иджы мыр? Бегъымбархэм зэрагъэпцIар, сягъи си лажьи хэмылъу, Алыхьым къикъутэжакъэ? «Таучэл щумыщIкIэ, ущыIэнкункIэ, гупсысапIэ уэстынщ», – жиIэри зыкъысщIигъэкъуауэ аракъэ Алыхьталэм? Ауэ абы щхьэкIэ нэгъуэщI зы Iэмал гуэр, – ди адэм и шхужь зэрытыпIэр иримыгъэкъутэу, – къигъуэтамэ нэхъ захуэу къыщIэкIынт. АрщхьэкIэ уэ узэрыхуейуэ псори хъумэ, хъудырым уи дзэр IуищIыкIрэт?

А псор къыщIезгъэкIуэкIыр нэмэз ищIу щIегъуэжам ещхь сыхъуауи, Мадинэ зыгуэр дэзгъуэжауи аратэкъым. ЦIыхум кIэрымылъ кIэрылъхьауэ гуэныхь щхьэ къэхьын хуей, иджыри жызоIэри, Мадинэ хъыджэбз хъарзынэт. Адэ жыжьэу гущIэм къыщIэIукIыр, тIэкIу сыкъэзылъахъэр зы закъуэт: и шыпхъу нэхъыжь къыдинэу езыр дэкIуэну щхьэ таучэл ищIыфа? Ар хъунт, и шыпхъу нэхъыжьыр зы къыдэнэжа гуэру хьэмэрэ нэгъуэщI щхьэусыгъуэ щэху гуэр къуэлъу зэрамышэм къыхэкIыу мыдрейри къыдэнэжу щытамэ. Езы Мадинэ дыдэ къызэрызжиIамкIэ, и шыпхъу нэхъыжьым тIэу лъыхъу иIат. АрщхьэкIэ: «Сезыгъэджа си адэжь-анэжьым си сом ямылъэгъуауэ, си IэфI ямышхауэ», – жиIэри яхудэкIуатэкъым институтыр къыщиуха гъэм. Нэгъабэ гуэрым хъыджэбзым иужь къыщихьэхэм: «Сэ срагъэджащи куэдщ. Си шыпхъу нэхъыщIэм еджэн къезмыгъэухауэ унэм лъэмбытI исчыкIынукъым», –жиIэри, аргуэру къахутечатэкъым. «НтIэ, а псом и ужькIэ апхуэдэ зращIэр апхуэдэ шыпхъут? Хьэмэрэ уэри сыту уемыгупсысарэ уи сомыжьи уи IэфIи уи адэ-анэм ялъагъун зэрыхуейм?» – жысIэу Мадинэ сеупщIыну си Iупэм къэст. АрщхьэкIэ ескъухыжт. Ескъухыж щхьэкIэ, лажьэ зимыIэу лей зытехьэну «си щыкъу хъыджэбзри» сфIэгуэныхь хъурт. Абы къыщIэнэну мафIэм и зы пхъэ дзакIэу сэри зыкъэслъытэжт. Апхуэдэ Iуэхухэр цIыхум зэрамыгъэдахэр сщIэрт. Мы гъэм еджапIэр къэзыух Мадини ар къыгурымыIуэн хуэдэу икIи сабий цIыкIужтэкъым, тхьэм и шыкуркIи, икIи апхуэдэу акъылыншэтэкъым. Сэ IэмалыншагъэкIэ срахулIа щхьэкIэ, мор къыщIытричырат сымыщIэр. КъыстолIэри, сыIэщIэкIынкIэ мэшынэ жыпIэнущи... лIо сэ, сыстудентщ, сыгъуапэкъым-сыпщампIэкъым. Сэ схуэдэ щIалэ гъуабжэжьхэри щэрэ минрэщ...

Мис абыхэми нэгъуэщI Iэджэми аргуэру сегупсысыжат дыгъуэпшыхь дыкъыщыдэкIми. Ауэ а псоми сыткIэ хуей, хуеипэу щытми, дауэ яжепIэн си адэ и ныбжь, и ныбжьэгъужь лIыжь хъарзынэхэм? АрщхьэкIэ сигу илъыр къащIи, си IэмыщIэ илъыр уэстынщ жыхуиIэу, сигу илъыр зымыщIэ дадэ угъурлыхэр зыхуейр зыщ: сэ насыпыфIэ, гуфIэгъуэхэмыкI сагъэхъуну, я ныбжьэгъужьыр гуфIэу ялъагъуу абы и гуфIэгъуэр езыхэми даIэтынырщ.

– Арати, уэри унэ, лъапсэ ухъуащ. Пэжщ, мыр зэ къутэжынущ. Ауэ мыкъутэжын лъапсэ быдэ бгъуэтыну, уи фори бэгъуэну, уэри фом хуэдэу цIыхум уафIэIэфIу упсэуну тхьэм долъэIу, – жеIэ Мэ-

жид дадэ.

–Іэмин! – Темыркъани и щхьэр егъэуфафэ.

– Нобэ тщІам щхьэкІэ дагъэшхэну, уегуакІуэмэ Мэзхэ я щІалэр унэу зэрыдгъэтІысыжам папщІэ тхьэлъэІупэ хуэдэу хъуэхъубжьэ къыдагъэІэтыну тхуэфащэкъэ, Мэлыхъуэ и къуэ? – дадэ цІыкІу и ныбжьэгъушхуэм худоплъей. ТарапунькІэрэ Штепселрэ зэбгъэдэт фІэкІа пщІэн? – жысІэу сигукІэ сыкъыпогуфІыкІ, мобыхэм сыщеплъкІэ.

– Ауэ сытми тхуэфащэ! Мэл зыхуаукІым дыхуэдэт, уэлэхьи! – уафэм къогъуэгъуэх Темыркъан.

– Мэл сщІэркъым, ауэ дыгъуасэ ди адэм гъуэмылэу джэд хуаукІыу слъэгъуащи... – щыжысІэм:

– Уи джэдри тшхынщи, ди адакъэри тетшхыхьыжынкъэ. ФынакІуэт, си ЧыцІлъакъуэ тхуигъэхьэзырами деплъынкъэ. Нобэ дызэрищІыхьэхур щилъагъукІэ, щІыхьэхушхыни тхуищІагъэнщ ЧыцІлъакъуэ...

– Ар дауэ цІэ, дадэ: ЧыцІлъакъуэ... – мо хъыджэбз дахэм апхуэдэцІэр хуэзмыгъэфащэу, си жагъуэ дыдэ мэхъу.

– Аракъым, тІасэ, абы и цІэр. Жьым тесу псым зэрепыджым щхьэкІэ ар гъэфІэныбзэу фІэсщауэ аращ, – къыпогуфІыкІ Мэжид дадэ. – Назифэщ и цІэр, – жеІэ. «Уи уз укІуэди! ЦІэ хъарзынэ иІэрэ пэт... Назифэ... Зифэ...» – зы фІыгъуэ къысхэхъуам хуэдэу, си гур къогуфІыкІ.

– ФынакІуэ фэ. Сэ сыфлъэщІыхьэжынщ, – жызоІэри сыщІохьэж. Си портфелым къыдэсха гъуджэм соплъэ. Псом япэрауэ, си жьакІэр упсын хуейт. Ауэ си электробритвэр лейуэ къыздэсщтауэ къыщІэкІащ – си гугъагъэнщ къалэшхуэ гуэр курорт сыкІуэу. Мыбы току щыІэкъым. Пэжщ, жьакІэупси сІыгъщ. АрщхьэкІэ псы ухуейкъэ? Сэ иджыри зыри сиІэкъым – сыунэгъащІэщ. Псым сыкІуэу, псы къэсхьу, си жьакІэр супсу... АпщІондэху нэхъыжьхэр дауэ зэбгъэжьэн? Си щхьэр сожь. ДызолъэщІей-къызолъэщІэх. КІуэаракъэ, си фІэщыпэу зызогъэщІэращІэ. Тхьэр зыгъэпцІыжын, Мадинэ и адэ-анэм я деж хъыджэбзаплъэ уашэну ара уи гугъэж? Апхуэдизу узытегузэвыхьыр сыт? – си щхьэ ауан сощІыжри, ди адэм хуагъэхьэзырауэ иджы си гъуэмылэ хъуар зэрылъ хъуржыныр къызощтэ. ТхьэлъэІупэу зы бжьэ жызыІахэм щхьэкІэ... – си щхьэм щхьэкІэ дыгъуэпшыхь си портфелым къыдэзгъэувва бащырбитІым я зыр къыдызох (етІуанэр коньякт). Ар хъуржыным изгъэувэну сыхуежьэмэ, ди адэри сэр нэхърэ мынэхъ делэу къыщІэкІат: аркъэ бжьитІ хэтт абы и гъуэмылэми. Лейр лейуэ къызолъытэри, си бжьэр согъэувыж. Хъуржыныр къызощтэри, иджыпсту Мадинэ и адэ-анэм я пащхьэ сызэримыхьэнур сщІэжрэ пэт – аргуэру гъуджэм зэ соплъэж. ЕмыкІу гуэр къызыІэщІэщІам ещхьу, сыкъоуцІыплъри унэм сыкъыщІокІ.

Си гур щІэгузавэр сымыщІэу, зы бэлыхьлажьэ къыспэплъэ щІыкІэу си псэр кІэзызу сынэсмэ, дадитІым я Іэнэр хьэзыру, ауэ ерыскъым хэмыІэбауэ сэ къызэжьэу щысхэт. Іэнэм зы бжьи тетт.

– КъэтІысыт мыдэ, ди ныбжьэгъужьым и къуэ, – жеІэ Мэжид. Лъэныкъуэ пщыІэм щІэщІыхьа гъуэлъыпІэм мэкъу илъу, ІэщІэлъыным упщІэ фІыцІэ теубгъуэжауэ абы езы дадитІыр тесщ.

Сэр щхьэкIэ къагъэува бжьэ ашыч нэщIми мэкъу телъщ, абы и щIыIукIэ къэп пIащIэ къабзэ дыдэ теубгъуэжащ. Си гъуэмылэр къисхыну сыщыхуежьэм:

– Iау, зы щIалэ хьэщIэ тхуемыгъашхэ-тхуемыгъафэу и гъуэмылэр дауэ едгъэшхыжын?.. СогушыIэри аращ, тIасэ. Абыхэми иужькIэ дынэсынщ. Джэдыр хуабэм Iей имыщIын щхьэкIэ цэлэфан къэпым ирилъхьэнщи, модэ ди хъэлэдилныч ежэхым хэт чы матэм ирилъхьэнщ ЧыцIлъакъуэ. Уэ, мыдэ къэтIыси, бжьэр къытхуигъахъуэ...

– Уэли, ди адэми апхуэдэ гуэрхэр иIыгътэм, – жысIэу бащырбэр къыщисхым:

– Уи Iыхьэр кIыхь ухъу! Ари дгъэфIэIужынкъым. Ари модэ матэм идгъэувэнщи... А псыращ дэ хъэлэдилныч папщIэу диIэр...

– Хъэлэдилничу щыIэм я адэм и уасэщ, – зэрылIыжь кIыхьым ищIыIужкIэ лъагэу щыс Темыркъан къопсэлъэх. Сэ стэчанищым бжьэр изогъахъуэ. Сысейм итыр нэхъ мащIэ пэтми, лIыжьитIым, – я уз укIуэди! – зыкIи дагъуэ къысхуащIыркъым. Емыфэмэ, и насыпщ, арыншэми, нобэ щIалэгъуалэу фадэм дихьэхыр тхурокъури къыдолыж, жаIагъэнщ.

– Псом япэрауэ, дыгъуэпшыхь дызыгъэгузэва ди ныбжьэгъужьым, – жиIэу Мэжид къыщригъажьэм, сыкъотэдж, бжьэр Iэгу сэмэгум иту, ар Iэ ижькIэ сIыгъыу сыщытщи, апхуэдэ хабзэ зэрытхэлъыр зымыщIэ гуэрым сыкъилъэгъуамэ, фадэм сытегужьеикIауэ, стэчаныр сIэщIэкIынкIэ сышынауэ къыщыхъункIэ хъунт, – узуи лажьэуи къыпэщылъыр абы ирикIуэну, бланэ жэрым хуэдэу къыщылъэтыжу дяпэкIэ бэIутIэIуншэу, и быным, и быным я быныжым я гуфIэгъуэ илъагъуу куэдрэ тхуэпсэуну тхьэм долъэIу.



–Iэмин!

– Жьыщхьэ махуэ фыхъу!

– Мыдрейуэ, и адэм и пIэкIэ къытхыхьэу унэу дгъэтIыса щIалэ цIыкIум и адэр имыгъэукIытэу, лъэпкъыр имыгъэукIытэу, къэзылъхуамрэ къызыхэкIамрэ яхуэфащэу, зытеджалэр я былыму унэрэ жьэгуу тIысыжауэ... – тIэкIу удзыхэмэ, уигъагъыным хуэдизу, кIыхьу хъуэхъу дахэ жеIэ Мэжид дадэ. Бжьэм ефэри, Iэдэб дыдэу игъэувыжащ стэчаныр.

– Уэ жыпIари жумыIэу къэна нэхъыфIри къабыл ищI, – жеIэри Темыркъани и фадэбжьэр еIэт. Сэри аргуэру:

– Жьыщхьэ махуэ тхьэм фищI. Фи хьэлэлщ, – жызоIэри си бжьэм сыхофри сотIысыж.

– Уэлэхьэ, а джаурыр хьэлэл щIагъуи мыхъун, ауэ жылэм емыщхьым бабыщыщхьэ къыфIокIэ жыхуаIэу, цIыхум сытыфэ къыдаплъын жыдоIэри, хьэрэм тщIыркъым...

– А дэ дызэрефэм нэхъ емыфэхэу щытамэ, уи пыIэжьыр щэ дэбдзей хъунти. Ауэ адыгэм тхэмылъауэ мыр ди цIыхум нэрыгъ щIахуэхъуарщ сымыщIэр... – кърыгъэжьат Темыркъани:

– Я щхьэ къовэри аращ. Удафэмрэ фыгъуэмрэ мыгъуэ мэхъу, жи. Уэлэхьэ, тхьэм дыхущIримыгъэгъуэжкIэ, цIыху цIыкIур тIэкIу удэфам пцIы хэмылъ, – лIыжьитIыр хуэмурэ, гъэтIысауэ машхэ. КIуэаракъэ, шхэнри псэлъэнри хущIыхьэгъуэкIэ ирагъэкIуэкI. Ауэ пIащIэу къытричыр сэращ. Шхэн зэ духамэ, Iэнэр Iуихыжыну

Назифэ... ЧыцIлъакъуэ къыщIэжынт. Абы хэту, зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тесу, къыдбгъэдохьэ зи пащIэкIэ къыщIэгуфIыкI хъыджэбзыр. Iэ лъэныкъуэмкIэ иIыгъщ зи щIыбым пщIэнтIэпс щIыIэр къежэбзэх дзэху псылъэр, адреймкIэ – дзэху крушкIэр. Назифэ нышэдибэ псым хэту зэрыслъэгъуауэ щытам хуэдэу аргуэру си нэгу къыщIызогъэхьэжри, ар сигу къызэрыкIыжагъэххэм сроукIытэж.

Къэп сызытесым зыгуэрым дыд папцIэ дыдэ къыхиIуа фIэкI умыщIэну, уащхъуэдэмыщхъуэу сыкъыщолъэт.

– ТIыс, тIасэ, тIыс. Ар хъыджэбзыжь цIыкIущ, – жи Мэжид. Модэ тегъэувэ жыхуиIэу, Назифэ еплъурэ, дадэм и щхьэр ещI. Модрейм, екIи фIыкIи и жьэ зэщIимыхыу, «хъэлэдилныч ежэхым» къыдиха псылъэм крушкIэри щIыгъуу Iэнэм къытрегъэувэ. ФызыхуейIа жыхуиIэу, и адэшхуэм йоплъ.

– Хьэуэ, тIасэ. МысыхьэткIэ зыри дыхуейкъым. Мохэр хьыи матэм илъхьэ, – дадэм и Iэр япэщIыкIэ си хъуржынымкIэ ещI, итIанэ и щхьэр псымкIэ ещI. А къызэрыпыгуфIыкI мыхъумэ, хъыджэбзым и жьэ зэщIихыркъым иджыри. Хъуржыныр къиищтауэ дадэм къыщеплъым:

– Абы щIакхъуэ, лэкъум, шыгъу жыпIэми, нэгъуэщI зыгуэрхэри илъ си гугъэщи, псори псым хэплъхьэнщ уэ, – жысIэурэ Назифэ сыщогуфIыкI.

– Абы щхьэкIэ умыгузавэ, тIасэ. Сэ сщIэри уэ пщIэри щыгъупщэжауэ езым ищIэнур ещIэж абы. Псори зыхуей хуигъэзэнщ а ди хъыджэбз губзыгъэ цIыкIум, – Темыркъан и нэгур тIэкIу къызэIуауэ кIэлъоплъ Мэжид и ЧыцIлъакъуэ псым дэлъадэм. Ауэ езы Мэжид щым хъуати:

– Бжьэ зырыз... – жысIэу бащырбэмкIэ сыщыIэбэм:

– Хъункъэ ар, Мэлыхъуэ и къуэ? Тхьэм и шыкуркIэ, ди ныбжьэгъужьым и къуэми мы джаурыр фIэанэ быдзышэу фэ теткъым, армыхъу ди хьэщIэ дымыгъэхъуахъуэу...

– Уэлэхьэ, ари пэжым...

– Хьэуэ, хьэуэ, зиунагъуэрэ! Сыт жыфIэр? Фэ фыщысу, сэ хъуэхъу къыслъысрэ?.. – зызогъэджэдухьэжы. Абыхэм сыткIэ ящIэнт, «сфIэмыанэ быдзышэми», сэри «а джаурыр» си мыхьэрэм дыдэ сызэрыхъуар?

– Узахуэщ. Хъуэхъу къыщыплъысыни тхьэм уригъахуэ, тIасэ. Хъунщ-тIэ ар зэ теуэгъуэкIэ. Дэри Iуэху Iэджэ къытпэщылъщ. Уэри уи унэр зэлъыIупхыу уи хьэпшыпыр я пIэ ибгъэзэгъэн хуейщ. ЗэрыжаIэщи, мащIэ тшхами, ди хьэлэлщ. Шыкур Iэлъхьэмдуриллэхь! – Мэжид псылъэмкIэ Iэбэрти, сэ сопхъуэри псы щIыIэмылыр крушкIэм изогъахъуэ. Дадэр къотэдж, пщыIэм къыщIобэкъукI. И жьэм тIэу-щэ мо псы щIыIэр жьэдегъэжыхь, къызыжьэдегъэжыж. ИтIанэ, къинар ирефри:

– Тхьэм уигъатхъэ, тIасэ. Дыбгъэтхъащ, – жиIэу крушкIэр къызетыж. Темыркъани ар дыдэращ ищIэр. Блэр зэуар аркъэным щощтэ, жи, нышэдибэ сыкъэзыгъэшына псым дзыхьыщэ хуэсщIыркъыми, шы псы щIыIэм хэф нэхъей, крушкIэм итым соIуб. Ауэ занщIэу си дзэм дохьэ. Иджы апхуэдэу щIыIэж хуэдэкъым. Зегъэсэн хуейуэ аращ.

– Фи ерыскъыр убагъуэ! Фи жагъуэгъу укIуэд! – жызоIэри ды-

89

зогъэзеиж. Си нэр псымкIэ щыIэурэ сыздэкIуэм:

– Си ЧыцIлъакъуэ зыдэбгъэIэпыкъуну зыгуэркIэ ухуей хъумэ... – жиIэу дадэр ныскIэлъоджэ. Сэ плъыжьыбзэ сыкъохъу: Назифэ здэкIуамкIэ сызэрыплъэм гу къылъитагъэнщ. Ауэ си гур согъэбыдэри:

– Хьэуэ, иджыпстукIэ езгъэщIэн щыIэкъым. ИужькIэ сыхуей хъумэ...

ДадитIыр махуэ псом бжьэм хэтащ. Ашычыщхьэхэр трахтрапIэж. Безынэхэр къыдах-далъхьэж. Мэжид цIыкIу ашычхэм къахэщ къудейщ. Махуэр хуабэ пэтми, абы адыгэ бухъар пыIэ лъагэ щхьэрыгъщ. Зэпымыууэ чынщIопщыкъур зытехуэ чыным хуэдэщи, ар напIэ дэхьеигъуэ и пIэм изагъэркъым. ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ, жи. ЧыцIлъакъуэ зыфIищыжа и пхъурылъхури езым ещхь хъужащ, – джэд щыкъун и пщIыхьэгъуу, си гупсысэр Назифэ дежкIэ йожэкI. Ауэ унажэукъым зэрежэкIыр – псэм ирешэкI. И дахагъым, и бжьыфIагъым и гугъу умыщIыххи, абы и хъыджэбзыфIагъри плъагъуркъэ? Пасэрей ди хабзэщи, лIы Iэнэм къабгъэдыхьакъым. Мис иджы шхэн яуха хъункъэ щыжиIэм, псы щIыIэр къихьри къыIухьауэ аращ. Ари и чэзу дыдэу! Абы хабзэу хэлъыр-щэ! И жьэ зэщIихыу псалъэ къыжьэдэкIакъым. ЩIалэ мыцIыхушхуэращ щIэмыпсэлъар, дауи. Армыхъу дадитIым псэлъэгъу, гушыIэгъу яхуэхъуу къыщIэкIынщ. ЦIыху игъэсар гъуэщэнкъым. Абы и зыIыгъыкIэ къудейр-щэ! Нышэдибэ, цIыхухъухэр зэрытекIар ищIэрти, хъэлаткIэ къикIухьащ. Иджы зэщIэкъуэпауэ, щыгъыр и пкъым екIупсу хуэпащ. Псым щыдыхьами тегушхуэу зыщIитIэщIар къэзылъагъун зэрыщымыIэрат. Ауэ, сыт хуэдэу щытми, итIани и анэ къызэрилъхуауэ зиупцIэнакъым. УкIытэ и нэгу илъщ. НэгъуэщIым узэрыщыукIытэм хуэдабзэу, уи напэми ущыукIытэжын зэрыхуейр къыгуроIуэ. Зыхэт мэзым, зытет дунейм я нэгу пцIанэу зыщIигъэхуэну и напэ хутегъахуэркъым. Псэ зыIут мы къедзам щыщымыIэкIэ, хэт сыкъилъагъун жыпIэу шхуэмылакIэр бутIыпщыпэ хъунукъым. Къэхъунумрэ укъэзылъагъункIэ хъунумрэ сыткIэ пщIэн? Дунейм нэ мин иIэщ, жи. Ауэ щыхъукIэ... Аракъэ уи щхьэр хъумэ щIыжаIэжар? Си Iуэхущ абы и щхьэр имыхъумэжми. И щхьэм темыукIытыхьыжми. УкIытэ зиIэм цIыхугъи иIэщ. Абы зытеукIытыхьыжын илэжьынукъым... Ярэби, Назифи шыпхъу нэхъыжь иIэу пIэрэ? ИIэу щытмэ, Мадинэ зэрищIым ещхьу, и шыпхъу нэхъыжь къыдинэу дэкIуэну пIэрэт? Сыт, зиунагъуэрэ, жыпIэр? Апхуэдэ напэ иIэ абы? НтIэ Мадинэ напэ имыIэу ара апхуэдэу щIищIэр?..

ИгъащIэм зэрымылъэгъуа, зи Iуэхуи зи дэлъи зэхэмылъ хъыджэбзитIыр зэзгъапщэу, зэпэслъыту сыхуожьэри, абы сыхущIогъуэж. Апхуэдэу щIэсщIар зыхуэсхьынур сщIэркъыми, ар си делагъэу собжыж.

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

*«Адыгэ хэхэс литературэ» псалъащхьэм щIэту ди журналым щIэх-щIэхыурэ теддзэнущ хэхэс гъащIэр натIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм къахэкIа тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр. А тхыгъэхэр, ди щIэныгъэлIхэми къызэралъытэщи, зэрытха бзэм темыщIыхьауэ, адыгэ литературэм и зы Iыхьэщ. Фи пащхьэ идолъхьэ Мысырым (Египет) щыпсэуа тхакIуэ Юсеф ас-Сибаи и «ФитIнэ лъапсэ» романыр, гъэкIэщIауэ.*



(1917-1978)

# ТхакIуэм теухуауэ

Адыгэ мамлюкхэм къатепщIыкIыжа литератор цIэрыIуэ Сибаи Мухьэмэд и унагъуэм 1917 гъэм къралъхуащ Юсеф. ЩыцIыкIум къыщыщIэдзауэ ар дихьэхауэ еджэрт урыс, КъухьэпIэ къэралхэм я классикхэм я IэдакъэщIэкIхэм. Илъэс пщыкIуплI щрикъум ар адэншэу къэнащ. Апхуэдэу щыхъум, мурад ищIащ и гъащIэр дзэм ирипхыну икIи абы пыщIа еджапIэ щIэтIысхьащ. Ар къиуха нэужь, мамлюк нэсхэм ещхьу, шуудзэм хыхьащ, иужькIэ, танкыдзэм зритыжащ.

1952 гъэ революцэр къэхъеиным куэд имыIэжу ас-Сибаи ягъэув дзэм и музейм и нэхъыщхьэу, итIанэ Мысырым и танкыдзэхэм я унафэщIым и къуэдзэу.

Литературэмрэ гъуазджэмрэ ехьэлIа IуэхухэмкIэ щыIэ Хасэм и генеральнэ секретару ар хахауи щытащ 1956 гъэм, илъэситI дэкIри Азиемрэ Африкэмрэ я къэралхэм я зэакъылэгъуныгъэм и организацэм и генеральнэ директору ягъэуващ икIи дунейм ехыжыхункIэ а къулыкъур иIыгъащ. Президент Насер и лъэIукIэ ас-Сибаи илъэс зыбжанэкIэ и унафэщIу щытащ Мысырым щэнхабзэмкIэ и министерствэм. 

Жылагъуэ лэжьыгъэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ тхакIуэ Iэзэм и гъащIэр: ар ящыщт тхакIуэхэм я союзрэ новеллэтххэм я клубрэ къызэзыгъэпэщахэм, я редактор нэхъыщхьэт АРЕ-м и тхакIуэхэм я союзым къыдигъэкI «Ар-Рисалэ аль-Джадидэ», афроазиат тхакIуэхэм я Бюро сыт щыгъуи лажьэм и «Лотос» журнал цIэрыIуэхэм.

Ас-Сибаи зы зэман пыухыкIакIэ апхуэдэу и редактор нэхъыщхьэу щытащ Каир къыщыдэкI «Ахар саа» журналым.

1947 гъэм Каир къыщыдэкIащ Юсеф и новеллэхэр щызэхуэхьэса «НэкъыфIэщIхэр» тхылъыр. Абы ипэкIэ 1933 гъэм къыщыщIэдзауэ и тхыгъэхэр яриту щытащ Мусэ Сэлам къыдигъэкI журналхэм.

Юсеф ас-Сибаи и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ 50-м щIигъу, публицистическэ тхыгъэ куэд. Роман къудейуэ иIэр 20-м нызэрохьэс. Юсеф и тхыгъэ нэхъыфIхэу къалъытэ революционнэ романтизмкIэ псыхьа романхэу «Си гур къызэтыж» (1955), «Гъуэгу къэзыгъэзэж» (1958) жыхуиIэхэр, иджырей гъащIэм теухуа романхэу «Дэ ди закъуэкъым» (1969), «ГъащIэр напIэдэхьеигъуэщ», «Дэ банэ тсэркъым» (1973), нэгъуэщIхэри.

«Си гур къызэтыж» романыр езы тхакIуэм и гъащIэм триухуащ. Абы къыщыгъэлъэгъуащ 1952 гъэм революцэр къыщыхъеину лъэхъэнэм мысыр офицерхэм я дуней еплъыкIэр зыхуэдар. «Гъуэгу къэзыгъэзэжыр» топсэлъыхь япэ хьэрыпжурт зауэу 1948 гъэм екIуэкIам.

«ФитIнэ лъапсэ» романыр (1949) – ас Сибаи и япэ тхыгъэшхуэр – теухуащ 1952 гъэ революцэм ипэкIэ мысырлыхэм я гъащIэм и лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. УрысыбзэкIэ къыдэкIам и пэублэ псалъэм мыпхуэдэу щыжиIащ Юсеф: си романыр стхащ Мысырыр колонизаторхэм я лъэгудыгъуэм щыщIэгурымыхь, лъэпкъ, социальнэ гъэпщылIыныгъэхэм я лIэужьыгъуэ щIэгъэщхъуэжахэм щагъэгуIэ, кIэзимыIэ гъэпщылIыныгъэм щитхьэлэ лъэхъэнэм; мысырлыхэр я щхьэхуитыныгъэм щIэзэуэ лъы щагъажэ, хуитыныгъэм, щIакхъуэ Iыхьэм, къэщIэрэщIэныгъэм, мамырыгъэм щыщIэбэн зэманым».

УрысыбзэкIэ зэдзэкIауэ Юсеф и тхыгъэ зыбжанэ традзащ ди деж къыщыдэкI

«Иностранная литература», «Огонек» журналхэм.

Мэзкуу, Ташкент, Ленинград тхылъ тедзапIэхэм дунейм къыщытехьащ «Псызехьэр лIащ», «ФэрыщIыгъэм и щIыналъэ», «Дэ банэ тсэркъым» романхэмрэ рассказхэр щызэхуэхьэса «ЦIыху угъурлыщэхэр» тхылъымрэ.

1974 гъэм ас-Сибаи и литературэ лэжьыгъэм хуагъэфэщауэ щытащ «Лотос» саугъэтыр.

Юсеф ас-Сибаи

# ФитIнэ лъапсэ

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

*1952 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м и пэкIэ Египетыр инджылыз империалистхэм яIэщIэлъащ. Абыхэм я лъэгу щIэтыху, ди къэралым лей, къуаншагъэ куэд щызекIуащ, цIыху гъэрыпIэм итауэ жыпIэ хъунущ. Ар фи нэгу щыщIэкIынущ си романым. Романыр щыстхар ди цIыхухэмрэ ди къэралымрэ фитIнэхэм, напэншэхэм, щхьэхуещэхэм я IэмыщIэ щилъа зэманырщ, а зэманыращ си романым фи нэгу щIигъэкIынур. ЩIэх зытрадзыфакъым хьэрыпхэм икIагъэм, кIыфIыгъэм, залымыгъэм я бжьыр. Романым феджэмэ, фи нэкIэ флъагъунущ ди цIыхум ятелъа бэлыхьымрэ лейуэ кIэлъызэрахьамрэ.*

Автор

«Псэ хущхъуэ сощэ. ЩIыхуэущ зэрысщэр. Хущхъуэр сэбэп къыфхуэмыхъумэ, и уасэр къыфIысхынукъым». Сыт гъэщIэгъуэн! Къытщыдыхьэшхын щхьэкIэ газетым апхуэдэ хъыбар щIытрадзар? ЖаIэуи яIуатэуи зэхэсхакъым апхуэдэ хьэдэгъуэдахэ!



Си нэм сыщIоIуэтыхьри, аргуэру соплъ. Хьэуэ, сыщыуа хуэдэкъым: «Псэ хущхъуэ сощэ...»

Шэджагъуашхэ сышха къудейщ. ТхьэкIумэкIыхь лыбжьэ жыпIэми, джэш лэпс жыпIэми, нащэ фIэIу жыпIэми, си ныбэм из сщIащ, хъарбызи тесшхыхьыжри псы IэфIи тесфыхьыжащ.

Сышхэкъуащи, си жеин къокIуэ. Шэджагъуэ жей сщIы си хабзэт, сышхамэ. Умыжеймэ, апхуэдиз шхын пхуэгъэткIун?

Газетыр къасщтэри шордакъым сытетIысхьащ. Жейр къыстеуащи, хьэрфхэр сфIызэхозэрыхь, си щхьэм зыри къихьэркъым. СыщыIурихар сщIэжыркъым. Сыкъэушыжри, шордакъым сыкъикIыжащ: «СыщIэкIынщи, жьы зыщIезгъэхунщ».

ТхьэмыщкIэ хьэблэщ сызыдэсыр, уэрамхэр зэвщ, унэхэр лъахъшэщ. Жыгыр щыкуэдщи, а зыр ди гурыфIыгъуэщ.

Жыг жьауэм сыщIэувэри, уэрамым сыдыхьащ. Си IэпкълъэпкъыР псынщIэ хъужащ хуэм-хуэмурэ. Уэрамым и кIэм сынэсауэ, тыкуэн цIыкIур къысIэщIэлъэгъуащ. ГъэщIэгъуэныракъэ: мы хьэблэм игъащIэм сыдэсщи, тыкуэн цIыкIум гу лъыстауэ сщIэжыркъым. ПщIащэ Iувым зэрызыхигъэпщкIуара хъунщ гу щIылъызмытар. Хэт мы уэрам зэвым щэхуакIуэ къыдыхьэнур? Дыщэ пщэми, укъащIэнукъым, тыкуэным уэрам зэвым зыдиудыгъуащи.

Тыкуэным сыбгъэдэкIуэтащ. Къэхьэуэ ефапIэм ещхькъым тыкуэн цIыкIур. Къэхьэуэ ефапIэхэм я бжэIупэм шэнти Iэни щызэхэтщ, етIысылIи, къэхьэуэбжьэ уефэху, бауэ. Мыр аракъым: шэнти

Іэни щыслъэгъуакъым тыкуэн бжэІупэм. Тыкуэн натІэм тет тхыгъэм си нэр хуэзащ: «Псэ хущхъуэ сощэ. ЩІыхуэущ зэрысщэр. Хущхъуэр сэбэп къыфхуэмыхъумэ, и уасэр къыфІысхынукъым».

Бзаджэ гуэр хъунщ тыкуэныр зейр! ЦІыхур къызэрыдишэхынщ зэщэр, дауи. АпхуэдэкІэ къигъэпцІэфынІа и гугъэу пІэрэ? «ТІэкІу хухэт хъунщ», – жысІащ сигукІэ.

Хухэт-хухэмытми, сыт хузиІуэху? СыщІыхьэнщи зэзгъэлъагъунщ. И щхьэм зыгуэр имылажьэтэмэ, тыкуэныр мы уэрам бэнзэвым къыдигъэувэнтэкъым...

СыщІыхьэри зысплъыхьащ. Къэп щІэзщ тыкуэным. Тыкуэнтетыр зы къэпыжь тесщ, и щхьэр къыфІэхуауэ. ЛІыжь гъурщ, зэщІэтхъуауэ. И жьакІэр и бынжэгум нос, абэ щыгъщ, лъахъстэн вакъэ плъыжьыбзэ лъыпыІуащ. Гу къыслъитэри, лІыжьыр къыдэплъеящ. Къэщтауэ къысфІэщІащ, къыщысІуплъэм. Тыкуэным цІыху къыщІыхьэрей хъункъым – арагъэнщ къыщІэщтар.

Сэлам есхри, сиувыкІыжащ: делэмэ, пщІэрэ? Хьэуэ, лажьэ иІэ хуэдэкъым, Іэсафэ дыдэщ. Хьэмэрэ фэкІэ зищІрэ? Къызэбжынуми, сщІэркъым, щхъухьпсыхь зэрихьэрэ зэримыхьэрэ хэт щыгъуазэр?..

Соплъри, адрей тыкуэнтетхэм къазэрыщхьэщыкІ дэслъагъуркъым. Гъавэ зыщэм е, сэ сщІэрэ, Іэщым ирисондэджэрым къызэрыщхьэщыкІІауэ гу лъыстакъым. Дауэ зэрыжесІэнур: «Псэ хущхъуэ сыхуейщ», – жысІэу? Сэракъэ итІанэ делафэ зраплъынур?

«Сыхуэсакъыпэурэ къыщІэздзэнщ», – жысІащ сигукІэ, делафэ зрезмыгъэплъын щхьэкІэ. Жыжьэ къыщызублэн мурад сщІащ.

– Сыт хъыбар, тхьэмадэ?

– Хъерщ, – жиІащ лІыжьым. 

– УзыншагъэкІэ сыт ухуэдэ? – къыхэсІуащ ари, лІыжьыр си мынэІуасэ пэтрэ.

– Лажьэ диІэкъым. Тхьэм уигъэпсэу.

– Уи сатур сытым тет? КъохъулІэрэ?

– Ящэху щІагъуэ щыІэкъым.

– Сыт щІамыщэхур?

– Хэт ищІэн?..

– Уи хъыбар ящІэ хъункъым. Уи хъыбари уи хьэпшыпым и хъыбари ебгъэщІэн хуейщ цІыхум – абы куэд елъытащ иджы.

– Сэ сщэм хуэмыныкъуэ щыІэкъым. Зэрыхуэныкъуэр ящІэ псоми. Си хъыбари сщэм и хъыбари лейуэ сыт щхьэкІэ згъэІужын?

Куэд къысхуригъэкІуэкІащ лІыжьым, дапщэ къысхуригъэкІуэкІами, ищэр къызгурыІуакъым. Тыкуэнтет бзаджэхэм аращ я хабзэр: уи жьэр зэщІэпхамэ, я хьэпшыпым къыпхущытхъунущ, хьэ вейри дыщэ къыпщагъэхъунущ. КъагъэпцІэфым сащыщкъым сэ! «Куэд къысхуебгъэкІуэкІынущ уэ!» – жысІэри си Іэр къэпхэмкІэ сшиящ: езым къызжрыреІэ къэпым илъыр.

– Зыгуэр къэсщэхунут...

ЛІыжьым и щхьэр ищІащ, «зыгуэр сиІэщ» жыхуиІэу.

– Сыт уиІэр?

– Псори сиІэщ, мащІэ-мащІэу.

– Сеплъ хъун?

– Сыт щІэмыхъунур? Еплъ. Къэпыщхьэр тІэтащ.

Хъарзынэкъэ, тІэтамэ! СиІэбэурэ, къэпхэм илъыр зэзгъэщІэнщ.

Зы къэп сиІэбащ: бжьын жылэм ещхьыфэу, зыгуэр илъщ – жылэ

фIыцIафэ. Iэбжьыб къасщтэри зэпэсплъыхьащ: гъункIэ ирикъуауэ пIэрэ?

НэгъуэщI зы къэпи сиIэбащ. Тхъуэбзащхъуэм ещхьт абы илъыр. Ещанэм шыгъум ещхьыфэ гуэр ислъэгъуащ. Зы къэпи къэзгъэнакъым – псоми сиIэбэурэ сеплъащ. ЛIыжьыр къыспэрыуакъым.

«Ищэр езыми ищIэжыркъым, псэ хущхъуэ фIищауэ цIыхур къегъапцIэ», – жысIащ сигукIэ. Джэш зыщэм щIыдэ ищэу къыпщигъэхъуфынущ, хуеймэ. Сызэрыщэнауэм гу лъитащ лIыжьым.

– Дэтхэнэм щыщ пщэхунур, зиусхьэн?

Iэнкун сыхъури, къэпхэм ящыщ зым си Iэпэр хуэсшиящ:

– Мобы илъыр сыт?

– ЛIыгъэ хущхъуэ илъщ.

– ЛIыгъэ хущхъуэ жоIэ?

Апхуэдэ хущхъуэ щыIэ? ЛIыжьым зэрыхухэтыр си фIэщ хъуащ иджы!

Тыкуэнтетыр къызэплъащ:

– ГушыIакIуэ укъэкIуамэ, зегъэхь. Апхуэдэ гукъыдэж сиIэкъым сэ. Иджыпсту схущIыхьэркъым, итIанэ къакIуи, сыбдэуэршэрынщ.

Тыкуэным сыкъыщIэкIыжын мурад сиIэтэкъым асыхьэтым. Мыпхуэдэ лIыжь дэнэ ущрихьэлIэжын иужькIэ! Къызэрызэгияр си жагъуэ сщIауэ фэ зытезгъэауэри, лIыжьым жесIащ:

– ГушыIакIуэ сыкъэкIуакъым, тхьэмадэ! СыIуэхуншэ уи гугъэ? СыкъыщIэкIуар къэсщэхунIауэ аращ.

ЛIыжьым ифI зыкъришэжащ. Сыкъыщиудынущи, армыгъуейуэ зызошыIэ.



– Модрей къэпым илъыр сыт хуэдэ хущхъуэ? – ЛIыгъэ хущхъуэ сыхуейтэкъым иджыпстукIэ, арыншэми лIыгъэншафэ къызаплъыркъым.

– Хьэлэл хущхъуэ, – жиIащ лIыжьым.

И ужь сыщихьакIэ, и кIэм сиплъэнщ.

– Зы фунт къысхуэшэч, – жызоIэ.

– ФунткIэ сщэркъым.

– Зы Iэгубжьэ къысхуэшэч-тIэ.

–IэгубжьэкIи сщэркъым.

– Зы Iэбжьыб къэпшэч хъунукъэ?

–Iэбжьыби хъунукъым.

УкъэтэмакъкIэщIынтэкъэ абдежым! Зы къэп псо къызигъэщэхуну аращ зэщэр! Щыгугъ абы! Уэр нэхърэ сынэхъ делэ сэ? Щхьэ упIащIэрэ, лIыжь! Сэ уэ уи пыIэкур къизмыудмэ, си пэр уэзгъэупIэнщ!

– Хущхъуэр сшэчыркъым. ПIалъэкIэщ зэрысщэр. Ухуеймэ, махуэ пIалъэ узот, хьэуэ жыпIэрэ – махуипщI пIалъэ. ИгъащIэкIэ пхурикъуни уэстынущ, бдэнумэ.

Седэуакъым. Къэгубжьрэ сыщIихужмэ, сыхэкIыжакъэ хущхъуэм!

– МахуипщI пIалъэкIэ къызэщэ.

– УзэрегуакIуэщ. И уасэр итIанэ къызэптыжынщ.

– КъызэрызэпщамкIэ тхылъ уэстын хуей?

– Хьэуэ, тхылъ къеIысхыркъым. Дзыхь яхузощI.

Сыдыхьэшхакъым, сыкъыщитхъын хьэзырми. Хьэуэ, сыкъигъапцIэ хъункъым мыбы, дзыхь къыщысхуищIкIэ. «Згъэунэ-

хунщ», – жысIащ сигукIэ. Псом щыщи тIэкIу-тIэкIу къэсщэхунщи, уэрамым щискIутыжынщ – си сыт хэкIуадэрэ? ЩIыхуэр естыжын и гугъэмэ, къопцIэ лIыжьыр. КъызэбзэджэкIын мурад щищIакIэ, сэри себзэджэкIынщ. «Уэ убажэмэ, – жысIащ, – сэ сыбажэкIэщ!..»

ТхылъымпIэ сэмб ищIри, хьэлэл хущхъуэ кърикIутащ лIыжьым.

– Мыр хьэлэл хущхъуэщ. Псым хэкIути, хэгъэткIухь, хэткIухьа нэужь, зумыIэжьэж, занщIэу ефэ. Дыджкъым, ущымышынэ. Сэбэп къыпхуэмыхъумэ, и зэран къокIынукъым. Дакъикъэ зыбгъупщIкIэ къыппкърыхьэнущ.

– АфIэкI хэлъкъэ?

– Хэлъкъым. МахуипщIкIэ ппкърыкIыжынукъым. Уигу ирихьмэ, къытегъазэ: иджыри уэстынщ.

ПцIы къысхуиупсыфэ теткъым лIыжьым. Сефэнщи, къызищIэм сеплъынщ.

ЩIыIэ-щIыIэу сигу къэкIащ асыхьэтым: щхъухьмэ-щэ! ЛIыжьыр си щыпэлъагъущ, щхъуэ къызихын мурад иIэмэ, сщIэрэ? ЦIыхум кIэ зэраритын щхъухьпсыхь зэхилъхьауэ ищэмэ, сыунэхъуакъэ!

ТхылъымпIэ сэмбым сеплъащ. ЛIыжьым сыкъыхудэплъеижащ итIанэ: быдэ и анэ гъыркъым!

– Мыбы афиян е щхъухь хэлъмэ...

ЛIыжьым и фэр зэкIуэкIащ, игу къысхуэплъри.

– Абы игу къэкIам еплъ! Апхуэдэфэ стет сэ? Къащтэ мыдэ! Хущхъуэр къызэтыжи, зыщIегъэх!

– Уигу къызумыгъабгъэ, тхьэмадэ, – щIэслъэфыжащ си псалъэр. – СыгушыIащ. УгубжьыгъуафIэщ уэ сэ слъагъур! ЩэхуакIуэ уиIэнкъым, апхуэдэ хьэл пхэлъмэ. Тыкуэным Iэджи къыщIыхьэнущ – хьэл зырыз зимыIэ щыIэкъым. Яхуэтэмакъ-кIыхь... – Асыхьэтым сигу къэкIами еплъ! – ТэмакъкIыхь хущхъуэ уиIэ?



– СиIэщ.

– УиIэмэ, щхьэ уемыфэрэ?

– Сефэркъэ! ТэмакъкIыхь хущхъуэ семыфатэмэ, фэ хьэлыншэ къомыр фысхуэшэчынт сэ! ЛIыгъэ хущхъуи, гумащIэ хущхъуи, гу къабзэ хущхъуи – сэ симыIэр укIуэдыж! КъыщIэупщIэIаркъыми, аракъэ сыщIызэгуэудыр! Сызэгуэпыху, тэмакъкIыхь хущхъуэ сефэурэ, къысIэщIэухащ, тIэкIунитIэщ къысхуэнэжар. Модрей хущхъуэхэри ящэхуркъым. Мес, къэпым зэризщ, хэщIаIакъым. ЦIыхум сахуэупсэнщ жысIати, сызэхащIыкIыркъым. Еплъыт мо къэпхэм: уныкъуа яхэткъым. Ящэхуркъым си хущхъуэр, цIыхур къыщIэупщIэркъым!

Сигу щIэгъуащ лIыжьым. Жэщи махуи щIэтщ тыкуэным, хущхъуэр и куэдщ, къыщIэупщIэр мащIэщ, зыщэхур нэхъ мащIэжщ. Хэплъэгъуэщ лIыжьым и Iуэхур.

Адрей къэпхэми сыщIэупщIащ.

– Мо къэп гъуэжьыжьым илъыр сыт?

– ГумащIэ хущхъуэ.

– Модрейм-щэ?

– Гу къабзэ хущхъуэ.

– Бжэ къуагъым къуэт къэпым сыт илъыр?

– ЦIыхугъэ хущхъуэ.

– Мо плIанэпэм дэтым-щэ?

– НэмысыфIэ хущхъуэ...

СыщIэупщIэурэ, къэпым илъ хущхъуэхэр зэзгъэщIащ. Тыкуэныбжэр зэIуха зэпытщ, къыщIыхьэр мащIэщ армыхъу.

Хьэуэ, делэкIэ уеджэнкъым лIыжьым. ТэмакъкIыхь хущхъуэ ефэнтэкъым, делэтэмэ. Псом щыщи зрихьэлIэнти, нэхъ губзыгъэрэ нэхъ Iущрэ дунейм тетынтэкъым. Дунейр къыхуэнатэкъэ итIанэ! ЛIыжь тхьэмыщкIэ! Мы тыкуэныжь цIыкIум щхьэ зыщIэбгъэкIуэдэжрэ! Дуней псор зыIэщIэплъхьэфынут уэ!..

Сигу щIэгъуауэ, лIыжьым жесIащ:

– Тхьэмадэ! Уи гъащIэр псыхэкIуадэ хъуауэ къысфIощI. ЖыпIэр пэжмэ, уэ щхьэ уемыфэрэ уи хущхъуэм? Уефатэмэ, дуней псом я тепщэ ухъунут! Мы тыкуэныжь цIыкIум щхьэ зыщIэбгъэкIуэдэжрэ? УщIэзэшыхьакъэ мыбы? Гу щыпхуакъэ?

ЛIыжьыр ней-нейуэ къызэплъащ. «Мы дунеягъэм сыт хэпщIыкIрэ?» – жиIа хъунщ игукIэ.

– Уи чэнджэщым сыпэплъа уи гугъэрэ иджыри къэс? Ар сигу къэмыкIауэ ара къызэрыпщыхъур? Мыдэ къызэдаIуэ, си ныбжьэгъу, – жиIащ лIыжьым. – УцIыху Iей хуэдэкъым уэ. КъэтIыси, сэ ныбжесIэнум къедаIуэ. Си Iуэху къызэрекIуэкIар бжесIэнщ. Мо къэпхэм ярылъ хущхъуэм сызэмыплъа яхэтыжкъым. ЛIыгъэ хущхъуи, гу къабзэ хущхъуи, гумащIэ хущхъуи – зэзмыхьэлIа къэзгъэнэжакъым. КърикIуари сыт жыIэт? Сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжа фIэкI, нэгъуэщI къысхухэкIакъым. ЦIыхум цIыхуфэ къатезгъэуэн си гугъащ. Сыщыуауэ къыщIэкIащ – лIо къызэпщIэнур? Сапэлъэщакъым, сэбэп сахуэхъуфакъым – зи лажьэр Тхьэм ищIэнщ.



ЛIыгъэрэ цIыхугъэрэ пхэлъмэ, уи гур къабзэмэ, умыщхьэхуещэмэ, цIыхум уакъыхэщын уи гугъэ? Абы хуей цIыхур? Си хущхъуэр зэрапхъуэнт, цIыхур цIыхугъэ, къабзагъэ, напэ хуейтэмэ! Хьэуэ, ди зэманым абы зыри хуеижкъым – цIыхугъи, къабзагъи, напи. Мылъку уиIэмэ, а псор лейщ, узыхуэмей хьэпшыпщ. Ар къызыгурымыIуэращ си хущхъуэр зыщэхунур. НэгъуэщI къыщIэупщIэнукъым си хущхъуэм.

Си къэпхэм илъ хущхъуэм сызэмыплъа къэнэжакъым. КъысхужаIари пщIэрэ? «Делэ хъуащ, и щхьэр зэтесыжкъым!» – ращ къысхужаIар. Тыкуэным сыщIэкIыжыркъым апхуэдэ псалъэ фIей къызэрызадз лъандэрэ.

Сыти къысхужыIэ иджы. Делафэ къызэрызэпплъри солъагъу, дзыхь къызэрызумыгъэзри сощIэ. Делафэ зраплъым срещхьщ сэ – ар уи нэкIэ уолъагъу. Къызэфплъ делафэ. Абы щхьэкIэ сигу никъуэкъым. ЦIыхум сэбэп сахуэхъун си гугъати, къызэхъулIакъым. Сыт пщIэн: ущызэхамыщIыкIыр нэхъыбэщ. СызэхащIыкIамэ, я щхьэрат зи сэбэпыр. СыщызэхамыщIыкIкIэ, си пIэ сисыжынщ. Мы тыкуэн цIыкIум зыми сыщIихуфынукъым...

ЛIыжьыр щым хъужащ. Соплъри, сигу щIогъу лIыжьым: псалъэ пхухэдзынукъым жиIэм. ИтIани согупсыс: «Уи хущхъуэм щIэупщIэ имыIэу жыбоIэ. Ухэзыгъэзыхьыр хэт? ЩIэупщIэ зиIэ хущхъуэкIэ щIы сату! НапитI хущхъуэ, бзитIщхьитI хущхъуэ, къэрабгъэ хущхъуэ, икIагъэ хущхъуэ, цIапIагъэ хущхъуэ пщэ хъунукъэ? ЗэрапхъуэнкIэ мэхъу апхуэдэ хущхъуэр! ЦIыхур аращ иджыпсту зыщIэупщIэри зыхуэныкъуэри...»

А псор лIыжьым жесIакъым: и гум сыт щхьэкIэ сеуэнт? ЖесIар мыращ:

– Уи сатур мыкIуэмэ, нэгъуэщI хущхъуэкIэ сату щхьэ умыщIрэ? ПцIыупс хущхъуэ, псалъэм папщIэ, е, сэ сщIэрэ, фыгъуэнэд хущхъуэ?

И щхьэр игъэкIэрахъуэри, лIыжьыр къызэплъащ.

– Дэнэ апхуэдэ хущхъуэ къыздизбгъэхынур? Апхуэдэ хущхъуэ тыкуэным куэдрэ щIагъэлъынукъым. Си хэгъэрей тыкуэнтет гуэрым сеупщIати, апхуэдэ хущхъуэр къанэ щымыIэу ящэхуауэ къызжиIащ. Си тыкуэныр къыщызэIусхагъащIэм хущхъуэ лIэужьыгъуэу симыIа щыIэкъым. Ящэхуар пщIэрэ? Ящэхуар къэрабгъэ хущхъуэщ, цIапIагъэ хущхъуэщ, бзаджагъэ хущхъуэщ, бзитIщхьитI хущхъуэщ! НапIэзыпIэм ящэхуащ, Iэбжьанэ тез къыщIанакъым тыкуэным. СызэплъэкIыу сыкъызэплъэкIыжыху. Зэпаубыдри зэрыукIыж пэтащ. ЗэрыукIыжынуи къыщIэкIынт, полицэр къэмысатэмэ. БзитIщхьитI, напэншэ, хьэрэм хущхъуэр ятхьэкъуащ, Iэпхъуалъэиз къысхуагъэнакъым. Ятхьэкъури хьыкумэтым иратащи, зы хьэдзэ утрагъэплъэнукъым, IулъхьэкIэ къыумыгъэхэшауэ. Сондэджэрхэми яIэрыхьащ абы щыщ, лъапсейуэ ящэ иджы. «Ди Iыхьэр дэнэ щыIэ?!» – жаIащ, жылэр къызэщIэвэри. КъызэщIэва щхьэкIэ, Iыхьэншэ хъуащ: зыри лъагъэсакъым. Напэншэ хущхъуэм, бзитIщхьитI хущхъуэм, хьэрэм хущхъуэм щыщ хьыкумэтым къыхуэнэжати, жылэм щыхагъэзыхьым, псым хакIутати, псоми тIэкIу-тIэкIу ялъысащ...

– ЗыкIэ сынолъэIунущ, – жесIащ тыкуэнтет лIыжьым, и псалъэр нигъэса нэужь.

– Сыт укъызэрызэлъэIунур?

– Мыбдей сыщегъафэ хущхъуэм. Хущхъуэр сыщыкIуэжкIэ згъэкIуэдмэ, е, сэ сщIэрэ, зыгуэрым стрихмэ, сыхэкIыжакъэ!

– Щефэ, – жери, лIыжьым псы къызитащ. – Псым хэгъэткIухь. ХэткIухьа нэужьщ ущефэнур.

Хущхъуэр псым хэздзащ, хэткIухьыху сыпэплъэри сефащ.

Си шхалъэм нэса хъунтэкъым, хущхъуэр щызыхэсщIам. Си гур IэфI къэхъуащ асыхьэтым, си лъакъуэр бдзапцIэ фIэхъухьа къысфIэщIырти, псынщIабзэ сыхъуащ, дамэ къыстекIа хуэдэщ, тIэкIунитIэ укъысщIэрыIэмэ, сылъэтэн хьэзырщ. Псом япэ сигу зыщIэгъуар тыкуэнтет лIыжьырщ. ЦIыху насыпыншэкъэ! МащIэ щIауэ щIэт тыкуэныжь цIыкIум! ЗэхащIыкIыркъым, и хущхъуэм щIэупщIэ иIэкъым. ЩIимыIэр сыт? ЦIыхур щхьэхуещэ, бзаджэнаджэ, фыгъуэнэд, цIапIэ хъуащи, аращ щIимыIэр!

IэплIэ есшэкIри, лIыжьым жесIащ:

– УмыгумэщI дяпэкIэ! Уи гуныкъуэгъуэр си гуныкъуэгъуэщ, уи гуауэр си гуауэщ. Си гъащIэр кIыхьми кIэщIми, сыухыху, узгъэпэжынщ! Нобэ щыщIэдзауэ уи шынэхъыщIэ сыхуэдэщ. «Мыр щIэ!» жыхуэпIэр сщIэнщ, къыстеплъхьэр си хьэлъэщ! – Хущхъуэр къызэрыспкърыхьам шэч хэлъкъым.

– Тхьэразэ къыпхухъу, – жиIащ лIыжьым. – ДэIэпыкъуэгъу сыхуэныкъуэкъым зэкIэ. КъинэмыщIауи, махуипщI къудейщ узэрыхьэлэлынур. Псалъэ къыщIызэптыни тхьэ къыщIысхуэпIуэни щыIэкъым – абыкIэ ухэзгъэзыхьакъым сэ.

– Хъунщ! – жесIащ лIыжьым. – МахуипщI пIалъэ къызэптащи,

спкърыкIыжмэ, къытезгъэзэнщ.

Ухьэлэлмэ, цIыхум фIы яхуэпщIэмэ, абы нэхъыфI щыIэ! Тыкуэнтет лIыжьым къысхуидакъым ар:

– Уи гъуэгу ирикIуэ, си щIалэ. Уи ажэ си бжыхь къыумыпх! Сэ сымыгъэунэхуа хэлъкъым мы Iуэхум.

ЛIыжьым зыри пэздзыжакъым, и псалъэр сфIэфI мыхъуами.

Тыкуэным сыкъыщIэкIыжынумэ, и чэзу хъуа хъунт. Ахъшэ зэрысIимыхынур къызжиIащ. Ахъшэ гуэр къыхуэзмыгъэнауи сыкъыщIэкIыжыфынукъым тыкуэным – си гум идэркъым. ЛIыжьым зригъэзэкIати, си бохъшэр къизгъэцIэфтри, зы хъурыщэ къыдэзнакъым: къэп къуагъым къуэслъхьащ, тыкуэнтетым гу зылъэзмыгъатэурэ. ФIыщIэ хуэсщIри, тыкуэным сыкъыщIэкIыжащ.

Зэрыфлъагъуэщи, хьэлэл хущхъуэ сефэри цIыхум ещхь сыхъуащ. Хьэлэл сыхъуауэ уэрамым сыдыхьэжащ.

Ди унэ сынэблэгъэжауэ, зы хьэмаскIэ къысIэщIэлъэгъуащ. Псы хуэлIа хъунти, хьэмаскIэм и бзэгур къилэлырт. Хуабэвэхщ – псы пхуэлIэнкъэ! И жьэр иущIауэ, щысщ хьэмаскIэр, цIыхур блокI-къыблокIыжри, гу лъамытафэ зытрагъауэ, псы езыгъэфэн къахэкIыркъым. Ар сигу техуэнт сэ! «УмыпIащIэ, хьэмаскIэ цIыкIу, – жызоIэ, – зигу къыпщIэгъун урихьэлIащ!» ХьэмаскIэм Iэ дызолъэри, зыщIызогъу: «Уи псыхуэлIэ изгъэкIынкъэ сэ иджыпсту!»

ХьэмаскIэр зыщIызгъури ди куэбжэм сыбгъэдыхьэжащ. Си шынэхъыщIэр къыспежьащ.

– Алыхьым и шыкурщ, гъуэгур къэпцIыхужамэ! – БжэщхьэIум къытеувауэ къызошхыдэ си шынэхъыщIэр. – Дэнэ ущыщIэвэщIар?



Жэуап естакъым си шынэхъыщIэм: и Iуэху хэлъкъым сыздэщыIам! ХьэмаскIэр изогъэлъагъу: «Мы тхьэмыщкIэр псы къегъафэ!» Си шынэхъыщIэ щхьэдыкъым зыри къыгурыIуакъым. КъыгурыIуэн дэнэ къэна, нэхъри къызэрыкIауэ къысщыхъуащ.

– Уигу гъэзагъэ: нобэ бэзэрым сыщрихьэлIэри хущхъуэ дэгъуэ къыпхуэсщэхуащ.

– Сыт хущхъуэ?

– Псоми зэбграхырти, сэри зы Iэбжьыб къэсщэхуащ.

– Сыт зи хущхъуэр?

Си щхьэгъусэмрэ си щыкъу анэмрэ бжэщхьэIум къытеувати, а тIум захуригъэзэкIащ си шынэхъыщIэм.

Щыми я гугъэрат си щхьэр зэкIуэкIауэ.

НапIэзыпIэм зэщIезгъэпIащ я жьэр.

– Си щхьэр куэдрэ умыгъэуз! – жесIащ си шынэхъыщIэм. – Мы хьэмаскIэр псы щхьэкIэ зэрылIэр плъагъуркъэ? Псы фалъэ къыхущIэх!

Нышэдибэ сыщыдэкIым щIыIэ къызэуэкIа я гугъати, зэрыджэпс срагъэфэн мурад ящIагъэнт. Пыхусыху зэрыспкърымытыр щилъагъум, си шынэхъыщIэр гуфIэри унэм щIэлъэдэжащ:

– Иджыпсту! – жери.

Псы фалъэ къыщIихри, хьэмаскIэм и пащхьэ иригъэуващ си шынэхъыщIэм. Псым хэфри, хьэмаскIэр си шынэхъыщIэм жьэхэлъащ.

Сэхъуауэ къыщIэкIащ хьэмаскIэр: си шынэхъыщIэмкIэ арэзы хъуакъым, си щхьэгъусэми, си щыкъу анэми, ди унэIутхэми едзэ-

къащ. ДелIалIэ-дыкъелIалIэми, хьэмаскIэр дгъэсабыращ, ауэ мастэ зыхедмыгъэIуу хъуакъым, хьэщхьэрыIуэ дыхъумэ, жытIэри.

Си гур зэщыуащ асыхьэтым. «Хьэлэл хущхъуэ сефа къудейщ, – жысIащ, – къысщыщIами еплъ. Си натIэм къритхагъэнт. Хьэр пщIантIэм къыдэзышар сэращ. Сэ къыдэзмышамэ, хьэм игу дыкъэкIыххэнутэкъым, и пщIыхьэпIи дыкъыхэхуэртэкъым, уэрам сабэм дэлъынут».

ИтIани сегупсысыжащ: «Хьэр къемыдзэкъатэмэ, си щхьэгъусэми, си шынэхъыщIэми, си щыкъу анэми, ди унэIутхэми мастэ зыхрагъэIунутэкъым, хьэщхьэрыIуэ хъунурэ езыр-езырурэ зэрышхыжынут».

Си щхьэр согъэфI абыкIэ, си щыкъу анэм жиIэри си тхьэкIумэм изгъэхьэркъым: «ПщIантIэм къыдилъэфари хьэщ, езыри хьэщ – зэрагъэхь щыIэкъым!»

Ар схуэшэчынутэкъым, лъэныкъуэ зезгъэзри си пэшым сыщIыхьэжащ.

ПщIантIэм дэт псалъэмакъыр увыIа нэужь, зыстхьэщIщ, си щыгъыныр зэсхъуэкIри уэрамым сыдыхьащ. СыздэпIэщIэн щыIэкъым. Си гур IэфI хъуащи, япэ сызрихьэлIэм IэплIэ есшэкIынущ.

«Къулейсыз зыдэс хьэблэ сыдыхьащэрэт! – жысIащ, сыздэкIуэм. – Зыгуэр яхуэсщIэнт, сахуэупсэнт!» Къулейсызрэ тхьэмыщкIэрэ зыдэмыс хьэблэ щыбгъуэтын ди къалэм! КъыфхуезбжэкIын: Булакъ зы, ал-Келлэ тIу, Сейидэ Зейнэб щы, ал-Хъусейни плIы, Таргуман тху... Зым нэхърэ зыр нэхъ тхьэмыщкIэщ, дэнэ хьэбли дыхьэ: зыр сымаджэщ, зыр ныбаджэщ, зыр ныкъуэдыкъуэщ, зыр мэжэщIалIэщ, зыр малIэри телъщ... 

Ал-КеллэкIэ сунэтIащ, нэхъ гъунэгъути. Трамвайм е автобусым уитIысхьэрэ сымаджэщым нэс укIуэмэ, мэжджытым деж щепсыхи, Хьэжрэт уэрамым деж къыщикI, адэкIэ лъэбакъуищэ хуэдиз пчыжмэ, ал-Келлэ унэсащ. Ар Къаир и курыкупсэщ.

Трамваи автобуси ситIысхьакъым: уэрамыр зэвыбзэщи, трамваи автобуси дэзэгъэнукъым. Аращ тхьэ зыщаIуэжыр: дэзэгъэнукъым! Уэзирхэр нэхъ щыгъуазэ хъунщ абы. Нэхъ щыгъуазэ хъунти аращ трамваи автобуси мы уэрамым къыщIыдамыутIыпщхьар. Си Iуэху яхэслъхьэркъым: захуэ хъунщ уэзирхэр. Уи лъэм узэрихьэмэ, уэзирхэм уащIыщыгугъын щыIэкъым. Илъэсищэм щIигъуащ мы уэрамыр зэрыпхашрэ. Илъэсищэм и кIуэцIкIэ зы уэзирым игу къэкIыжакъым мы уэрамыр. ЯхущIыхьа хъункъым. Захуэдгъэгусэнкъым: Iуэхум щIигъэнащ ди уэзирхэр. ЯхущIыхьэмэ, гу къытлъатэнщ дяпэкIэ...

ФыгъэщIэгъуэнщ фэ! Ал-Келлэ уэрамыр пхъэнкIий идзыпIэ хъуамэ, уэзирхэра зи лажьэр? Уэзирхэр маршынэкIэ фIэкI зекIуэркъым. Iэмал имыIэу щыт уэзирхэр мы уэрам фIейм къыдэмыхьэнкIэ! НэгъуэщI уэрам щыIэкъэ? Гъунэжщ. Къабзэлъабзэу, зэщIэпхъэнкIауэ. Емынэм зэрихуэрэ: сыт мы уэрам фIейм къыщIыдэзэрыхьынур уэзирхэр? Мыбы и закъуэ? Зэурани, Хъалифэи, Мэамуни, Докъуи, Зэмалыкъи щIыдыхьэн щыIэкъым уэзирхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ. Дыхьэмэ, я напэр текIынущ, цIыхуфэ къраплъыжынкъым итIанэ. Я напэр текI хъурэ уэзирхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ! Тхьэм жимыIэкIэ! Аракъэ щIэуэзирри

щIэкъулыкъущIэри, я напэр текI хъунукъыми!

Уэзирыр, е, сэ сщIэрэ, къалэм и тетыр къыдэзгъэхьащэрэт мы уэрамым. ЖаIэнур фщIэрэт: я къуэдзэхэр кърaджэнти, бзаджэ тратхъуэнт. «Дауэ ар! – жаIэнт. – Къаир и курыкупсэр пхъэнкIий идзыпIэщ, ар фигу щхьэ техуэрэ?» Зи пщэ дэлъыр кърaджэнти, къыпагъэжьыкIынт, текIиент. Зы тхьэмахуэ дэкIынтэкъым: уэрамыр зэщIапхъэнкIэнт, къуэдзапIэ тетми, куэзыр джэгупIэ тетми, гъуэмбырэщ тетми трагъэкъэбзыкIынти, уэрамыр цIыхум хуит хуащIынт, хьэблэри къэщIэрэщIэжынт, псыи бжьамийкIэ къашэнт...

Арат сызэгупсысыр, уэрам зэвым сыдэзэрыхьауэ сыздэкIуэм. Зыгуэр яхуэсщIэфын хуейщ мы уэрам фIейм дэкIуадэ тхьэмыщкIэхэм – ар си щхьэм икIыркъым, яхуэсщIэн хуеймрэ схузэфIэкIынумрэ согупсыс.

Блыным зыкIэригъэщIауэ сабэм хэс факъырэм и Iэр къишиящ. И лъэгуажьэм нэс пытыжкъым тхьэмыщкIэм, зэрылъаашэм ищIыIужкIэ и Iэ сэмэгури пытыжкъым. Зэрыныбаджэм шэч хэлъкъым: Тхьэм ищIэнщ и ныбэ из хъуху щышхар – езы дыдэм ищIэж хъункъым. Сыкъыщилъагъум, факъырэр нэжэгужэ къэхъуащ, зыкъиIэт хуэдэуи зищIащ. Си жыпым сиуащ: дауэ сыблэкIынт тхьэмыщкIэм! СщIэркъым асыхьэтым сигу къыщIэкIыжар: «Уэрамым дэт факъырэм дзыхь хуэпщI хъунукъым, дэкум хуэдэу укъагъэпцIэнурэ ежьэжынущ» – ар жаIэу зэхэсхат зыбжанэрэ, газетхэми сыкъыщеджат. Си фIэщ хъуати, факъырэ срихьэлIэ щхьэкIэ, сигу ящIэгъуртэкъым, зы хъурыщи ест си хабзэтэкъым.



Иджыпсту сыблэкIыфынукъым: хьэлэл хущхъуэсызэрефэрэ зыхэзна хъунщ а хьэл мыхъумыщIэр. УкъэзыгъэпцIэни къобзэджэкIыни яхэтынщ факъырэм – мэлищэ щIакъуэншэ хъуркъым. Зым и зэран щэм щIекIын хуейр сыт? Хьэуэ, ар хъунукъым, факъырэм сыблэкIын си гум къысхуидэнукъым. И Iэр къишияуэ, дауэ сыблэкIын!

– Зиусхьэн! Уа, зиусхьэн! МахуитI мэхъури дзэкъэгъуэ сIухуакъым!

Ныбаджэщ жысIатэкъэ! Ахъшэ щыжимыIэкIэ, и ныбэ из хъуху згъэшхэнщ тхьэмыщкIэр – псапэщ.

– МахуитI хъуауэ узэрымышхар пэж? – соупщI факъырэм.

– Дыгъуасэ пщэдджыжь лъандэрэ! Зы дзэкъэгъуэ ехакъым си джийм! Алыхьыр пщIэжмэ, зы хъурыщэ къызэт: зы хьэлывэ къэсщэхунт, мыхъуми!

– Си къуэш, зы хьэлывэм сыт къыпхуищIэн? Уи ныбэ из хъуху узгъэшхэнщ.

– Зы хьэлывэкIи зызгъэнщIынущ, зиусхьэн. Зы хъурыщэ къызэт.

– Хьэуэ. Сэри сомэжалIэри, дызэдэшхэнщ. Зы хьэлывэм зыри къыпхуищIэнукъым.

Факъырэр къызэплъащ: «Делэ мыр хьэмэ къысщыдыхьэшхрэ?» – жиIа хъунщ игукIэ. ЗигъэтхьэмыщкIафэри:

– Зиусхьэн! Факъырэм ущымыдыхьэшх! – жиIащ. – Гуэныхь къыбохь.

– Хэт къыпщыдыхьэшхыр? Сэ си фIэщщ.

Сытми, къытезгъэхьащ факъырэр. ЩIакъуэ башыр

зыщIигъакъуэри къызэфIэуващ, къызбгъурыуващи, ней-нейуэ къысхуоплъэкI.

Уэрамым сыздрикIуэм, нэхъ шхапIэфIыIуэ солъыхъуэ. Си гуи къокI: унэм сшэрэ унэ шхын езгъэшхмэ, щхьэ мыхъурэ? Факъырэмрэ сэрэ дызэщIыгъуу дыкъалъагъумэ, къызаплъынкIэ хъуну фэр дэнэ щыпщIэн – Iэджэм хуахьынущ. Сэ схуэдэ зиусхьэн зэгъэпэщар факъырэм дэшхэрэ! Унэм сошэри, си фызымрэ си щыкъу анэмрэ я нэр зэрагъэдзэкIынущ: «Мыбы къытхуилъэфар сыт!» КъинэмыщIауи, мастэ къызэрыхаIу лъандэрэ ягу къихьэжагъэнкъым. Е, уэрамыщхьэм дытеувэу, щIакхъуэ бзыгъэрэ лы Iыхьэкlэ дызэфIэкIын?

А псом сыздегупсысым, си нэр шхапIэ зыкъизых гуэрым хуэзащ: «Хьэжы Абдел Къадер Ид и шхапIэ». Хьэрып лъэпкъ шхыныгъуэщ щагъэхьэзырыр. Сызыхуей дыдэм дрихьэлIа сфIощI. ЦIыху куэд щыпэкIунукъым лъэпкъ шхыныгъуэ щагъэхьэзыр шхапIэм – я щхьэм тралъхьэнукъым... ЦIыху куэд щымыпэкIумэ, нэхъ къэсщтэнущ: факъырэр зэрыскIэрыIуам сроукIытэ...

Бжьыныху шыпсрэ лы гъэварэ сигу къихьащ – Абдел Къадер и шхапIэм щыдгъуэтын хуейщ.

Факъырэм и Iэблэр соубыдри шхапIэм дыщIохьэ, зы плIанэпэ дыдотIысхьэри си Iэгур зэтызогъауэ – зыри къыдбгъэдыхьэркъым: цIыхур Iувщи, Iэнэзехьэм къажыхь. Апхуэдиз цIыху щIэсын си гугъакъым лъэпкъ шхыныгъуэ щагъэхьэзыр шхапIэм. СакIэлъыплъыIуэри, гу лъыстащ нэхъыбэр хамэ къэрал къызэрикIам. Алыхьым и шыкурщ ари: хамэ къэрал къикIам сэ дэнэ сыкъыщацIыхун?..

ПщIантIэм къыщыкъуалъэ лэгъупым езы Абдел Къадер бгъэдэтщ, бэлагъ зэрамыщIэжкIэ лэгъупым йоIэбэрэбыхьри. Лэгъупым бахъейр кърех: лыр ва хъунт.

Си Iэгур зэтызогъауэ аргуэру: ди гурыIупсыр къэжауэ куэдрэ дыщагъэсыну я мурад мыбыхэм! Iэнэзехьэ щIалэ цIыкIу къыдбгъэдэлъэдащ.

–КIуэцIфэцI хэгъэвауэ лэпс шынакъитI, танэл Iыхьэ зырыз, бзэгу гъэва, куэ лыпцIэм щыщ гъэжьауэ, бжьыныху шыпс къыщIыгъужи, къытхуэхь!

Iэнэзехьэм и нэр къихуащ: апхуэдиз зыгъэкIуэщIыфи щыIэ! Факъырэм и ныбэ из сымыщIауэ щIэсшыжынкъым Абдел Къадер и шхапIэм – арат сигу ислъхьар.

Шхыныр Iэнэм къытехьэху, факъырэр зэзгъэцIыхуащ. Шэхъатэщ и цIэр. Хьэзабщ и гъащIэр, и ныбэ из хъуху щышхар ищIэжыркъым, уэрамым къызэрыдэнэрэ Iэджэ щIащ, зигу къыщIэгъум егъашхэ, факъырэ Iусщ зэрыпсэур...

Къэкъеижыху згъэшхащ Шэхъатэ. Сэри сытхъэжащ, кIуэцIфэцI сигу къэкIати. Бзэгу гъэвари танэлри IэфI дыдэт.

Дыкъэтэджыжын хуейти, шхапIэр зейр, Абдел Къадер, къыдбгъэдыхьащ.

– Дапщэ уэстынур?

Тшхам и уасэр къызжиIащ Абдел Къадер.

Си жыпым соIэбэрэбыхь: бохъшэр изгъуатэркъым. Бзэхащ бохъшэр. Псапэ сщIэн си гугъат нобэ, арат ахъшэ къыщIесхьэжьар. Утыкум сыкъинакъэ иджы, лIо сщIэнур? Си напэр текIащ: сызэры-

хьэлэлыр сыткIэ и фIэщ сщIын факъырэм? Зы жып къэзгъэнакъым, си гуфIакIэми сыдэуащ: щIыр зэгуэхури я кум дэхуащ жыпIэнщ си бохъшэр.

ПлъэкIмэ, узэгуэмыуд! СызэгуэудынкIи хъунт, си пащхьэ ис факъырэр мыхъуатэмэ. Сигу щIэгъури и ныбэ из хъуху згъэшхащ, езгъэшхам щIэстын сиIэжкъым – бохъшэр бзэхащ. УкIытэгъуэ сызэрихуар щилъагъум, факъырэр Абдел Къадер, шхапIэр зейм, худэплъеящ:

– Мы зиусхьэным и бохъшэр къыщыгъупщащ. Тшхам и уасэр сэ къыскIэщIэтхэ – пщэдей къыпхуэсхьыжынщ.

Си пыIэкур къриудакъэ! Факъырэм и хьэкъкIэ сышхауэ къыщIокI!

Си напэ текIакъэ! ПщIэнтIэпс къызэкIуащ. Хэт и фIэщ пщIын тхьэмыщкIэм сыхуэупсэн щхьэкIэ сыкъежьауэ? Сэ згъэшхэным и пIэкIэ езы факъырэм сигъэшхащ! СыкIуэцIрыхуамэ нэхъыфIт абы нэхърэ! Сэракъым псапэ зыщIар – езы факъырэращ...

Дэнэщ жыпIа си бохъшэр щыбзэхар? Си жыпым къызэрислъхьар сощIэж – щыбзэхаращ сымыщIэр. Си пащхьэм ис факъырэм сыIуплъэфыркъым. Укъызэпыджамэ, лъы ткIуэпс къысщIэкIынтэкъым. Факъырэм нэхъ пщIэ щиIэщ мы шхапIэм: «Тшхам и уасэр сэ къыскIэщIэтхэ» щыжиIэм, Абдел Къадер псалъэ къыхигъэкIакъым.

Мыбы къыщацIыху гуэр хъунщ факъырэр. И щыпэкъакIуэкъым, дауи, мы шхапIэм: шхапIэр зейм дзыхь къыщIыхуищIар сыт уи гугъэ – къигъэпцIэнукъым, пщэдей къыхуихьыжынущ...



Сэращ зи напэ текIар. Си пIэм ситкIухьыным сынэсащ.

НэбгъузкIэ сыхущIоплъ факъырэм: и ныбэ из хъуху шхэри си пащхьэ къитIысхьэжащ, бэлыхь сызэрыхэхуари къыфIэIуэху хуэдэкъым.

Заул дэкIри, факъырэр къэтэджыжащ, щIакъуэ башыр зыщIигъакъуэри. Сэри сыкъэтэджыжащ, си напэр сыуэ. Сыкъэтэджыжри, факъырэм сыкIэлъыущащ, си щхьэр къыфIэхуащи, слъагъужи щыIэкъым, шхапIэм щIэсхэм къыскIэлъадз хъуэныр зэхэсх фIэкI: «Факъырэ тхьэмыщкIэм игъэтхъа зиусхьэн флъэгъуакъэ!»

Факъырэмрэ сэрэ уэрамым дыдыхьащ, зыр зым дыхущIэплъ фIэкI, тIуми псалъэ жытIэркъым. Си бзэр иубыдами ярейщ, си жьэр схузэщIэхыркъым. СхузэщIэхми, сыт жесIэнур факъырэ щIакъуэм? «Сыбгъэтхъащ, тхьэм уигъатхъэ», – жесIэн хьэмэ си напэр зэрытрихам щхьэкIэ сешхыдэн?

Сигу нэхъ къихьэжа нэужь, сеупщIащ:

– Узэрымышхэрэ махуитI хъуауэ къызжепIащ, щхьэ умышхарэ: щIыхуэ къапщтэ хъунутэкъэ? НетIэ къэпщтащ щIыхуэ...

Факъырэм и напщIэр хиша фIэкI, къызэплъыххакъым.

– СыкъэбгъэпцIамэ, пхузогъэгъу, – пысщащ си псалъэм. – ЩIыхуэ къыщыпщтэфкIэ, ахъшэ гъэтIылъа уиIэщ. Сытым и пэрмэн уи ахъшэр? Ахъшэр зэтелъхьэныркъым нэхъапэр. Ахъшэр уи щхьэм къыхуэбгъэсэбэпынырщ нэхъапэр. Ахъшэшхуэ зэбгъэпэщри бжьыхьэкIапэм щыщIэптIауэ сощI, щIэптIэри факъырэу удэувэжащ. Зы хъурыщи зимыIэ тхьэмыщкIэ джафэм сыткIэ укъыщхьэщыкIрэ? Уэ узэщхьыр пщIэрэ? Зи щIыбым псы фэнд илъ

шыдым урещхыщ: и щIыбым псы фэнд илъ щхьэкIэ, псыхуэлIэм еукI шыдыр: щемыфэкIэ, сыт зи пэрмэныр шыдым и щIыб илъ псы фэндыр? Зыми и пэрмэнкъым! Уи закъуэкъым апхуэдэр – а зымкIэ уигу бгъэфI хъунущ: беижь мащIэ щыIэ, я мылъкум хэIэбэн ягу имыдэу? ГъащIэм и хъугъуэфIыгъуэм хэкIыжыркъэ апхуэдэ цIыху хьэсыр, заукIыжыркъэ езыр-езыру? Мылъку зэраIэр я напщIэм телъщ, ягъэкIуэдыфыркъым армыхъу – я щхьэм лей ирахыжыркъэ апхуэдэм? Сытым и пэрмэн мылъкур, умышхынумэ?

– Акъыл уиIи уэ слъагъум! – жиIащ факъырэм, къысхуеплъэкIри.

– Си акъылыр дэнэ кIуэжын? – жысIащ сэ. – Уи щхьэр бэлыхь хэбдзэжащ, факъырэу удэувэри. Дауи щрети, тхьэразэ къыпхухъу. Уи пщIэ стекIуэдэнкъым: шэджагъуашхэм и уасэр уэстыжынщ – укъэзгъэпцIэнукъым. Унэм сыкъыщикIым си бохъшэр къысщыгъупщащ... Ахъшэр къыпхуэсхьыжынщ. Мы шхапIэм укъыщызгъуэтынкъэ?

– Мыбы къытумыгъазэ афIэкI, – жиIащ факъырэм, пыдыхьэшхыкIри. – Уи бохъшэр къыпщыгъупщакъым.

Си бохъшэр факъырэм и гуфIакIэм къыдихыжащ.

Мыраи си бохъшэр зыгъэкIуэсар! ШхапIэм дыщыщIыхьэм, сигъэбэлэрыгъри, си жыпым ирихащ.

Бохъшэр къысхуиишиижащ:

– Си щIыхуэр зытегъэкIыж, – мэдыхьэшх, си пащхьэ къиувауэ.

Бохъшэм зы риал къыдызох:

– Мэ. Шэджагъуашхэм пэувынкъэ? Пиастритху нышIызогъу, си хьэтыр къызэрыплъэгъуам щхьэкIэ.



И напIэ хуэдакъым: къэIэбэри, ахъшэр сIихащ.

Уэрамыщхьэм тес нэгъуэщI зы факъыри гу лъыстащ абдежым: и нэр бохъшэм къытриубыдауэ къоплъэ. Абыи сыхуэупсэн мурад сщIащ, арщхьэкIэ си факъырэм къысхуидакъым, си Iэм къепхъуэри сызэпиплъыхьащ: делафэ къызиплъагъэнщ.

– Мыр лIо, си хэгъэрей, уи фIэщ хьэмэрэ угушыIэрэ?

– СыгушыIэркъым, – жысIащ. – Хьэлэл сыхъуащи, аращ. НэгъуэщI си лажьэкъым. Хущхъуэращ зи зэраныр.

– Сыт хущхъуэ?

– Хьэлэл хущхъуэ.

– Дэнэ къыздипхар апхуэдэ хущхъуэ?

– Къэсщэхуащ. Си нэIуасэ лIыжь ещэ хьэлэл хущхъуэ.

– Хэт абы уезыхулIар?

– Зыми срихулIакъым. Сэращ зигу къэкIар.

– Сыт уигу къыщIэкIар?

– Нэпсеягъэр зыхэзнын щхьэкIэ.

Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэр пщIэркъым. Дыгъуасэ къызэхъулIам и хъыбар езгъэдэIуащ факъырэр. Хъыбарым едэIуа нэужь, факъырэр дыхьэшхыпцIащ:

– Зыгуэр уи лажьэщ.

Уэрамыщхьэм тес факъырэм зылI бгъэдыхьауэ къэслъэгъуащ: бгъэдыхьауэ факъырапщIэ хуеший. Ар сяпэ къызэрищар сигу техуакъым – сэри зисчащ, арщхьэкIэ си хэгъэрей факъырэр къыспэувэщ:

– Сыт узыхэтыр?

– Мобы сыхуэупсэнущ.
– Хэт узыхуэупсэнур?
– Мо тхьэмыщкIэм.
– Делэ ухъуа?
– Сыхъуакъым. Сыт ар щIыжыпIэр?
– Уделэщ, пщIэр щумыщIэжкIэ. Шыдым ухуэдэщ, уахьмакъщ.
– Псапэ пщIэнумэ, аракъым зэрыпщIэнур.
– ЗэрысщIэнур къызжепIэркъэ-тIэ.
– Псапэщ, мобы ахъшэ хуэзышиям ептмэ.
– Уэращ делэр: ахъшэ зэтын хуейр ахъшэ зимыIэращ. ЗиIэм сыт щIептынур? Псым хэбдза хуэдэкъэ?
– ЗиIэращ зэтын хуейр. ЗиIэм ептмэ, псыхэкIуадэ хъунукъым. Сыноплъри, узэрыхьэлэлыр фэуэ птетщ. Аращ сигу къеуэр: уи хьэлэлыгъэр зыгуэрым сэбэп хуэмыхъунумэ, сытым и уасэ? НакIуэ си гъусэу. Зыгуэр уэзгъэлъагъунщ.
– Дэнэ сыздэпшэнур?
– Си дзейхэм уахэсшэнущ.
– Ари сыт зищIысыр?
– Факъырэ зэдзейхэм уахэзгъэплъэнщ. Къыпщыдыхьэшхымрэ къыпщIэнакIэмрэ уэзгъэлъагъумэ, акъыл къыхэпхынкIэ мэхъу. Псапэ пщIэнумэ, уи тхьэ узэреплъщ итIанэ.

Си хэгъэрей факъырэм и ужь сиувэри, уэрам зэвым дыдыхьащ. Куэншыб идзыпIэм къапэткIухьурэ, уэрам зэвым зыбжанэрэ дыдэта нэужь, пщIантIэ фIей гуэр дыдыхьащ. Си хэгъэрейр зы бжэ теуIуащ щIакъуэ башымкIэ. Бжэр фызыжь дзахъэ гуэрым къыIуихащ. Сэ къыщысIуплъэм, фызыжьым бжэр къридзылIэж пэтащ, си хэгъэрейм нащхьэ имыщIатэмэ: «Дзыхь хуэпщI хъунущ» – арагъэнщ нащхьэм къригъэкIар.



Унэ кIыфIым дыщIыхьащ. Фызыжьыр сигъэцIыхуащ си хэгъэрейм.
– Нодакъ нанэщ зи IэмыщIэ дилъыр.
– Къеблагъэ, – жиIащ фызыжь дзахъэм.

КIэлындорым дрикIуэри, пэш кIыфI дыщIэхутащ. Щхьэгъубжэ лъахъшэм гъущI хъар хэгъэбыдащ, унэ лъэгум арджэныжь, къэп, упщIэ гъуанэпщIанэ иубгъуащ. ПлIанэпэм пхъэ гъуэлъыпIэ дэтщ, блыным хэукIа гъущI Iунэхэм щIэп кIапсэ, хъыданыжь фIэдзащ, бжэ къуагъым жэз тасыжь къыкъуощ, щхьэгъубжащхьэм гъуджэ ныкъуэкъутэ тетщ. Адэ-мыдэкIэ пасэрей сырэжь, пхъуантэжь, шэнт щхьэгуэ щызэхэтщ, зэхэзэрыхьыжауэ.

Зызоплъыхь, си жьэр Iурыхуауэ. КъызгурыIуэркъым си хэгъэрейм мыбы сыкъыщIишар – факъырэм я хэщIапIэм си нэ къыхуикIрэ сэ!
– Мыра сыбгъэлъагъунур? – соупщI си хэгъэрей факъырэм.
– Зэ умыпIащIэ, – жи си хэгъэрейм.

Фызыжьыр сырэм дэIэбэрэбыхьащ.
– Мо нанэ тхьэмыщкIэм ахъшэ естынщи, и ныбэ из хъуху ирешхэ, – жысIащ сэ. – Ари къысхуэбдэнукъэ?
– Зэ умыпIащIэ жысIакъэ, – къыфIэIуэхуакъым си псалъэр. – Нодакъ, сызэпкърыхыжыт! – жери фызыжьым еджащ.

Иджыщ зыри къыщызгурымыIуэжыр: цIыху зэпкърахрэ? Нодакъ зыкърикгъэзэкIри си хэгъэрейм и щIакъуэ башыр

Iихащ, зригъэтIэщIащ. ИтIанэщ цIыхур «зэпкърыпх» зэрыхъунур къыщызгурыIуар. Дакъикъэ нэхъ дэкIакъым: си хэгъэрейм и лъакъуитIри къыщIэувэжащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, си хэгъэрейм и лъакъуэ сэмэгур зыщIиупщIэри и бгым кIапсэ лэрыгъукIэ ирипхыжауэ арат.

– Дауэ къыпщыхъуа? – къысщодыхьэшх си хэгъэрей факъырэр.

Си нэр къихуащ.

– Зэ умыпIащIэ: нэгъуэщIи плъагъунущ, – жиIащ си хэгъэрейм, бжэмкIэ плъэурэ.

Унэм цIыхубз нэф къыщIыхьащ, щIалэ цIыкIуи щIыгъуу. ЦIыхубзым щIалэ цIыкIум и Iэблэр иIыгъщ. ТIури щыгъыныджэщ, уи гур ящIэмыузынкIэ Iэмал иIэкъым.

– ХьэщIэ диIи! – жиIащ цIыхубз нэфым. – Къеблагъэ!

– Тхьэм и нэфI къыпщыхуэ, – жысIащ сэ. Тхьэм и нэфI къыщыхуащ асыхьэтым: цIыхубзым и нитIри «къэплъэжащ», и нэкIум псы щIикIа нэужь.

Факъырэхэр зырыз-тIурытIурэ пэш кIыфIым къыщIохьэ: хэт щIакъуэщ, хэт лъашэщ, хэт нэфщ, хэт дэгущ, хэт бзагуэщ, хэт и плIэр къыдэкIащ, хэт и Iэр мэкIэзыз. Пэшым къыщIэбэкъуакъэ – лажьэ яIэжкъым! Нэфым и нэр къоплъэж, бзагуэм и бзэр къеутIыпщыж, зи плIэ къыдэкIам зеукъуэдииж, дэгур тхьэкIумафIэ дыдэ мэхъуж...

Си Iэблэр иубыдри, си хэгъэрей факъырэм нэгъуэщI пэш сыщIишащ. СызэрыхигъэгъуэзамкIэ, а пэшырат факъырэхэм «зыщагъасэр». ЦIыхуитI-щы щIэтщ пэшым, я Iустазым дежьууэ: «Фи нэщIыр къабыл ухъу, тхьэм и нэфI къыфщыхуэ, псапэ фщIэмэ, фи щхьэращ зыхуэфщIэр, тхьэм нэхъыбэ къывитыж...» 

– ЦIыхум игу къыпщIэгъунумэ, уи псалъэращ зэлъытар, – жиIащ си хэгъэрейм. – ЗыбгъэтхьэмыщкIафэкIэ зэфIэкIынукъым – уи жьэми куэд елъытащ. Факъырэ жьакIуэм нэхъыбэ къыхех – зэхэпхакъэ апхуэдэ псалъэ? Аращ Iустазым мохэр зыхуигъасэр – къытхыхьагъащIэщ.

НэгъуэщI зы пэши сыщIишащ. Пэшым щIакхъуэ, щыгъыныжь, вакъэжь щIэзщ – ахэр къэзылъэIухуэри щхьэхуэщ, бэзэрым щызыщэжхэри щхьэхуэщ.

Факъырэ зэдзей си щыпэлъагъут – хэт и гугъэнт! Си пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым. Си фIэщ зэрыпщIын щыIэтэкъым, си нэкIэ сымылъэгъуатэмэ.

– Дауэ къыпщыхъуа? – къызэупщIащ си хэгъэрейр, фызыжь дзахъэр зыщIэс пэшым сишэжри.

– Уи фIэщ мыхъуным хуэдизщ!

– Факъырэм ахъшэ ептын иджыри? ПсапэкIэ уеджэн абы? Ара хьэлэлыгъэкIэ узэджэнур?

– Сыт-тIэ псапэкIэ узэджэнур?

– Зыхуэфащэм хуэпщIэмэ, аращ псапэр.

– Хэт зыхуэфащэр? – згъэщIэгъуащ сэ.

– Куэдым яхуэфащэщ.

– Хэт, псалъэм папщIэ?

– Уэрамыщхьэм теса факъырэм ахъшэ езытар пщIэжрэ?

– СощIэж.

– Абы хуэфащэщ.

– Дауэ зэрыхуэфащэр? – сыкъэуIэбжьащ. – Езым иIэщи,

зимыIэм ирет. Псапэ зыхищIыкIын имыIатэмэ, и жып иIэбэнтэкъым, уэрамыщхьэм тес факъырэми блэкIынт.

– Ар блэкIынукъым – сэ соцIыху: хьэлэл гуэрщ. ГущIэгъу зыхэлъщ. КъелъэIуа хуэгъэщIэхъунукъым – езым зыхуигъэныкъуэурэ, къелъэIуам хуищIэнущ. ПхъащIэ Iэзэщ, цIыху губзыгъэщ, пщIэ зиIэщ. Узэхъуэпсэнт и дунейр, мылъкукIи бынкIи тхьэр къыхуэупсат. НапIэзыпIэм къытекъутэжащ псори. Зытеунэхъуами еплъ: и малъхъэр лIэри и пхъур унэ нэщIым къыщIэнащ. И пхъур унэ нэщIым къыщIинакъым – езым зришэлIэжащ, и пхъурылъху цIыкIухэр уэрамым къыдинэнт! Абыи къелынт зыгуэрурэ, нэхъеижыр къыщымыщIатэмэ. И къуэ нэхъыщIэрщ нэхъеижыр къызыщыщIар.

– Сыт къыщыщIар?

– Делэ хъуащ. И физым лIы зэришэрти, иукIыжащ. Абы делэ ихъукIащ. И къуэ нэхъыщIэр делэ щыхъум, абы и бынхэри зришэлIэжащ пхъащIэм. Гугъу ехьми, сыт ищIэнт: и пхъурылъхухэмрэ и къуэрылъхухэмрэ пIын хуейтэкъэ? Абыи къыщызэтенакъым: и къуэ нэхъыжьыр сымаджэ хъуащ – жьэн уз къеуэлIащ. ПIэм къыхэнэжащ, зи Iэзэгъуэ ит игъуэтакъым. И къуэ нэхъыжьым и бынхэри зришэлIэжащ пхъащIэм. А псор и пщэм къыщыдэхуэм, пхъащIэм и вагъуэр ижащ – зеиншэ къомым ятригъэкIуэдащ и мылъкур.

– Сыт-тIэ иджы зыхэпсэукIыр? Апхуэдиз гъэшхэгъуафIэ?

– ГъэшхэгъуафIэкъым. Пщэ хъунIауэ зыгуэр иIамэ, ищэжащ: и унэлъащIи, и пхъащIэ Iэмэпсыми, и щыгъыни. Езыр къулейсыз хъуами, тхьэмыщкIэ ирихьэлIауэ блэкIынукъым, псапэ имыщIауэ.

– Ар щыпсэур къызжепIэфын? КъызжепIатэмэ, схузэфIэкIкIэ зыщIэзгъэкъуэнт, сызэблэн щыIэтэкъым, – сфIэгуэныхь хъуащ си хэгъэрейм зи хъыбар сригъэдэIуа пхъащIэр.

– Уи нэфI абы щхьэ нэхъ щыхуа? Апхуэдэр мащIэ – дунейм техуэркъым. ЛъэIуэн я щхьэ тралъхьэркъым, я напэр мэс, армыхъу апхуэдэр Iэджэщ. Мылъку къабгъэдэмынэжами, я цIыхугъэмрэ я пщIэмрэ яхъумащ – аращ я напэр щIэсыр: улъэIуэн нэхъыкIэ щыIэ! Апхуэдэщ зэплъын хуейр, псапэ пщIэнумэ. Жыжьэ ущIэкIуэн щыIэкъым абы щхьэкIэ – махуэ къэси уарохьэлIэ... УнэIут уиIэ уэ, псалъэм и хьэтыркIэ? – къызэупщIащ си хэгъэрейр.

– СиIэщ, зы хъыджэбз цIыкIурэ зы щIалэ цIыкIурэ. ЩIалэ цIыкIур зеиншэщ.

– Ахэращ уигу зыщIэгъун хуейр. Унагъуэ хуэщIа иралъхуатэмэ, хъыджэбз цIыкIур унэIуту ежьэжынтэкъым. Фэ дауэ фыхущыт фи унэIут хъыджэбз цIыкIум? Фи пхъум пэфщIрэ? Си фIэщ пщIынкъым! Хъыджэбз цIыкIум жьыIурыхьэгъуэ игъуэтын зэрыхуейр фи пщIыхьэпIэ къыхэхуэрэ? ФыщедэхащIэ къэхъурэ? Хьэмэрэ абы псэ Iумыт фи гугъэ? Тефлъхьэр и хьэлъэкъэ? Iэщым пэфщIакъэ? Фи жьэр кIэрывгъэкIрэ? Е, псалъэм папщIэ, уи Iыхьлыхэм къулейсыз яхэткъэ? СыткIэ уадэIэпыкъуа абыхэм, зыгуэркIэ защIэбгъэкъуа? КIэщIу бжесIэнщи, тхьэм и нэфI зыщыхуэн, тIэкIу зыплъыхь. Зыпплъыхьмэ, плъагъунщ зыдэIэпыкъун хуей тхьэмыщкIэр зэрыгъунэжыр. Ар уигу къэкIыу узиIэ уэ! Я Iэр шияуэ факъырэ Iус къыхамых щхьэкIэ, хьэзаб зытелъыр мащIэ! Я Iэ щIамышийр сыт жыIэт: я напэм кърагъэкIуркъыми аращ. Я жьэкIэ

жамыIэ щхьэкIэ, я фэм къиIуатэркъэ хьэзаб зэрателъыр? Апхуэдэращ зыдэIэпыкъун хуейр.

Си хэгъэрейм жиIэм пэж хэлъщ. Ар хьэкъ сщыхъуауэ сыкъэтэджыжащ, губзыгъагъэ зыхэлъ псалъэ сызэрыригъэдэIуам щхьэкIэ си хэгъэрейм фIыщIэ хуэсщIащ, си мылъку семыблэнкIэ къэзгъэгугъэри, бжэр Iусхащ. Си хэгъэрейр къыскIэлъыкIуэтащ.

– Уи тхьэ узэреплъщ, – жиIащ сыкъыщригъэжьэжым. – Ахъшэ Iэрылъхьэ уиIэ, уэрамым удыхьэжауэ псапэ щIэпщIэн урихьэлIэмэ?

– Си бохъшэм дэзщ, – жысIащ сэ.

– Дэзрэ дэмызрэ тхьэм ищIэнщ – уи бохъшэр уи жып илъ?

Си жыпым сиIэбащ – бохъшэр изгъуэтакъым. Си хэгъэрейр и гуфIакIэм дэIэбэри, бохъшэр къыдихыжащ.

– Губгъэн къысхуумыщI, – жиIащ си хэгъэрейм. – Узэсэ сэгъейщ. ЖыпиIэбэу сыщытащ нэхъапэм. Иджы факъырэм сахыхьащ – шынагъуи пылъкъым, нэхъыби къыпхохъуэ.

Бохъшэр къеIысхыжри си жып ислъхьэжащ. Шэджагъуашхэ уасэри къысхуишиижащ си хэгъэрейм – пиастр тIощIрэ тхур.

– Мыри къыпщхьэпэжынщ, псапэ пщIэн мурад ущиIэкIэ. Зы пиастр къызэти, сыпхуэарэзыщ.

– Сыт щIостынур? – сыдыхьэшхащ сэ.

– Зэман мащIэ птезгъэкIуэда нобэ, къыбдэскIухьурэ – абы пщIэ иIэн хуейкъэ? Сызэрыфакъырэри зыщумыгъэгъупщэ! – жери езыри къысщыдыхьэшхыжащ.

Уэрамым сыдыхьэжауэ согупсыс: псапэ пщIэнумэ, япэ игъэщыпхъэр хэт? Си хэгъэрей факъырэм и псалъэм узэгупсысын хэлъщ. Япэ игъэщыпхъэр и Iэр шияуэ уэрамыщхьэм тетыркъым – зыхуэфащэращ! Си благъэ гуэр сигу къэкIыжащ абдежым: е си анэ шыпхъум и пщыкъуэ, е си адэм и адэ къуэшым и пхъурылъху – къызэрызгухьапэр сщIэжыркъым, сщIэр зэрыбынунагъуэшхуэрщ. «Бын куэд уиIэныр тхьэмыщкIагъэ?» жыфIэнкIи мэхъу. Пэжщ, быныр насыпышхуэщ – абы шэч къытесхьэркъым сэри. Ауэ бын уи куэдрэ ебгъэшхын уимыIэжмэ-щэ? Аракъэ хэплъэгъуэр. Беижь щыIэкъэ, ахъшэр здихьын имыщIэжу? Мылъкум щIигъэнами, тхьэр бынкIэ къыхуэупсакъым – ар насыпыншагъэкъэ? Жьыр къыздепщэр зымыщIэ нэгъуэщI зыми зыпхъу закъуэ фIэкI къритакъым – ари узэмыхъуэпсэнщ. Ещанэм зы быни къыщIэхъуэххакъым – и насып хэлътэкъыми. Бын пщIырыпщI, нэхъыбэ зиIэри мащIэ! Ар ди натIэщ дэ: бын куэд зралъхуэр, зэрыхабзэщи, къулейсыз унагъуэрщ – апхуэдэ насыпыншагъэм хэкIыркъым ди къэралыр. Тхьэр зэуар дэракъэ жызоIэ...

Сигу къэкIыжа си благъэм бынипщI къыщIэхъуащ. ПщIыри узыншэщ, фIыуи йоджэ, езыми – я адэм – къулыкъу IэнатIэ иIэщ, тхьэм и шыкуркIэ, зыдигъуи щыIэкъым зэкIэ. ИтIани щхьэ сфIэтхьэмыщкIэ-тIэ? ЩIысфIэтхьэмыщкIэр гурыIуэгъуэкъэ: мэкъумэш ищIамэ, зыгуэрт – яшхын щыщIэнтэкъым; си благъэр къалэм дэсщ, къулыкъу иIэщ жысIэ щхьэкIэ, сытым щыщ и IэнатIэри – улахуэ тIэкIум фIэкI, хэхъуапIэ иIэкъым, къулыкъукIэ дэкIуэтеинуи фэ теткъым, зыIурамылъхьэж гуэрщи. Зэрылъэрызехьэр нэгъуэщIщ: физ къишэри бынипщI дунейм къытриутIыпщхьащ, быныр пIын зэрыхуейм егупсысакъым.

Зым зыр тралъхуэху, нэхъыбэ ятегъэкIуэдэн хуей хъуркъэ? Бы-

ныр, зыр зым кIэлъыпIащIэу, къыпщIохъуэ – ар хъунт, уи улахуэми хэхъуэтэмэ... Си благъэм къыщIэхъуэри хэт жыIэт: гурыхуэ защIэщ, еджэн щIадзамэ, зы зытрагъакIуэркъым. Я гуэныхьым уигъэкIуэн, иумыгъаджэмэ? Ебгъэджэнущи, пщIэ щIэтын хуейщ. Ар зымэ, хъунт. ТIумэ, хъунт.

БынипщI къыщIэхъуэху, увыIакъым жысIакъэ. ПщIэншэу щрагъаджэ еджапIэм яхэзэгъакъым – апхуэдэ еджапIэм хэзагъэр къулейхэращ. ТхьэмыщкIэр яхэзэгъэнукъым. ПщIэ щумытыфкIэ, хэт узэхищIыкIын – зэхащIыкIакъым си благъэр. И бынхэр зэрыгурыхуэ защIэми къеплъакъым – хэт укъыфIэIуэхун, уи жып имылъмэ? И къуэ нэхъыжьыр еджапIэм къыщIишыжын хуей хъуащ – зыгуэр къилэжьмэ, ари бынунагъуэшхуэм къащхьэпэнтэкъэ? ЩIалэр ерыщу къыщIэкIащ: зэрылажьэм хуэдэурэ, курыт еджапIэр къиухащ. Къиухри, университетым щIэтIысхьащ. ЩIэтIысхьар хъарзынэт, пщIэ щIитын хуэмеямэ. Нэхъыжьым кIэлъыкIуэхэри еджапIэм къыщIэкIыжын хуей хъуащ – лажьэурэ, я шынэхъыжьыр ирагъэджэн щхьэкIэ. Зэшхэм къалэжьыр я шынэхъыжьым еджапщIэ хурикъуакъым. ЕджапщIэ умытмэ, университетым ущIагъэсын? КъыщIадзыжыным хуэкIуащ Iуэхур. Я адэр бэлыхь хэхуащ: зэпхъуэнури здэжэнури ищIэркъым, утыкум къинащ. КъыдэIэпыкъуни къыкъуэкIакъым, езыми и Iэр шияуэ уэрамым дэувэн и щхьэ трилъхьакъым. Дауэ дэувэнт уэрамым: къулыкъущIэщ, пщIэ зиIэ цIыхущ.

Апхуэдэм удэмыIэпыкъумэ, хэт удэIэпыкъун? Псапэ пщIэн мурад уиIэмэ, апхуэдэ блэбгъэкI хъурэ! Сэ зыщIэзгъэкъуэфынущ абы: ахъшэ естынщи, и къуэр ирырегъаджэ, университетыр къиухыху. Абы и еджапщIэр унагъуэм ящхьэщысхмэ, адрейхэри еджапIэм щIэтIысхьэжынщ. Апхуэдэ гукъэкI зэрысщIар си гуапэ хъужынтэкъэ – си гур IэфI къэхъуащ асыхьэтым.

Си благъэр зыдэс хьэблэм сынэсын щхьэкIэ, Атабэ нэс трамвайкIэ сыкIуэн хуейт, Атабэ деж нэгъуэщI трамвай ситIысхьэжрэ Аль-Азхарым сынэсмэ, адэкIэ къэнэжыр мащIэ гуэрт.

Трамвайр, цIыхур игуауэ, блож. ИтIысхьэпIэ сымыгъуэтурэ, уэрамыщхьэм зыбжанэрэ сытетащ. Сытми, сыхьэт хуэдэ дэкIауэ, трамвайм зизгъэзэгъащ – тIысыпIэ дэнэ къэна, увыпIэ бгъуэтмэ, гуфIэ. Атабэ сынэсащ, пщIэнтIэпсыр къыспыжу. Абдеж нэгъуэщI трамвай ситIысхьэн хуейти, уэрам зэвым сыдыхьащ, цIыху Iувым сапхыкIри, си псэр пыхуауэ, трамвай къэувыIэпIэм деж сыщетIысэхащ. СетIысэха къудейуэ, зы факъырэ къызбгъэдыхьащ, зэхэуфIеяуэ, и щыгъын зэхэчэтхъауэ. Факъырэр мэгурым, и Iэр и жьэм хуехь: «Сэ сыбзагуэщ, шхын щхьэкIэ солIэ».

– Си щхьэуз убзагуэщ уэ! – жызоIэ.

Факъырэр, гурымын щигъэтри, къызжьэхэплъыхьащ.

– ЗыщI, зыщI! – жызоIэ факъырэм. – Армырмэ, Нодакъ нанэ уи цыр пхуищынщ.

Факъырэм и нэр къригъэжащ, итIанэ зыкъигъэщхъри си тхьэкIумэм къихъуцэцащ:

– Нодакъ нанэ пцIыхурэ уэ?

– Псори фызоцIыху!

– Факъырэ зэдзейм укъытхыхьащ, зэрыжыпIэмкIэ? Куэд щIа хъункъым укъызэрытхыхьэрэ?

Трамвайр къэфияц абдежым. Сыкъыщылъэтри, трамваймкIэ

зыздзащ. Факъырэр, Iэпэлъапэсыс зищIыжри, гурыму ежьэжащ – къэбгъэпцIэн щымащIэ уэрамым!

Аль-Азхар деж сыкъыщикIащ трамвайм; уэрамым сыдыхьауэ, цIыху Iувым сыкIуэцIрокI. ЦIыхур дэзщ уэрамым – зым ещэ, зым къещэху, я жьафэ къехыркъым, зэрогъэкIий. Пхъэщхьэмыщхьэмрэ IэфIыкIэмрэ узэрагъакIуэркъым, бадзэр епщIауэ. Псы IэфI зыщэми зелIэж – нэхъ IэфI дунейм къытехъуакъым! Псы схуэлIауэ срихьэлIати, си псыхуэлIэ изгъэкIри сежьэжащ. ЛъэбакъуитI-щы счауэ, Iэрыгъажэ гуцIыкIу срихьэлIащ, чыцIыбжьэ изу. Си насыпым къихьам еплъ: IэнэщIу сахыхьэнкъым си благъэм, чыцIыбжьэ Iэрамэ яхуэсхьмэ, я гуапэ хъунщ. Си благъэм и быным чыцIыбжьэ зэраIумыхуэрэ Iэджэ щIагъэнщ.

Зи жьафэ къемых щIалэ къуапцIэм сыбгъэдохьэ.

– Ауэ хуэдэщ! ЧыцIыбжьэ Iэрамэр пиастритхукIэ фэстынущ! ЗыхэвмыгъэкIыж – фыщIегъуэжынщ! – зелIэж щIалэ къуапцIэм. – ЛъапIэ мыхъу щIыкIэ фщэху! Шэджагъуэ нэужьым лъапсей хъунущ!

ЛъапIэ мыхъу щIыкIэ къэсщэхунщ чыцIыбжьэр. Зи уасэр сэ дэнэ щысщIэнт: бэзэрым сыкIуэ си хабзэтэкъым. «Уэ укъэзымыгъэпцIэн теткъым бэзэрым!» – жари сагъакIуэртэкъым. СызэрамыгъакIуэр нэхъыфIт: сыблэкIрэ пэт къэсщэхуIамэ, е фауэ, е зэкIуэкIауэ къыщIэкIырт. Ари и уаситI щIэстауэ!

Иджыпстуи ар къысщыщIынкIэ сышынэрти, чыцIыбжьэм сыхоплъыхь – зыкъезгъэгъэпцIэнкъым щIалэ къуапцIэм!

– Сыт и уасэ уи чыцIыбжьэм? – соупщI щIалэ къуапцIэм.

–Iэрамэр пиастритху! Ауэ хуэдэщ! Сыхилъафэ фIэкI, фейдэ къысхухэкIыркъым. Ди щхьэщыгу итым сыкъелъагъу – хьэрэм сыхуэмейкIэ! 109

Си щхьэм сыщIэтIэхъуэжащ. Гуэныхькъэ щIалэ къуапцIэр – сыт хезгъэлъэфэн щIыхуейр? ЧыцIыбжьэ Iэрамэр пиастритху фIэкI и уасэкъэ – ар пудыIуэщ! ПцIы имыупсыфэ тетщ езы щIалэ къуапцIэми – и гуэныхь сыхуейкъым.

– ПиастрихкIэ къызэпщэн? – жызоIэ.

– Сыт жыпIа? – и фIэщ хъуакъым щIалэ къуапцIэм.

– ПиастрихкIэ къызэщэ чыцIыбжьэ Iэрамэр.

– ПиастритхукIэ сощэ жысIакъэ.

– ХыкIэ къызэщэ.

Сыделэ и гугъагъэнщ щIалэ къуапцIэм – ар зы нэкIэ къызэплъати! Дауи сыкъыщрехъу, пиастрихкIэ къэсщэхунщи, тхьэмыщкIэм фейдэ гуэр къыхудэкIуэнщ – ар псапэкъэ? Дыгъэм ижьэжауэ уэрамыщхьэм тетщ махуэр зи кIыхьагъым, и жьафи къехыркъым, гуцIыкIу из чыцIыбжьэ ищэн щхьэкIэ, машIэрэ зилIэжын хуей хъурэ! Апхуэдэм уигу щIэмыгъумэ, хэт щIэгъун!..

ЧыцIыбжьэм сыхоплъыхь: фа е зэкIуэкIа къэсщэхумэ, си напэр текIащ. Хьэуэ, фаи зэкIуэкIаи хуэдэкъым – къыпачагъащIэщ, сыхоплъэри. АпхуэдизкIэ сигу ирихьащи, сыщыкIуэжкIи чыцIыбжьэ Iэрамэ зыщыплI здэсхьын мурад сщIащ: унэм исхэм иралъагъу сэри бэзэр уасэмрэ бэзэрым щащэмрэ зыгуэр зэрыхэсщIыкIыр!

Си щхьэр къэсIэтыжри, щIалэ къуапцIэм сыжьэхэуващ:

–Iэрамитху къысхуэшэч!

ЧыцIыбжьэ Iэрамитху тэрэзэм трилъхьащ. ЧыцIыбжьэр зди-

шэчми и жьэр увыIэркъым:

– Ауэ хуэдэщ! Пудыбзэщ! Уасэ ныкъуэкIэ сощэ! Сэ сыхрелъафэ! Фи хьэлэлщ. ФIыкIэ фышх!

Си гур нэхъри IэфI къэхъуащ:

– ПиастриблкIэ къызэщэ!

ЩIалэ къуапцIэр къызжьэхэплъыхьащ, и жьэр Iурыхури.

– БлыкIи? ЧыцIыбжьэ Iэрамэр пиастриблкIи? – Делафэ къызэрызиплъам шэч хэлъкъым. «КъэзгъэпцIэфын къызихьэлIащ!» – жиIа хъунщ игукIэ. И жьэкIэ къыщIигъужащ:

– ИкIэ пщэхун?

– ИкIи содэ, – жысIащ сэ.

Си бохъшэр си жыпым къызохри, пиастр плIыщI къыхызобжыкI. ЩIалэ къуапцIэм и нэр къож, и жьэр зэрыIурыхуащ, игукIэ жиIэр гурыIуэгъуэщ: «Мыпхуэдэ дели къегъэщI. Тобэ...»

ЧыцIыбжьэр къасщтэри уэрамым сыдыхьэжащ. Факъырэр тезщ уэрамыщхьэм – зэхэуфIеяуэ, зэхэчэтхъауэ, ныбаджэрэ дыгъэм ижьэжауэ. Сигу ящIэгъуркъым – саблокI: къэсцIыхуакIэщ, дэкум хуэдэу укъагъэпцIэнурэ кIэбгъу защIыжынущ.

ТхьэмыщкIэ гуэрым и макъ къиIуащ си тхьэкIумэм:

– Зиусхьэн! Уа, зиусхьэн!

СызэплъэкIмэ, солъагъу: и лъакъуэр зыщIиупщIауэ, уэрамыщхьэм зы лIы цIыкIу тесщ; IэлъэщI фIыцIэкIэ щIэуфауэ, зы физи къыбгъэдэсщ. Я пащхьэм матэ итщ, матэм джэдыкIэр изщ, тхьэрыкъуитIи щхьэщысщ. Къуажэм къызэрикIар нэрылъагъущ – я фэм къеIуатэ: гугъуехьым хэкIагъэнкъым игъащIэм. Сабгъэдыхьащ. ЛIы цIыкIур укIытапэурэ къысхудоплъей.



– ЕмыкIу дыкъыумыщI, зиусхьэн. Ди благъэ я деж лъагъунлъагъу дыкъежьащ. МафIэгум дыкъикIри си бохъшэр згъуэтыжакъым. Алыхьым и нэлатыр къытихуэ си бохъшэр си жыпым изыхам! Къалэм дыкъыдэнащ – дызэрыкIуэжын гъуэгупщIэ диIэкъым.

ЛIы цIыкIур къыщепщэр къызгурыIуэнтэкъэ сэ – си щыпэлъагъукъым апхуэдэ! «Къепщэ! Къепщэ! КъэбгъэпцIэфын урихьэлIакъым!» – жызоIэ сигукIэ.

ЛIы цIыкIум нэхъри зегъэтхьэмыщкIафэ:

– Дэ дыфакъырэкъым, зиусхьэн. Факъырэ Iуси къыхэтхыркъым – Алыхьым дыкъелъагъу. ДжэдыкIэ матэрэ тхьэрыкъуитIрэ къыздитхащ къуажэм. ПщэхункIэ сыт ухуэдэ? Пщэхуамэ, дыбгъэунат. ГъуэгупщIэ тхуэхъунут, тхьэм и нэфI зыщыхуэн! ИгъащIэкIэ тщыгъупщэнтэкъым.

Ар жери, нэхъри зигъэтхьэмыщкIафэу, лIыр къысхудэплъеящ. Хьэуэ, пцIы къысхуиупс хъункъым мыбы – ар зи нэ укъигъэпцIэнукъым. ДжэдыкIэмрэ тхьэрыкъуэмрэ къэсщэхумэ, згъэунащ. Сыт къыщIэзмыщэхунур? Къэсщэхумэ, я гузэвэгъуэ дэзгъэкIынущ. Си благъэм я деж сокIуэри, си благъэри джэдыкIэмрэ тхьэрыкъуэмрэ щыгуфIыкIынщ. ЦIыху хьэлэлым аращ ищIэ хабзэр.

– Дапщэ жыпIэрэ джэдыкIэмрэ тхьэрыкъуэмрэ?

– Пиастр блыщI жызоIэ. Апхуэдиз и уасэщ гъуэгум.

Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, пиастрищэ нэхърэ нэхъ мащIэ я уасэтэкъым джэдыкIэ матэмрэ тхьэрыкъуитIымрэ. Си бохъшэм пиастрищэ къыдызох.

– Мыр джэдыкIэмрэ тхьэрыкъуэмрэ я уасэщ.

Пиастр блыщI къыдэсхащ аргуэру.

– Мыр гъуэгупщIэ фхуэхъунщ.

ЛIы цIыкIум зихъунщIащ:

– Сэ сыфакъырэкъым, тхьэмыщкIафэ щхьэ къызэпплърэ? Си джэдыкIэмрэ си тхьэрыкъуэмрэ я мыуасэ сыхуейкъым – ар хьэлэл схуэхъун сэ?

ЛIы цIыкIум зихъунщIа щхьэкIэ, ахъшэр къеIысхыжын зда-къым. ДжэдыкIэ матэр къэсщтащ. Си гум шэч щIищIар сщIэркъым:

– ШкIумпI къыхэкIмэ...

– ШкIумпI жыпIа? Апхуэдэфэ стет сэ? ЦIыху къэзгъэпцIакъым игъащIэм! КъэзгъэпцIамэ, тхьэр къызэуэ!

Ар жери, лIыр къыщылъэтащ, джэдыкIитI къипхъуатэри зэригъэтIыркъащ, икъутэри ирифащ.

– УкъызэщхьэкIуащ, зиусхьэн. Дыгъуасэ къакIэцIа къудейщ джэдыкIэр. ДжэдыкIэ шкIумпI пхуифын? Си жагъуэ къэпщIащ. Сэ схуэфащэкъым ар...

И жагъуэ зэрысщIам сыхущIегъуэжри, матэр къесхьэжьащ. Лъэбакъуэ зыбгъупщI нэхъ къэзмычауэ, тхьэрыкъуитIым я зыр матэм илъэтыкIащ. Абы сыщыкIэлъыпхъуэм, етIуанэри илъэтыкIащ матэм. Матэр езгъэувэхыу, тхьэрыкъуитIым сакIэлъежэжьэн си гугъа щхьэкIэ, сыщIегъуэжащ: егъэувэхи еплъыт – къэбгъэзэжмэ, бгъуэтыжынкъым, чыцIыбжьэри дагъэкIуэнщ. Матэри чыцIыбжьэри зэрысIыгъыу, тхьэрыкъуитIым сакIэлъожажьэ.

– Къэхъуар сыт? – зэрыгъэгужьеящ цIыхур.

– Дыгъу ирахужьащ!

– ФымыгъакIуэ!

– И лъэдийр зэрывуд!

ЦIыхур зэрехьэжьащ, сэри сраудын пэтащ. ТхьэрыкъуитIым сыхэкIыжащ, дауи. Бжьэцым хуэдэу зэрызехьэ цIыхум сакъыхэкIыжри, си гъуэгу сытеувэжащ.

Си благъэм я деж сынэсащ, сыбауэбапщэу, пщIэнтIэпсыр къызэхуэхрэ сабэм сиуэжауэ. Матэр изогъэувэхри куэбжэм сытоуIуэ. ЦIыхубз макъ къэIуащ:

– Хэт ар?

– Сэращ, – жызоIэ.

– Уэ ухэт?

Си цIэ исIуэкIэ сыт и мыхьэнэ – сыкъацIыхуркъым, я унэ игъащIэм сыкъихьакъым. ЦIыхубзым соупщI:

– Мухьэмэд дэс?

– Дэсщ, – жери цIыхубзыр маджэ. – Мухьэмэд! А Мухьэмэд! КъоджэIа.

Куэбжэр Iуахри, пщIантIэм сыдыхьащ. ПщIантIэм сабийр дэзщи, я нэр къыстраубыдащ. Езы Мухьэмэди бжэм къикIри пщIантIэм къыдыхьащ. СыкъыщициIыхужым, Мухьэмэд къэщтащ.

– Къеблагъэ, – жиIащ Мухьэмэд, къызбгъэдэкIуатэри; плъыжь зэрыхъуам гу лъыстэнтэкъэ? Плъыжь ухъунщ, уи щхьэгъусэм и джанэр пщыIуауэ хьэщIэ къебгъэблагъэмэ.

Унэм сыщIашащ. Унэм щIэлъ щыIэкъым, ашыкыжь зыбжанэ фIэкI – шэнт папщIэщ. Унэ лъэгум уэншэкужь илъти, зы щIалэ цIыкIу къыщIыхьэри щIилъэфащ.

Си благъэр, цIыхубз джанэр зыщихыжри, унэм къыщIыхьэжащ. ЗыщитIэгъари нэхъ щIагъуэкъым – къэпталыр цIыхубз джанэм къызэрыхащIыкIыжар нэрылъагъущ.

Ди унэ исхэм я узыншагъэм къыщIэупщIащ си благъэр, си Iуэху зытетми къыщIэупщIащ.

– Тхьэм фригъэфIакIуэ. Дызэблагъэ щхьэкIэ, дызэкIэлъыкIуэркъым. ГукъэкI пщIыри нобэ укъытхыхьащи, ди нэщ, ди псэщ. – Здэпсалъэм, Мухьэмэд и нэр джэдыкIэмрэ чыцIыбжьэмрэ зэрытенам гу лъызмытапIэр иIэт!

Бысым гуащэм седжащ:

– Закия! Мыхэр щIэхи, сабийм яхуэгуэш.

– Абы щхьэ ухэта? Ухэтын хуеякъым...

Бжэм къыкъуэплъ сабийхэм я нэр къоцIыщхъукI, я гурыIупсыр къожэ.

ДжэдыкIэмрэ чыцIыбжьэмрэ пуду къызэрысIэрыхьар яжесIащ си благъэм. ДжэдыкIэр къызэзыща лIы цIыкIум и шыфэлIыфэр яжесIащ. Ар щызэхихым, бысым гуащэм и жьэр иущIри и щхьэр иубыдыжащ:

– Тхьэр къызэуи! УкъагъэпцIащ!

– Хэт сыкъэзыгъэпцIар?

– ДжэдыкIэр къозыщам. Мыгъуэ хухъу! «ГъуэгупщIэ диIэкъым» къыбжаIа?

– КъызжаIащ.

– Мухьэмэди аращ къыжраIар. ДжэдыкIэ матэрэ тхьэрыкъуитIрэ кърабщати, джэдыкIэр шкIумпIу къыщIэкIащ. Дэкум хуэдэу фыкъагъэпцIащ тIури.



СыкъыпыгуфIыкIри, си благъэм я гур фIы яхуэсщIащ:

– Сэ сыкъагъэпцIэфынукъым, хэт къагъапцIэми! ДжэдыкIитI икъутэри ирифащ лIы цIыкIум – си нэкIэ слъэгъуащ. ДжэдыкIэ шкIумпI пхуифын?

– ДжэдыкIитIыращ матэм къакIэцIагъащIэу илъар. Иребгъэфыжын хуеякъым а джэдыкIитIыр: а тIур къэпщэхуатэмэ, джэдыкIэжьапхъэ яхуэсщIынт сабийм... ТхьэрыкъуитIыр лъэтэжа?

– Лъэтэжащ, – жысIащ. – Къысхуэубыдыжакъым.

– Мухьэмэди аращ къыщыщIар – къыхуэубыдыжакъым. Къозыщам деж ягъэзэжащ тхьэрыкъуитIым. Уи фIэщ мыхъумэ, тегъази, еплъ: тхьэрыкъуитIыр а джаурым и куэщI исщ.

Си пыIэкур къраудащ жыпIэркъэ! ДжэдыкIэ шкIумпIщ къызащар! ТхьэрыкъуитIри абы хуагъэсауэ зэрахьэ: зращэм къакIэщIокIуэсыкIыжри, езым деж къагъэзэж.

Си пIэм соткIухь, сыукIытащи: си напэр текIащ. ДжэдыкIэ шкIумпIщ си благъэм сазэрыхуэупсар – сылIамэ, нэхъыфIт абы нэхърэ! Сыкъэплъэнэфщ, дунеягъэм хэсщIыкI щыIэкъым, сыт къызащIэми, схуэфащэщ. ЩIапIэщIэлъадэ ухъу джэдыкIэр – чыцIыбжьэ къахуэсхьакъэ! АбыкIэ согъэфI сигу.

– Уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъыпщтэнкъым: джэдыкIэм дыпыкIащ. ЧыцIыбжьэр егъэшх сабийхэм.

Бысым гуащэм лагъэ къыщIихьэри, чыцIыбжьэмкIэ Iэбащ. Фауэ къыщIэкIащ нэхъыбэр, зы Iэрамэ фIэкI къыхэкIакъым пшхы хъуну. Аргуэрым си пыIэкур кърдудащ! Мыгъуэ хухъу щIэстар, Закия зэрыжиIауэ. УзэплъэкI хъунукъым. УзэплъэкIамэ, уи лыр яш-

хынущ.

Сигу къеуар джэдыкӀэмрэ чыцӀыбжьэмрэ щӀэстаракъым. Сигу къеуар нэгъуэщӀщ – си напэр зэрытекӀарщ: си благъэм сахуэупсэн си гугъати, ягу хэзгъэщӀауэ къыщӀокӀ. ТхьэмахуэкӀэ зэрагъэзахуэурэ яхурикъунут джэдыкӀэ матэр, тхьэрыкъуэ лыбжьэрэ чыцӀыбжьэкӀэ затӀыжынут сабийхэм. ЕсщӀам еплъ иджы! Бысым гуащэр къызэрысхузэгуэпым шэч къытесхьэркъым. «Емынэм къихуа!» къысхужиӀэ хъунщ...

Махъшэм тесми хьэ къодзакъэ. НэхъыкӀэж къыпщыщӀынри хэлъщ – а зымкӀэ согъэфӀ си гур. Куэд дыдэ схэщӀакъым. СхэщӀам сыщӀэфыгъужкӀэ сыт и мыхьэнэ – сыпыкӀащ. ЧыцӀыбжьэ зыщэр а сӀэщӀигъэкӀа ахъшэм хуэныкъуэмэ, сщӀэрэ? ДжэдыкӀэ шкӀумпӀ къызэзыщари тхьэмыщкӀэ гуэр хъунщ – иримыхулӀамэ, пцӀы иупсынтэкъым. ДжэдыкӀэ шкӀумпӀымрэ тхьэрыкъуитӀымрэ къыщӀихар зыщӀыпӀэ Ӏуувэнщ – и гузэвэгъуэ дигъэкӀынщ жыхуэсӀэщ. Псапэщ. Псапэ пщӀауэ, ущӀэмыфыгъуж – а зыр си гурыфӀыгъуэщ, ахъшэр сӀэщӀагъэкӀами...

ДжэдыкӀэ шкӀумпӀымрэ чыцӀыбжьэ никъуэфымрэ я пӀэкӀэ, си благъэм ахъшэ естмэ, хъуркъэ? Ахъшэ естынщи, езыхэм зыхуейр къащэхунщ. Ар сигу къызэрымыкӀа алъандэм! Бохъшэр къызохри, сабийхэм соджэ, дэтхэнэми риал никъуэ зырыз изот, я щхьэфэм Ӏэ дэслъэурэ. СощӀэ: я унэ сызэрикӀыж нэхъ пӀалъэ къыхигъэкӀынукъым я анэм – сабийм ахъшэр къатрихыжынущ.

Ахъшэр я гуфӀакӀэ дагъэпщкӀуащ сабийхэм. Зы щхьэбалыджэ цӀыкӀу, и гуфӀакӀэм дигъэпщкӀуэн и пэ, ахъшэр зыжьэдидзэри, дзэкӀэ еплъащ.

– Сыт ущӀедзакъэр? – сеупщӀащ щӀалэ цӀыкӀум.

– ШкӀумпӀмэ сщӀэрэ?

Си благъэ лӀымрэ фызымрэ нэжэгужэ къызэрыхъужам гу лъыстащ. ДжэдыкӀэр зэрышкӀумпӀри чыцӀыбжьэр зэрыникъуэфри ягу къеуэж хуэдэкъым зэлӀзэфызым.

Сабийхэр пщӀантӀэм дэлъэдэжащ, зэрыгъэкӀийуэ. ЗэлӀзэфызыр щым хъуауэ жыхафэгум тетщ. Сэ зыхызощӀэ: тӀуми къагурыӀуэркъым нобэ сакъыщӀыхыхьар, хьэлэл сыщӀэхъуари дэнэ щащӀэнт, егупсыс пэтми – аращ щым щӀэхъуар. «Бэлыхь щхьэ хэзгъэт мыпхуэдизрэ?» –жысӀащ сигукӀэ, сыкъыщӀэкӀуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэм щыгъуазэ сщӀынщ жысӀэри сеупщӀащ:

– Фи къуэ нэхъыжьым сыт и хъыбар?

– Йоджэ, – жиӀащ Закия.

– Дауэ еджэрэ?

– ФӀыуэ йоджэ – и гуэныхь сыту пщӀын? ЕджапщӀэщ дызыхуэныкъуэр, армыхъу щӀалэр щӀегъуэжынутэкъым – еджэнут.

– Сыт пщӀэн: дыӀэмалыншэщ, дыхунэсыркъым, – къыщӀигъужащ Мухьэмэд.

ПфӀэгуэныхь хъунтэкъэ: си гур хагъэщӀащ. Я къуэр университетым къыщӀадзыжынущ, еджапщӀэ ямытмэ. КъыщӀыщӀадзыжынур емыджэфу аракъым – щӀатын зэрамыӀэрщ. Си благъэм соупщӀ:

– Дапщэ еджапщӀэр?

– Фунт тӀощӀ.

Аркъудей! Фунт тӀощӀи щӀэныгъэр зи уасэр! Фунт тӀощӀ щхьэкӀэ щӀалэ хъарзынэр университетым къыщӀадзыжынущ! Ара

дэ тхуэфащэр? Ара ди къэралыр къызэрызэхэнар? ЩIалэр ирагъаджэмэ, къэралым и сэбэп хэлъкъэ? Университетым къыщIадзыжрэ уэрамым къыдаутIыпщхьэжмэ, къэралым дежкIэ нэхъыфI?

Аращ дыкъызэрызэхэнар: фунт тIощIыр зым дежкIэ мылъкушхуэщ, нэгъуэщIым дежкIэ щай и уасэкъым. Бейм я пхъум фунт тIощI щIитынурэ тхьэмахуэ фIэкI зэримыхьэну Iупэщыхуэ къищэхунущ: тхьэмахуэ дэкIмэ, къыIэщIэужэгъуэнурэ хыфIидзэжынущ Iупэщыхуэр. Бейм я къуэм фунт тIощI и уасэ фадэ къищэхунурэ и ныбжьэгъу Iуэхуншэхэм зы пщыхьэщхьэм ядрифынущ, и зэш тригъэун щхьэкIэ. НэгъуэщIым, куэзыр джэгуурэ, фунтищэ иригъэхьэхун жыхуэпIэр зыуи къыщыхъуркъым. ГъэщIэгъуэнкъэ мы дунейр. Iупэщыхуэмрэ щIэныгъэмрэ зэуасэ? Зэш трагъэуурэ ираф фадэ пIащIэр нэхъапэ Мухьэмэдрэ Закиярэ я къуэм и гъащIэм нэхърэ? Фунт тIощI щхьэкIэ университетым къыщIадзыжмэ, щIалэм и вагъуэр ижакъэ – уэрамым къыдэнащ. «Iупэщыхуэ щхьэкIэ апхуэдиз ахъшэ умыгъэкIуэд, абы хуэныкъуэ зы щIалэ ети, егъаджэ» жеIэт бейм я пхъум. КъывжиIэнур фщIэрэ? «Абы си Iуэху хэлъ сэ!» – аращ къывжиIэнур! Аракъэ къывжиIэнур фадэ щхьэкIэ ахъшэ хъушэр зыгъэкIуэд хьэхэбасэми? Студент тхьэмыщкIэр къафIэIуэху абы – къафIэIуэхукъым, я пщIыхьэпIи къыхэхуэркъым...

Си жыпым сиIэбащ. Си бохъшэм фунт тIощI къыдэнэжат. ЗыгъэпсэхуакIуэ сежьэн мурад сиIэти, дэздзыхауэ арат фунт тIощIыр. Мы гъэм зыгъэпсэхуакIуэ семыжьэкIэ сыт къысщыщIын – къэхъун щыIэкъым. Студент тхьэмыщкIэм нэхъ къыхуэщхьэпэнщ ахъшэр. Ахъшэр здэсхьар жесIэмэ, си щхьэгъусэм зыкъысхузэкIэщIишынущ – ари сощIэ. зыкъысхузэкIэщIишми, теужынщ – и фIэщ сщIыфынкъэ ахъшэр си благъэ тхьэмыщкIэм нэхъ къызэрыхуэщхьэпэнур? СщIыфынщ, уеблэмэ къысщытхъунри хэлъщ, ахъшэр псым зэрыхэзмыдзар жесIэмэ.

Бохъшэр си жып къызохри, ахъшэр собж. ЛIымрэ фызымрэ, я нэр къиихуауэ, къызоплъ. Фунт тIощIым нэмыщI, пиастр зыхыбли дэлът бохъшэм: тхьэм и шыкурщ – сыщыкIуэжкIэ гъуэгупщIэ схуэхъунщ.

Ахъшэр си благъэм хузоший:

– Мыхьмуд еджапщIэ хуэхъунщ мыр. Иреджэ.

Си благъэм и нэр къригъэжащ – и фIэщ хъуакъым. Армыгъуейуэ къыдришейуэ жиIащ:

– ЩIэх уэстыжыфын си гугъэкъым. Арыншэми щIыхуэм дыщIигъэнащ.

– Сэ щIыхуэ фэстыркъым. КъыфIысхыжынукъым. ЩIалэр егъаджэ.

Мухьэмэд и нэпсым къызэпижыхьащ. И щхьэр ищIа фIэкI, псалъэ хузэпыщэжакъым. Фызми и нэпсыр IэлъэщI кIапэкIэ щIелъэщIыкI, нэмэзыбзи къебж. Си гур зэрыхэхъуам щIэ щIэткъым абдежым! ТхьэмыщкIэ згъэгуфIащ – ахъшэм нэхърэ нэхъ лъапIэкъэ ар! Уасэ иIэ цIыхум и гуфIэгъуэм!

И нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ, фызыр унэм щIэкIащ. Мухьэмэд си Iэр екъуз, IэплIэ къысхуещI, и бзэри къиутIыпщыжащ:

– Уэ нобэ къысхуэпщIар игъащIэкIэ пхуэсщIэжыфынукъым. Ахъшэ къудейкъым уэ къыдэптар – ди щIалэм щIэныгъэ къептащ.

Закия щIэх дыдэ къигъэзэжащ, и къуэ нэхъыжьыр щIыгъуу.

Мыхьмуд си щыпэлъагъут. ЩIалэ гъур кIыхьым си Iэр къиубыдри ба къыхуищIащ.

– ИгъащIэкIэ схуэмыпшыныжын щIыхуэщ, зиусхьэн! ИгъащIэкIэ!

Iэнкун сызэрыхъуам гу лъезмыгъэтэн щхьэкIэ, щIалэм жесIащ:

– Университетыр къэбухмэ, щIыхуэр упшыныжауэ слъытэнщ. ДызэгурыIуэрэ абыкIэ?

– СлъэкI къэзгъэнэнкъым. Тхьэм жиIэмэ, экзамен схуэтынущ. ИтIани, игъащIэкIэ схуэмыпшыныжын щIыхуэщ.

– Пщэдей уеджэрэ?

НэгъуэщI згъуэтыжатэкъым, аращ абыкIэ сыщIеупщIар – гумащIэ сыкъэхъуат.

Мыхьмуд и нэгур зэхэуащ – зыгуэрым зэригъэгумэщIым гу лъыстэнтэкъэ! И анэм зыхуригъэзэкIри, и макъ ехуэхауэ, еупщIащ:

– Сыт щыстIэгъэнур? Си кIэстумыр...

Закия и къуэм нащхьэ хуищIащ.

– Сыт кIэстум?

– Умыгузавэ, – жиIащ щIалэм и адэм. – Зыгуэр хъунщ.

– ЩIалэм кIэстум закъуэ иIэти, нышэдибэ тщэжащ. ДримыхулIамэ, тщэжрэт: дызэтехуащ, тшхын къызэрытщэхун диIэкъым. КIэстум сыту ищIыжынт щIалэм, еджапщIэ щыдмыгъуэтынукIэ? Университетым къыщIадзыжмэ, Мыхьмуд кIэстум хуеижтэкъыми, аращ щIэтщэжар. И уасэ ныкъуэкIэ дымыщаи абы нэхъей! ДрихулIат – сыт пщIэн?

Зэадэзэкъуэр зэрызэхуэдизыр слъагъурти, ягу фIы яхуэсщIащ:

– Ягъэ кIынкъым. Зыгуэр къыхуэтщэхуху, и адэм и кIэстумыр щрырегъ щIалэм. 

– Сэ лэжьакIуэ сызэрыкIуэнур сыт? – гужьеящ Мухьэмэд.

Ар сигу щхьэ къэмыкIарэ! Уи щхьэм елъытын хуейкъэ! Зы кIэстумщ яIэр! СыгукъэкIыншэщ, цIыхугъэ схэлъкъым! Си щхьэм мыгъуагъэ хуэсхьыжри, сыкъызэфIэуващ, си кIэстумри, си джанэри, си гъуэншэджри щысхащ. Джанэ щIагъщIэлъымрэ вакъэмрэ фIэкI къызыщызнакъым. Щыми я жьэр яущIащ, я дамэр драгъэуеящ. ЧыцIыбжьэ къыпхуищэхуфынущ хэти. Ауэ зитIэщIрэ утыкум иувэжмэ, ар хэт жыIэт? Апхуэдэ я щыпэлъагъут си благъэм.

Си акъыл зэкIуэкIауэ къащыхъуагъэнщ щыми. Къащрехъу: щIалэр пщэдей еджапIэм хэмынмэ, нэгъуэщI сыхуейкъым. ЕджакIуэ зэрыкIуэн кIэстум иIэкъым щIалэм, и кIэстумыр ящэжащ. ИрихулIати, ящэжащ – яхуэхъуу ящэжа! Унагъуэм зы кIэстум къахуэнэжащи, Мухьэмэд лэжьакIуэ ирикIуэн хуейщ. Сэ щыгъын си мащIэ – шкафым дэхуэркъым, хъуным дашхыхь. СадэгуашэкIэ, сыт ягъэ кIын?

Iэнкун щхьэ хъуа си благъэр, я жьэр щхьэ зэщIэна? Жыхафэгум щызэхэувэжащи, я бзэр иубыда хуэдэщ. Ыхьы, сызэрыпцIанэра хъунщ къэзыгъэуIэбжьар? ЦIыху пцIанэ я щыпэлъагъу? ЦIыхум и пщIэр щыгъынкIэ зэралъытэр? Щыгъын зедмыхьэн хуейуэ дыкъигъэщIамэ-щэ? Зыри къалъхуакъым хуэпауэ. ИужькIэщ джанэри кIэстумри зыщыщаIуар. ЦIыхуращ абы зи акъыл нэсар. Къуалэбзуми хьэкIэкхъуэкIэми зыщаIуакъыми зыри! УзэрегупсысынкIэ, цIыхури щыгъын хуэныкъуэкъым. Ар щхьэ къагурымыIуэрэ цIыхум? КъагурыIуэркъым: зыщамыIурэ зырызамыщIрэ къагъэ-

нэжакъым. Щыгъыным къыщынэми удэкIуэтэнт: зыкIэрамыIу щыIэкъым – дамэтелъ жыпIэми, бгъэхэIу жыпIэми,Iэщэфащэ жыпIэми. ЦIыхубзым я гугъу умыщIыххэ: сэхупсэплъкIэ зацIэлэнщи, уэрамым къыдэувэнщ. Е я щхьэцыр ираIэнщи, къыпхуэцIыхужынкъым...

Абы сегупсысри, джанэ-гъуэншэдж щIагъщIэлъ фIэкI къызэрысщымынэжам сытеукIытыхьакъым. СыпцIанэкъым – пэжкъэ? Сыт сыщIэукIытэнур? УкIытэн хуейр сэ схуэдэкъым – си щыгъыныр къызыхуэзгъанэр си хамэкъым, си благъэщ. Уэрамым сыщаубыдрэ сатIэщIатэмэ-щэ? ИтIанэт укIытэгъуэр...

ЩIалэм си кIэстумыр хузоший:

– Мыр зыщытIагъэ.

Мухьэмэд къыспэрыуащ:

– Хьэуэ, зиусхьэн, ар хъункъым. УтхъунщIа хуэдэ, ар хъурэ? Дауэ уедгъэжьэжын джанэ-гъуэншэдж щIагъщIэлъкIэ? ЩIалэми зыгуэр игъуэтынщ, и насып зыхэлъ фIэкIынкъым.

– Ди напэр текIащ! Ди хьэщIэм емыкIу къедгъэхьащ! – щIичэркъым бысым гуащэм.

– Фымыгузавэ. КIэстум си мащIэкъым.

Мыхьмуди къыхыхьащ зэдауэм.

– Тхьэразэ къыпхухъу, – жеIэ Мыхьмуд. – Уи кIэстумыр къызэптын мурад пщIамэ, укIуэжа нэужь уи унэIутым къысхуегъэхь. Хьэуэ жыпIэрэ – сэ сыныкIэлъыкIуэнщ.

ЩIалэм жиIэм губзыгъагъэ хэлъу къысщыхъуащ. Ар япэ зигу къэкIын хуеяр сэрат. ИтIаниэ, хьэлэл сыкъэхъуати, сызытетым сахутекIакъым, сыхагъэзыхьыху. «Ди напэр текIынущ, емыкIу дыбогъащIэ», – щыжаIэм, сикIуэтыжын хуей хъуащ.

– Ерэхъу, – жысIащ, – зы джанэ щызвгъэтIагъэи, унэм сынэсыжмэ, къыфхуезгъэхьыжынщ.

Мухьэмэд арэзы хъу пэтащ абыкIэ, щIыщIегъуэжаращ сымыщIэр.

Сщыгъупщэж пэтаи: Мухьэмэд зы джанэт иIэр! Сыщрагъэблагъэм, щыгъар фщIэжыркъэ – и фызым и джанэращ! Мухьэмэд зыщрилъэфыхьым, сымыгъэукIытэн щхьэкIэ, жысIащ:

– Уи къэпталыр ебгъэжьыщIамэ, нэгъуэщI гуэр щызвгъэтIагъэ – нетIэ пщыгъар, Мухьэмэд: сэркIэ псори зыщ. Унэм сринэсыжмэ, къыфхуезгъэхьыжынщ.

Сыт ищIэжынт Мухьэмэд: зрилъэфыхьщ-зрилъэфыхьри, арэзы хъуащ, щIэкIри цIыхубз джанэ къысхуихьащ. Джанэр щыщыстIагъэм, щIалэр къыщиудащ – ныбафэуз хъуауэ мэдыхьэшх! Гъуджэм сиплъащ – лажьэ сиIэ хуэдэкъым. Пэжщ, джанэр схуэкIэщIщ, си лъэгуажьэм къэс къудейщ, си лъэпэдри си вакъэри къыщIощ. Джанэм Iэщхьэ пыткъым, и пщэр къихащ. СэкIункIи хъунт джанэр, сарыкъ сщхьэрымыгъатэмэ, – а тIур схузэгъэкIуркъым.

Джанэр апхуэдизкIэ схуэбыхъут, тыншти, апхуэдэ фащэ фIэкI дяпэкIэ зезмыхьэн мурад сщIащ асыхьэтым: къыздреплъей цIыхур, щапхъэ стрырех – сыт и лажьэр!

ЗэлIзэфызымрэ щIалэмрэ я пащхьэ ситщ, цIыхубз джанэ быхъур зыщыстIэгъауэ. Лъэпэдымрэ вакъэмрэ къыщIощ, сарыкъыр сщхьэрыIуащ, бохъшэри согъэпIий. Бохъшэм пиастр зыхыбл фIэкI

дэлъыжккъым – сыщыкIуэжкIэ гъуэгупщIэ схуэхъумэ, нэгъуэщI сыхуейкъым.

Си благъэхэм я щхьэр ящIурэ, куэбжэм сыкъагъэсыж. Сабийр пщIантIэм дэзщи, ахэри къысщодыхьэшх. Я адэ-анэм ар ядэнт – щащIэкIием, кIэбгъу защIыжащ сабийхэм.

Сыкърагъэжьэжри, уэрамым сыдыхьэжащ. ЦIыхубз джанэ быхъум лажьэ иIэ хуэдэкъым – гу къыслъызытэ сыщрихьэлIакъым уэрамым. ФащэщIэ къежьа я гугъагъэнщ: къебгъажьэ хабзэщ жиIакъэ пасэрейм! Хьэмэ гу къыщIыслъамытар цIыхур зэрыпIащIэра – хэт ищIэн?..

СымыпIэщIащэурэ – си фащэм сриукIытэ хъунт, – аль–Хъусейн и уэрамым сынос. Езмыгъэлейуэ пIэрэ: щхьэ сриукIытэрэ си «фащэм»? Уэрамым щызэхэзекIуэр мащIэщ – лэжьэгъуэ зэманщ. А мащIэми гу къызэрыслъатэ щыIэкъым: зблокIри йожьэж, сыкъамылъагъуххэ хуэдэщ.

Уэрамым и зэхуэдитI скIуауэ, цIыхум гу нэхъ къыслъатэ хъуащ: ней-нейуэ къызоплъ, къыщызэплъкIэ, зи жьэ Iурыхуи къыхокI. Къызреплъ, ягу пэщыху: сыт яхузиIуэху – си гъуэгу хэзгъэщIынщ. Зыбжанэ дэкIрэ сыкъызэплъэкIмэ, жьэрыплъэ Iэджэ си ужь ищIащ: нэкIэ сашх, IупщIэ къысхуащI, я дамэ драгъэуейри къыскIэлъодыхьэшх. ЩIалэ цIыкIухэрщ етэпар: къызофий, абы фIэкIмэ, мывэ хъурей къызаутIыпщынри хэлъщ...

Си насыпти, такси къызихьэлIащ. Таксим зиздзэри, ди унэ сынэсыжыху, си щхьэр къэсIэтакъым.

Унэм сынэсыжауэ, си шынэхъыщIэм сыIууащ. КъызбгъэдэкIуэтэху, сыкъыхуэцIыхужакъым си шынэхъыщIэм. СыкъыщицIыхужым, и нэр кърищгъэжащ:

– Сыт къыпщыщIар? Хущхъуэр зэран къыпхуэмыхъуауэ пIэрэ?

Си нэщхъыр хузэхэслъхьащ си шынэхъыщIэм: сыт къысхуиIуэху – ажэгъафэ зыкъэсщIынщ, сыхуеймэ.

– ЦIыхубз джанэ щхьэ зыщыптIэгъа? – скIэрыкIыркъым си шынэхъыщIэр. – ЦIыхум укъалъэгъуа?

– Сыт, сыкъалъэгъуамэ?

– Уи напэр зытепхыжащ.

– Зытесхыжакъым! ЦIыхубз джанэ щыптIагъэ хъунукъэ? ЕмыкIу илъ абы?

ЖысIэр и фIэщ хъуркъым си шынэхъыщIэм – и жьэр Iурыхуауэ къызоплъ.

– Уи Iуэхукъым! ЦIыхубз джанэ щыстIагъэми, къулыкъум сызэрыкIуэ фащэр сщыгъми, шхыIэнщIэбзэ зэсшэкIрэ уэрамым сыдыхьэми, сызэрыщытауэ сыкъэнэжыркъэ? Щыгъыныра нэхъыщхьэр? ЦIыхугъэращ нэхъыщхьэр! КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуэн хэлъ абы?

– КъыбгурыIуамэ, таксим ахъшэ ети, утIыпщыж.

Таксир дутIыпщыжри, пщIантIэм дыдыхьэжащ. Си шынэхъыщIэм и жьэр скIэригъэкIыркъым:

– Уи кIэстумыр дэнэ пхьа? Унэм цIыхубз джанэкIэ уихьэжын уи гугъэ?

– КIэстумыр стащ. Унэм цIыхубз джанэкIэ уихьэж хъунукъэ? ЕмыкIу илъ абы жызоIэ? КIэстумыр щIэстар сыхьэлэлти аращ. Ухьэлэлыным емыкIу илъмэ, акъылэгъу сыбдэхъунщ – къызэ-

гий итIанэ. Сэ емыкIу ислъагъуэркъым абы. Псапэ зэрысщIам сыхущIегъуэжыркъым. Сыхьэлэлти аращ псапэ щIэсщIар. АфIэкI къызумыхъуэн, укъысщIэмынакIэ.

Си щхьэгъусэр бжэщхьэIум къытехьащ. Абыи и жьэр Iурыхуащ, къысIуплъэри. И нэр къож – сишхыным хуэдэщ.

КъыщIытехьар къызгурыIуакъым: ар егъэблэгъэжыкIэ хъурэ, апхуэдэ схуэфащэ сэ? СыкъыпогуфIыкIри, соупщI:

– Щхьэ укъытехьа, си нэху? Уи лажьэIа?

Жэуап къызитыным и пIэкIэ къызжьэхэлъащ:

– Дэнэ уздэщыIар?

– ХьэщIапIэ. Мухьэмэдхэ сыщыIащ.

– Ари хэт?

– Мухьэмэд аль-Багури пцIыхужыркъэ? Ди благъэщ.

Абы къигъэчащ си щхьэгъусэр. Сыт си лажьэр? СекъуэншэкIа? ЕмыкIу есщIа? СыбгъэдокIуатэ, седэхэщIэн мурад сщIауэ. Щхьэ къытехьауэ пIэрэ, хьэдзыгъуанэ къедзэкъа?

Сызыбгъэдигъэхьакъым, и лъэр щIэхури етIысэхащи, мэгъынанэ. Си шынэхъыщIэм сыхуоплъэкIри соупщI:

– Сыт мыбы къыщыщIар? И акъыл зэмыкIуэкIауэ пIэрэ?

– Уэракъэ жызоIэ зи акъыл зэкIуэкIар! – къызжьэхолъэ си шынэхъыщIэри.

И пхъум и гъы макъ щызэхихым, си щыкъу анэр унэм къыщIэкIащ.

– Сыт къэхъуар? – сызыIуригъэлъэдэн си гугъащ си щыкъу анэм.



Си щхьэгъусэм япэ зыкъригъэщащ:

– Мухьэмэд деж щыIауэ жеIэ! Къызэрыдгухьэр ищIэркъым Мухьэмэд жыхуиIэр, итIани лъагъунлъагъу кIуауэ жеIэ! Уи фIэщ пщIы хъун ар?

– ЦIыхубз джанэкIэ укъригъэжьэжа а Мухьэмэдым? – къолъ си щыкъу анэр. – ХьэдагъэпцI ухъу ар!

Щыкъу анэм игу къэкIынур фщIэркъэ: щIасэ физ деж сыщыIауэ фIэкI, нэгъуэщI игу къэкIынукъым. Си щхьэгъусэми аращ зыхуихьынур: аращ, дауи, IэлфIыцIэу къыщIызэкIуэкIар. Здэгъынанэм къыстокIие:

– Мухьэмэд цIыхубз джанэ къыпщиIури укъригъэжьэжащ! Хэт ар зи фIэщ пщIынур? Зы махуи сыбдэпсэужынкъым! Джанэ къыпщызытIэгъам деж зегъэхь, си пащхьэ нэхум икIи!

– Зэ тесабырэ, си нэху. Си псалъэр нэзгъэгъэс. УзыхущIегъуэжын жумыIэ. Зэрыхъуар жызгъэIэ, тесабыри.

Си щыкъу анэм нэхъри зыкъысхузэкIэщIеш:

– Тесабырэ зэрыжиIэ! Си пхъум и напэр тепхащ! Апхуэдэ зращIэм ящыщ си пхъур? Къэхьпэм и джанэр зыщиIури къытхыхьэжащи, фытесабырэ жи!

ТэмакъкIэщI сыкъэхъуащ абдежым, зысхуэшыIэжакъым.

– Мы къызжефIэр сыт? Хэт и къэхьпэ, хэт и щIасэ физ! Фи жьэ дауэ къекIуэрэ? Псапэ сщIэ хъунукъэ сэ? Псапэ пщIэныр емыкIу? Си кIэстумыр хуэныкъуэм естащ! Ест хъунукъэ?

– Хуэныкъуэм естащ жоIэ! – зелIэж си щыкъу анэм. Си щхьэгъусэри къыдожьу:

–Хуэныкъуэм естащ, жи, си кIэстумыр! ЦIыхубз джанэр

къыпщызыIуар хэт-тIэ?

– КъыщызыIуар пщIэркъэ? КIэстумыр зритаращ! ХьэдагъэпцI ухъу ар жысIакъэ!

–Делэ сыхъуным сынэсащ! – жысIэри сащIэгубжьащ си щыкъу анэмрэ си щхьэгъусэмрэ. – ЦIыху хьэлэл дунейм темытыж фи гугъэ? Мухьэмэд ахъшэ тIэкIу естамэ, мыхъун злэжьа? И къуэм еджапщIэ хуэхъункъэ жызоIэ? ЕджакIуэ ирикIуэн щхьэкIэщ си кIэстумыр щIалэм щIестар. ПцIанэу сыкъыдэвгъэхьэжынут уэрамым? Джанэ къысщатIагъэри сыкъргъэжьэжащ – къысщатIэгъэн яIэтэкъым нэгъуэщI. Дунейр къута абы щхьэкIэ? Фи напэр щхьэ мысрэ, щIэфчэ хъунукъэ?

Си щхьэгъусэр зэщIэуфIыцIащ, хьэщхьэрыIуэ хуэдэ къызжьэхэлъэн хьэзырщ. Ахъшэ гугъу къыщыхэхуэм нэхъри къызэрыкIащ:

– Ахъшэ ипха унэм?

– Фунт тIощI, – жызоIэри сыкъыпогуфIыкI.

– Дэнэ здэпхьар? БгъэкIуэда?

– ЗгъэкIуэдакъым. ТхьэмыщкIэм естащ, зыгуэркIэ зыщIэзгъэкъуэнщ жысIэри. Мы гъэм зызмыгъэпсэхукIэ сыт къысщыщIын?

Си щхьэгъусэм къыспидзыжынкIэ хъунур дэнэ щыпщIэнт – си шынэхъыщIэм псэлъапIэ иригъэхуакъым: бгъэдыхьауэ йоIущащэ. ЖриIар зэхэсхакъым. Гъынэнэн пичри, си щхьэгъусэм, гужьеяуэ, и нэр къригъэжащ. Си щыкъу анэр унэм щIэлъэдэжащ.

Си шынэхъыщIэм яжриIар фщIэрэ? Си щхьэр зэкIуэкIауэ яжриIащ! Зи щхьэ зэтесыр цIыхубз джанэ зыщиIуу уэрамым дыхьэжын? Си щыкъу анэмрэ си щхьэгъусэмрэ ар яжриIэри, си шынэхъыщIэр къызбгъэдыхьащ. И Iэр си дамащхьэм къытрилъхьэри къызэдэхэщIащ: 

– Уигу иумыгъабгъэ мо тIум. Емрэ фIымрэ яхузэхэхуркъым абыхэм. Я щхьэм иралъыт щыIэкъым – абы узэхащIыкIын? Мухьэмэд хуэпщIам ущIэмыфыгъуж. ГущIэгъу уиIэт, цIыхугъэ пхэлъти, аращ щIахуэпщIар. Унэм ихьэжи, зыгъэпсэху – гъуэгу утетащ...

Зэрыбзаджэ си шынэхъыщIэр! Унэм сыщIыхьэжмэ, сыщIиубыдэну аращ зэщэр: бжэ-щхьэгъубжэр кърмгъэбыдэкIыжынщи, пэш кIыфIым сыкъыщIэнакъэ! Хьэуэ, си къуэш, зыкъозгъэгъэпцIэнкъым, си щхьэр зэкIуэкIауэ къыпфIэщIами, сэ сынобзэджэкIынщ!

– Зэ умыпIащIэ, – жызоIэ си шынэхъыщIэм, и Iэр си дамащхьэм трызогъэхри. –Псыунэм сыщIыхьэн хуейщ.

Псыунэм сыкIуэ хуэдэ зысщIри, хадэм сибгъунлъащ, си шынэхъыщIэр згъэбэлэрыгъри сэрейм селъащ. СыздэкIуэри? Хущхъуэ къызэзыщам дежщ сыздэкIуэр! Абы сыт и лажьэ – лажьэ зиIэр сэращ. «Хущхъуэм уемыфэ, – къызжиIатэкъэ. – И зэран фIэкI, и сэбэп къокIынукъым». СедэIуакъым: хьэлэл сызыщIын хущхъуэ сылъыхъуэрти, сыблэкIакъым, къэсщэхури сефащ. Сигъэуна, сефамэ? Сигъэунакъым, сигъэунэхъуа фIэкI! Жылэр къысщодыхьэш, си щыкъу анэмрэ си щхьэгъусэмрэ къысщигъэIеящ, си къуэш дыдэми делафэ къызеплъ. «Си хущхъуэм щичэзу зэманкъым, – къызжиIат ар къызэзыща лIыжьым. – Хьэм хуэдэу къызэхэнащ цIыхур, зэрош, гущIэгъуи гулъыти яIэжкъым. Уэ зыр ухьэлэлкIэ сыт пхуэзэфIэкIын?..» Захуэт лIыжьыр: жылэм емыщхьым бабы-

щыщхьэ къыфIокIэ жыхуаIэрати, ар къысщыщIащ.

ЛIыжьым и тыкуэным сынэсащ, сыбауэбапщэу, пщIэнтIэпсыр къызэжэхыу. Тыкуэнтет лIыжьым сыкъыхуэцIыхужакъым – и нэр къихуауэ къызоплъ. Хьэдагъэ кIуэн: цIыхубз джанэ сщыгъщ, си пыIэр сщхьэрыкIуэтри лъэныкъуабэ хъуащ, си лъэпэдыр ещэтэхащи, си лъакъуэ цыбэр къыщIощ.

СыкъыщицIыхужым, лIыжьыр къэщташ:

– Уэра жызоIэ мыр?!

– НтIэ хэт уи гугъэ?

– Сыноплъри, укъысхуэцIыхужыркъым. Сыт къыпщыщIар?

– Уи хущхъуэращ зи лажьэр.

– Сыт хущхъуэм щIилажьэр?

– Си кIэстумыр си благъэ тхьэмыщкIэ естащ. КIэстумым и пIэкIэ къысщатIэгъэн мы джанэм фIэкI ягъуэтакъым.

– Нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу къызжепIэркъэ, – къызбгъэдэтIысхьащ тыкуэнтет лIыжьыр.

Си Iуэхур къызэрекIуэкIам езгъэдэIуа нэужь, лIыжьыр тэджыжащ:

– Алыхьым и шыкурщ.

– Сыт и шыкурыр? – къызгурыIуакъым.

– КъэнэкIафIэ ухъуащ жыхуэсIэщ. Абы нэхъ къыпщымыщIамэ, зырикIщ. ЦIыху хьэлэлым нэхъыкIэжи къыщощI. Уи щхьэ псэущи, Алыхьым шыкур хуэщI.

– НэхъыкIэжи сыт къысщыщIынкIэ хъунут? – сеупщIащ згъэщIагъуэри.

– Уи кIэстумыр зэптам фIэкI тхьэмыщкIэ щыIэкъэ? Гъунэжщ, дунейм техуэркъым! Уи мылъкур къанэ щымыIэу яхуэбгуэшауэ тщIынщ. Абы кърихъуэнур пщIэрэт? Я щIыб къыпхуагъэзэжынт, укъамыцIыхуж защIынт – арат къыпщыщIынур! ФIы зыхуэпщIэм фIы къыпхуищIэжынукъым. ФIы зэрахуэпщIар напIэзыпIэм ящогъупщэж, махуэ къэси яхуэпщIэн хуейуэщ зэралъытэр. ЯхуумыщIэкъэ  – нэпсейуэ, хьэсыуэ уабжынущ, бзаджэ къыпхужаIэнущ.

«Тыкуэнтетым и псалъэм пэж хэлъщ», – жысIащ сигукIэ. Зы хъыбар сигу къэкIыжащ. ЦIыхубз гуэр, лъэщыджэ хъуауэ, хьэхэбасэ гуэрым къыхыфIидзэжат. ЦIыхубз тхьэмыщкIэр фIэгуэныхь хъуащ лIы хьэлэл гуэрым. Ахъшэ иритащ, сабийр дунейм къытехьэху дэIэпыкъуащ, зыми хуигъэныкъуакъым. ДэIэпыкъуурэ, езыр зэтехуащ. ЛIым и мылъкур зытригъэкIуэда цIыхубзым кърищIэжами еплъ: сабийр дунейм къытехьа нэужь, цIыхубзыр кIуэри тхьэусыхащ: «Сабийм и адэр моращ, – жери лIым и цIэр ириIуащ. – Сабийр ныбэм илъыху, и нэIэ стригъэкIакъым, иджы, сабийр дунейм къытехьащи, дыхыфIедзэ». Аращ цIыхубзым зигу къыщIэгъуа лIым ирищIэжар.

Сэ дапщэ къысщыщIа зы махуэ закъуэм! Зи лажьэри хэт – хущхъуэращ! Хущхъуэм семыфатэмэ, а псор къысщыщIынутэкъым.

– ЛIо сщIэнур? – сеупщIащ тыкуэнтетым.

– Сыту?

– ИгъащIэкIэ сыхьэлэлыну? Дауэ зыхэзна хъуну мы хьэл мыгъуэжьыр?

– НэгъуэщI хущхъуэ уэстынщи, ефэ.

– Сыт зи хущхъуэр?

– ПцIыупс хущхъуэ сиIэщ, хьэуэ жыпIэрэ – тэмакъкIэщI хущхъуэ, уигу нэхъ къыщIиубыдэнумэ – щхьэхынэ хущхъуэ. Хэди, узыхуейр къыхэх. Уефакъэ – уи хьэлэлыгъэр зыхэбнынущ.

– ЦIыхур къысщыбгъэдыхьэшхыну ара? Сызэбгъэфам къызищIар бжесIакъэ? ЗызгъэнщIащ хущхъуэкIэ!

– НэгъуэщI пхуэсщIэфынукъым.

– Сыт-тIэ сщIэнур?

– Уэ пщIэнум си Iуэху хэлъ сэ? УщIегъуэжынщ бжесIатэкъэ? МахуитI-щыкIэ зыхуэгъэшэч иджыри...

– МахуитI-щыкIи?! ГущIэгъуншэрэ фыгъуэнэдрэ фIэкI щыслъагъуркъым си хъуреягъкIэ – абы сахэбгъэтыну иджыри махуитI-щыкIэ? Си псэр си IэкIэ хэсхыжмэ нэхъыфIщ абы нэхърэ?

Си пщэр си IитIымкIэ фIэзубыдыкIыжащ.

– Сыт пщIэр?

– Зыстхьэлэжынущ!

Си нэр къыщихуащ, си фэр зэкIуэкIащ напIэзыпIэм. Тыкуэнтетыр гужьейри къызбгъэдэлъэдащ, си Iэр иубыдауэ къысщIокIие:

– Емынэунэ хъун! Сыт пщIэр?! Емынэм укъыихуат си деж? Сыт си лажьэр? БжесIатэкъэ: уемыфэ си хущхъуэм – ущIегъуэжынщ!

– Сыт-тIэ сыбгъэщIэнур? – Си Iэр си куэщI ислъхьэжащ.

– Хущхъуэр пхэкIыжыху, умыкIуэж – тыкуэным щIэс. Узэрыщытауэ ухъужыху, си деж зыщыIэжьэ.

НэгъуэщI къысхуэнэжагъэнкъым.

– Махуэ дапщэкIэ схэкIыжын хущхъуэр?

– МахуийкIэ.



МахуийкIэ сыщIэсыфыну тыкуэн фIейм? Тыкуэнтетым куэзыри сотрэши иIэкъым – си щхьэр сыт зэрытезгъэунур? СемыдаIуэщи – уэрамым сыдэувэжынурэ псапэ сщIэуэ сежьэжынущ. СызэхащIыкIми, зыгуэртэкъэ: псапэ зыхуэсщIэм и щIыб къигъэзэжакъэ – сыщыгъупщэжынущ.

– МахуийкIэ сыпхуэшэчын? – жызоIэ тыкуэнтетым.

– Сыт сщIэн: къыщыстрилъхьакIэ усшэчынщ. Уи къэвэбжэ зэIуумых закъуэ: щхьэгъавэм сытеплъэ хъуркъым.

– ЕрыскъыкIэ сыт ухуэдэ? СыбгъэмэжэлIэнкъэ?

– Умыгузавэ. УзгъэмэжэлIэнкъым. НэгъуэщIи сыт ухуей?

НэгъуэщI сыхуейми, жысIэн сыхунэсакъым: плIанэпэм дэт къэпым дзыгъуэ къыщипкIым, блэ зэуа нэхъей сыкъыщылъэтащ. Дзыгъуэ нэхъ сызыщышынэ дунейм зы псэущхьи теткъым. Си вакъэр лъызгъэпкIащ, дзыгъуэм езутIыпщыну. Тыкуэнтетым къысхуидакъым: вакъэр сIэщIичри хыфIихуащ. Дзыгъуэр и Iэгум иригъэтIысхьауэ, Iэ делъэ, йодэхащIэ. ЗэрызгъэщIэгъуэнур сщIэркъым.

– Сыт ар? – соупщI лIыжьым.

– Дзыгъуэщ.

– Зэрыдзыгъуэр солъагъу. УщIеубзэращ сымыщIэр.

– Уэ уэщхь гуэрщ мыри.

– КъызгурыIуэркъым.

– КъыбгурымыIуэн хэлъ? Мы дзыгъуэр тыкуэным къыщIэпкIэри къэпым ипщхьащ зымахуэ. Хущхъуэм егъури насы-

пыншэ хъуащ: хьэлэл хъуащ, гущIэгъу хэлъхъуащ. ИтIанэ къызбгъэдэлъадэри си лъакъуэм зыкъыщихъуащ, къызэбзеящ, тыкуэным щIэжыжри махуитI-щы дэкIауэ къигъэзэжащ. Къыщигъэзэжам и фэм итыжтэкъым тхьэмыщкIэр: и цыр уат, и дзажэналъэр къыхэщырт – уэ уэщхь хъуат, зы псалъэкIэ бжесIэмэ. Хьэдагъэ кIуэн: хущхъуэм щегъум, хьэлэл хъури и хьэл мыгъуэжьыр зыхинащ: гуэн лъапэ къуитIыжыркъым, къэп щIэрыпсри иугъуэныжыркъым. Хьэрэм ишхын и гум идэркъым. Аращ хущхъуэм къришIар.

ЩIакхъуэ фIыцIэрэ псы щIыIэ фалъэкIэ зэфIэдгъэкIащ а махуэм ди шэджагъуашхэр. Щыми аращ тIухуар – тыкуэнтетми, сэри, дзыгъуэми. ЩIакхъуэ фIыцIэрэ псы щIыIэкIэ упсэуфын махуий енкIэ? Си фIэщ хъуркъым.

Дышхэри дызэбгъэдэтIысхьэжащи, доуэршэр. Къэпхэм ярылъ хущхъуэм я гугъу къысхуещI тыкуэнтетым. Псом я гугъуи къысхуищIри, зы къэп къигъэнащ. И щхьэр щхьэщыпхыкIауэ, плIанэпэм дэтт а къэпыр.

– Мо къэпым илъыр сыт зи хущхъуэр? – сеупщIащ тыкуэнтетым.

ЗаулкIэ щымри, тыкуэнтетым жиIащ:

– Абы илъ хущхъуэм уасэ иIэкъым. Iэпхъуалъэ из уефакъэ – угъурлы нахуэ ухъунущ. Уэ нэхъ угъурлырэ нэхъ цIыхуфIрэ дунейм тетынукъым итIанэ! Къэпыр бгъэщIейрэ хущхъуэр псы хэпкIутэмэ, а псыр зыIухуэ илъэпкъыр хьэлэли, угъурлыи, гумащIи хъунущ. Дуней жэнэт жыхуаIэратэкъэ итIанэ! Зыр зым ефыгъуэнутэкъым, еижынутэкъым, хьэрэм зышхи лей зезыхьи щыIэжынутэкъым. Зэнэзэпсэу зэдэпсэунут дунейм цIыхуу тетыр.



Тхьэм си фIэщыпцIэ имыщI ар! Сэ къысщыщIар флъагъуркъэ: хущхъуэм сытеунэхъуащ, хьэлэл сищIри! ИтIани, согупсыс, мо къэпым илъ хущхъуэр псым хэскIутэу сеплъащэрэт! АрщхьэкIэ тыкуэнтетым къысхуидэн ар? Си фIэщ хъуркъым. Си фIэщ мыхъуми, зызущэхужащ: тыкуэнтетыр згъэбэлэрыгъынщи, къэпыр къыкIэщIэздыгъукIынщ, хущхъуэр псым хэскIутэнщи, псыр зыIухуэр зэрыхъум сеплъынщ. Пэж хэлъынкIи мэхъу тыкуэнтет лIыжьым и псалъэм: дыунатэкъэ, дунейм цIыхуу тетыр хьэлэл, угъурлы, гумащIэ хъуатэмэ...

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

# ЛЪЭХЪЭНЭМ И ПЛЪЫФЭХЭР – ЗЫ ТХАКIУЭМ И ЕПЛЪЫКIЭКIЭ

*(Иджырей лъэпкъ прозэмрэ шэрджэс тхакIуэ Туаршы Аслъэн и романхэмрэ)*



*Туаршы Аслъэн Умар и къуэр 1929 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 15-м Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. Зи сабиигъуэр зауэм хиубыдэу пасэу балигъ хъуа ныбжьыщIэхэм ящыщщ ар. Илъэс пщыкIуплI ныбжьым иту Аслъэн станокым бгъэдэуват. Абдежым къыщыщIидзэри лэжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэ ирихьэкIащ, компартым и Хьэбэз райкомым и япэ секретарь къулыкъури хэту. И гъащIэ гъуэгуанэ мытыншымрэ и хъуэпсапIэ лъагэхэмрэщ Туаршым и художественнэ дунейм лъабжьэ хуэ-хъуар. Ар зэрыабрагъуэр къагъэлъагъуэ тхакIуэм и романхэмрэ повестхэмрэ иту дунейм къытехьа тхылъи 9-м.*

*Шэрджэс тхакIуэ пажэхэм ящыщ зым и IэдакъэщIэкIхэм сыхьэтиплI щыхухахащ «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэмкIэ» школ программэщIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэс студентхэм яджынухэми хэтщ «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыдэ романыр. Туаршым и художественнэ къэгъэщIынығъэхэм лъэпкъ литературэ щIэныгъэм гулъытэ нэс щигъуэтауэ зэрыщымытым (Бэчыжь Л., Хъупсырокъуэ Хъ. сымэ я щIэныгъэ лэжьыгъэхэм хэту фIэкI къэхутэныгъэ щхьэхуэ щыIэкъым), ди еджапIэхэм я программэхэми зэрыхагъэхьам къыхэкIыу мурад тщIащ тхакIуэм и романитIым кIэщI дыдэу дыкъытеувыIэну. Дэ дызэреплъымкIэ, а тхыгъэхэм наIуэу къыхощ ахэр дунейм къыщытехьа лъэхъэнэм и плъыфэрэ зэман зэблэкIыгъуэм адыгэм и Iуэху еплъыкIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ.*

XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм лъэпкъ прозэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ къат щхьэхуэурэ ар зэтепщIыкI зэрыхъуар. Литературэ лIыхъужьым и сурэтыр щIынымкIэ тхакIуэ нэхъыжьхэм къагъэсэбэпу щыта плъыфитIым (хужьрэ фIыцIэрэ) адыгэ тхакIуэхэр къапокIри персонажхэм я дунейр, я хьэл-щэныр къэгъэлъэгъуэным къыхашэ гъащIэм къыщыхъу зэпэщIэувэныгъэ ткIийхэр, лъэпкъ, дин, цIыхубэ зэщIэхъееныгъэ инхэм япыщIахэр. Ахэр лъабжьэ хуэпщIмэ, «иджырей лъэпкъ прозэм»

къызэщIедгъэубыдэ лъэхъэнэр, дэдызэреплъымкIэ, тIу ипщIыкIыж хъунущ: япэр – зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэр, жылагъуэ-политикэ зэхэтыкIэр нэгъуэщI щытыкIэм щыхуэкIуэр, Iуэху еплъыкIэщIэхэр жьыхэм я пIэм къыщиувэр. Мыбы и нэщэнэщ тхакIуэхэр иджыри блэкIам и къапхъэнэм нэсу къызэрыIэщIэмыкIари, цIыхубэм я псэукIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм щтэIэщтаблэу хущыту къызэрекIуэкIари. Пэжщ, иджы бзыщI хэмылъу, щIагъыбзэ Iэмалми хуемыкIуэу жаIэ, тетхыхь хъуащ революцэм ипэкIи «Къасым хуэдэу пщы гущIэгъулы, псэ къабзэ зиIахэр зэрыщыIам», Мыхьмуд хуэдэу диным хуэпэж, цIыхугъэшхуэ зыхэлъ ефэндыхэр къуажэм зэрыдэсам, «большевик хъыжьэхэм зыкIи емыщхь», цIыху щхьэхуещэхэр – Мурид хуэдэхэр – властыщIэр къэзыхьыжахэм зэрахэтари (Журт Б. и «Гъуэжькуий» романыр, 1997), ауэ апхуэдэ персонажхэм зэкIэ заубгъуркъым, лIыхъужь нэхъыщхьэуи романхэм къыщыкIуэркъым, IэужьыфI гуэр ящIамэ, ар зыхуэдэр тхакIуэхэм къратхэкI мыхъумэ.

ЕтIуанэ лъэхъэнэр дуней къэутхъуар нэхъ жэбзэжу, псэукIэщIэ (щытыкIэщIэ) къызыхэхутам цIыхухэр нэхъ есэу щыхуежьа илъэсхэу къыхэбгъэщ хъунущ. Ар хуозэ УрысеищIэм и псэукIэр, и Iуэху зехьэкIэр нэхъ зэтес хъужу, щэнхабзэм зиузэщIыжу, цIыхубэм я лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм пщIэ ягъуэтыжу щыхуежьа зэманым. Мы илъэсхэм къэщIэрэщIэжу щIадзэ зэгуэр адыгэхэм IэщIыб ящIыгъа хабзэ-зэхэтыкIэ щхьэхуэхэм, динри абы хэту. Лъэпкъым и художественнэ къэухьым зезыгъэубгъу, гъащIэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэр къэзыгъэщI псэкупсэ дунейр литературэм нэхъ

ешэлIа мэхъу. ПIалъэкIэ Iэнкуну щыщыта илъэсхэр къызэренэкIри лъэпкъ литературэм зрепщыт къыщIэгъэлъауэ адыгэм и блэкIар къэгъэлъэгъуэжыным. ЗэкIэлъхьэужьу дунейм къытохьэ тхыдэ роман зэпэщхэр (КIыщокъуэ А. – «Лъапсэ», ШэджыхьэщIэ Хь. – «ЛъыщIэж», МафIэдз С. – «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ», Туаршы А. – «Псыкъелъэм и макъамэхэр», АбытIэ В. «Уэсэпс шыугъэ», «Ирамышыжа нысащIэ», Елмэс I. – «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», Жылэтэж С. – «Пащтыхь хужьым и лIыкIуэ», Къандур М. – «Кавказ», «Шэрджэсхэр. Балкан тхыдэ», ХьэхъупащIэ Хь. – «ГущIэгъуншэ», нэгъуэщIхэри).

Идеологие пыухыкIа гуэрым и жыпхъэм Iэпхлъэпх имыщIыжу, пасэ зэманхэм къащIэна дэфтэр тхыгъэжьхэмрэ иджырей щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ я тегъэщIапIэу, тхакIуэхэр хущIокъу лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI зэхуэщIауэ щытахэр къызэIухыжыным. Нэхъ тегушхуауэ нобэрей тхакIуэхэм къагъэлъэгъуэжу хуожьэ лIэщIыгъуэхэм къакIуэцIрыкIыу адыгэм и хьэл-щэным, и гупсысэкIэм ягъуэта зыузэщIыныгъэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ. А лъэхъэнэм къыдэкIыу щIэзыдза художественнэ тхыгъэ пIащэхэм (роман, повесть) тхакIуэм и Iуэху бгъэдыхьэкIэ зэхуэмыдэхэм зыщаубгъуащ, философие гупсысэр, психологизмэр нэхъ куу щыхъуащ, езы жанрым и пкъыгъуэхэм заужьащ, теплъэщIэхэр ягъуэтащ. Езыхэм я хъэтI IупщI зэраIэжыным, яIурылъ бзэм зегъэузэщIыным тхакIуэхэри нэхъ егугъу хъуащ. Апхуэдэу щытми, къыхэгъэщын хуейщ мыбдежми 60 – 80 гъэхэм къалэмыр шэрыуэу зыгъэлэжьа тхакIуэ нэхъыжьхэм бжьыпэр зэрыщаIыгъари.

Абыхэм я япэ сатырым хэтщ шэрджэс тхакIуэ цIэрыIуэ Туаршы Аслъэни.

Мыбдежым занщIэу щыжыIэн хуейщ: дызытепсэлъыхь лъэхъэнэр тIууэ зэщхьэщыдгъэкI щхьэкIэ, ар къызэрыбгурыIуэнур абыхэм я зэхуаку бжыхь дэтукъым. ПыухыкIауэ илъэс гуэрым деж зыр щиухрэ адрейр къыщыщIидзэуи щыткъым. Iуэхур здэщыIэр, жылагъуэм игъуэт зыужьыныгъэм елъытауэ, тхакIуэм и гупсысэм, дуней лъагъукIэм зихъуэжу щыхуежьамрэ абы къыпкърыкI зэхъуэкIыныгъэхэмрэщ. Ар IупщI хъууэ хуожьэ, псалъэм папщIэ, мэкъумэшыщIэ е къалэ лэжьакIуэжь пэрытым, коммунист нэсым и «образ уардэ» къэгъэщIыным зыдрамыгъэхьэхыжу, цIыхур зыхэпсэукI гъащIэм, ар зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей, гукIэ зэригъэзахуэ Iуэху зэхуэмыдэхэм тхакIуэм и художественнэ дунейм тепщэныгъэ щиубыду щыщIидзэм деж. Абы къыхэкIыу 90 гъэхэр лъэхъэнэщIэм и щIэдзапIэу дгъэувми, абы и фащэкIэ хуэпа художественнэ тхыгъэщIэхэм я къежьапIэу щыткъым. Апхуэдэхэр япэ ит лъэхъэнэхэм къахокI, зэхъуэкIыныгъэ зыгъуэт жылагъуэм и псэукIэмрэ и гупсысэкIэмрэ къыздахьри. Аращ лъэхъэнэщIэм и щIэдзапIэу дгъэув пIалъэм и ужькIи блэкIа зэман мыжыжьэм и нэпкъыжьэ зытелъ художественнэ тхыгъэхэр иджыри дунейм къыщIытехьэр. Туаршы Аслъэни «псэукIэщIэм» и гъукIэгъэсэнкъым, абы и дунейри, и гупсысэри зыпсыхьар къызыхэхъукIа совет гъащIэрщ. ТхакIуэм и романхэм я художественно-эстетикэ щытыкIэри, жанрым и къэухьри япэкIэ кIуэта пэтми, ахэри къызэрытэджыкIар езыр къызэрыхъукIа «жылагъуэ къупхъэрщ», абы щыгъуэ лъапIэныгъэ нэхъыщхьэу ялъытэу щытахэрщ. Ахэр фIырэ IейкIэ зэхэгъэкIыным и гугъу тщIынкъым, ди тхыгъэ кIэщIми апхуэдэ Iэмал къыдитыркъым, а къалэныр зэфIэзыгъэкIын хуейр нэгъуэщI щIэныгъэщи, зэкIэ абы къыхуренэж. Ауэ къыхэгъэщын хуейщ, 80 гъэхэм икухэм къыщыщIэдзауэ екIуэкIа демократие зэхъуэкIыныгъэхэм, псом япэу нахуагъэр ищIыIу къызэрыхъуам, яжь Туаршым и творчествэми къызэрыщIихуар. ТхакIуэм и прозэм къаруущIэ къыхыхьащ, нэхъапэкIэ зэхуэщIауэ щыта темэхэр къызэIухыныр абы къалэн нэхъыщхьэ щыхъуащ, къигъэщI персонажхэм я щыIэкIэ-псэукIэм щIилъхьэ гупсысэм лъэпкъ тхыдэм и плъыфэр ебэкIыу хуежьащ.

Дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм къыдэкIа тхыдэ романхэм я нэхъыбэр, къызэрыхэдгъэщащи, зытеухуар Кавказ зауэмрэ абы и Iэужьхэмрэщ. XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэр зыхэта тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэрщ лъабжьэ хуэхъуар Туаршы Аслъэн и роман «Псыкъелъэм и макъамэхэр» (2007) зыфIищами. МафIэдз Сэрэбий («Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ»), Вэрокъуэ Владимир («Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу», адыгэбзэкIэ Мэзыхьэ Б. зэридзэкIауэ) сымэ я романхэм дызыщрихьэлIэ язынықъуэ къэхъукъащIэхэми, тхыдэм и зи цIэ къыхэна дзэ къулыкъущIэхэми, адыгэлI цIэрыIуэ куэдми я цIэхэм уащыхуозэ Туаршы Аслъэн и тхыгъэми. Ахэр псори щыпсэуар романым и сюжетым лъабжьэ хуэхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэр къыщыхъуа лъэхъэнэрщ.

Дауи, зытеухуа зэманми, тхыдэ къэхъукъащIэхэми, лъэхъэ-

нэм и лIыхъужьхэми гъунэгъу зэхуащI а романхэр, ауэ зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм я зэфIэхыкIэкIи, тхыгъэхэм я зэхэлъыкIэкIи, тхакIуэхэм я хъэтIымкIи, я образ къэгъэщIыкIэмкIи ахэр хуабжьу зэпэIэщIэщ. Псалъэм папщIэ, МафIэдз С. и «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр тхыдэмрэ этнографиемрэ нэхъ егъэщIылIащ, Туаршы А. и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыгъэм лиризмэр нэхъ щытепщэщ, Вэрокъуэ В. и «Лей зыхуэгъэгъум къахурегъэгъу» романым философие гупсысэр щынэхъ куущ. Япэ романитIыр нэхъ зэгъунэгъущ, щIэлъ гупсысэкIэ ещанэр нэхъ зэкIуалIэр Емыкъуж Мухьэмэдрэ («Къэдэр жэщ») ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэрэ («ЛъыщIэж») я романхэрщ.

Къызэрыхэдгъэщащи, тхыдэ романхэм зэрыщыхабзэу, Туаршы А. и «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыгъэми хэтщ XIX лIэщIыгъуэм Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэр къыщыгъэлъэгъуэжа теплъэгъуэхэри (псалъэм папщIэ, БеслъэнгъущI къалэр адыгэхэм зэрахъумар е ЛютIокъуэ деж щекIуэкIа зауэр, нэгъуэщIхэри), лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэ къихута адыгэ щIалэхэм (Зед, Тенджыз сымэ) я зэфIэкIым теухуа Iыхьэхэри, лъэпкъым и цIыхухэр зэрауштыжу яхэта хамэ щэхурылажьэхэри, кавказ щIыналъэр зэпэзыубыда къэралыгъуэжьхэм я политикэ мыхъумыщIэхэри, абыхэм я лIыкIуэхэм зэрахьа гъэпц1агъэхэри. Ауэ къыхэдгъэща тхыдэ романхэм къащхьэщыкIыу, «Псыкъелъэм и макъамэхэр» нэхъыбэу зытещIыхьар гурыщIэрщ. Ар езы романым и фIэщыгъэцIэми къыбжеIэ, абы щекIуэкI Iуэхугъуэ псори зэгъэщIылIэжари аращ.



Урыс пащтыхьым и лIыкIуэу адыгэхэм я деж къигъэкIуэжа флигель-адъютант Тенджызрэ адыгэпщ Дал-Джэрий ипхъу Нэтрэ я лъагъуныгъэрщ романым и купщIэр. Ауэ «псыкъелъэ макъамэр дежьууэ Нэт уэрэд жиIэу» къежьа а гурыщIэ дахэр «псыкъелъэм гъыбзэ жиIэу» иухыжыным хуэзышар зауэ мыгъуэжьырщ, адыгэхэм «джаур зауэжь» зыфIащарщ. И пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс тхыгъэм и сюжетыр иIыгъщ абы, гукъэкIыжу щытми, хъыбару яIуэтэжми, персонажхэр хэпщIауэ къекIуэкIми. Ахэр пэжагъ ин хэлъу тхыжащ, тхыдэм зи цIэхэр (фIыкIи IейкIи) къыхэзына дзэзешэхэр, лъэпкъым, цIыхубэм я пашэхэр хэту.

ИтIани, псэм, гум ехуэбылIэ теплъэгъуэхэм романым увыпIэшхуэ щаубыд. Дэ дызэреплъымкIэ, ахэращ романыр тхыдэм теухуа лъэпкъ прозэм щынэхъыфIхэм ящыщ зыщIри. «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыгъэм убгъуауэ къэгъэлъэгъуэжа щыхъуащ фIым щыгугъыурэ зи дунейр къызэтекъутэжа цIыхухэм, лIэнкъэнэну зэпэщIэува лъэныкъуитIым яку къыдэна лIыхъужьхэм я психологиер, персонажхэм я хьэл-щэн зэхуэмыдэхэр, я псэм щекIуэкI зэныкъуэкъур, фIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIэхэм я гурыщIэ дахэр.

Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ быдэу щызэпыщIащ, лиризм щабэкIи гъэнщIащ «Псыкъелъэм и макъамэхэр». Абы тхыгъэр инми, еджэгъуафIэ ещI икIи утезашэркъым. Шэч къытумыхьэжу жыпIэ хъунущ Туаршы Аслъэн и романыр дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм дунейм къытехьа тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ, лъэпкъ тхыдэ прозэм и хэлъхьэныгъэ щхьэпэу.

Лиризм щабэр щытепщэщ «Псыкъелъэм и макъамэхэр» тхыгъэм ипэIуэкIэ дунейм къытехьа «Нобэ е зэи…» романми (1993). Тхыдэ къэхъукъащIэ пыухыкIа гуэрым темыухуами, 80 гъэхэм я нэщэнэхэр наIуэу къызыхэщ тхыгъэм къытеувыIапхъэу къыдолъытэ. Романым къызэщIиубыдэ лъэхъэнэр къэралым и тхыдэм быдэу хыхьащ, зэхъуэкIыныгъэхэм («перестройкэм») я илъэсхэу. ПIалъэ кIэщIу щытами, ар къэлъыхъуэныгъэщIэхэм, Iуэху еплъыкIэщIэхэм, нахуагъэм я зэману екIуэкIащ. ЦIыхухэр жыджэру къыхэша хъуат къэрал политикэм, жылагъуэ Iуэхухэм. Лэжьыгъэ IэнатIэхэми зэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкIырт. Апхуэдэ щытыкIэм къигъэщIа тхыгъэщ «Нобэ е зэи…» романыр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зы тхыдэ лъэхъэнэр икIыу адрейр къыщихьэ зэман зэблэкIыгъуэм, ди цIыхухэр ноби гуитIщхьитI зыщIым, и Iэужьщ ар.

Романыр нэхъыбэу зытегъэпсыхьар лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэрами, щIэлъ гупсысэкIи, лъэхъэнэм къигъэув упщIэ гугъухэм тхакIуэм жэуап къазэрыхуигъуэт щIыкIэкIи ар ещхьщ мы статьям и пэщIэдзэм зи гугъу щытщIа тхыгъэхэм. Романыр адрейхэм къащхьэщокI лэжьакIуэ цIыхум, ар зыхэпсэукI дунейм, лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм ди лъэпкъэгъухэм я гупсысэкIэм къыхилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм зэрытеухуамкIэ. Апхуэдэ тхыгъэу а зэманым лъэпкъ литературэм къыхыхьар зэрымащIэ дыдэрщ романым тепсэлъыхьыпхъэу къыщIэтлъытэри.

Къыхэгъэщын хуейщ лэжьыгъэм ехьэлIа художественнэ тхыгъэхэр 70 гъэхэм нэхъ мащIэ хъуауэ зэрыщытар. Критикхэми гу лъатат абы икIи жаIэрейт лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр къратхэкIыурэ цIыхум и дунейр, и псэм щыщIэр тхакIуэхэм Iэпэдэгъэлэл зэращIыр. Ауэ 80 гъэхэм экономикэм и зыужьыкIэр щIэгъэхуэбжьэн хуейуэ екIуэкIа къэрал политикэм лэжьыгъэ тематикэр литературэми къыхишэжат. Адыгэ литературэми апхуэдэ тхыгъэ зыбжанэ къыхэхъуащ (Къэрмокъуэ М., Хьэхъупащlэ Хь., Мэзыхьэ Б., Журт Б., АбытIэ В., Шыбзыхъуэ М., Мыз А., ХьэIупщы М. сымэ я прозэ тхыгъэхэр). Абыхэм ящыщщ зи гугъу тщIы романри.

70 гъэхэм дунейм къытехьа тхыгъэхэм «жьымрэ щIэмрэ» зэпэщIагъэувэрэ сыт щыгъуи щIэр текIуауэ иухыу щытамэ, «Нобэ е зэи…» романым хэтыр зэманым и лIыхъужьыщIэщ, Iуэхур рационализаторхэм я хэлъхьэныгъэ къудейкIэ зэфIимыгъэкIыу. Ар романым и фIэщыгъэцIэм къызэрыбгуригъаIуэщи, Iуэхум тегушхуауэ, фIэщхъуныгъэ бйдэрэ зэфIэкI лъагэрэ иIэу бгъэдыхьэ Увыжыкъуэ Дадымжанщ. Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм и прозэм нэхъыбэу дызыщрихьэлIэ литературэ лIыхъужьхэм – лэжьыгъэр езыгъэфIакIуэ, тынш зыщI щIэ гуэр хилъхьэн щхьэкIэ, бэнэныгъэ езыгъэкIуэкIхэм къащхьэщыкIыу, Дадымжан зыхущIэкъур езы лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэр хъуэжынырщ. Ар къоув «хъумимыхъуми зыгуэр щIэн» Iуэху бгъэдыхьэкIэм, дзыхь къыхуащIа мылъкур сэбэпынагъ лъэпкъ имыIэу икъухьыным я бийуэ. НыбжьыщIэр пасэу япэщIоувэ Iэпэлъэпашхэхэм, «зэманым и нэщэнэу» мылъку къэугъуеиныр зи нэрыгъ хъуахэм, Iужажэхэм, пцIыупс-гъэпцIакIуэхэм.

ТхакIуэм и лIыхъужьым и IуэхущIафэхэмкIэ къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ хэкуми цIыхубэми я гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ куухэр щегъэкIуэкIын зэрыхуейр, адэкIэ апхуэдэу упсэу зэрымыхъужынур. Абы къыдэкIуэу Туаршы Аслъэн нэхъ къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъухьа щIалэм рабочэ IэщIагъэ зригъэгъуэту абы насыпыфIэ зэрырихъур. Ауэ а насыпым (фIыуэ илъэгъуа пщащэм гъащIэ гъусэ хуэхъунри а IэнатIэм епхащ) папщIэ, тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, бэнэныгъэ гуащIэ иригъэкIуэкIын хуей мэхъу Дадымжан. А бэнэныгъэрщ романым хэлъ фIагъ нэхъыщхьэри.

Мыдрейуэ тхыгъэм и сюжетыр къызэрыгуэкIщ, куэдрэ лъэпкъ прозэм, псом хуэмыдэу драматургием (Журт Б. и «Гуащэр зэрагъасэр», «Си унэцIэ дыдэр», Дэбагъуэ М. и «Анэр нэм хуэдэщ», IутIыж Б. и «Гуащэмыдэхьэблэ», «Шамхьун и фызышэ», нэгъуэщIхэми) дызыщрихьэлIэ унагъуэ, бын зэхущытыкIэхэм теухуащ. Тхыгъэм и гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэри нэхъ зэпхар аращ. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщыхъуа Дадымжан и адэанэр «зыщIэхъуэпсыр», щIалэр къуажэм къыдэнэу, и адэм хуэдэу, механизатор IэщIагъэм ирилэжьэнырщ.

Мыбдежым къыхэгъэщын хуейщ, 60 - 70 гъэхэм щIалэгъуалэр къуажэм къыданэн щхьэкIэ, къэралым щекIуэкIа зэщIэхъееныгъэкъыхуеджэныгъэхэм я «хъым» тхакIуэр къызэримыкIыфари. Абы щыгъуэ прессэм увыIэгъуэ имыIэу итхырт я бынхэр «тракторист, комбайнер, жэмыш, Iэщыхъуэ» хъуныр адэ-анэхэм я хъуэпсапIэу. IэщIагъэ Iей щыIэкъым, IэщIагъэ псоми ухуейщ, ауэ пцIыр сыткIэ щхьэпэ, балигъ хъуа нэужьи быныр зыбгъэдэгъэсыжыным и Iуэхур къыумылъытэмэ, фIэщщIыгъуейщ зи гугъу тщIа IэщIагъэхэм хуэдэкIэ и сабийм хуэупсэ адэ-анэ куэд абы щыгъуи щыIауэ, ноби щыIэу. Мыпхуэдэ фэрыщIыгъэхэр (ар къэралым щекIуэкI политикэм и Iэужьт) къызыхэщ тхыгъэхэр а зэманми иужькIи дунейм къытехьащ (псалъэм папщIэ, ЩоджэнцIыкIу I. – «Софят и гъатхэ», «Уи цIэр фIэсщынщ», «Щхьэгъубжэ нэху», Мысачэ П. – «Кхъужьейр мэгъагъэ», «Псыхъуэгуащэ», ХьэхъупащIэ Хь. – «Гъуэгу», Мыз А. – «Гъатхэ уэс» повестхэр, нэгъуэщIхэри). Ар лъэхъэнэм и щэнти, мащIэ-куэдми а зэманым къыдэкIа тхыгъэ псоми къахэнащ.

УхуакIуэ IэщIагъэ зригъэгъуэтыну профтехучилищэм щIэтIысхьа Дадымжан цIыхугъэ хуохъу Марьянэ икIи щIалэр хъыджэбзым занщIэу йогуакIуэ. Ауэ Марьянэ зыхэпсэукIыр нэгъуэщI дунейщ – ар хуэщIауэ псэу къалэдэс унагъуэм япхъу гъэфIэнщ. Мыбдежми совет литературэм куэдрэ дызыщрихьэлIэ Iуэхугъуэрщ – къалэмрэ къуажэмрэ я псэукIэм хэлъ зэщхьэщыкIыныгъэрщ – къыщиIэтыр тхакIуэм, ауэ абы и зэфIэхыкIэми щIэ гуэр хилъхьэркъым, тхылъеджэхэр зэсэжа гъуэгурщ Туаршыри зрикIуэр.

А гъуэгум «дызыщрихьэлIэ хабзэ унагъуэхэм» хуэдэщ Марьянэ зыщыпсэури. Абы и адэ Рашид и щIэныгъэрэ зэфIэкIкIэ къимылэжьами, къулыкъуфIхэр иIыгъыурэ къогъуэгурыкIуэ. ЗэрыжаIэу, «хэхъуапIэ IэнатIэ» Iутщи (къалэ тхьэмадэу, институтым ухуакIуэхэр щагъэхьэзыр и факультетым и декану тхыгъ-

эм дыщрохьэлIэ), и къулыкъухэм хуэфащэуи псэун хуейщ. Аращи, Iулъхьэри тыгъэ лъапIэхэри и мыхьэмышхкъым. Пэжщ, а Iуэхум Рашид езыхулIэу тхакIуэм къигъэлъагъуэр мылъкукIэ зызымыгъэнщI и щхьэгъусэ хьилэшырщ – Зулетэщ.

Мы образыр тхакIуэм нэхъ къемыхъулIахэм ящыщщ – 80 гъэхэм и кIэхэм ди телевиденэр зыубыдауэ щыта хамэ къэрал сериалхэм (Бразилием, Мексикэм щытрахауэ) хэтхэм зыкIи къащхьэщыкIыркъым ар: мылъкум игъэудэфа фыз щIыкIей, абы и жыIэм емыбакъуэ «адыгэлI»… Зулетэ и образыр нэмыщIысауэ жыдэзыгъэIэр абы тхакIуэм кIэрилъхьа егъэлеиныгъэхэрщ. Совет зэманым пащтыхь гуащэу къыщIэзыгъалъэ адыгэ бзылъхугъэм и хьэлыр къэзыгъэщI гупсысэр, абы тегъэщIапIэ хуэхъухэр тхакIуэм къызэIуимыхауэ къэнащ. Зулетэщ ныбжьыщIэхэм я насыпым пэрыуэгъу хуэхъуну хуежьэри. Абы, дауи, и пхъур, езым зэрыжиIэщи, «птуушникым» иритыну и пщIыхьэпIи къыхэхуэркъым. Анэм къыхихыр «заготовителу лажьэ, «Волга» машинэ щIэрыпсым ису къэзыжыхь Мэжид и къуэ Едыджщ (Эдикщ). Езы тхакIуэр абы хуэмеягъэнри хэлъщ, ауэ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа Iуэхур – адэ-анэхэм я нэхъыбэм я хъуэпсапIэр – мыбдеж къыщиIуэтащ. Сериалхэм зэрыщыхабзэу, и пхъур Дадымжан пигъэкIын щхьэкIэ, Зулетэ хьилагъэ хуекIуэну хуожьэ – и пхъум и дыщэхэкIхэр Дадымжан идыгъуауэ егъэIу.

АбыкIэ тхыгъэм и коллизиер щIигъэткIиену, бынымрэ адэанэмрэ я зэпэщIэтыныгъэр нэхъ ткIий ищIыну хэтащ Туаршыр. Ауэ, а Iуэхум пIалъэкIэ гуауэщхьэуэ ищIами, щIалэмрэ хъыдджэбзымрэ я лъагъуныгъэр нэхъ лъэщу къыщIэкIащ, икIи а лъэпощхьэпори абыхэм къызэранэкIын ялъэкIащ. И мурадым бы- 
дэу хуэкIуэ Дадымжан училищэ нэужьым зэрылажьэм хуэдэурэ ухуакIуэ институтри къеухыж, ар бригадэм и унафэщI ящI. Сытым щыгъуи щIэм лъыхъуэ лэжьакIуэ жыджэрым и гупыр (бригадэ подряд лэжьэкIэм техьар) областым цIэрыIуэ щохъу. Абы къыхуагъэфащэ цIыхубэм я лIыкIуэу къалэ советым хэтын къалэныр. ЦIыхухэм Iэ нэхъыбэ хуаIэтри, хэхыныгъэхэм ар щытокIуэ и ныкъуэкъуэгъу Рашид. Абы щыгъуэ Марьянэ и адэм къыгуроIуэж, и фызым едаIуэу, ищIа щыуагъэр – и пхъум и насыпыр зэпиуд зэрыпэтар. Адэ-анэм я текъузэныгъэкIэ Едыдж дэкIуэну зызыгъэхьэзыра Марьяни илэжь Iуэхум хущIогъуэж икIи, нысащIэ фащэр зэрыщыгъыу, унэм щIокIуэсыкIри йожьэж: е Дадымжан псэуэгъу хуэхъун, е и гъащIэм пыкIын… ИкIэм-икIэжым, таурыхъхэм зэрыщыхабзэу, фIыуэ зэрылъагъухэм я насыпыр токIуэ.

Романым и сюжетыр мыпхуэдэу убгъуауэ къыщIэтIуэтэжам щхьэусыгъуитI иIэщ. Япэрауэ, къызэрыхэдгъэщащи, романыр лъэхъэнэм и Iэужьщ. Зэман зэхэзэрыхьам, гурыIуэгъуейм, къэхъукъащIэ Iейхэм ирагъэзэша цIыхухэр хуэныкъуэт сюжет «щабэхэм». Апхуэдэщ цIыхум и психологиер – ягу нэхъ къызэрыдэпхьэхыфынур я псэр зыхуэзэша гуэрщ. Ар занщIэу къиубыдыфащ тхакIуэм икIи, дэ къызэрытлъытэмкIэ, фIыщIэ къелэжь. Апхуэдэу жыдэзыгъэIэр мыр Туаршым и хъэтI нэхъыщхьэ зэримыщIырщ, абы ар къыщытокIыж «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романым.

ЕтIуанэ щхьэусыгъуэу къэтлъытэр класс бэнэныгъэм зэщIиIулIа адыгэ литературэм къыхыхьа прозэ тхыгъэщIэхэм «Нобэ е зэи…» романыр зэращыщырщ. Мыбы мыхьэнэшхуэ иIащ совет адыгэ литературэмрэ иджырей литературэмрэ зэпыщIэнымкIэ. Тхыдэ лъэхъэнэшхуэм къигъэщIа литературэр, зэманым къезэгъыжкъым жытIэу, лъэныкъуэкIэ едгъэкIуэтэкIын хуэдэу Iэмал диIэкъым. Лъэпкъ литературэкIэ уеджэ хъуну нобэ щыIэр щыдгъуэтар совет зэманырщ, абы къыхэкIыу гупсысэ, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр зэдгъэзэгъын, художественнэ фIагъ зиIэхэр къыхэтхын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щхьэпэщ «Нобэ е зэи…», «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романхэр. АбыхэмкIэ тхакIуэр хущIэкъуащ фэрыщIагъ лейхэм къапыкIыу адыгэм и псэукIэр, гукIэ зэригъэзахуэ Iуэхугъуэхэр, псэкIэ зыхищIэ дунейр нэхъ кууэ къигъэлъэгъуэну.

КъыжыIэн хуейщ Хэкум, лъахэм я блэкIам и дерсхэр нобэрей щIэблэм гъащIэ гъуэмылэ хуэщIыным, адыгэ тхыдэм и напэкIуэцIхэр зэхуэщIауэ щытахэр художественнэ псалъэкIэ къызэIухыжыным Туаршы Аслъэн и тхыгъэхэр зэрыхуэлажьэр. ТхакIуэм къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэм зэрызаужьари, псом хуэмыдэу и лирическэ прозэм абыхэм зэрызыщаубгъуари къэлъытэн хуейщ. Нэхъ тегушхуауэ езы тхакIуэм и псалъэхэри къахэIукI хъуащ и тхыгъэхэм. Иджы ахэр нэхъыбэрэ къыщегъэсэбэп персонажхэм я диалогхэм, лирическэ гупсысэр къыщыIуэта Iыхьэхэм, уеблэмэ чэнджэщхэм щыхуэкIуэжи къэхъуу. Нобэрей лIыхъужьым, ар къэзыухъуреихь дунейм и шыфэлIыфэр, нэмыжыIысауэ щымыту, хуиту и тхыгъэхэм къыщеIуатэ. Ахэр зэман зэблэкIыгъуэм и нэщэнэу тхакIуэм и художественнэ тхыгъэхэм къахэнащ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ иризэпищIэу.

Ахэр иджырей адыгэ литературэм, Туаршы Аслъэн гуащIафIэу зыхуэлажьэм, и нэщэнэ нэхъыщхьэщ.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*щIэныгъэлI*

*Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихъэлIэу*

# XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм Къэбэрдейм иригъэкIуэкIа щхьэхуитщIыжакIуэ зауэр



XVIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм Урысейм дуней псом щиIэ зэфIэкIыр игъэлъэщат. КъуэкIыпIэ щIыналъэм хуэунэтIауэ абы иригъэкIуэкI политикэр нэхъыбэу зэхьэлIар Кавказырат. Запорожье, дон къэзакъхэм, иужьыIуэкIэ Кърым хъаныгъуэми я щхьэ и унафэ ящIыжу псэуну яIа хуитыныгъэхэр къытраха нэужь, урыс правительствэм мурадышхуэхэр зэхилъхьэу щIидзащ, Кавказым и бгы жьэгъухэмрэ Ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ тафэхэмрэ къэубыдыным ехьэлIауэ. Тэрч псыхъуэм къыбгъэдэлъ щIыналъэхэм зи лъэр щызыгъэбыда пащтыхьым стратегиерэ политикэрэ я лъэныкъуэкIэ къалэн нэхъыщхьэу зыхуегъэувыж Центральнэ Кавказыр, псом япэу Къэбэрдейр, къэзэуныр. Къэбэрдейр къанэ щымыIэу къиубыда нэужьт пащтыхьым Центральнэ Кавказыр и унафэм щIигъэувэн икIи Закавказьем и лъэр щигъэбыдэн щыхузэфIэкIынур.

XVIII лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм Кизляр деж (1736) щыщIэдзауэ Мэздэгу (1763) нэсу зауэ быдапIэхэр иращIэкIащ. Аращ «Кавказ линие» жыхуаIэжыр ухуэным къыщыщIидзари. А быдапIэхэр яухуэн щхьэкIэ къэбэрдейхэми адрей бгырыс лъэпкъхэми я щIыр къытрахырт. Абы къыдэкIуэу, а зэман дыдэм зрагъэубгъурт зауэ-къэзакъ колонизацэ жыхуиIэми. Гум, Лабэ, Уарп, Балъкъ, Сунжэ псыщхьэхэм къэзакъ жылагъуэхэр ирагъэтIысхьащ. Къэзакъ жылагъуэхэр щагъэтIыскIэ, щIыпIэм щыпсэухэр къуршымкIэ яхурт. Урысейм и центральнэ щIыналъэхэм кърагъэIэпхъукIыурэ, пщылIыпIэм ит мэкъумэшыщIэхэр Кавказ Ищхъэрэм кърагъэтIысхьэу щIадзащ.

Зауэ быдапIэхэм XVI-XVII лIэщIыгъуэхэм зыхъумэжыныгъэ мыхьэнэ яIамэ, иджы абыхэм пащтыхьыдзэм бгырысхэм ятеуэным зыщыхуигъэхьэзыр быдапIэхэу захъуэжащ. Къэбэрдеипщхэм фIыуэ къагурыIуэрт я экономикэ, политикэ щхьэхуитыныгъэхэр зауэ быдапIэхэм къызэрагъэтIэсхъэнур, абы къыхэкIыуи Урысейм и бийуэ ткIийуэ къэувахэщ.

1763 гъэм Къэбэрдейм и щIыналъэм Мэздэгу быдапIэр зэрыщаухуар ди щIыпIэр хуэм-хуэмурэ убыдыным и щIэдзапIэт.

1769 гъэм урыс зауэ администрацэм Къэбэрдейм и приставу секунд-майор Тоганов Дм. игъэуври, къэбэрдейхэм я Iуэхум ехьэкIнехьэкI хэмыту нахуэу къыхэIэбэу щIидзащ. Къэбэрдеипщхэм Iэщэ къащтэу зыкъызэраIэтами, Мэздэгу быдапIэр Iуахыжу пщылI щIэпхъуэжахэр къратыжыну, пристав къулыкъур щамыгъэIэжыну лъаIуэу Бытырбыху лIыкIуэхэр зэрагъэкIуами зыри къикIакъым.

# Тхыдэ

Урысеймрэ Тыркумрэ 1774 гъэм Кючук-Кайнарджий щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдейр Урысейм щыщ Iыхьэу ягъэуват. А зэгурыIуэныгъэм Къэбэрдейм и блыгущIэту ялъытэ адрей щIыналъэхэми – Балъкъэрым, Осетием, Къэрэшейм, Ингушым я дежи – Урысейм и тепщэныгъэр щыщIигъэбыдэн хуейт. А щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэр гугъэрт, урысхэм я тепщэныгъэр Къэбэрдейм щагъэлъэщмэ, политикэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ езыхэр къэбэрдеипщхэм я блыгу къыщIэкIыфыну. Пащтыхь правительствэм апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр диIыгъырт икIи къэбэрдеипщхэм я къарур щIэхынымкIэ къыигъэсэбэпырт.

Кючук-Кайнарджий щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм пащтыхьым хуитыныгъэшхуэхэр иритат Кавказым ехьэлIауэ зыхуей псори илэжьыну. Иджы Урысейр хущIэкъуырт Къэбэрдейр зэгурыIуэныгъэ къудеймкIэ мыхъуу, ипэжыпIэкIэ езым щыщ Iыхьэ ищIыну. 1777 гъэм зыубгъуауэ ухуэн щIадзащ Мэздэгурэ Iузэврэ я зэхуакум дащIыхьа быдапIэхэр. А быдапIэхэм я мурадыр Къэбэрдеймрэ Шэшэнымрэ зэпагъэщхьэхукIын къудейтэкъым, атIэ абыхэм я зэпыщIэныгъэри къэгъэтIэсхъэнырт.

Кэбэрдейм зэпымыууэ щIыр зэрытрахырщ къызыхэкIар 1778 гъэм къэбэрдеипщхэм урысыдзэм зауэ иращIылIэу Марьинск, Павловск, Георгиевск, Ставрополь быдапIэхэр зэтракъутэу щIадзэныр. ЩхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм пащтыхьыр лъыкIпсыкI зауэкIэ къыпэщIэуващ. Псалъэм папщIэ, генерал Якоби адыгэхэм залымыгъэкIэ яхуигъэуващ къуэдыуэ сом мини 10, шы мини 2-м щIигъу, Iэщышхуэу мини 5 нэблагъэрэ мэлу мини 4-рэ 500-рэ ятыну. Абы къикIыр щIыпIэм щыпсэухэр гущIэгъуншэу пхъунщIэу арат. А хъунщIэр адыгэхэм, псом хуэмыдэжу лэжьакIуэжьхэм, я дежкIэ фэихт.

И зэрыпхъуакIуэ мурадхэр зригъэхъулIэн папщIэ, пащтыхь администрацэм цIыхубэр игъэжакъуэрт. Апхуэдэ политикэ Къэбэрдейм щыпхыгъэкIыным нэхъ ерууэ елэжьахэм ящыщщ генералхэу Медем, Потаповыр, Якоби сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр псори залымыгъэзехьэнрэ зэрыгущIэгъуншэмкIэ цIэрыIуэ хъуахэт.

Къэбэрдейр щхьэхуиту ямыгъэпсэун, абы и Iуэхухэм зэрыхуейуэ хэпщэфIыхьын щхьэкIэ, а генералхэм пщы гуп-гупхэр зэраущтурэ зэщагъэхьэжырт. Тепщэныгъэр зыIэщIэлъхэр жыIэдаIуэ къищIын, и нэIэм щIигъэтын папщIэ, пащтыхьым пщыхэм я IэмыщIэ илъхэм захуигъэIуитIбзитIырт икIи пщыхэм дакъузэу жызыIэхэм Iэмал яритырт Кавказ линие жыхуаIэм Iэпхъуэну.

Урыс дзэ къулыкъущIэхэм щIыпIэм щыпсэухэм нэмыплъ иратырт, зыхуагъэпагэрт, абыхэм дыджу, щхьэзыфIэфIу яхущытыныр кърамыгъэзэгъын дэнэ къэна, ар лIыгъэу, апхуэдэу щытыпхъэуи ягъэуват икIи бгырысхэм лIэщIыгъуэкIэрэ зэтраухуа псэукIэмрэ хабзэхэмрэ зыуи кърадзэртэкъым. Кавказ линием щаухуа быдапIэхэмкIэ дэкIын папщIэ, адыгэхэм дэкIыгъуэ къэс яIэн хуейт пащтыхь администрацэм и лIыкIуэхэм я хуитыныгъэ е, абы зэреджэу щытамкIэ, «билет». Адыгэ жылагъуэхэм я псэукIэр зэIызыгъыхьэр хъупIэхэмрэ вапIэхэмрэ зэпымыууэ трахыурэ а щIыпIэхэм быдапIэхэр зэрыщаухуэм, къэзакъхэр зэрырагъэтIысхьэм я закъуэтэкъым. Гугъуехь инхэр къиишэрт пащтыхьым и колониальнэ политикэм щIэх-щIэхыурэ къыщигъэсэбэп экономикэ дэкъузэныгъэм. Апхуэдэ политикэм и

зэранкIэ адыгэхэм Iэмал ягъуэтыртэкъым шыгъу къызыхах гуэлхэм кIуэну.

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм Тыркум зы Iэмал закъуи блигъэкIакъым адыгэ-урыс зэхущытыкIэхэр нэхъ Iей щыхъухэм деж езым и цIыхухэр Къэбэрдейм игъакIуэурэ урысхэм я бий пропагандэ иригъэкIуэкIын, апхуэдэуи дин лэжьакIуэхэр къигъэсэбэпурэ и мурадхэр зригъэхъулIэн папщIэ.

XVIII лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм къыщыщIэдзауэ пащтыхьым Къэбэрдейм щыхепщэ урыс административно-суд зэтеухуэкIэр икIи ар хуокIуэж зауэ-зэрыпхъуакIуэ щытыкIэ ткIийм.

Абдеж къыщыщIидзащ адыгэхэм я экономикэ, псэукIэ хабзэхэр зэтракъутэу, Къэбэрдейм и щхьэхуитыныгъэр фIэкIуэдыпэным и кIэух Iыхьэр гъэзэщIэным.

1793 гъэм Къэбэрдейм къыщызэрагъэпэщащ «лъэпкъ хеящIэ» «расправэ» жыхуаIэхэу мэздэгу комендантым и унафэм щIэту щытахэр. Ахэр ипэжыпIэкIэ адыгэхэм я хабзэхэр зыгъэкIуэд, зэрыпхъуакIуэ хабзэр зыгъэлъэщ суд Iуэху зехьэкIэхэт. Властхэм ирагъэкIуэкI суд Iуэху зэхъуэкIыныгъэхэр лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэр я лъабжьэу яухуэну хущIэкъурт. Ахэр зэрегупсысымкIэ, цIыхубэр нэхъ къыдэпхьэхыфынут, Урысейм дэмыщI пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я зэфIэкIыр къэбгъэтIасхъэмэ. Пащтыхьыр шэрихьэтым щIыщышынэр гурыIуэгъуэт, сыту жыпIэмэ, абы шэрихьэтым хилъагъуэрт зэрыщыту къэбэрдей жылагъуэр щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм щызэкъуэзыгъэувэфын къару.

1794 гъэм Къэбэрдейм цIыхухэр къыщызэрыIэтащ. Абы хэтащ къэбэрдей жылагъуэм и лIакъуэ псори: пщыхэри, уэркъхэри, абыхэм я унафэм щIэтхэри, дин лэжьакIуэхэри. А зыкъэIэтыныгъэм и пашэу щытащ ХьэтIохъущокъуэхэ Исмэхьил, Адэлджэрий, нэгъуэщI пщыхэри. Пащтыхьыдзэм пэщIэувахэм я бжыгъэр мин зыбжанэм нэсырт. Ар гущIэгъуншэу зэбграхущ, зэтраукIэри и пашэу щытахэр ссылкэ яхуащ.

ЗэрыпхъуакIуэхэм я бий бэнэныгъэм и япэ лъэхъэнэм (1778-1790) и пашэу щытар пщы лIакъуэхэм къахэкIахэрщ. ЕтIуанэ лъэхъэнэм – ХьэтIохъущокъуэ Адэлджэрий ссылкэм къикIуэсыкIыжу (1799) Къэбэрдейм къэкIуэжа нэужь – ину зиубгъуащ шэрихьэт къыхуеджэныгъэхэм щIэт зэщIэхъееныгъэм. ХьэтIохъущокъуэ Адэлджэрий къыкъуэувэу щIидзащ Абыкъуэ Исхьэкъ зи пашэ муслъымэн лэжьакIуэ гупыфI. XVIII лIэщIыгъуэм и кIэхэм – XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм адыгэхэм ирагъэкIуэкIа щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм нэхъыбэу шэрихьэт унэтIыныгъэ зэригъуэтар зи фIыщIэр ахэращ. ХьэтIохъущокъуэ Адэлджэрийрэ и ныбжьэгъухэмрэ яхузэфIэкIащ адыгэхэм я лIакъуэ псори зэкъуэгъэувэным ехъулIэныгъэхэр къыщахьыну, апхуэдэуи языныкъуэ къэбэрдейхэм (къапщтэмэ, абазэхэр, беслъэнейхэр, къэрэшейхэр гъусэ къащIурэ зыкъэзыIэтахэм) я зэщIэхъееныгъэр пащтыхьым и бий цIыхубэ зэщIэхъееныгъэм хуагъэкIуэну. Мыхьэнэшхуэ иIэщ ХьэтIохъущокъуэ Адэлджэрий уэркъ лIакъуэ куэд езым и лъэныкъуэ къызэрищIыфами. Абыхэм я деж хуабжьу щыцIэрыIуэт цIыху псоми социальнэ зэхуэдэныгъэ яIэным теухуа гупсысэр.

ХьэтIохъущокъуэ Адэлджэрий и гупым и унафэм щIэту 1799-

1807 гъэхэм екIуэкIа шэрихьэт зэщIэхъееныгъэм игъэхьэзыращ Къэбэрдейм шэрихьэт суд щызэфIагъэувэн папщIэ зыхуеину псори. Къэбэрдей шэрихьэт зэщIэхъееныгъэм и пашэр пасэу, 1807 гъэм, зэрылIам, а зэманым ирихьэлIэу къэбэрдей жылагъуэм и бжыгъэр мащIэ зэрыхъуам я ягъэкIэ лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэр къызэрытIэсхъар зэран хуэхъуащ мы щIыналъэм, нэхъ иужьыIуэкIи КъуэкIыпIэ Кавказымрэ Шэрджэс Ипщэмрэ Iимаматым и мардэм ит дин хабзэхэр щызэтегъэувэным.

Пащтыхьым 1803 гъэм Псыхуабэ пэгъунэгъуу ухуэн щригъэжьащ Нартсанэ быдапIэр. ЗэманкIэ ар техуэрт лъэпкъ судхэмрэ расправэхэмрэ я хэхыгъуэм. Ар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Къэбэрдейм зи чэзу зыкъэIэтыныгъэшхуэр къыщыхъеиным. Иджы нэхъыщхьэу къагъэувыр Нартсанэ быдапIэмрэ кордонхэмрэ якъутэжынырт. А зыкъэIэтыныгъэм Къэбэрдейм и жылагъуэ псори хэтащ. Кавказым щыIэ дзэхэм я командующэ Цициановым зыкъэзыIэтахэм яхуигъэхьа тхыгъэм мыпхуэдэу итт: «Фи лъымкIэ щIыр згъэнщIыну сиIэ хъуэпсапIэм си лъыр, шыуанкIэ къагъавэ нэхъей, къегъэкъуалъэ, Iэпкълъэпкъыу сиIэр егъэкIэзыз... ФымыпIащIэ, нывжызоIэ сэ, мыжурэхэм, топышэхэм фи лъыр псыуэ ирагъэжэхынщ. Фи щIыналъэм щежэх псыхэм хуэдэкъым абы щежэхынур, атIэ фи унагъуэхэм ялъкIэ зэхэщIа псы плъыжьщ». Апхуэдэу ягъэшынэну зэрыхэтым щхьэкIэ къэмынэу, зэщIэхъееныгъэм нэхъри зиубгъурт. Генерал Глазенап Къэбэрдейм зэщIэхъееныгъэр щызэтрикъутащ, къуажэ 80-м щIигъум лъапсэрыхыр къахуигъэкIуащ, къэбэрдей куэд дыдэ Псыжь адрыщIкIэ Iэпхъуэну ирихулIэри.



БыдапIэхэр зэраухуэм къыдэкIуэу, а щIыпIэм щыпсэухэри зэтраукIэрт, мэзхэр ираупщIыкIырт. Ауэ щыхъукIи, пэIудзэ быдапIэхэр щаухуэр гъавэ нэхъ щащIэ тафэхэр арат. Апхуэдэ щIыкIэкIэ пщылIыпIэ ирагъэувахэм я гъащIэр сыт и лъэныкъуэкIи пащтыхь администрацэм елъыта хъурти, абы Iэмал игъуэтырт жыIэмыдаIуэхэм «Iэщ ягъэхъуну, гъавэ къагъэкIыну хуит имыщIыну».

Пащтыхьым и зэрыпхъуакIуэ политикэм и бий бэнэныгъэм 1809-1810 гъэхэми Къэбэрдейм щыпищащ. А бэнэныгъэм и пашэ къэбэрдеипщхэм я мурадт цIыхухэр Кавказ линием пэгъунэгъу тафэхэм ирашурэ, нэхъ бгылъэ щIыпIэхэм ягъэIэпхъуэну. Пщыхэм я унафэм щIэт цIыхухэм ядакъым бгылъэхэм Iэпхъуэн. А жыIэмыдаIуагъэр псынщIэу къэзыгъэсэбэпа пащтыхь администрацэм Iэмал игъуэтащ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ бэнэныгъэм пащэныр къызэпиудыну. Я унафэм щIэт цIыхухэр яIэщIэкIынкIэ зэрыхъунум пщыхэр игъэгузэващ икIи иджыпстукIэ яIэ политикэ, экономикэ ефIэкIыныгъэхэр къыхуагъэнэжыну ягъэлъэIуэн папщIэ Бытырбыху ягъэкIуэну лIыкIуэхэр пIэщIэгъуэкIэ ягъэхьэзыру щIадзащ. Иджыпстуи, ипэIуэкIи ещхьу (нэгъуэщIу жыпIэмэ, XVIII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм) пащтыхь администрацэм къэбэрдейхэм яку дэлъ социальнэ зэгурымыIуэныгъэхэр Iэзэу къигъэсэбэпащ абыхэм я зэщIэхъееныгъэр зэкъуиудынымкIэ. Апхуэдэ политикэм кърикIуащ зэрыпхъуакIуэхэм я бий бэнэныгъэр аргуэру къэтIэсхъэныр. Абы щхьэкIи къэмынэу, 1810 гъэм генерал Булгаковыр и пашэу Къэбэрдейм цIыхухэр зэтезыукIэн экспедицэ къагъэкIуащ. Зауэ гуащIэхэр щекIуэкIащ Бахъсэн, Щхьэлыкъуэ, Шэджэм, Налшык псыщхьэхэм.

Мэлыжьыхьым и кIэм Екатеринодар къикIри, Булгаковым и дзэм гъусэ къахуэхъуащ генерал Дельпоццэ и зауэлIхэр. А экспедицэм къурикIуаращи – къуажэ 200 къанэ щымыIэу зэтрагъэсхьащ. Генерал Булгаковым абы теухуауэ итхыгъащ: «...къэбэрдей цIыхубэм мыпхуэдиз хэщIыныгъэ щигъуэта нобэр къыздэсым щыIакъым, иджыпсту ди зауэлIхэр щыхъунщIэ щIыпIэхэм ди дзэр зэи нэсакъым икIи къуажэ 200 дгъэсам щафIэкIуэдам хуэдиз хэщIыныгъэ адыгэхэм зэи яIакъым». Уеблэмэ, властхэр дзэхэм я унафэщIхэу щыта генералхэу Тормасовымрэ Булгаковымрэ егиен хуей хъуащ «егъэлеяуэ зэрыгущIэгъуншахэм икIи цIыхугъэм и мардэ псоми зэребэкъуахэм» щхьэкIэ. «Хъыбар къытIэрыхьэхэр уи фIэщ пщIымэ, – итхащ дзэ министр Барклай де Толли, – къэбэрдейхэмрэ Псыжь адрыщIрэ я бий зекIуэр зыхуэунэтIар ахэр хъунщIэнымрэ я псэуалъэхэр зэтегъэсхьэнымрэт: хэкIыпIэншэу къэна лъэпкъхэмрэ абыхэм я гъунэгъухэмрэ къытхуаIэ лъагъумыхъуныгъэр а гущIэгъуншагъэм нэхъри зэщIигъэплъауэ аращ, ахъумэ а лъахэм мамырыгъэр щызэфIэгъэувэным зыкIи хуэсэбэпакъым».

1810 гъэм Булгаковым иригъэкIуэкIа зекIуэм, къэбэрдейхэр шыгъу къызыхах гуэлхэм зымыгъакIуэ, я Iуэхур езыгъэкIакIуэ нэгъуэщI унафэхэуи пащтыхь администрацэм къищтахэм яужькIэ Iэщыр куэду зэтелIэу щIидзащ, арыншами ета емынэ узым нэхъри зиубгъуащ.

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэр къэзэуным хуэунэтIауэ пащтыхьым иригъэкIуэкIа зауэм и тхыдэм лъэхъэнэщIэу хэуващ генерал Ермоловым и зэманыр. Абы и зэрыпхъуакIуэ мурадхэм бжьыпэр щиIыгът бгырысхэр залымыгъэкIэ къэгъэIурыщIэным. 
Уебэмэ, езы Ермоловми мызэ-мытIэу жиIащ «ар емыпIэщIэкIауэ, хуэм-хуэмурэ, ауэ ерыщу, яхуэIыгъынум хуэдиз нэхърэ нэхъыбэ къамыубыдурэ, лъэ быдэкIэ щыуву, къатеуэнкIэ шынагъуэ здэщымыIэж хъуа щIыпIэхэм фIэкI имытIысхьэурэ егъэкIуэкIын зэрыхуейр». Апхуэдэ политикэмрэ стратегиемрэ IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ генерал-лейтенант Вельяминов А. Кавказ корпусым и командир барон Розен 1833 гъэм и накъыгъэм хуигъэхьа планым:

«1. Бгыхэм уи лъэр быдэу щыбгъэувынымрэ абы щыпсэу лъэпкъхэр къэбгъэIурыщIэнымкIэ укъэзымыгъэпцIэжын Iэмал нэхъыщхьэ дыдэр мы лъахэм нэхъ мыхьэнэшхуэ щызиIэ щIыпIэхэм быдапIэхэр щыухуэнырщ.

2. Бгырысхэр нэхъ псынщIэу къэгъэIурыщIэныр елъытащ абыхэм тафэхэр къатехауэрэ, къэзакъ жылагъуэхэр игъэтIысхьэным.

3. Абыхэм я гъавэ щIапIэхэм зэкIэлъхьэужьу илъэситхукIэ псы ибгъэжыхьыжмэ, адэкIэ Iуэхур нэхъ тынш хъунущ.

4. Сэ сызэреплъымкIэ, нэхъыфIыр гъавэ щIапIэхэм псы игъэжыхьыжыным къыщыщIэбдзэнырщ. Тафэхэр дубыдурэ, къэзакъ жылагъуэхэр идгъэтIысхьэн хуейщ. ИтIанэ къэзакъхэр зэрытIысхьа щIыпIэхэм быдапIэ тэмэмхэри щыбухуэ хъунущ».

Кавказ линие жыхуаIэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр 1821-1822 гъэхэм къэбэрдеищIым нэхъ кууэ хыхьэщ, бгы жьэгъухэм еуэлIапэу кIуатэщ, Балъкъ, Бахъсэн, Шэджэм, Налшык, Шэрэдж, Урыху псыхъуэхэм быдапIэхэр дащIыхьри, къурш аузхэм я дыхьэпIэ-къыдэкIыпIэхэр ягъэбыдащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэбэрдейхэм IэщIагъэкIащ тафэ щIыналъэхэмрэ хъупIэхэмрэ. Къэ-

бэрдей линием теухуауэ ищIа докладымкIэ Ермолов А. П. штаб нэхъыщхьэм и унафэщIым 1822 гъэм шыщхьэIум и 28-м хъыбар иригъэщIащ «КъэбэрдеищIхэмкIэ зыкъэдухъуреихьын папщIэ, а щIыхэм щыпсэухэр япэм зэрыщытахэм хуэмыдэжу зэщыскъуэри, Балъкъръэ Псыжьрэ я зэхуакум щIыналъэшхуэ къыдэзнащ иужькIэ урыс къуажэхэр е линейнэ къэзакъхэр нэхъыбэIуэу идгъэтIысхьэн папщIэ».

Ермоловым пищэрт къэбэрдей жылагъуэм урыс административно-суд зехьэкIэр щызэтеублэным теухуауэ езым и пэкIи ирагъэкIуэкIа политикэм. Абы къызэригъэщащ «ПIалъэкIэ лажьэ Къэбэрдей судыр». А судым и къалэнхэм къыхагъэкIащ уголовнэ Iуэхухэм хэплъэныр. Дин властхэр хуиттэкъым граждан Iуэхухэм хэIэбэну. ШэрихьэткIэ зыхэплъэну хуитыр унагъуэ псэукIэм пыщIа Iуэхухэрт. «ПIалъэкIэ лажьэ Къэбэрдей судым» администратор къалэнхэри игъэзащIэрт. Урыс зауэлI къулыкъущIэхэм я нэIэм щIэт судыр а къулыкъущIэхэм я унафэр пхызыгъэкI гъэзэщIакIуэ орган хъуащ. Суд Iуэхум Ермоловым хилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм Къэбэрдейм и жылагъуэм и политикэ, экономикэ хуитыныгъэхэр куэд дыдэкIэ игъэмэщIат.

ИщхьэкIэ зэрыжытIауэ, Балъкъръэ Псыжьрэ я зэхуаку дэлъ щIыхэм адыгэ жылагъуэхэр ирагъэкIыурэ, быдапIэхэр щаухуэу зэрыхуежьам къыхэкIыу, 1822 гъэм пщыхэмрэ дин лэжьакIуэхэмрэ я унафэм щIэту зэрыпхъуакIуэхэм я бий бэнэныгъэм Къэбэрдейм зыщиубгъуащ. БыдапIэхэм теуэхэрт. Апхуэдэу 1823 гъэм ягъэсащ Круглолес быдапIэр, 1825-м – Солдатскэр. Ермоловыр

лъыщIэж зекIуэкIэ Къэбэрдейм ихьащ, жылагъуэхэр зэтригъасхьэурэ. Абы къыдэкIуэуи, Урысейм къыгуэкIыжа пщыхэм къуэды пэлъытэу яжриIащ абыхэм я унафэм щIэт цIыхухэр щхьэхуит зэрищIыр икIи абыхэм ябгъэдэлъ щIым езыхэр зэрыхуеймхуэдэ дыдэу унафэ тращIыхьыну зэрыхуитыр. Еромоловым къыгурыIуэрт зэрыпхъуакIуэхэм я бий бэнэныгъэм хэт цIыху зэхуэмыдэхэр зыхущIэкъу политикэ мурадыр зэтехуэми, языныкъуэ социальнэ гупхэм езыхэм я мурад щхьэхуэхэр зэраIэжыр. Жылагъуэм езым яку дэлъ зэгурымыIуэныгъэхэр къигъэсэбэпурэ, абы и мурадт зыкъэзыIэтахэм я бэнэныгъэм и къарур щIихыну, абыхэм ягухьэхэр игъэмэщIэну. Къэбэрдей мэкъумэшыщIэхэр щхьэхуит щIыным теухуауэ Ермоловым Урысейм бгъэдэкIыжа пщыхэм папщIэ къищта унафэр езы генералым и унафэр зэрыпхигъэкIын Iэмал къудейуэ арат. Абы и щыхьэтщ генералым аргуэру пщыхэм зэрызахуигъэзам щыжиIар – пащтыхьым и бий бэнэныгъэм къыхэкIыжмэ, «я цIыхухэм деж япэм щаIа хуитыныгъэхэр» яритыжыну къызэригъэгугъар. Къэбэрдеипщ зыкъэзыIэтахэм яйуэ щыт языныкъуэ мэкъумэшыщIэхэр Ермоловым и унафэкIэ бгыхэм кърагъэхащ икIи урыс администрацэм къыбгъэдэкIыу щIы Iыхьэ иратахэщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Налшык пэгъунэгъуу щытIысащ Вольнэ АулкIэ зэджэ жылагъуэщIэ, унагъуэ 200 хъууэ.

Урыс пащтыхьым и Iумэтым иувэну зымыдэ къэбэрдеипщхэр Псыжь адрыщIкIэ Iэпхъуэри, Зеленчук, Уарп аузхэм дэтIысхьащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ ахэращ «къэбэрдей хьэжрэтхэр» зыхужаIар.

Пщыхэу Айтэч Жамболэтрэ Касаев Исмэхьилрэ я унафэм щIэт зауэлI гупхэр Псыжьыщхьэ къедзылIа щIыпIэхэм БатIалпаша, Бе-

ломечет, Невинномысск, нэгъуэщIхэми 1825 гъэм щызэуащ.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэм къарикIуаращи, XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм Урысейм зригъэхъулIащ Къэбэрдейр зауэкIэ къигъэIурыщIэу Урысейм хигъэхьэныр.

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм Къэбэрдейр зэрыхэтам и иужьрей лъэхъэнэр зыхуэзэр XIX лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэрщ.

1846 гъэм и мэлыжьыхь мазэм Дагъыстэнымрэ Шэшэнымрэ я Iимам Щамил топи 8 зиIэ зауэлI мин 20 щIыгъуу КъэбэрдеймкIэ зекIуэ къежьащ, Зауэ-Куржы гъуэгур къиубыду, Псыжь адрыщIкIэ щыIэ адыгэхэм запищIэн, Кавказ Ищхъэрэм щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэм зыщригъэубгъун и мураду. Урыс дзэ администрацэм и къару псори Кавказ линием къыхуигъэIэгъуащ. Щамил и гъуэгур зэхуащIынкIэ къэгузавэри, Псыжь адрыщIкIэ къикIыну адыгэхэр къэсыным пэмыплъэу, ШэшэнымкIэ икIуэтыжащ. Абы щIыгъуу кIуащ къэбэрдей мэкъумэшыщIэ куэд, пщырэ уэркъыу 37-рэ. Абыхэм ящыщ Анзор Мыхьэмэтмырзэ Шэшэн ЦIыкIум и нэIибу Щамил игъэуvауэ щытащ.

Аращи, XVIII лIэщIыгъуэм и кIэухым – XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм пащтыхьым и бийуэ Къэбэрдейм щекIуэкIа щхьэхуитщIыжакIуэ бэнэныгъэр, Кавказым и КъуэкIыпIэмкIи КъухьэпIэмкIи щрагъэкIуэкIа бэнэныгъэхэм хуэдэ дыдэу, зэрыпхъуакIуэхэм я бий бэнэныгъэу щытащ.

**ДЗЭМЫХЬ Къасболэт,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор*



Анапэ щыщ адыгэ зауэлI.
Сурэтыр зыщIар ГАГАРИН Григорийщ

# ІЭЩІАГЪЭР ЛЪЭПКЪЫМ И ФАЩЭЩ



*Дэ ди псэлъэгъущ Къэбэрдей-Балъкъэр Лъэпкъ музейм и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат* **Накуэ Феликс.**

**— Феликс, пасэрей адыгэхэм тхыбзэ яІауэ жызыІэ щыІэщ. Уэ дауэ уеплърэ абы?**

— Мейкъуапэ культурэкІэ зэджэм къыщыщІэддзэнщи, профессор Турчанинов Георгий и тхыгъэхэм къазэрыхэщымкІэ, адыгэхэм тхыбзэ яІащ. Мейкъуапэрэ Сыхъумрэ мывэм къыхэІущІыкІауэ тхыгъэ гуэрхэри къыщагъуэтыжащ. Абыхэм Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм тхыбзэ гуэрхэр яІауэ уи фІэщ ящІ. Зэман дэкІыу, зауэбанэхэм ІэщІыб ирагъэщІауэ, абыхэм я зэранкІэ кІуэдыжауэ къыщІэкІынущ. Апхуэдэу къэхъуами, зыгуэрхэр къэдгъуэтыжыну, пасэрей тхыпхъэжьхэм щыгъуазэ захуэтщІыжыфыну догугъэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ куэд тфІэкІуэдащ. Тхыпхъэхэм я гугъу тщІымэ, езы «тхыпхъэ» псалъэм куэд къыбжеІэ. Щапхъэ зыбжанэ къэтхьынщ. Адыгэбзэм хэтщ «гъэдэхэн», «гъэщІэрэщІэн» псалъэхэр. Ахэр нэхъ зэпхауэ щытыр тхыпхъэхэрщ. Тхэнымрэ а зи гугъу тщІы тхыпхъэхэмрэ зэпэщІэпх мыхъуну зэпхащ. ДызэреплъымкІи, а псалъитІри къызытекІар, я къежьапІэр «итхъэн» жыхуиІэрауэ къыщІэкІынущ. Пасэхэм мывэ джэхум зыгуэрхэр къыщратхъэу, тращІэу, кхъуэщынхэм, пхъэхэм тратхэу къежьагъэнущ. ИужькІэ иризэхуэтхэу хьэрф гуэрхэри къагъэщІагъэнщ, языныкъуэ хьэрфхэри иужькІэ дамыгъэхэм хуэкІуэжауэ къыщІэкІынущ. Ар зэрыщытар иджы къэпхутэжыну гугъу дыдэщ.

Мамыру псэумрэ зауэ-банэм хэмыкІыу зи гъащІэр езыхьэкІымрэ я дуней тетыкІэр хуабжьу зэщхьэщокІ. Адыгэр нэхъыбэу зэрацІыхуу щытар ІэщакІуэ щхьэмыгъазэ лъэпкъыущ. Хамэ щІыпІэхэм къикІа щІэныгъэлІхэм, къэхутакІуэхэм апхуэ-

дэущ зэратхыр. Лыхъусэжь (рыцарь) къыхужаIэрт адыгэлIхэм. ГъэщIэгъуэнщ мы щапхъэр: урыс инэралыжь гуэрым 19-нэ лIэщIыгъуэм итхыжащ адыгэхэр пасэ зэманым щIым елэжьу, зауэбанэ хэмыту,мамыру псэу лъэпкъыу щытауэ. Нарт эпосыр къатщтэмэ, Сосрыкъуэ и джатэр къызыхащIыкIар Тхьэгъэлэдж и шэмэджыращ. Абы къегъэлъагъуэ адыгэхэр нэхъ мамыру щытауэ, ауэ къекIуэкIыурэ а шэмэджым джатэр къыхащIыкIыжынхуейхъуащ. ГъэщIэгъуэн куэд хэтщ эпосым.

**— IуэрыIуатэмрэ лъэпкъым и къекIуэкIыкIамрэ зэпхауэ къэплъытэрэ?**

— Iэмал имыIэу. Япэхэм IуэрыIуатэм мыхьэнэ лъэпкъ имыIэу къызыщыхъухэр щыIамэ, апхуэдэ еплъыкIэр зэрыщыуагъэр наIуэ тщищIащ Генрих Шлиман нэмыцэ къэхутакIуэм. Абы, эпосыр къигъэсэбэпурэ, 19-нэ лIэщIыгъуэм икIэхэм Трое къалэр къигъуэтыжауэ щытащ. ДызэреплъымкIэ, нарт эпосым тэмэму ухэплъэжмэ, абы тхыдэм и Iыхьэшхуэ куэд къыхэбгъуэтэнущ. Лыхъусэжь культурэ жыхуаIэр къатщтэмэ, апхуэдизу Iэщэ-фащэр лъэщу, физикэм и хабзэхэм тету щIащи, ари умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

140 **— Адыгэхэм Iэщэ-фащэхэм, Iэмэпсымэхэм,сынхэм тращIыхьу щыта тхыпхъэхэм укъытхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэ хъунт.**

— ГъэщIэгъуэну мыбы куэд дыдэ епхащ. Адыгэм зэрыжиIащи, псоми хабзэ гуэр яIащ. Тхыпхъэ гуэрхэр сыным традзэу, зыгуэрхэри фащэм ирахьэлIэу къекIуэкIащ. Ахэр зэщхьэщыкIыу, абыхэм мыхьэнэ гуэрхэр яIэу щытащ. Псалъэм папщIэ, нысащIэр унагъуэм къыщихьам деж «лъапэ махуэ къипхьауэ къыщIигъэкI!» жаIэ, хъуэхъу дахэ куэди щыIэщ. Адыгэм и псалъэр мыхьэнэ, купщIэ гуэр имыIэу жиIэртэкъым. Хъуэхъу дахэхэмкIэ ди адэжьхэм жаIэну зыхуейгупсысэхэр тхыпхъэхэмкIэ къагъэлъагъуэу, Iэщэфащэхэм тращIыхьу щытауэ жыпIэ хъунущ.

Я зэщхьэщыкIыныгъэхэм я гугъу тщIымэ, цIыхубзхэм къагъэсэбэп фащэхэм, цIыхухъу Iэщэхэм епхауэ тхыпхъэ зыбжанэ къэтхутэжащ. Мыри гъэщIэгъуэнщ: шэрхъым и теплъэр, абы и псынщIагъыр къагъэлъагъуэу, ар дыгъэм ирагъэщхьу, абы и къарур, и мыхьэнэ гуэрхэр къызытещ адыгэ тхыпхъэхэми куэд къаIуатэ. Дыгъэмрэ шэрхъымрэ апхуэдэ зэгъэпщэныгъэ бгъэдалъхьэу щIыщытар зы къару гуэр езыхэми къаритыж хуэдэу ябжырти арагъэнщ. Тхыпхъэхэм философие гупсысэу щIэлъар ид-

жыпсту нэсу зыхэтщӀэжыну си фӀэщ хъуркъым.

**— Адыгэ къамэм, сэшхуэхэм я щӀыкӀэми ятхыдэми утедгъэпсэлъыхьынут.**

— Адыгэ Ӏэщэм хуэдэу Ӏэрыхуэ дунейм тетакъым. Сэшхуэр къатщтэмэ, японхэми яӀэщ мы сэ лӀэужьыгъуэм хуэдэ гуэр, ауэ ди адыгэ щӀыкӀэм нэхърэ нэхъыфӀрэ нэхъ псынщӀэрэ зыми ищӀыфакъым.Апхуэдэу зэрыжысӀэм щхьэкӀэ, щӀэгъэтхъауэ ди Ӏэщэ-фащэхэм сащытхъуу къащыхъуну сыхуейкъым. Сэ инженер физикэрщ сызыхуеджар. Абы Ӏэмал къызитащ сэшхуэхэм, джатэхэм я щӀыкӀэхэм нэхъ зыубгъуауэ селэжьыну. ГынкӀэ ягъауэ фоч, фокӀэщӀ жыхуаӀэхэр нэхъ иужькӀэщ къыщежьар. НэгъуэщӀхэм я шуудзэр зэуапӀэм Ӏухьамэ, фочыфӀым нэхърэ сэшхуэ е къамэ нэхъ къащтэрт. Фочыр зэ бгъэуамэ, гынкӀэ бузэдыжыным зэманышхуэ ихьырт. Гугъут ар лъэныкъуэкӀэ зэбгъэтӀылъэкӀыу, нэгъуэщӀӀэщэ къэпщтэнуи. Дэ ди Ӏэщэмрэ фащэмрэ апхуэдизкӀэ зэгъэкӀуауэ, псори зэпэлъытауэ щӀащи, фочыр бгъэуа нэужь, сэшхуэр псынщӀэ дыдэу къипхыу зэман куэд имыхьу бгъэӀэрыхуэну ухунос. Тхыгъэхэм къызэрыхэщымкӀэ, адыгэлӀым лъэбакъуэ тӀощӀнэхъ къыхуэмынэжауэ фочыр бийм тригъапсэрт, итӀанэ ар зригъэтӀылъэкӀырти, джатэр кърихырт. А псор зы напӀэдэхьеигъуэм къэхъурт. Сэшхуэр къыщӀрипхъуэтыр зрихъумэжыну аратэкъым — зэуам занщӀэу техуэн щхьэкӀэт. СэшхуэкӀэ кърадза уӀэгъэм цӀыхурйолӀыкӀ. Шур хьэмкӀэу щыкӀуэм а метр 15-20-р напӀэзыпӀэмекӀу. НтӀэ, мис а меданым фочыр кърахрэягъауэу, зэрагъэтӀылъэкӀыжрэ сэшхуэр кърахыну зэрыхунэсыр хуабжьу сфӀэгъэщӀэгъуэн хъуауэ щытащ. ИужькӀэ зыщызгъэгъуазэурэ, адыгэ сэшхуэр а сампӀэм къызэрикӀсытхэр къызгурыӀуа нэужь, щӀэныгъэлӀым и псалъэхэр си фӀэщ хъуащ:ӀэбгъукӀэ сэшхуэр сампӀэм псынщӀэу къыбопхъуэтыф. Абы нэмыщӀ, адыгэ джатэ къуаншэр къатщтэрэ, Персым, Тыркум щащӀэхэм едгъапщэмэ, ахэр апхуэдизкӀэ къуаншэщи, пыджэным хуэщӀауэ щыткъым. Адыгэ сэшхуэр пыупщӀыным, пыгъэщыным нэхъ хуэщӀащ. Джатэр нэхъ къуаншэхукӀэ, бгъэшэрыуэнуинэхъ гугъущ. Адыгэр джатэ къуаншэм джатэшхуэпыджэкӀи йоджэ. Псалъэм папщӀэ, Сэнджэлей и уэрэдым хэтщ: Сэнджэлейуэ дзэшхуэ зезышэм джатэшхуэпыджэр неублэ.

**— Джатэ къуаншэр къыздикӀауэ хуагъэфащэр дэнэ?**

— Илъэс минихым нэблагъэ и ныбжьу, и щӀыкӀэкӀэ адыгэ джатэм ещхьу Ӏэщэ лӀэужьыгъуэ археологхэм ди щӀыналъэм къыщагъу-

этащ. Урысхэм я тхыдэм къыхощ Мэзкуу кремлым джатэ къуаншэр щащIу щытауэ. Ауэ адыгэхэм зэращIыр персхэм е венгрхэм ейхэм ещхьтэкъым. Къэбэрдейм къакIуэурэ, нэхъ гъукIэ Iэзэхэр ирагъэблагъэурэ, джатэ, жыр пыIэ, афэ джанэ, нэгъуэщIIэщэ-фащэхэм елэжьхэр Урысейм яшэу щытауэ тхыдэм къыхощ. Бадэ Къэлибадэ ищIа жыр пыIэ Мэзкуу и Оружейнэ палатэм щахъумэ. А псоми къагъэлъагъуэ адыгэ Iэщэм и мыхьэнэуэ щытар. 1593 гъэм Урысейм икIри Персым кIуат Звеногородский Андрей жыхуаIэр. Персхэм я пащтыхь Аббасым абы къригъэлъэгъуауэ щытащ налкъутналмэсрэ хъугъуэфIыгъуэу иIэр щихъумэу унэ гуэр. Индием, Тыркум къраша Iэщэ-фащэхэм я гугъу ищIурэ афэ джанэхэм щынэсым, ахэр адыгэхэм я деж зэрырашыр къыжриIащ. ГъэщIэгъуэнщ адыгэ Iэщэхэр персхэм я деж нэсауэ зэрыщытари. Абы имызакъуэу, Мысырми, нэгъуэщI хэгъуэгухэми ди Iэщэхэр щащIырт. Польшэм, адыгэхэми ещхьу, 16-нэ лIэщIыгъуэм шуудзэ къыщызэрагъэпэщауи щытащ. IэщэхэмкIэкъэдгъэзэжынщи,тхыдэм къыхощыж Урысей къэралыгъуэм 19-нэ лIэщIыгъуэм къагъэсэбэпу щыта шпагэхэр, саблэхэр, палашхэрIэщIыб ящIу, сэшхуэм фIэкIкъамыгъэнэжауэ зэрыщытар.Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, урысыбзэм хэт «Шашка» псалъэр къызытекIар «сэшхуэращ». Арсаугъэту яту, зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэхэм хуагъэфащэу, хьэщIэ лъапIэхэм ирихуэупсэу щытащ. Уеблэмэ орденхэми медалхэми сэшхуэр дамыгъэу традзэрт. Мис апхуэдэу ягъэлъапIэу щытащаIэщэр. ИкIи абы фIагъ и лъэныкъуэкIэ къытекIуэ зэрыщымыIам и щыхьэтщ Польшэм къыщыщIэдзауэ Китайм нэс, Мурманск дежщегъэжьауэ Бухара, нэс — а щIыналъэ псомисэшхуэркъыщагъэсэбэпу зэрыщытар.





Уэсмэн къэралыгъуэми, Балканми, Иранми, КъуэкIыпIэ Европэми, Азиеми, Африкэ Ищхъэрэми, уеблэмэ дуней псом зыщиубгъуауэ щытащ сэшхуэм. Абы къегъэлъагъуэ адыгэ Iэщэм къефIэкIына зэманым зэрыщымыIар.

**— Сэшхуэм, къамэм трагщIыхьу щыта тхыпхъэхэм, уэ узэреплъымкIэ, сыт хуэдэ мыхьэнэ яIэт?**

— Iэщэм куэд тратхэрт. Ар зыщIа дыщэкIым и дамыгъэр, и цIэр тритхэжу щытащ. Зы зэман дэкIри, хьэрыпыбзэкIэ, абы иужькIэ урысыбзэкIэ тратхэ хъуащ. Абы и пэкIэ традзэу щытахэмкIэ дгъэзэжмэ, зи гугъу тщIа шэрхъым хуэдэу псынщIэ, дыгъэм хуэдэу гуащIэ жиIэу— апхуэдэ мыхьэнэ гуэрхэр иIэу тхыпхъэ трагщIыхьырт.

**— Куэд щIауэ удихьэхрэ лъэпкъым къыдекIуэкIыу щыта Iэщэхэм ехьэлIа лэжьыгъэхэм?**

— Илъэс пщыкIутхум щIигъуауэ иужь ситщ аIуэхум. Хэку зауэшхуэм хэкIуэда ди адэшхуэм и фэеплъу ди анэшхуэм ихъума къамэр, къуажэм сыщыкIуэжкIэ гъэпщкIуауэ къасщтэурэ, зэпэсплъыхьу сIыгът. Абы и теплъэр сфIэгъэщIэгъуэнт, арапхуэдизкIэ гумрэ псэмрэ дыхьэу зыхэсщIати, адыгэ Iэщэм и тхыдэм, и щIыкIэм нэхъ кууэ зыщызмыгъэгъуэзэн слъэкIакъым. АIэщэр къыбгурыIуэн папщIэ, абы уелэжьыным имызакъуэу, къэхутэныгъэ гуэрхэми ухэмыту хъуркъым. Адрей лъэпкъхэми я Iэщэр зэрылажьэм, зыр адрейм къызэрыщхьэщыкIым ущыгъуазэу щытын хуейщ. Ахэр псори зыхэпщIэн щхьэкIэ, Iэщэ щащIкIэ къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэми урилэжьэфын хуейщ.

**— Адыгэ Iэщэм и мыхьэнэм дауэ узэреплъыр?**

— Пасэрейр адыгэлIым щыщIэупщIэкIэ, сыт и шыфэлIыфэ, жаIэу щытащ. Абы иужькIэ зыщIэупщIэр иIэщэ-фащэрт. АдыгэлIыр Iэщэ имыIыгъыу унэм щIэкIтэкъым. А тIурапхуэдизкIэ ныбжьэгъу зэхуэхъурти, псалъэм папщIэ, дунейм ехыжа нэужькIи, сэ, джатэ, джатэ къуаншэ дыщIалъхьэу щытащ. Абы нэмыщIкIэ, урысым «я», балъкъэрым «хож» жыхуаIэ псалъэхэм нэхърэ адыгэбзэкIэ зэрыжаIэ «сэ»-м нэхъ мыхьэнэ хэха иIэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, езы цIыхур зэрызэджэжымрэ иIэщэм зэреджэмрэ зэтехуэу къыщIэкIырти, а тIум я мыхьэнэр зэгъунэгъуу ялъытэрт. ЦIэпапщIэ «сэ» жыхуиIэр пасэрей Iэщэхэм зэреджэ псалъэхэм я пэм пытуи я кIэухми къыщыкIуэрт. Псалъэм папщIэ, маисэ, хуэшысэ, сэшхуэ, къамэщIэлъысэ, хьэджысэ,

нэгъуэщIхэри. Ар зэбгъэщхь хъунуращ: джэду шырыр унэм щIэсу къэхъуамэ, игъащIэкIэ дзыгъуэ имылъэгъуагъэнкIи мэхъу, ауэ зыгуэрым зигъэхъейуэ, е дзыгъуэ цIыкIу къилъэгъуамэ, апхуэдизкIэ и лъым хэтщи, ещакIуэу щIедзэ. Iэщэр ди лъым зэрыхэпщIам шэч лъэпкъ хэлъкъым. Ауэ абы къикIыркъымIэмал имыIэу зыгуэр букIынхуейуэ.

**— Джатэмрэ сэшхуэмрэ сыткIэ зэщхьэщыкIрэ?**

— Псалъэм папщIэ,урысхэм «меч», «сабля» жыхуаIэхэм адыгэр зэреджэу щытар «джатэщ». Ахэр къызытекIар зыщ. «Мечыр» япэщIыкIэдзитI иIэу къежьэри зы дзэм хуэкIуэжащ. Щапхъэу къэтхьынти нарт Сосрыкъуэ и хъыбарым хэт пычыгъуэ. *Лъэпщ сыт хуэдэ джатэ пхуэсщIын, жиIэу къыщеупщIым, Сосрыкъуэ гъэщIэгъуэну жэуап иритыжащ: Бий жыжьэр щышынэу, бий гъунэгъур хигъащIэу, уепыджмэ, пхрихыу, уеуэмэ, пигъэщу, жиIэри.* Абы нэмыщIауи, нартыжьхэм я уэрэдым хэтщ: *Си джатэжьурэ, уей дуней, хьэщхьэрыIуэдзэ, идзэпкъитIымкIэ, уей дуней, лъыпсыр йожэхыр.* Абы зи гугъу ищIыр урысхэм «меч» жыхуаIэж джатэращ. Абы дзитI иIэу, ауэ занщIэу зэрыщытарщ. Нарт хъыбархэм къахощыж Бэдынокъуэрэ Сосрыкъуэрэ хасэм щыIэу зэрызэныкъуэкъуар. Сосрыкъуэр мэгубжь, джатэр ныхетIэри, джатэ тIыгум нырокIуэри, джатэ Iэпщэм щыхетIэ. Джатэ тIыгур урысхэм «обух» жыхуаIэрщ. АдэкIэ,Бэдынокъуэри мэгубжь, и джатэр джатэ IэпщэмкIэ хетIэ, джатэдзэм нрожэри, джатэдзакIэм щыхетIэж.Ар зытепсэлъыхьыр урысыбзэкIэ зи гугъу тщIа палаш жыхуаIэу зы дзэрэ тIыгурэ зиIэ джатэрщ.Зэман докIри, захуэу къежьа палашым зыкъигъэшу щIедзэ. Палашым щхьэкIэ джатэ тIыгубгъу жаIэуи срихьэлIащ. Пэжщ, ахэр псори зы зэманым къагъэсэбэпу щытакъым. ЯпэщIыкIэ дзитI зиIэу, занщIэу щытар итIанэ зы дзэрэ тIыгурэ иIэу мэхъу. Абы иужькIэ зыкъигъэшу щIедзэри, джатэ къуаншэм хуокIуэж. Иджы ахэр зы лIэужьыгъуэу убж хъунущ. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэм хохьэ сэхэр. СэжьейкIи еджэу щыташ абыхэм. Лы зэIыхыным зы сэ, бжьэ матэм елэжьыным, пхъэм щхьэкIэ, зауэ-банэм щыхэтынум — нэгъуэщI къагъэсэбэпу щыташ. Иджы чым джыдэкIэщ зэрелэжьыр. Ауэ япэм зэращIу щытар, пхуэгъэIэрыхуэу щытмэ, куэдкIэ нэхътыншт. Чы пыбупщIынумэ, сэ нэхъ кIыхь къащти, ари хъунущ. Европэм, Америкэм «мачете» жаIэу, мэзхэм, чыцэхэм щыпхрыкIкIэ къагъэсэбэпу яIащ. Адыгэхэми апхуэдэ щIыкIэхэр

яIэт. Унащхьэм тралъхьэу щыта къамылым джыдэкIэ шэрыуэу упэлъэщынутэкъым. Чыусэ жыхуаIэр абы папщIэ къагъэсэбэпу хуожьэ. ИужькIэ, хуэм-хуэмурэ, а чыусэкIэ зэджэр зауэм къыщагъэсэбэп мэхъу. Аращ а Iэщэр къызытекIар.

Франджым и лIыкIуэу пащтыхь гуащэ Екатеринэ деж щыIа Де Сегюр итхыжащ мыпхуэдэу: «Къэбэрдейхэр гуфIэгъуэ сытхэм щызэхуэсмэ, хъыджэбзхэм фащэ дахэ дыдэхэр ящыгъщ. Я щIалэхэр зауэм хуэхьэзыру, зэщIэузэдауэ IэщакIуэхэщ. Ахэр зэпоуэ, зэдоджэгу, Iэщэ сыткIэ я зэфIэкIыр къагъэлъагъуэу. Нэхъ лIыгъэ къызыкъуэкIым нэхъ пщащэ дахэ дыдэр къигъэфэну хуитщ». ЩIым хэтIа чыр сэкIэ IэкIуэлъакIуэу къызэрыраупщIэхым тепсэлъыхьыуи гъэщIэгъуэн гуэру итхыжауэ щытащ.

**— Япэм адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта сэхэр хабзэ гуэрхэм тету ящIрэт, сыт хуэдэ гъущIыкIэт ахэр къызыхащIыкIыр?**

— Iэщэр къызыхэпщIыкIым, ар зэрыпсыхьам куэд елъытащ. Iэщэм епт теплъэм, и Iэпщэр зэрыпщIым, сампIэм зэрилъым, цIыхум зэрызэрихьэм, нэгъуэщIхэми мыхьэнэшхуэ иIэщ. Сыту жыпIэмэ, нэхъ псынщIэу къэзыгъэсэбэпыфыр текIуауэ, абы хунэмысар хэщIауэ аращ.



Урысыбзэк Iэ черкесский булат, черкесская выковка жиIэу щыIэщ. Булат, дамаск жыпIэми, термин куэд мэхъу. Абы къикIыр, гъущI куэд зэхагъавэри, зыр нэхъ ткIийуэ, адрейр нэхъ щабэу ахэр зэхохьэри, и дзэр быдэу, пиупщIым пэлъэщу мэхъу, Iэщэр зэпымыщIыкIыуи нэхъ къонэ.Адыгэхэм езыхэм къагъэщIыжауэ жыр яIащ, «жыр къуэлэн» жаIэу. Ар Урысейми, Тыркуми, Персми къагъэсэбэпу, мыр шэрджэс щIыкIэщ, жаIэу щытащ.

**— А сэшхуэм и Iэпщэр къызыхащIыкIыр сытыт? Арауэ къыщIэкIынт сампIэм нэхъ псынщIэу къыипхынуми иплъхьэжынуми нэхъ зэлъытауэ щытар.**

— Узахуэщ. Сэри си лэжьыгъэр къыщезгъэжьам сэшхуэ Iэпщэм и Iуэхур къызгурыIуэху адрейхэри къызгурыIуакъым. Сэшхуэм и Iэпщэр гъэщIэгъуэнщ. Псалъэм папщIэ, и теплъэр егъэлеяуэ, Европэм зэрыщащIым ещхьу, куэду зэхэлъкъым. Ауэ занщIэу мыдрей Iэщэхэм къахощ. Мыр тэмэму зджыну иужь сыщихьам, мывэм и лIэщIыгъуэ жыхуаIэм щыIа Iэмэпсымэхэми защызгъэгъуэзэн хуей хъуащ. А зэман жыжьэм уриплъэжмэ, цIыхум Iэмэпсымэ къызыхищIыкIыу щытар мывэрщ, къупщхьэрщ. Зэманыр кIуэурэ, Iэпщэм и теплъэми зихъуэжащ. Къагъуэтыжауэ щыIэ

къупщхьэхэри мыкIуэду ди нобэм къызэрысари умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Сэшхуэ Iэпщэр тыншу Iэгумйозагъэ. ЩIыхум и Iэмрэабырэ апхуэдизкIэ зэхуэхъуу ди адэжьхэм ящIыфырти, бгъэIэрыхуэну нэхътыншгъуэтыгъуейт.Къэзакъхэми дыдейм трашIыкIыжа Iэщэр яйуэ жаIэу, кърахыу, ягъэкIэрахъуэу урохьэлIэ. Ауэ, иджыри зэ жысIэнщи, адыгэ сэшхуэм, абы и псынщIагъым, и фIагъым хуэдэ щыIэу сэ сщIэркъым.

**— Иджыпсту а Iэщэр вгъэлъагъуэу, дунейм къызэрыщевгъэщIыхуным яужь фит, лэжьыгъэ гуэрхэр евгъэкIуэкIрэ абы теухуауэ?**

— Апхуэдэ Iуэху къыдохуэкI. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъу-щи, мылъку уимыIэмэ, пхузэфIэкIынышхуи щыIэкъым. АбыкIэ къыддэIэпыкъуфын гуэр дгъуэтамэ, мы Iуэхум теухуауэ мылъкукIэ зыфщIэдгъэкъуэнщ, жиIэу зыгуэр къэувыфатэмэ, утемыукIытыхьыну, утыку урихьэфыну гъэлъэгъуэныгъэ дахэхэр къызэдгъэпэщыфынут. Ди адэжьхэм къадэгъуэгурыкIуа IэщIагъэхэр ди лъэпкъым и фащэщ. Ар ди деж щыдгъэкIуэдыжыныртхуэфащэу къэслъытэркъым.Абы нэмыщIауи, дунейм лъэпкъыу тетым едгъэлъагъуфынутдиIэщэхэр абыхэм яйхэм ефIэкIыу зэрыщытар.Адыгэ шу, шуудзэ жыхуаIэм хуэдэхэри тхузэгъэпэщынут. Ухуеймэ, Японием, Америкэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми дгъэкIуэфынут.Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, аIуэхур кIуатэркъым.



**— Уи хъуэпсапIэхэр Тхьэм нэрылъагъу ищI.**

Епсэлъар **НАФIЭДЗ Мухьэмэдщ**

# Дахагъэм къыхуигъэщIа



Макъ хьэлэмэтрэ теплъэ дахэрэ зиIэ, цIыхубз зэпIэзэрыт, зи лэжьыгъэм темызашэ... Апхуэдэ псалъэ куэд хужыпIэфынущ Налшык дэт Музыкэ театрым и артисткэ пашэхэм ящыщ Мэз Джульеттэ.

Джульеттэ артист IэщIагъэм пасэу дихьэхащ. Абы бгъэщIэгъуэни хэлъкъым, сыту жыпIэмэ, къызыхэкIа унагъуэр дахагъэм хуэпсэухэм ящыщщ. И адэ Iэниуар «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэу щытащ, и анэ Светланэ культпросвет училищэм и режиссер къудамэр къиухащ. Я быныр езыхэм я лъагъуэм ирикIуэжыну зэрыхущIэкъум адэ-анэр щыгуфIыкIыпхъэт. АрщхьэкIэ адэм, гъуазджэм и IэнатIэм ущылэжьэным пыщIа гугъуехьхэм щыгъуазэти, пхъум и мурадыр диIыгъыртэкъым. Дауэ щымытми, хъыджэбз ерыщым и хъуэпсапIэм и Iэр тригъэхуащ. Шэч хэлъкъым, абы и артист зэчийм зыкъызэкъуиха нэужь, адэри абы зэрыщыгуфIыкIыжам.

Джульеттэ зыхэтхэм къахэпэжыкIыу, Налшык дэт музыкальнэ училищэм, иужькIэ Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ, институтым щеджащ. 2000 гъэ лъандэрэ Музыкэ театрым и артисткэщ. Япэу игъэзэщIахэм ящыщщ Штраус и «Летучая мышь» опереттэр.

– Сыдихьэхыу селэжьащ Адель и ролым, – игу къегъэкIыж Джульеттэ, – сыту жыпIэмэ, ар си хьэлым къытехуэрт. Спектаклхэм нэхъыбэу къыщыспэщIэхуэр жьы зыщIэт цIыхубз цIыкIухэм я образхэрщ. Си гугъэмкIэ, ахэри мыIейуэ къызохъулIэ. Апхуэдэщ режиссер Теувэж СультIан игъэува «Мистер Икс»-м щызгъэзэщIа, циркым и джэгуакIуэ Марие и ролыр. 147

Артистыр цIыху куэдым я пащхьэ йоувэ. Абы и лэжьыгъэр къызэрехъулIэм и мардэр зыгъэуври театреплъырщ. Уеблэмэ а мардэр наIуэ къохъу артистыр сценэм къимыкIыж щIыкIэ. Творческэу убгъэдэмыхьэмэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, уи псэр хыумылъхьэмэ, бгъэзащIэ ролыр нэсу къохъулIэнукъым. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ иIэу и IэнатIэм пэрытщ Мэз Джульеттэ. Ар зэхуэдэу дихьэхыу йолэжь сыт хуэдэ ролми. Къэтщтэнщ сабийхэм папщIэ ягъэув таурыхъхэр. И теплъэмрэ и зэчиймрэ тращIыхьурэ лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я ролхэр щIэхщIэхыурэ къылъагъэс Джульеттэ. Уеблэмэ, зы спектаклым ролитI щыщигъэзащIи къэхъуащ, сымаджагъэм е нэгъуэщI щхьэусыгъуэ гуэрым къыхэкIыу къэмыкIуэфа артистым и пIэкIэ.

– Псом хуэмыдэу сигу къинэжахэм ящыщщ Кажлаев Мурад и мюзиклым щызгъэзэщIа Валида и ролыр. Ар игъэуват Адыгэ театрым никIыу ди деж нагъэкIуа Дэбагъуэ Роман. Абы дэлэжьэн щыщIэздзам къызгурыIуащ зэзгъэпэщауэ си гугъэж Iэзагъэм иджыри куэд зэрыхущыщIэр. Дэбагъуэм дигъэлъэгъуащ лэжьэкIэщIэ, IэмалыщIэхэр, – жеIэ Джульеттэ.

Спектаклыр купщIафIэмэ, режиссер Iэзэм игъэуврэ актёрхэри фIыуэ щыджэгумэ, ар, шэч хэмылъу, цIыхум ягу дыхьэнущ, гъащIэ кIыхьи иIэнущ. Арауэ къыщIэкIынщ Дэбагъуэр зытегушхуа лэжьыгъэр актерхэми театреплъхэми ягу къыщIинар.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей зэманым и нэщэнэхэр къызыхэщ

пьесэхэр бгъэувыну  и ужь уихьэмэ, утыкум нэхъыбэу щыплъагъунур дыгъуэгъуакIуэхэрщ, лIыукIхэрщ, наркотикым дихьэхахэрщ, щхьэрыутIыпщ хъуа цIыхубзхэрщ. Абы къыхэкIыу, гъэщIэгъуэн хэлъкъым классикэм къытращIыкIа спектаклхэм ди зэманым цIыхухэр нэхъыбэу зэрыдихьэхым. Зи гугъу сщIы Iуэхугъуэхэм Джульетти ягъэпIейтей: «Ди зэманым театрхэм пьесэщIэу щагъэувыр мащIэ дыдэщ. Зыбжанэрэ ягъэувахэм къытрагъэзэж, нэгъуэщI зэрамыгъуэтым къыхэкIыу. Ди тхакIуэ щIалэхэр драматургием дегъэхьэхын, Iуэхушхуэхэр зэпкърыхыным тегъэгушхуэн хуейщ».

Ди театрхэм иужьрей зэманым щагъэлъэгъуащ Думэн Мурадин и пьесэм къытращIыкIа «Хьэбалэрэ Хьэбашэрэ» гушыIэ спектаклыр. Джульеттэ Iэзагъышхуэ хэлъу абы щигъэзэщIащ Данизэт и ролыр.

– Къуныжь Алим, Думэн Мурадин, Щэрмэт Людэ, Калабековэ Иринэ сымэ ядэщIыгъуу зы спектаклым сыщыджэгунып си дежкIэ жэуаплыныгъэшхуэт, икIи абыхэм задезгъэкIуным сыхущIэкъуу селэжьащ а ролым, – игу къегъэкIыж Джульеттэ.

Лъэпкъ театрхэм гулъытэ нэс ягъуэтрэ ди зэманым? А упщIэм жэуап  нэс езытыфынур абы щылажьэрщ – артистырщ. Джульеттэ зыгъэгуфIэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ ди театреплъхэр нэхъыбэ зэрыхъужар, унагъуэкIэрэ жыджэру спектаклхэм къызэрекIуалIэр. Театрыр лъэпкъым ейщ, лъэпкъыбзэр, хабзэр ехъумэ, зэманымрэ цIыхумрэ зэпещIэ. Ауэ щыхъукIэ, театрым цIыху гъащIэм къалэнышхуэ щегъэзащIэ. Ар фIыуэ къызыгурыIуэхэм ящыщщ Джульеттэ.

Зыхалъхуа зэманым зэрезэгъымкIэ, къызыхэкIа лъэпкъым зэрыхуэпэжымкIэ, и ныбжьэгъухэм, и лэжьэгъухэм  зэрадэхъумкIэ щхьэж езым и хьэлыр къегъэнаIуэ, и цIыху щIыкIэр сэтей къещI. А Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ дагъуэншэу жыпIэ хъунущ Джульеттэ – ар и хьэл-щэн дахэрэ и цIыхугъэкIэ щапхъэ зытрахым хуэдэщ. Театрым къищынэмыщIауэ, а цIыхубз гуащIафIэр дехьэх уэрэд жыIэнми. Уэрэдхэм я нэхъыбэр езым етхыж, икIи цIыхухэм ягу дыхьэу егъэзащIэ. Утыкушхуэ зэрихьамкIэ, ди  гъунэгъу республикэхэм мызэ-мытIэу и концертхэр зэрыщитамкIэ Джульеттэ фIыщIэшхуэ хуещI псалъэкIи IуэхукIи зыкъыщIэзыгъэкъуа Бейтыгъуэн Iэуес.



Джульеттэ гъуазджэмкIэ колледжым вокалыр щрегъэдж.  И гъэсэн цIыкIухэр и бынхэм яхуигъадэу фIыуэ зэрилъагъур белджылы къохъу абыхэм я зэчийм, я къэкIуэнум щытепсэлъыхькIэ:

– Культурэм и къежьапIэр гъэсэныгъэрщ. Умыгъэсамэ, тхылъ уеджэкIи театрым укIуэкIи уи культурэм куэд пхухэгъэхъуэнукъым. Ди щIэблэр щапхъэфIхэм щIэпIыкIын хуейщ. Абы щыгъуэщ ахэр гъэса щыхъунур, я зэфIэкIым щыхэхъуэнур, ди культурэри ипэкIэ щыкIуэтэнур. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр сэ икъукIэ сигу ирохь, си гъэсэн цIыкIухэм я зэфIэкIым дэрэжэгъуэ къызет, дамэ къыстрегъакIэ. Сэ езгъэджа хъыджэбз цIыкIу Санкт-Петербург дэт университетым и эстрадэ-джаз къудамэм щIэтIысхьащ, зэгъусэу дгъэхьэзыра программэмкIэ пхыкIри.

Дахагъэм къыхуигъэщIа артисткэ Iэзэр икIи унэгуащэ хъарзынэщ. Езыр зыщIапIыкIа хабзэхэм и щIалэмрэ и хъыджэбзымрэ хуегъасэ. И щхьэгъусэм,  нэгъуэщI IэщIагъэ иIэми, гъуазджэр зыхилъхьэ щыIэкъым. Унагъуэр щIэгъэкъуэн нэс къызэрыхуэхъурщ Джульеттэ и ехъулIэныгъэхэм я хэкIыпIэр.

ЦIыхур щIэлажьэр шхэн къудей щхьэкIэкъым. Лъэпкъыр уахътыншэ зыщIыр абы и культурэрщ. Мэз Джульеттэ и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъ культурэм нэхъри зиужьыныр. Дэри ди гуапэщ а хъуэпсапIэр нэрылъагъу хъуну.

**ЩОДЖЭН Iэминат**

# Ди зэхуэдэ къалэн



Анэдэлъхубзэм хуэдэу игъэлъапIэ хъугъуэфIыгъуэ къыдэгъуэгурыкIуэркъым цIыхум. Аращ, псом япэрауэ, зы лъэпкъыр адрей лъэпкъхэм къащхьэщызыгъэкIыр. И анэдэлъхубзэр имыIэжмэ, лъэпкъыр хэкIуэдэжауэ плъытэ хъунущ – абы шэч хэлъкъым. Илъэс мин Iэджэ и ныбжьщ ди анэдэлъхубзэм – адыгэбзэкIэ дызэджэм. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, пасэрей дунейм (илъэс миниплI-тху и пэкIэ) щыцIэрыIуа хьэтхэм я благъэщ адыгэхэр, я анэдэлъхубзэми лъабжьэ хуэхъуар къэралыгъуэ лъэщ зыухуауэ щыта хьэтхэм я бзэрщ. Апхуэдиз ныбжь щиIэкIэ, ди анэдэлъхубзэм – адыгэбзэм зыужьыныгъэшхуэ игъуэтауэ къэсащ ди лъэхъэнэм. Нэгумэ Шори, Хъан-Джэрии, нэгъуэщI щIэныгъэлIхэми гу лъатащ абы – пасэрей адыгэбзэр къулейуэ зэрыщытам. Нарт пшыналъэхэм нэхъ щыхьэтыфI ухуейкъым: абыхэм я бзэр апхуэдизкIэ шэрыуэщ, къулейщи, итхыгъащ Хъан-Джэрий, ахэр Гомер хуэдэ усакIуэ щэджащэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIауэ фIэкI пщIэркъым. Хъан-Джэрий игу къеуэу итхыгъащ мыри: нарт пшыналъэхэмрэ пасэрей уэрэдыжьхэмрэ я бзэм еплъытмэ, нобэрей ди анэдэлъхубзэр нэхъ гуащIэмащIэ зэрыхъуам гу лъытэгъуафIэщ. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: лIэщIыгъуэ кIыхь IэджэкIэ къэгъуэгурыкIуащ адыгэбзэр, зыужьыпIэ ирамыгъахуэу, тхыбзэм имыузэщIу. Дэтхэнэ лъэпкъыбзэми и натIэщ ар: зэ зречри зеужь, зэ, щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхокIри, и Iэпкълъэпкъыр щIолIэ, уеблэмэ лъэпкъым щыIэщIэгъупщыкIыжыпи къохъу. Лъэпкъыбзэ куэдым къащыщIащ апхуэдэ насыпыншагъэ – бзэ мащIэ IэщIэкIуэдэжакъым тхыдэм. ЗэралъытэмкIэ, бзэ минихым нэблагъэ тетщ нобэ дунейм. Абыхэм я нэхъыбапIэм я уахътыр къэсауэ, якIужын щымыIэу ялъытэ щIэныгъэлIхэм: лъэпкъышхуэхэм я бзэхэр къатегуплIэурэ, гуващIэхами кIуэдыжынурэ тхыдэм хэбзэхэжынущ. Ар Iэмалыншагъэщ, блэкIыпIэ зимыIэ хабзэщ. Дяпэ илъэсищэ хуэдэкIэ дунейм къытенэжынур бзэ минитI хуэдизщ, ахэри хуэм-хуэмурэ дэкIуэдыжынущ лъэпкъышхуэхэм я бзэхэм. Ди жагъуэ-ди щIасэми, аращ бзэ куэдым къащIэлъыр...

Си щхьэкIэ сэ шэч къытесхьэркъым ди анэдэлъхубзэм – лIэщIыгъуэ кIыхь Iэджэ зи ныбжь адыгэбзэм – апхуэдэ «дуней» къызэрыщIэмылъым. Ди бзэм ар къыщыщIмэ, зи лажьэр дэращ – лIэщIыгъуэхэм къащхьэдэха бзэ телъыджэм нобэ ирипсалъэ щIэблэрщ. Ди бзэм апхуэдэ мыгъуагъэ къемыуэлIэн папщIэ, нобэрей щIэблэм илэжьын хуейуэ къыщIэлъыр мащIэкъым. Иджырей адыгэ (къэбэрдей) тхыбзэр зэрызэфIэувэрэ лIэщIыгъуэм нэблэгъа-

уэ аращ – ПащІэ Бэчмырзэ, Цагъуэ Нурий, ЩоджэнцІыкІу Алий, ЩэрэлІокъуэ Талъостэн, Борыкъуей ТІутІэ сымэ, нэгъуэщІхэми зэхаублауэ. Абыхэм я ужькІэ адыгэ (къэбэрдей) тхыбзэм зыдиузэщІащ КІыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, КІуащ БетІал, нэгъуэщІ куэдми я къалэмым. Тхыбзэм зиужьмэщ, цІыхур махуэ къэси зэрызэпсалъэ, зэрызэрыщІэ, зэрызэгурыІуэ анэдэлъхубзэр щефІакІуэр. ТхакІуэхэм, усакІуэхэм я фІыгъэкІэ зызыузэщІа ди тхыбзэм (ар лъабжьэ зыхуэхъуа ди лъэпкъ литературэм) апхуэдэ къару иІэщ, ар пэщІэтыфынущ адэ-мыдэкІэ къыщытелъалъэ удынхэм.

Анэдэлъхубзэм дежкІэ удынщ, абы и ІэнатІэр Іэзэвлъэзэв хъумэ. Хуэфащэ гулъытэ щигъуэтрэ ди анэдэлъхубзэм еджапІэхэм, радиом, телевиденэм, тхылъ тедзапІэхэм? Адыгэбзэр ди республикэхэр зэрылажьэ къэралыбзэхэм ящыщ зыщ, илъэс зыбжанэ и пэкІэ къащтауэ щытащ ди лъэпкъыбзэхэм зегъэужьыным теухуа унафэ. ДгъэзащІэрэ а унафэр, дымыгъэзащІэмэ, хэт зи лажьэр, хэт деж къызыщынэр? КъыдэкІрэ ди цІыхум яхурикъун тхылъ? КъыдэкІ мащІэри нэсрэ ахэр зыхуатхым деж? А упщІэхэм жэуап ягъуэтын хуейщ, ди анэдэлъхубзэм дяпэкІэ къыщІэлъ гъуэгуанэр зыхуэдэр цІыхум ящІэн щхьэкІэ. Шэч зыхэмылъыжыр зыщ: пасэрей дуней лъандэрэ цІэрыІуэ дыдэу къэгъуэгурыкІуа ди лъэпкъым и бзэр нобэрей щІэблэм ди зэранкІэ псэзэпылъхьэпІэ ихуэмэ, ар зыми къыхуэмыгъун мыгъуагъэщ. Ди ужь къихъуэну щІэблэхэм къахуэнэн хуейщ гупсысэм я нэхъ куур зыІуэтэф, адрей лъэпкъхэм я пащхьэ дызэрыщыгушхуэн, сыт хуэдэ къалэнми пэлъэщын адыгэбзэ гуащІафІэ, – ар тхузэфІэкІынущ, анэдэлъхубзэм лъэпкъым дежкІэ иІэ мыхьэнэр куууэ къыдгурыІуэмэ.



Адыгэхэм я нэхъыбэр нэгъуэщІ къэралхэр псэупІэ зыхуэхъуа хэхэсщ нобэ, Тыркум и закъуэ адыгэ мелуанитхум нэблагъэ щыпсэууэ ялъытэ. Иужьрей зэманым ятхыуи жаІэуи ущрихьэлІэ щыІэщ: нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я нэхъыбапІэм (!) я анэдэлъхубзэр яІэщІэхуащ, ар къафІэІуэхужкъым... Іуэхур абы нэсамэ, хэплъэгъуэщ, дауи. Ауэ ар фІэщщІыгъуейщ: апхуэдизу псэ махэ адыгэбзэр, илъэси I50-м и кІуэцІкІэ кІуэдыжыну? Убыхыбзэм и натІэ хъуам дыщыгъуазэщ псори. Ар дыдэр адыгэбзэми къыщымыщІынырщ адыгэцІэ зезыхьэ дэтхэнэри зыхуэлэжьэн хуейр. Нобэрей щІэблэм ди пщэ апхуэдэ къалэн зэрыдэлъыр зыхэтщІэмэ, ди анэдэлъхубзэм и гъуэгур кІыхь хъунщ.

Лъэпкъ гуэр гъэрыпІэм ираубыдэн мурад щащІым деж абы и бзэращ япэ удын зрадзыр – ар зауэшы къанлыхэм игъащІэ лъандэрэ къадекІуэкІ хабзэщ: япэщІыкІэ ягъэс тхылъхэр, итІанэ лъэпкъым и бзэр зэхэзехуэн ящІ. Лъэпкъым и бзэр щагъэгъупщэмэ, жыІэщІэ зэрыхъунум фІыуэ щыгъуазэщ ар Іэрыубыд зыщІын мурад зиІэ дэтхэнэри. Апхуэдэ мыхьэнэ иІэщ тхыбзэм – цІыхум и Іэдакъэ къыщІэкІа хъугъуэфІыгъуэ псоми ящхьэщ ар.

ХьэтІохъущокъуэ Къазий итхыгъащ: «Сэшхуэ дахэ нэхърэ – зы тхылъыфІ». Абы щІэхъуэпс зэпытурэ лІэщІыгъуэ кІыхь Іэджэ ирахьэкІащ адыгэхэм – тхыдэр щыхьэт тохъуэ абы. Адыгэхэр къызытехъукІыжауэ ялъытэ хьэтхэм къызэранэкІащ хьэлэрытх тхыгъэ гуэрхэр, ауэ абыхэм зыри къеджэфакъым иджыри къэс: илъ-

эс минищрэ щитIрэ и пэкIэ лъэлъэжащ хьэтхэм я къэралыгъуэр, я бзэри Iужакъым абы лъандэрэ.

Тхыбзэ яIауэ хуагъэфащэ пасэрей адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зым – синдхэм, ауэ абыхэм къызэранэкIауэ зы тхыгъэ кIапи къелакъым зэманым, псалъэ закъуэтIакъуэ фIэкI (мывэ сынхэм, кхъуэщынхэм, къинэмыщI пасэрей хьэпшып гуэрхэм къытенауэ).

Илъэс минрэ щитхурэ и пэкIэ хасэгъа ЯтIэгъуэ сыным (Дау и къуэхэм я сынкIэ зэджэм) и щIыфэм алыдж хьэрфкIэ тхауэ тет тхыгъэм адыгэбзэкIэ къеджэ щIэныгъэлI щыIэщ; апхуэдэ тхыгъэ гуэрхэм ущрохьэлIэ адыгэ лъахэм курыт лIэщIыгъуэхэм иращIыхьауэ щыта члисэхэм я блынхэм. НэгъуэщI тхыгъэ кIапэлъапэ гуэрхэри щыхьэт тохъуэ адыгэхэм тхыбзэ зэрагъэпэщыфауэ (е абы пыхьауэ) зэрыщытам, апхуэдэ тхыгъэ гуэрхэр (XVI-XVIII лIэщIыгъуэхэм къащIэнауэ) къахутащ щIэныгъэлI цIэрыIуэ зыбжанэм – Лавров, Турчанинов сымэ, нэгъуэщIхэми. А псор щыхьэт зытехъуэр зыщ: ижь-ижьыж лъандэрэ щIэкъуащ адыгэхэр тхыбзэ зэрызэрагъэпэщыным, абы и мыхьэнэр пасэу къагурыIуауэ зэрыщытами шэч хэлъкъым. Адыгэхэм ар нэхъри зэхащIыкI щыхъуар, псори зэрыщыгъуазэщи, XIX лIэщIыгъуэр къихьа нэужьщ.

Псэуху, Нэгумэ Шорэ лъэпкъым тхыбзэ хузэгъэпэщыным, щIэблэр щIэныгъэм къыщIэгъэтэджэным хуэлэжьащ. Шорэ и зэманым е нэхъ иужьыIуэкIэ щIэныгъэлI, тхакIуэ, узэщIакIуэ куэди пылъащ адыгэхэм тхыбзэ яхузэгъэпэщыным, ахэр щIэныгъэм и гъуэгум тешэным. Хъан-Джэрий щыхьэт тохъуэ шапсыгъ ефэнды ЩэрэлIокъуэ Мыхьэмэт адыгэбзэм и алфавит зэхилъхьауэ зэрыщытам; щыгъуазэхэм зэрытхыжамкIэ, ЩэрэлIокъуэ Мыхьэмэт (Наутокъу) усакIуэшхуэуи щытащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и зы усэ фIэкI къэсакъым ди деж, ари урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ. Езы Хъан-Джэрии зэхилъхьащ адыгэбзэм и алфавит, абыкIэ итхыжауэ щытащ адыгэ хъыбарыжь куэд (ахэр къэсакъым ди зэманым, къэсами, дэхуэхауэ, дунейм къытехьэжакъым иджыри къэс).

1853 гъэм къыдэкIащ япэ адыгэ тхылъыр – Бырсей Умар и Iэдакъэ къыщIэкIар. ХьэтIохъущокъуэ Къазий и тхылъхэр I864-I865 гъэхэм Тифлис къыщыдэкIащ, езым зэхилъхьа алфавитымкIэ тедзауэ. Бырсей Умаррэ ХьэтIохъущокъуэ Къазийрэ зэхалъхьа адыгэ алфавитхэмкIэ адыгэбзэр джын яублауэ щытащ щIэблэм, а Iуэхум зимыубгъущами.

Бырсей Умар, ХьэтIохъущокъуэ Къазий сымэ я ужькIэ дунейм къытехьащ нэгъуэщI адыгэ алыфбей зыбжани, урыс, хьэрып хьэрфхэр лъабжьэ яхуэхъуауэ. Апхуэдэ алфавитхэмкIэ дунейм къытехьащ тхылъ цIыкIу зыбжанэ, ауэ абыхэми зэрызаубгъуа щыIэкъым. Нэхъ цIэрыIуэ хъуауэ щытащ Къэбэрдейм и кIуэцIкIэ Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ къыдагъэкIа тхылъхэмрэ «Адыгэ макъ» газетымрэ.

Зэхэубла зэрыхъу лъандэрэ зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ адыгэ тхыбзэм – абы шэч хэлъкъым. Нобэрей ди бзэмкIэ къэпIуэтэфынущ гупсысэм я нэхъ куур – абы щыхьэт тохъуэ ди тхакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм я фIыпIэр. Ауэ абыкIэ укъызэтеувыIэ хъунукъым – махуэ къэси заужьын хуейщ бзэми тхыбзэми, арыншамэ ахэр гуащIэмащIэ мыхъункIэ Iэмал иIэкъым, я пIэм иуджыхьурэ. Бзэми тхыбзэми заужьынукъым, ахэр къыщагъэсэбэп IэнатIэхэр

мащIэ хъумэ. Анэдэлъхубзэм дежкIэ нэхъ удынышхуэ дыдэхэм ящыщщ ар.

Бзэм зыщиужьынури пщIэ щиIэнури абы лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэр цIыхум къагурыIуэмэщ. Зэи тщыремыгъупщэ: бзэм пщIэ имыIэж хъумэ, абы и гъуэгур егъэзыхыгъуэ хъуауэ аращ – адэкIэ къыпэплъэр гурыIуэгъуэщ...

Дэтхэнэ бзэми гъуэгуанэшхуэ зэпеч, а гъуэгур здикIум, бзэр лъэпощхьэпо Iэджэм IууэнкIэ мэхъу – адыгэбзэми и нэгу щIэкIащ ар, нэгъуэщIыбзэхэр къыщытегуплIи къэхъуащ, я жьауэм щIэхуэурэ. Ар дяпэкIэ къэмыхъун щхьэкIэ, псори дыхуэсакъын хуейщ ди бзэм – абы иритхэхэри ирипсалъэхэри. Бзэм псалъэщIэ къимыгъэщIыжыф хъуамэ, абы хамэбзэр къытегуплIауэ аращ. Ди бзэм псалъэщIэ куэд къигъэщIын хузэфIэкIащ иужьрей илъэсхэм, жьы хъуауэ ялъытэ псалъэ гуэрхэми псэщIэ къахыхьэжауэ, я мыхьэнэм зиубгъуауэ урохьэлIэри, ар узыщыгуфIыкIын хуей Iуэхущ.

НэгъуэщI зыми гу лъытапхъэщ. Иужьрей илъэсхэм жаIэуи ятхыуи ущрихьэлIэ щыIэщ: адыгэ псоми ди зэхуэдэ зы литературэбзэ къэдгъэщIын хуейщ, ди бзэхэр зэхэлъхьауэ. Ар пхузэфIэмыкIын Iуэхущ: бзитI (е нэхъыбэ) зэхалъхьэурэ, зы бзэ къагъэщI хабзэкъым. АбыкIэ ди щхьэр къэдгъэпцIэж нэхърэ нэхъ щхьэпэщ, зы бзэм хуэчэм псалъэхэр адрей бзэм къыхэтхыурэ къэдгъэсэбэпмэ. Къэбэрдейхэми кIахэ адыгейхэми я бзэм (я тхыбзэм) къыщагъэсэбэп хъун псалъэ дыгъэл куэд хэбгъуэтэнущ ди бзэхэм я диалектхэм – апхуэдэ хэхъуапIэ зэрыщыIэм зыми гу лъыттэркъым. Къэбэрдейхэм ди бзэм куэд дыдэрэ къыщыдгъэсэбэп «пщащэ» псалъэр ЩоджэнцIыкIу Алий къызыхихар (къыщигъуэтыжар!) беслъэней диалектырщ – ар щапхъэ тхуэхъун хуейщ.

Ди алфавитым папщIэ. Ар зэхъуэкIын хуейуэ жаIэ куэдым. «Хьэрф зэгуэтхэр тхузэгъащIэркъым, дагъэлъэпэрапэ, къыдохьэлъэкI», – апхуэдэ псалъэмакъ зэхыбох Iэджэрэ. Ди алфавитым лажьэ иIэкъым, ар зэзымыгъэщIэфыр щхьэхынэмрэ зи анэдэлъхубзэр къызыфIэмыIуэхумрэщ. Я алфавитыр «езыгъэфIэкIуэн» щIэнысгъэлI я мащIэ хъункъым инджылызыбзэм ирипсалъэ лъэпкъхэм, ауэ абы зыри пыхьэркъым, алфавитым уриджэгу зэрымыхъунур къагуроIуэри. Китай алфавитым и гугъу тщIыххэнкъым: сабий ныбжьым иту щIадзэри, жьы хухъу яхузэгъащIэ къудейщ китайхэм я тхыбзэр, итIани ар «ирагъэфIэкIуэн» Iуэху зэрахуэркъым. Абыхэм еплъытмэ, ди алфавитым лажьэ иIэкъым, абыкIэ утхэнми уеджэнми гугъуехь лъэпкъ пылъкъым.

Илъэс мин Iэджэм япсыхьауэ нобэрей щIэблэм деж къэсащ адыгэбзэр. Ди тхыбзэм ныбжьышхуэ зэримыIэр къэплъытэмэ, и къару илъыгъуэщ хужыпIэ хъунущ. Аращ жаIэ хабзэр илъэсищэм куэдкIэ щIимыгъуа тхыбзэм щхьэкIэ. Адыгэ тхыбзэм гъуэгу кIыхь зэрикIуфын гуащIэ бгъэдэлъщ, абы шэч къыщIытетхьэн щыIэкъым.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**